МӔ ДУГ

МӔ ДУГ

БЫТЪӔТЫ РОБЕРТ: МӔ ЦИН, МӔ АМОНД – ТЕАТР

3
2023



ХОСТЫХЪОТЫ Зинæ

* * *

Рудзынджы къуырцц ауади мæ хъустыл, –
Зæгъын æй нæма ферох йæ хин ми, –
Дуры къæртт та рудзынгыл ныххуырста...
Рох кæсæнмæ бакастæн мæхимæ.
Уадултæ æваст сырх арт ысуагътой,
Донзоныгау нал арæхстæн къахдзæф...
Уый та кæд быдта зæрватыкк ахстон
Уæлрудзынг, йæ базыр авгыл андзæвд.
Ехх, æз та... Мæ зæрдыйæ ма чи у...
Зæгъын мыл ныртæккæ цин ныууардзæн...
– Атæппал у, – ралгъыстон ма цъиуы.
Уый та мын: «Чызг, уалдзæг æрцыд, уалдзæг!»



НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Редакция
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

Редакционный совет
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Анатолий КУСРАЕВ,
Анжела КУДЗОЕВА

Владикавказ,
2023

МАХ ДУГ

3
2023

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

Редакци
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

Редакцион совет
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ

Дзæуджыхъæу,
2023

НОМЫРЫ ИС:

ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ 5

ХÆБЛИАТЫ САФАР: 90 АЗЫ
ДЗАСОХТЫ Музафер, ГУСАЛТЫ Барис. *Мысинæгтæ* 8
ХÆБЛИАТЫ Сафар. Инæлары мад. *Радзырд* 16

ПРОЗÆ ÆМÆ ПОЭЗИ
ЦОМАРТАТЫ Изæтбег. Зынгхуыст бæллицтæ. *Роман. 3-аг чиныг* ... 28
КАСАТЫ Батрадз. Зæрæхсиды сыгъдæг уарзт. *Æмдзæвгæтæ* 81
ХАДЫХЪАТЫ Фатимæ. Ивгъуыды фæлгонцтæ. *Радзырдтæ* 88

АИВАД, КУЛЬТУРÆ
БЫТЪÆТЫ РОБЕРТ: 80 АЗЫ. УАЛЫТЫ Гиви, БИТАРТЫ Алыксандр, ГУЫБИАТЫ Хъазыбег. *Мысинæгтæ* 104

«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ

ИРОН НАРТЫ КАДДЖЫТЫ АЗ
ЦЫБЫРТЫ Людвиг. Нартæ æмæ алантæ. Чызг-хæстонтæ. *Уацтæ* ... 113

ЦЫМЫДИСАГ ХАБÆРТТÆ
ХЪАЙТЫХЪТЫ Риммæ. *Мысинæгтæ* 123

ДЫУУÆ РАДЗЫРДЫ
Джусойты Майæ. *Радзырдтæ* 128

СЫЛГОЙМÆГТЫ ПОЭЗИ
Уарзт – мæ рыст зæрдæйы хос. *Æмдзæвгæтæ* 135

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ 143

ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ



Рæстæг кæлæнгæнæг куыд нæу... Знон дæр ма дæ фæндтæ, дæ нысантæн кæрон дæр нæ уыд, æвзонг уды монцтæ, абухгæйæ, æддæмæ тыдтой. Абон та... Цæсты фæныкъуылдмæ аивгъуыдтой сабибонтæ, æрыгон азтæ æмæ згъорынц дарддæр. Цард бындуронæй аивта. Хатгай йын йæ куырм ælхынцъытæ райхалын æнцон нæ вæййы. Фæлæ уый хыгъд цас цымыдисаг цаутæ, цас рæсугъд æнкъарæнтæй рæвдауы адæймаджы, хъæздыг ын кæны йæ миддуне. Уалдзæджы хъарм улæфт та нын балæвар кодта царды цин, æхцондзинад.

Сылгоймаг æмæ уалдзæг... Ацы дыууæ дзырды тынг фидауынц иумæ. Кæддæриддæр поэттæ сылгоймаджы сурæт райдзаст, цинвæлыст уалдзæгимæ абарынц. Семæ разы дæн! Мæ куысты хорздзинæдтæй иу у, Ирыстонæн кад чи кæны, уыцы куырыхон, ацæргæ сылгоймæгтæ, астæуккаг фæлтæры минæвæрттæ, æрыгон æвæлтæрд чызджытимæ æхсызгон, цымыдисаг фембæлдтытæ аразын. Бирæ миниуджытæй хицæн кæнынц кæрæдзийæ. Иу та сæ кæны бæрнондзинад.

Сылгоймаг, уарзæгой уды хицау... Йæ иузæрдиондзинадæй бинонты кæрæдзийыл бæтты, узæлы сабитыл, кусы, архайы æхсæнадон

царды. Афтæ мачи зæгъæд, æмæ царды æцæгдзинад не `нкъарын. Цавæр æппæрццæг миниуджытæ халынц нæ фыдæлтыккон æгъдау, уый дæр уынын. Нæ фæсивæды «хорз» æмæ «æвзæр» иртасыныл хъуамæ ахуыр кæной нæ хистæртæ, цудын сæ ма бауадзой. Афтæ фæзæгъынц: «Чызг чи хъомыл кæны, уый хъомыл кæны нацийы фидæн».

Кæддæр Джыккайты Шамилимæ университеты цур фембæлдтæн. Студентты тыххæй ныхас куы рацыд, уæд загъта: «Æнæуаг лæппу кæнæ чызгыл мæ цæст æрхæцыд, зæгъгæ, уæд мæ зæрдæ авд дæлдзæхы ныххауы. Хорз кæстæрыл куы сæмбæлын, уæд та мæ зæрдæ уæлæрвтæм стæхы!» Афтæ æз дæр... Хæрзæгъдау фæсивæд мын мæ царды бонтыл æфтауынц.

Ивгъуыд æнусы цы къамтæ ист æрцыдысты, уыдон мæ тынг ælвасынц сæхимæ. Кæсынæй сæм нæ фефсæдын. Уæлдай цымыдисæй, лæмбынæг фæкæсын сылгоймæгты фæлгонцтæм. Уыцы уæздан цæстæнгас, сыгъдæг сурæт, сæрыстырдзинад æвдисæн сты, ирон сылгоймаг æхсæнады цы бæрзонд бынат ахста, уымæн. Ирон сылгоймаджы æнтыстытæй æз дæн сæрыстыр. Зынгæ фæд ныууагътой зонады, культурæйы, æхсæнадон царды, сæ æвæрæн бахастой ирон адæмы хæзнадонмæ. Ныр та сæ рад æрхæццæ кæстæр фæлтæрæн. Ныфс мæ ис, цардбæллон, рæсугъд, æгъдауджын чызджытæ мын мæ бæллиц кæй нæ фæсайдзысты. Ноджы бæрзонддæр сисдзысты ирон сылгоймаджы кад æмæ намыс.

Уалдзæг нырма йæ тæмæны нæма бацыд. Хур нæ судзы, йæ тынтæ нырма сты фæлмæн æмæ рæвдаугæ. Ныфс нын дæтты ног цард, ног амонд, ног тыллæгæй. Алчидæр æм цыдæр хорзæхмæ æнхъæлмæ кæсы. Уадз, æмæ уа амæндтæ тауæг æмæ сабыр дуджы фидиуæг!

Хъулаты Земфирæ

ХÆБЛИАТЫ САФАР: 90 АЗЫ



(1933 – 2003)

Хуыцау цы хорзæх радта,
уый – йæхæдæг цард

ФЫССÆДЖЫ ХОТЫХ – ДЗЫРД

Хæблиаты Сафары бирæ азты зыдтон. Фыццаг хатт та йæ федтон аст æмæ æртиссæдз азы размæ, ома 1955 азы, æз Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл педагогон институты ахуыр кæнын куы райдыдтон, уæд. Раст зæгъгæйæ, зонгæ нæ баистæм, фæлæ афæдз иу рæстæджы фæахуыр кодтам. Уыцы заман институты ахуыр кодтой цыппæргай астæ. Сафариты уый нал æрæййæфта, æмæ дипломтæ райстой, 1956 азы цыппæрæм курс куы фесты, уæд.

О, æмæ Сафаримæ чи ахуыр кодта, уыдоны кой скодтон æмæ дзы чысыл бæлвырддæр зæгъдзынæн дыууæйы тыххæй. Уыдон уыдысты, фæстæдæр сæхи бирæ адæмæн чи базонгæ кодта, ахæм дыууæ курдиатджын лæппуйы – Цыбырты Людвиг æмæ Боциты Юри. Людвиджы уын амонын нæ хъæуы: Цæгат æмæ Хуссар Ирыстонæн цы бирæ хæрзты бацыд, уый чи нæ зоны, ахæм адæймаг зын ссарæн у. Уæдæ Боциты Юрийы дæр амонын никæмæн хъæуы, Ирыстоны зындгонддæр фысджытæй иу, Бароны, фырт кæй уыд, канд уый тыххæй нæ, – Юри йын йæ фарн мæрдтæм цæуын нæ бауагъта. Цы бирæ хорз æмдзæвгæтæ æмæ прозаикон уацмыстæ сфæлдыста, уыдон аккаг бынат æрцахстой, аивадон ныхасæн аргъ кæнын чи зоны, уыдоны зæрдæты.

Уыцы дыууæ лæппуимæ Сафар уыд иу къорды, æмæ, ахуыр куыд хорз кодтой, афтæ æнтыстджынæй архайдтой æхсæнадон царды дæр.

Рацыд дзæвгар рæстæг, æмæ уыцы бон дæр æрлæууыд – канд зонгæ нæ баистæм, фæлæ ма не ʿхсæн сæвзæрд фидар хæлардзинад дæр. Уыцы хæлардзинад фидарæй-фидардæр кодта, бирæ азты иумæ кæм фæкуыстам, уыцы газет «Рæстдзинад»-ы, стæй уый фæстæ дæр.

Сафар курдиатджын адæймаг уыд. Алцæмæ дæр уыд зæрдæргъæвд. Касти бирæ чингуытæ æмæ, цы касти, уыдонæй йæ ницы рох кодта. «Рæстдзинад»-ы кусын мæнæй фæстæдæр райдыдта. Уайтагъддæр æй не ʿмкусджытæ сæхиуыл банымадтой æмæ йæм кастысты, цыма рагæй дæр иумæ фæллой кодтой, ахæм цæстæй. Тæлмацгæнæгæй куыста. Уæды рæстæджы та редакцийы ахæм тæлмацгæнджытæ уыдис, æмæ сæ арæхстдзинад æмæ дæсныдзинадæй адæймаджы дисы æфтыдтой. Гагкайты Дзибис, Мыстулаты Дзантемыр, Мæскуыйæ, Советон Цæдис æмæ дунеты цы хабæрттæ æрцыд, уыдон-иу телетайпæй куы слæвæрдтой, уæд Дзибис дæр æмæ Дзантемыр дæр сæ

къухмæ фыссæнгарз никуы райстой, фæлæ-иу мыхуыргæнджыты уатмæ батагъд кодтой, сæ фарсмæ-иу абадтысты (кæй зæгъын æй хъæуы, радгай) æмæ-иу, уырыссаг фыстытæ кæсгæйæ, хъæрæй тæлмац кæнын райдыдтой.

Уыцы фæлтæрддзинадыл Сафары бирæ ахуыр кæнын нæ бахъуыд: уайтæккæ дæр хистæрты æмрæнхъ æрлæууыд æмæ сæ фæсте никуы баззад. Æргом дзургæйæ, æнцон нæ уыд тæлмацгæнæджы куыст – уæлдай зындæр уавæр-иу сæвзæрд партийы пленумтæ æмæ æндæр ахсджиаг æмбырдты рæстæг. Ноджы ма-иу дзы СЦКП*-йы фыццаг секретарь куы ныхас кодта, уæд. Иуæй, æнæхъуаджы даргъ кæй дзырдта (ам растдæр уыдзæн «касти» зæгъын). Дзурынмæ та-иу уымæн рахызт, æмæ-иу кæсгæйæ, кæй ныхмæ дзырдта, уыдонмæ тынгдæр смæсты, æмæ-иу ахæм заман «кузькина мать»-мæ дæр рахызт. Ахæм рæстæг-иу цы дзырдта, уый йæ фысты, кæй зæгъын æй хъæуы, нæ уыди, æмæ-иу сæ фыстмæ хæссын бахъуыд. Йæ раныхас-иу ын телетайпæй раздæр слæвæрдтой. Æмбырды райдайæнмæ-иу уый тæлмацгонд æмæ машинкæйыл мыхуыргонд æрцыд, æмæ-иу Хрущев, кæсгæйæ, йæ раныхасмæ цы бафтыдта, уыдон бахъуыд тæлмацмæ хæссын, æмæ уæлдай фыдæбæттæ æвзæрстой тæлмацгæнджытæ, машинисткæтæ, газеты радгæстæ, типографийы кусджытæ…

Ахæм уавæры Сафар фæкуыста бирæ азты æмæ, фæллад дæн, зæгъгæ, никуы загъта. Йæ фæллад кæй ницæмæ дардта, уый бæрæг уыд, йе сфæлдыстадон куыстыл кæй ницæмæй фæзынд, уымæй дæр. Уым, сфæлдыстады йæ сæйрагдæр миниуджытæй иу уыд уарзондзинад. Уарзондзинад йæ райгуырæн бæстæмæ, йæ райгуырæн хъæумæ, æппæты фыццаг та – йæ зæрдæйæн адджын адæммæ.

Зондджын адæмæй чидæр загъта, поэтæн, дам, хъуамæ уа райгуырæн бæстæ, йæ зæрдæйы рæсугъддæр æнкъарæнтæй кæй ном ара, йæ цин æмæ йæ бæллицтыл кæмæн зара, сфæлдыстадон тыхтæ йын чи дæтта, ахæм. Ахæм райгуырæн бæстæ, мæнмæ гæсгæ, хъæуы алы сфæлдыстадон кусæджы дæр, поэт уа, прозаик, драматург, нывгæнæг, композитор æмæ а.д

Уыдис ахæм райгуырæн бæстæ Сафарæн дæр. Уый æнæкæрон бирæ уарзта йæ райгуырæн хъæу Зилгæ. Уым райгуырд, уым схъомыл, уым арвыста йæ царды амондджындæр бонтæ. Йæ зæрдæйæн адджын Зилгæ

* СЦКП – Советон Цæдисы Коммунистон парти. – (Ред.)

æмæ йæ цæрджытæ аккаг бынат æрцахстой йæ радзырдтæ, уацмыстæ æмæ романы. Фыссæджы мысын ницы хъуыди: фыста, хорз кæй зыдта, бирæ цæхх æмæ кæрдзын кæимæ бахордта, цины æмæ хъыджы дæр иумæ кæимæ уыдис, уыдоныл. Фыста сыл æнæ къæхтæ æмæ къухтæ æфтаугæйæ, царды куыд уыдысты, афтæмæй, сæ хорздзинæдтæ æмæ аиппытимæ. Чиныгкæсæг дæр ыл уымæн æууæнды, йæ фæзминаг архайджытæ йын хион уымæн сты, сæ циныл сын цин уымæн кæны, сæ хъыгыл – хъыг.

Зындгонд куыд у, афтæмæй фыссæджы кусæнгарз æмæ уыцы иу рæстæг хæцæнгарз дæр у дзырд. Уыцы дзырдæй пайда кæнынмæ Сафар у арæхстджын æмæ дæсны. Ис ын æнцонæмбарæн ирон æвзаг. Йæ уацмыстæй алкæмæн дæр æрхъуыды кæны æнæнхъæлæджы райдайæн, чиныгкæсæджы æваст хъуыдытыл чи бафтауы, уацмыс кæсыны размæ йæм цыдæр æнахуыр равг цæй фæрцы сæвзæра. Стыр æргом здæхта йæ уацмыстæн сæргæндтæ дæттынмæ, уымæн хæдбындур сты сæ сæргæндтæ. Мæнæ уыдонæй цалдæр: «Азабæлас», «Фисыны хæдзар», «Къабузы фыййау», «Цæлыкмæ фæндаг», «Донабузæны фынтæ», «Фыдохы тъыссæнтæ», «Зилгæйы родгæстæ», «Нывæрзæн здахаг у» æмæ а.д.

Сафар канд журналист æмæ фыссæг нæ уыд, фæлæ уыд, æппæты фыццаг, æцæг ирон лæг, алы цау æмæ хъуыддаджы тыххæй дæр йæхи хъуыды кæмæ уыд, уыцы хъуыды зæгъын æмæ фыссынæй чи нæ тарст. Уыдис хорз æмбал, бахъуаджы сахат дæ фарсмæ чи ʿрбалæууыдаид æмæ дын чи баххуыс кодтаид, ахæм. Ахæм æмбæлттæ уыди йæхицæн дæр. Бирæтимæ дзы мæн дæр базонгæ кодта, æмæ дзы иу дæр ахæм нæ уыд, мæ зæрдæ дзы кæуыл фæхудт, йемæ кæй базонгæ дæн, ууыл мæм фæсмон кæй æрцыд.

Ссæдз азы рацыд, Сафары йе ʿнусон дунемæ куы афæндараст кодтам, уæдæй нырмæ, фæлæ йæ фарн йемæ нæ ахаста, ныууагъта йæ, бирæ кæй уарзта æмæ йе сфæлдыстад кæмæн снывонд кодта, уыцы хъæубæстæйы адæмæн, бирæ кæй уарзта æмæ йæ бирæ чи уарзта, йæ уыцы иузæрдион хæлæрттæн.

Æнусон адæймаг нæй. Æнусон у фарн, æмæ уыцы фарн йæ фæстæ ныууагъта Хæблиаты Сафар. Ирон адæммæ афтæ фæзæгъынц: цалынмæ мардæн рухсаг зæгъæг уа, уæдмæ мæрдтыл нымад нæу. Рухсаг зæгъджытæ ис Сафарæн. Йæ ном ын мысдзысты бирæ рæстæг.

ДЗАСОХТЫ Музафер

АУДÆГ

Лæг иу арвы бын æмæ иу зæххыл цæрынæй кæимæ не сфæлмæцид-не стыхсид, кæддæриддæр йæ уынд цæсты рухс æмæ зæрдæйыл тайæн сой кæмæн у, мæнæн уыцы Хуыцауы уарзон адæмæй уыд Хæблиаты Муратбеджы фырт Сафар.

Хистæр уæвгæйæ, адджын æмгар, куыд ирон разагъды фыссæг, афтæ та хæлæггаг æрмдзæфджын-сойджын æмæ хъæддых нуарджын фыстыхъæды бардуаг, нæ ирон фыдæлтыккон æгъдæуттæ бæстон-биноныг-бæлвырдæй зонæг, кæрдзынкъух, дзырдарæхст: фыдохы бон нывыл арфæтæгæнæг æмæ цины бон та кувынмæ зæрдæмæдзæугæ сидтытæ уадзæг.

Хæдзаргæнæджы мард, загъдæуыд, – фæсдуар. Йæ фыдæлты нылл æг, зæхбын дыууæуатон самандур хæдзары фарсмæ скодта ахъаззаг цъæхсæртæ агъуыст, ноджы дыууæ стыр сарайы. Æрмæст дзы йæхæдæг ницыуал ацард, фæлæ йæ мард фæсдуары мард, ай-гъай, нæ уыд. Уæдæ йын уацмыстæ фыссынау адджын æмæ бæрнджын куыст уыд йæ цæхæрадон-дыргъдоны зæххимæ архæйд дæр.

Бирæ хъæрмад дзы базыдтон ме ‘рыгон бонтæй фæстæмæ, уыйадыл дзагъырдзæст къахыр фæцис мæ цард уартæ 2003 азы, Сафар йе ‘нусон Ахæрæты фæндагыл æнæнхъæлæджы куы абæлцон, уæд – йæ 70 азы сæххæсты бонмæ ма йæ мæй цыдæр хъуыд… Лæгау лæг суæвынæн, о, фаг уыдысты уыцы бонтæ æмæ афонтæ, æмæ йын уый æнтысгæ дæр бакодта, йæ масты дзæкъул уыйбæрц дымст куынæ уыдаид, йæ хъысмæт уд рæвдауæг, ныфс дывæргæнæг цинтыл ахæм кадавар, хускъух куынæ разындаид, уæд… Цы ма бавзæрста уæддæр цардмæ бæллиц фидаргæнæг æхсызгонæй, уый та Коцойон Лидæйы фарнæй, йæ дыууæ кæстæры – чызг æмæ лæппуйы – ныййарæг мадæй…

Фыстон ма кæддæрты Сафарыл бæстон мысинæгтæ (кæс чиныг «Рæсæн»-ы «Хорфыцæн хурбоны сатæг изæр» æмæ «Мах дуг»-ы ацы азы фыццаг номыры «Хурæвдылд æнæныгуылгæ рухс бонтæ»), æмæ мæ ныр уыдон къуылымпытæ-къуыхцытæ кæнынц, мæхи куы фæлхатон, зæгъгæ, уымæй мидысхъиугæйæ.

Бирæ лæгдзинæдты ‘хсæн ис иу ахæм сгуыхт: бахъæуы ахсджиаг дзырд йæ тæккæ цæфыл зæгъынмæ бауæндын. Фæлæ, нæ дзыхыл ми-

дæмæ хæцыны фæрцы нард дзидзайæ хæрдджын æнхъæл кæй стæм, уый охыл зондджын хуызы ныхъхъус вæййæм. Иу рагон хабар ма ногæй æрымысон…

Уыцы аз Ирыстоныл йæхи бинойнаг ирон хур цыма скаст, ахæм эйфорийы ахасты бахаудыстæм: далæ нæм Сирийæ кæд æмæ Мæскуыйы уынаффæмæ гæсгæ кæд æмæ сæрвыстæуыд коммунистон партийы Цæгат Ирыстоны областон комитеты кæд æмæ фыццаг секретарæй, æцæджы хъуыддагæй та республикæйы æппæтбарджын хицауæй Дзасохты Алыксандры. Гъемæ дын иу кæцыдæр бон Фысджыты цæдисы уæды сæрдар Малиты Васойы хъæппæрисæй сарæзтæуыд йемæ фембæлд. Алы сойсæрст, цæрвджын арфæтæ йын фæкодтой алы тызмæг заманты бахсæдгæ хистæркарджын фысджытæ. Уалынджы дын Сафар фæцæхгæрмæгуырд, æнæнтыст лæппуйау федæрсгæ æмæ дын партион æлдары куы фæуыргъуыйау кæнид:

– Сергейы фырт Алыксандр! Мæнæ нæ къæйных æмæ ‘вæлтæрд фæсивæды иу хъуыддаг æхсызгонæй фæнды базонын, ау, ды дæр та, дам, гæртамхортæй уыдзынæ, зæгъгæ.

Уый фыццаг æцæгдæр фæкуыддæрау, фæлæ уайсахат фæсæрæн – уæдæ цæуæнты æмæ уайæнты дзæгъæлы ауад! – æмæ дипломаты бырынцъаг дзуапп радта… Сой дзы нæ ралæмæрстаис йæ дуду ныхæстæй.

Уыцы азты Зилгæйы колхозæн сæрдар чи уыд, ахæм лæппулæг бæлвырд хæрæмттæ, алы фæливæн митæм бавдæлд. Мачи дын ын исты бадара йæ цæстмæ – дæ хæдзар дæхи дзыхæй халыс! Сафар чи у, уый йæ хæдзонд, дзыхæхгæд зонгæты зондмæ дæр нал байхъуыста: æнæкъæм æргом ныхасæй загъд-замана самадта кæм дзыхы ныхасæй дæр, кæм та ма дзыллон мыхуыры дæр. Æмæ йæ ныхас сахадыдта: хъуыддæгтæ фæнывылы ‘рдæм ивд цыдысты, сæрдар дæр йæ сойдзаст бынаты бирæ нал бафæстиат…

Æвæццæгæн, ирон литературæ æгæр фæбонджын-фæхъомысджын хорз фысджытæй, æндæр уæдæ Сафар, алы хуызы дæр рæгъмæ хæссинаг, разагъды сфæлдыстадон кусæг, ирон аив дзырды ахъаззаджы дæсны, зæрингуырд, цавæр зæфцы фыдæй аззад фæсдуар?!

Куыддæрты мын фæхæстæг сомихаг фыссæг Грант Матевосян. Уый йæ уацмысты архайджыты цæрæнуатæн æрхъуыды кодта Цмакута. Уæдæ Уильям Фолкнеры уацмыстæн сæ фылдæр хайы архайд та цæуы цавæрдæр ахæм зылды – Йокнапатофайы, сæйраг горæт дæр ма

йын æрымысыд: Джефферсон. Сафары фыстыты географион бынат та арæхдæр у Зилгæйы Къуымы Сых. Æцæгæй цæрæг адæм систы йæ радзырдтæ, уацаутæ, романы хъайтартæ. Аивадон хуызы æнæаипп сурæттæ, фæлгонцтæ, æвæринагæй, æппæрццагæй.


Уæдæ кæддæр цы очерк ныффыста – «Рæстдзинад»-ы æнæхъæн фарс бацахсæг «Æфцæг», – уый дæр у уыцы жанры фæзминаг дæнцæг. О, ацы газеты цас æмæ куыд фæфыдæбон кодта, уый тыххæй зæгъæг дæр разындзæн ацы бонты.

Аудæг та йæ уымæн рахуыдтон, æмæ йæхæдæг дæр æмæ йе ‘ппæт сфæлдыстад дæр у ирон аив дзырды хæрзæбоныл аудæг – Сафары уацмыстимæ абаргæйæ, худинаджы хабар цауддæр фыссын, дæхи та афтæмæй фыссæг хонын. Ацы ныхæстæ фыццаджы-фыццагдæр мæхимæ исын…

ГУСАЛТЫ Барис



Дзæхаты Игорь, Гаджиты Георги, Хостыхъоты Зинæ æмæ Сафар Сабырдзинады проспекты



Сафар йæ хæстæджытимæ



Йæ хорз зонгæ Цæлыккаты Æхсаримæ



Хæхбæсты улæфты рæстæг

ХÆБЛИАТЫ Сафар

ИНÆЛАРЫ МАД

Радзырд

Цæрынæй бафæллад инæлары мад. Фарон куадзæнæй фæстæмæ хæдзарæй æддæмæ нал ракаст. Уæлгоммæ хуыссы йæ сынтæджы æдзæмæй. Рисгæ дæр дзы ницы кæны, хъæрзгæ дæр ницæмæй кæны. Æрмæст йæхимидæг тайы. Дæс æмæ цыппарыссæдз азы дæс æмæ æртиссæдзы, мыййаг, не сты, стæй цыппарыссæдз дæр, фæлæ æнæхъæн дæс æмæ цыппарыссæдзы – сæ зæгъын дæр уæз куы у. Зæгъинаг дæр æмæ йын фæдзæхсинаг дæр ницыуал баззад, йæ алыварс чи ис, уыдонæн. Йæ дзуринæгтæ кæимæ сты, уый ам нæй, æрмæст æм къулæй кæсынц йæ ауыæттæ, æмæ уыимæ у йæ ныхас хинымæры. Уымæ æвæрд у йæ фæстаг фæдзæхст дæр.

Уæлгоммæ хуыссынæй куы бафæлмæцы, уæд кæнæ къулы ‘рдæм аздæхы, куыд ничи йæм дзура, афтæ, кæнæ та рудзынджы ‘рдæм разилы. Рудзынгæй зынынц æнгузы быгъдæг æмæ лæгъз къалиутæ, нырма сыл къуыбар бæрæг дæр нæма ис. Æнгузæй, инæлары мадæй кæцы зæронддæр у, уый бæрæг нæй. Мит сыстадис, диссаджы бонтæ скодта фæд-фæдыл. Æрæмбæрздзæн ма æви нæ? Хуыцау йæ дæсны. Æууæнк нæй рагуалдзæгыл.

– Фынæй дæ, æна?

Ницы дзуапп радта.

«Мæ дыууæ цæстæй куы кæсын, уæд цавæр фынæй у?»

– Тасолтаны фырт хъæдæй æрыздæхт æмæ сæхимæ дæр нæма бахæццæ, афтæмæй нын æнæхъæн æргъом давæттæ æрбалæвæрдта, Лезайæн, дам, давонджынтæ скæн, ацы аз, дам, кæд нæма бахордта. Æви дæм æхсыры цымгæ хуыздæр кæсы?

Ницы дзуапп та йын радта.

«Цы уæлдай у – давонджын æви æхсыры цымгæ? Тасолтаны фырт сæ æрбалæвæрдта æви сæ йæхæдæг базарæй æрхаста – цы уæлдай у?»

Рудзынг дæр æмæ дуар дæр байтыгьта Заретæ. Уалдзæджы фæлмæн улæфт хъары мидæмæ, йемæ хæссы сур сыджыты æмæ фароны сыфтæры тæф.

Сур сыджыты тæф.

Æмбисонды цъæх арв.

Инæлары мад зоны: йæ мард йæ сыджыты хайыл сæмбæлыны размæ йæ сыгъдæг уд фæстаг хæрзбон зæгъынмæ фæфæстиат уыдзæн рудзынджы æдде рагон æнгузы къалиуыл, мæрддзыгой цалынмæ æххæстæй æрбамбырд уой, йæ хъæбул цалынмæ схæццæ уа, уæдмæ банхъæлмæ кæсдзæн, стæй, сынтыл куыддæр схæцой, афтæ Сæнайы бæрзæндмæ йæхи сараздзæн; дард денджызы цур хурсыгъд змисджын быдыры астæу æм Чабæйы сызгъæрин дзæппаз разындзæн æмæ йæ сæрты уæларвмæ фæфардæг уыдзæн.

Лæппуйы ма фендзæн æви нæ? Фарон ам куы уыдис, уæд ын цыдæр ахсджиаг хабар бафæдзæхсынмæ хъавыд, фæлæ дзы байрох. Æмæ уæдæй ардæм æрхъуыды кæныныл хъары йæхи, цы уыдаид, зæгъгæ, фæлæ йæ нал æмæ нал ахсы сæр. Ахæм рохзæрдæ куынæ уыдис, уæд цы бæллæх уа? Мæнæ ныртæккæ йæ зæрдыл æрбалæууа, афтæ та йæ хъыгдарæг фæвæййы: куы Заретæ, куы сыхæгтæй исчи, куы рынчынфæрсæг. Æмæ кæм ныгъуылд у, уымæй та ноджы арфдæр аныгъуылы. Куы ницæмæй хъæрзы, уæд æм цæмæ цæуынц рынчынфæрсæг? О, хæдæгай, афтæ куы амбæлы. Йæхæдæг дæр бирæ фæцыд инæлары мад рынчынфæрсæг. Уадз æмæ йын йæхимæ дæр цæуой, кæд афтæ æмбæлы, уæд.

Æнгузы къалиуыл абадтысты дыууæ сауцъиуы. Къай сты, æвæццæгæн. Къай уыдзысты, уæдæ куыд. Хуыцау кæй сфæлдыста, уыдонæй се ‘ппæтæн дæр бафæдзæхста къæйттæ-къæйттæ. Æрмæст сæм æрæджиау цæуылдæр фæфыдæх æмæ иумæ нæ, фæлæ дзы раздæр иуы айсы йæхимæ, стæй та – иннæйы.

Рудзынгæй æрбайхъуыст зыланггæнаг цъыбар-цъыбур, сыгъдæг æмæ райдзаст. Иу зары, иннæ йæм хъусы. Тыр-тыр кæнынц маргъы сæнтсау базыртæ, йæ фыр диссагæй йæ стæхынмæ бирæ нал хъæуы, цалынмæ зарæг кæронмæ ахæццæ уа, уæдмæ æнæнхъæлæджы куыннæ спæр-пæр кæна, афтæ къалиуыл ныддæвдæг йæ лыстæг дзæмбытæй. Армыдзаг йеддæмæ куы нæ у æгасæппæтæй, уæд ын ахæм æмбисонды хъæлæс кæцæй басгуыхт? Куыд бирæ сæ уарзта лæппу гыццылæй! Ныр æй уыдæттæм æвдæлгæ дæр ма кæцæй кæндзæн?..

Цымæ йыл цал азы цыдаид уæд? Йæ дæс йæхи нæма фæцадаиккой. Гуырд дæр æмæ гуыринаг дæр нæма уыд, суанг уæд кæртæй цæхæрадонмæ тæккæ ахизæны зæронд кæрдойы мæра ахстонæн равзæрстой

сауцъиутæ. Кæд, уæлæ цъыбар-цъыбурæй чи зары, уыдоны фыдæлты фыдæлтæ уыдысты, уæддæр бæрæг нæй. Уыдон уыдаиккой, æндæр ничи: фæлтæрæй-фæлтæрмæ, дам, иу ранмæ цæуынц ахстон кæнынмæ, байзæддаг уадзынмæ. Кæрдойы мæрайы фæстаг хатт уыцы аз рауагътой лæппынтæ. Бæласæн йæ уд удыл нал хæцыд абон-райсом афæлдæхынæввонг.

Бинонтæ цал уыдысты, уалæй нартхор рувынмæ ацыдысты æхсæвæддæйæ. Хæдзар баззад куырм æфсин æмæ лæппуйы æвджид. Цыргъобауы æртыккаг бон æнамонд дымгæ ахæм их расайдта, æмæ хуымонтæ сæ хæдзæрттæн ныккæлынæй фæтарстысты. Арвы гыбар-гыбур нæма банцад, афтæ фæдисы атындзыдтой хъæумæ. Дымгæ бындзарæй сфæлдæхта незаманты акъацитæ, æмбисыл асаста мæнгæфсон гæдыбæлæсты, йæ æрбацæвæн кæм æрæййæфта, уым сæ хъæмпын сæртæ ахаста цалдæр иувæрсыгæн, æмæ сæ сахъарийы михтæ дзыназгæ баззадысты.

Их цæндтæ-цæндтæй кæрты алы къуымты, уæлхæдзарæй æмæ сисæй кæм фесхъиудта æмæ йæ къæвдайы дон кæдæм аласта, уым бамбырд. Йæ сырхбын нуарджын уидæгтимæ сræмыгъта зæронд кæрдо дæр. Табу сыгъдæг Уациллайæн, æндæр ницы зиан æрхаста. Кæрдойы къалиуты ‘хсæн æрдиаггæнгæ ратæх-батæх кодтой сауцъиутæ; æнамонд хабармæ, æвæццæгæн, æгас хъæуæй æрæмбырд уыдаиккой, уыйас бирæ уыдысты.

Хордонæй хъуысыд иукъухыг хырхы хыбар-хыбур.

– Цы кусыс уый, лæппу?– хордоны ‘рдæм бадзырдта фыд.

Фæлæ йын дзуапдæттæг нæ фæцис: хырхы уынæрæй йæ нæ фехъуыста, æвæццæгæн. Æмæ йæм уæд хæстæгдæр бацыд. Сæ ныхас усмæ дзæбæх хъуысыд.

– Дæумæ дзурын, цы ми кæныс хырхæй?

– Дымгæ нын нæ кæрдо афæлдæхта,– æнкъардхуызæй дзуапп радта саби. Хырхмæ бавналыны бар ын кæй нæй, æмæ йæм кæй хæцдзысты, уый дæр дзы байрох.

– Æмæ йын цы дæ зæрды ис, быцæутæй йæ фæстæмæ сисынмæ хъавыс?

– Нæ. Сауцъиутæн къалати аразын, науæд сын гæды сæ лæппынты бахæрдзæн. Фæцæй сæм хъуызыд, æмæ йыл æз дæр гоны дуар сæхгæдтон.

Фæстæдæр, æстдæсæм азæй фæстæмæ, канд Уæрæсейы нæ, фæлæ æгас Европæйы дæр цы хæстытæ рацыд, уыдонæн се ‘ппæты дæр хæцын кæй бахъуыд, æмæ, куы банцадысты, уæд дæр хæстон лæгæй чи баззад, уыцы инæлары мад хæрдмæ ницы сдзырдта, фæлæ хинымæр загъта: «Табу Хуыцауæн, мæргътæн се ‘ртæхынмæ кьалатийы бæсты дурæхсæн чи æрцæттæ кæны, уыдонæй нæ разынд лæппу».

Иугæр сауцъиу æртахт, уæд зæрватыкк дæр бирæ нал бафæстиат уыдзæн. Уæдмæ та сæрд дæр ралæудзæн. Æмæ сусæны мæй йæ тæккæ тæмæны куы бацæуа, уæд лæппу фæзындзæн. Ардыгæй уæдмæ йæ фæдзæхсинаг дæр йæ зæрдыл кæд æрлæууид. Цы уыдаид, цымæ, уыцы ахсджиаг, æрымысыны хъомыс ын куы нал ис æппын? Цæй, ардыгæй сæрдмæ æгас.

Раджы кæддæр, Германы хæст куы ахицæн, уæд инæлар йæ мады цæрынмæ аласта Мæскуымæ: «Кæдмæ иунæгæй тухитæ кæндзынæ, æна?»

– Æна дæ фæхъхъау фæуа, иннæтæй йæ хæдзар ссаринаг чи уыдис, уыдон æй раджы куы ссардтой, уæд дæуæн афон нæма у æппын? Тогызты хъæбатыр лæппу дæр куы ссыдис.

– Мæнмæ рад нæма æрхауд, Æна.

Кæцæй зыдта хъæуккаг зæронд ус, иннæтæй хъауджыдæр йæ фыртæн инæлары бæрзонд цин æфсадæй рацæуыны фадат кæй нæ дæтты, уый.

Ласгæ йæ бæргæ акодта Мæскуымæ, фæлæ дзы бирæ нæ бафæрæзта. Нæдæр дзы – хион, нæдæр – зонгæ. Уайтагъд сфæлмæцыд æгомыгæй. Лæппу уыдис, æмæ æнафоны – йе ‘рбацыд, сæударæй – йæ ацыд. Чындз уыдис, æмæ йын кæд æфсинимæ исты дзуринаг разындаид, уæддæр кæрæдзийы æвзаг не ‘мбæрстой.

– Лæппу, амы цæрдтытыл адæймаг йе ‘взонджы бонты куынæ фæцалх уа, уæд мæ кары – ницы. Куыд мæ æрластай, афтæ мæ нæ зæронд къуыммæ фæхæццæ кæн фæстæмæ дæр.

Æмæ дæсгай мин адæймæгтæ – салдæттæй инæлæртты онг – йæ амынд æнæ тæрхонæй кæмæн æххæст кодтой, уыцы инæлар дыккаг зæгъын нал бафæрæзта.

Уæдæй ардæм фыртмæ дæр никуыуал рауад уыцы кой, мадмæ дæр: фырт къæмдзæстыгхуыз уыди, чындзимæ кæрæдзи кæй нæ бамбæрстой, уымæй, мадæн та цыдæр туаг кæмдæр йæ зæрдæйы æлхынцъæй баззад.

Уæлгоммæ хуыссы инæлары мад. Сынтæджы сæрмæ гауызыл – йæ фырты къамтæ. Бирæ къамтæ, гауызы æмбисæй фылдæр бацахстой. Инæлар ын сæ фервыста, æфсадмæ куы ацыдис, уæдæй фæстæмæ. Хæрз æвзонг лæппу, курсант. Йæхицæй хъалдæр нал ис а дунейыл: иу къах иннæуыл баппæрста, цырыхъхъытæ тæмæнтæ калынц, дысалгъы æддæты кæй æрбаста, уыцы æвзист сахат дзæбæх куыд разына, армытъæпæнтæ уæраджы сæрыл афтæ æлхынцъæвæрд.

Цæстæй рæвдз у инæлары мад, уыны алы къам дæр: иунæгæй кæм ис, уый дæр, æмбæлтты къордимæ кæм ис, уый дæр. Уæвгæ, цæстæй фæхъуаг æмæ сæ нал уыны, зæгъгæ, уæддæр æй зæрдæйæ бацамонид: уæлæ уыцы къамы иунæгæй ис, уæлæ уым та – æмбæлттимæ.

Уымæн æмæ, лæппу хæдзарæй цы бон афтыд, уыцы бонæй фæстæмæ йæ цард, йæ уд къамтæ сты. Йæхæдæг кæй нæ сæрвыста, уыдон та йæм сыхæгтæ æмæ къабæзтæ фæхастой хæрзæггурæггагæн: кæм чиныгæй, кæм газетæй лыггонд.

«Мæ фæрстæ йын айхæлой, уæлæ уыцы бурбын къамæй фæлмæстдæрхуыз никуы у: уадулты стджытæ ныттынг сты, сæрыхъуын – пыхцыл. Кæд æй, мийяаг, иннæ хæттытæй хъауджыдæр æвдæлгæ нæ ракодта йæ сæр ныффасынмæ? Уый йеддæмæ, йæхимæ биноныг ма базила, афтæмæй уаты къæсæрæй кæртмæ дæр куы никуы рахызт. Хæсты размæйы къам у, дæ зæрдæ-иу мæм ма ‘хсайæд, зæгъгæ, куы бафæдзæхста, æмæ дзы дыууæ азы хабар куы нæ уыд, уæды къам». Дыууæ хорзæхы дæр уæд фæзынд йæ риуыл. Фæлæ мады зæрдæ цы кæнæг уыди, уый знаджы зæрдæ дæр макуы фæкæнæд.

Уæлæ уым та фæззыгон быгъдæг хъæды æрдузы астæу лæууы фадхъулты онг цъæх цинелы, ныхас кæны немыцæгтимæ, уыдон бæгъæмсарæй бадынц зæххыл æмæ хæрдмæ кæсынц инæлармæ. Се ‘нгас – тæригъæддаг æмæ лæгъстæхуыз.

Цинелы мидæг ист кæм у, уыцы къамтæ йæ зæрдæмæ къаддæр цæуынц: йæ бирæ хорзæхтæ дзы нæ зынынц. Инæлары мад зоны: паддзах хæрзиуæг лæвар нæ дæтты, туджы аргъ ын бафидын хъæуы. Æндæр исчи сæ хуыссæны дæр нæ рафтауид, лæппу та сæ, кæд у, уæдæй нырмæ йæ риуыл нал бакодта, æрмæст иунæг стъалы дары.

Æппæтæй адджындæр та йын мæнæ уыцы къам у, кæсынæй дæр æм нæма бафсæст: нырма йæ знон æрбахаста чиныджы мидæг нывгондæй Заретæ. Цингæнгæ йæ балæвæрдта инæлары мадмæ:

– Мæнæ-ма, Æна, кæй дын æрбахастон!

Райста йæ æмæ йæм æдзынæг, цалынмæ уадулыл цæссыг æрхъардта, уæдмæ фæкаст. Æппынфæстаг æй Заретæмæ ралæвæрдта, æмæ, кæд зæгьгæ ницы кодта, уæддæр æй уый дæр бамбæрста: иугæр æй нывæрзæны нæ бафснайдта, уæд ын фыст дæр бакæсын хъæуы.

Æмæ сынтæджы фарсмæ ныллæг бандоныл æрбадт Заретæ, чиныг йæ уæрджытыл æрæвæрдта:

«Фылдæр-фылдæр Хаджи дзырдта æндæр искæйты тыххæй, фæлæ йын куыдфæстæмæ базыдтон йæхи хабæрттæй дæр иуæй-иутæ. Базыдтон, 1922 азы уалдзæджы Калинин куыд бабæрæг кодта Скæсæны фæллойгæнджыты университет. Калинин цы къордмæ бацыди, уыдоныл уыд цухъхъатæ, уæлдзарм худтæ, сæ рæттыл хъаматæ æмæ дамбацатæ – кавказаг фæсивæд. Уыдонæй иу уыди Хаджи. Тынг ыл бадис кодта Калинин: бынтон æрыгон у, афтæмæй ныридæгæн хæцыд Сырх Æфсады рæнхъыты, уыдис барæг. Уыцы фембæлдæй афæдз фæстæдæр Хаджи фыдгæнджытимæ хæсты фæцæф. Фыдгæнджытæ æрæхгæдтой, Калинин Хæххон республикæйы адæмты бæрæгбонмæ цы фæндагыл цыди, уый. Ноджыдæр базыдтон, Фыдыбæстæйы хæсты райдайæны Мамсыры-фырт кæй уыдис Белоруссийы партизанты змæлд арасджытæй иу».

«Уæд дæр дзы дзæвгар рæстæг нæ уыди хабар, æхсæв мыл бон нал кодта».

«Мамсыры-фыртимæ фембæлдтыты фæстæ мæм фаг нал кастысты мæ фыстæджытæ. Чингуыты бæлвырддæрæй агурын байдыдтон, инæлар-булкъон цы хабæртты кой кодта, уыдон. Мамсыры-фырт дзырдта Испанийы хæсты тыххæй. Æз ногæй бакастæн Михаил Кольцовы «Испайнаг боныг». Бакастæн æй лæмбынæг, æмбæрстон, исты æнæнхъæлæджы ног хабар дзы æнæ ссаргæ кæй нæ фæуыдзынæн. Кольцов бирæ рæтты диссæгтæ фыссы Дуруттийы тыххæй. Дуруттийы цард хъæздыг уыди цаутæй, иудадзыг лæгъз фæндагыл кæд нæ цыд, уæддæр йæхи равдыста революцийыл стыр иузæрдионæй, фæмард æвирхъау мардæй. Æппæт уыдæттæм йе ‘ргом куыннæ хъуамæ аздæхтаид Кольцов. Анархист Дурутти суанг йе ‘взонджы бонты хæцыд баррикадæты. Испанийы, Чилийы, Аргентинæйы йын рахастой фехсыны тæрхон, рарвыстой йæ аст бæстæйæ...

1936 азы ноябры, Каталонийы æфсадæн разамынд дæтгæйæ, Дурутти æрбацыд Мадрид хъахъхъæнынмæ.

«Йæхицæн бацагуырдта уынаффæгæнæг афицер, – ныффыста 14 ноябры йæ боныджы Кольцов.– Бацамыдтой йын Ксантийы. Дурутти бафæрстытæ кодта æмæ йæ райста йæхимæ. Ксанти у Дуруттийы æфсæддон хæйтты фыццаг коммунист. Ксанти куы æрбацыд, уæд ын Дурутти загъта:

– Ды коммунист дæ. Хорз, фендзыстæм. Кæддæриддæр мæ фарсмæ уыдзынæ. Хæргæ дæр иумæ кæндзыстæм, хуысгæ дæр – иу уаты. Фендзыстæм.

Ксанти дзуапп радта:

– Мæнæн уæддæр уыдзæн уæгъд рæстæг. Хæсты заман æдзухдæр бирæ уæгъд рæстæг вæййы. Бар мын ратт уыцы рæстæг дæ разы нæ уæвынæн.

– Цы аразын дæ зæрды ис?

– Мæ уæгъд рæстæджы æз хъавын де ‘фсæддонты пулеметæй æхсыныл ахуыр кæнынмæ. Тынг æвзæр æхсынц пулеметæй. Мæнæн мæ зæрды ис цалдæр къорды сахуыр кæнын æмæ сæ пулеметон взводтæ саразын.

Дурутти мидбылты бахудт.

– Мæн дæр фæнды. Мæн дæр сахуыр кæн пулеметæй æхсын».

Мæнæ ис! Кольцов фыссы Мамсыры-фырты тыххæй, Хаджийы тыххæй. Инæлар-булкъон кæддæр срæдыд, кæй хæцыд Испанийы æмæ кæй хаста Ксантийы ном. Цыдис ыл дыууадæс æмæ ссæдз азы...»

– Бафынæй дæ, æна?

Инæлары мадæн йæ цæстыуæлтъыфылтæ базмæлдысты, бамбарын кодта: кæс дарддæр.

«Мамсыры-фыртыл ис кæрдæгхуыз китель. Фондз рæнхъæй орденты нысантæ.

Йæ уæнгты кондæй бæрæг у, стыр хъаруйы хицау кæй у, уый. Кæд ыл азтæ дзæвгар рацыд, уæддæр ма йæ алы фæзылд æмæ февнæлд дæр зæрдæмæдзæугæ у. Бинойнаг æлвыд сатæгсау сæрыхъуынты зынынц иугай урсытæ. Æртиссæдз азы йын ницы хуызы ратдзынæ. Æрмæст хаттæй-хатт армытъæпæнæй риу кæй æрсæрфы, уымæй бæрæг у, зæрдæйы низ æм кæй хæццæ кæны, уый.

– Испанийы æз уыдтæн дыууæ азы бæрц. Иузаман рацыдтæн,

фæлæ та фæстæмæ аздæхтæн. Хемингуэймæ нæ базонгæ кодта Кольцов,– зæгъы инæлар-булкъон.

Дарддæр ницуал дзуры. Хаджи хъуыдыты аныгъуылд. Æз ыл сахуыр дæн æмæ ‘мбарын, хабар Хемингуэйы онг тагъд кæй не ‘рхæццæ уыдзæн, уый,

– Æз Кольцовимæ арæх æмбæлдтæн Компартийы Центрон Комитеты дыккаг секретарь Педро Чекаимæ. Бынтон балымæн стæм 1936 азы ноябры. Æфсад ацыд, æмæ Мадриды размæ фронт быгъдæгæй баззади. Æз амбырд кодтон кусджыты къордтæ. Уыдис дзы дæс æмæ дыууиссæдз мин адæймаджы бæрц. Кусджытæ хьахъхъæнынадон фидæрттæ арæзтой Мадриды бынмæ, ныхкъуырд лæвæрдтой фашисты лæбурджытæн. Стыр ахсджиаг у, Мадрид испайнæгтæ сæхæдæг кæй бахъахъхъæдтой, уый. Интернацион бригадæтæ фæстæдæр æрбахæццæ сты...

Кольцовимæ иумæ мах 6 ноябры изæрæй уыдыстæм Политбюройы æмбырды. Æз Мадриды баззадтæн, горæтæн фашисттæй тас кæй уыдис, уымæ гæсгæ. Мыййаг æй куы бацахстаиккой, уæд хъуамæ мæ тæлмацгæнæг Линæимæ райдыдтаин сусæг куыст кæнын. Уыцы бонты æз хорз базыдтон Мадриды зæххы бынты ацæуæнтæ æмæ ныккæндтæ иууылдæр.

Æмбырды ныхас цыдис, Мадриды баззайгæ у æви дзы ацæуын хъæуы, ууыл. Æз загътон, горæтæй ацæуæн нæй, зæгъгæ. Æмбæлттæ Диас æмæ Ибаррури сразы сты мæнимæ».

– Кæс-ма, дæ хорзæхæй, мæнæн сæ куыд никуы ракодта уыцы хабæрттæ. Ныр мæм дард кæмæйдæрты æрбахæццæ сты æрыхъусæггагæй. Æмбæхсгæ сæ кодта мæнæй, мæ зæрдæ ма ‘хсайа, зæгъгæ. Æз та ма йын бафæдзæхсинаг уыдтæн...

– Æна, рабад-ма иугыццыл, æз дын дæ хуыссæны цъæрттæ аивон. Уæртæ уал тъахтиныл æруадз дæхи.

Бахъыгдардтой йæ, æмæ та дзы йæ фæдзæхсинаг æрбайрох.

Æндæр дис нæ кæны Заретæ: къуырийæ-къуыримæ, цалынмæ йын йæ хуыссæнтæ фæивы, уæдмæ иу æнцъылд уæд та куыд нæ бавæййынц йæ быны, уыцы итувæрдæй куыд лæууынц уæвгæ та? Æниу дзы бумбулийы уæз дæр нал ис, æмæ цæмæй банцъылд уой?

Рæстæг тагъддæр згъорын æнхъæлæй бон цалдæр фынæйы авæййы инæлары мад. Фæлæ нæй, æгæр ныддаргъ сты бонтæ, æгæр дæрдты

зилып байдыдта хур. Куы афынæй вæййы, уæддæр йæ мидфынæйæ æнхъæлмæ кæсы, кæд æй исчи хæрзæггурæггаг райхъал кæнид: лæппу æрбацæуы. Ау, куыд нæ йæм хъары, куыд тынг æм æнхъæлмæ кæсы, уый? Фæзындзæн, абон кæнæ райсом куынæ уа, уæддæр рæхджы æнæмæнг фæсзындзæн.

Сайæнтæ кæны йæхицæн, уый йеддæмæ йæ ‘мбары: хæстон лæгæй хъастгæнæн нæй – йаг бар йæхиуыл нæ цæуы, паддзахмæ лæвæрд сты йæ бартæ.

Куыд дзæбæх зары сауцъиу! Цæй сындæггай лæсы уалдзæг. Кæм ис нырма сусæны мæй!

Мæскуыйы цæрын куынæ бафæрæзта инæлары мад, уæдæй фæстæмæ алы аз дæр, скъоладзаутæ куы рауæгъд вæййынц, уæд инæлар йæ бинойнаджы æмæ сывæллæтты афæндараст кæны денджызы былмæ, йæхæдæг нæ райгуырæн хæдзармæ, йæ зæронд мады цурмæ ссæуы. Инæлары уæззау мундиры. Сыхæй дæр, хъæубæстæй дæр, зонгæйæ дæр раджы аппæрстой сæ хæстон дарæс, ныгæд дзы чи æрцыдис, уыдонæй фæстæмæ

– Цæуылнæ йæ раласыс ацы æнуды, лæппу, уазæг дæр нæм куы ничи ис, æрбацæуæгмæ дæр æнхъæлмæ куынæ кæсæм? Дæ буар сулæфын цæуылнæ бауадзыс иугыццыл?

– Мæнæй аразгæ нæу, Æна, йæ раласын.

Йæ зæронд ныййарæджы цурæй йæ никæдæм хæссы йæ къах. Къуыри иу хатт кæд Дзæуджыхъæумæ йæ рагон æмбæлттимæ абадынмæ, адæм цæмæй цæрæг сты, уый фенынмæ ацæуы, уæддæр хабар йæ разæй æрбахæццæ вæййы.

«Æмæ бадырджантæм рады куы æрлæууыд, уæд æлхæнджытæ дæр æмæ уæйгæнджытæ дæр уымæй дисдæр ницæуыл кодтой: чысыл хицауы бынатмæ куы бахауы лæг, уæд ын йæхи нæ, фæлæ йæ цардæмбалы дæр куы нал фендзынæ базарты æмæ дуканиты, уæд ацы стыр инæлар куыд хæссы йæ сæрмæ, «цума» кæмæн зæгъа, ахæм ын куыннæ ис?»

Ахæм зæрдиаг худт кæнгæ йæ рагæй нал фехъуыста. Куыд бахъæлдзæг. Адæм ын йæхиуыл куы худынц, йæ цард сæвæрын нæ базыдта, уæд æм, цымæ, худæг цæмæн кæсы? Уæддæр æгайтма бахъæлдзæг. Науæд æгæр йæхимæ хъусы, цыма бæсты сагъæстæ йæ мидæг сты. Никуы йæ бафарста: цæуыл у йæ сагъæс, цы йæ æвдæрзы? Хæстон

лæджы хабæрттимæ сылгоймаджы ницы хъуыддаг ис. Æрмæст иунæг хабармæ æхсайы йæ зæрдæ, æмæ дæрдты райдайы:

– Лæппу, адæм та цыдæртæ куы дзурынц...

Цæмæй йæ фæрсдзæн, уый йын кæд рагацау зындгонд у, уæддæр æм лæмбынæг байхъусы инæлар.

– Адæм истытæй фылдæр цы дзурынц, Æна? Лæг бонæн диссаг куынæ хъуса, уæд йæ хабар куыд рауайы, уый дын мæн амонын хъæуы, мыййаг?

– Ды мæнæй хъазгæ ма кæн, фæлæ-ма мын бæлвырдæй зæгъ: хæст уыдзæн æви нæ?

Æмæ æгас Уæрæсейы дæр сæ зонын æрмæст цалдæр адæймагæн йеддæмæ кæмæн не ‘мбæлы, уыцы хабæрттæ иууылдæр кæд йæ къухтæм цæуынц, уæддæр ратты æнæгуырысхо æмæ хъæддых дзуапп:

– Нæ уыдзæн, Æна.

«Бæргæ, Æна, йæ зонын дæ истæмæ куы хъæуид æмæ, дæ зæрдæ цас æхсайы, уыйас дзы дæ бон исты куы уаид, уæд æй дæуæй раздæр уæвгæ та кæмæн зæгьин?..»

– Æмæ, уæдæ, цæуылнæ рацæуыс дæ зæронд мады цурмæ æмæ цæхæрадоны истытæ цæуылнæ змæлыс? Æз дæр дæм кæд кæсынæй бафсæдин. Хæдзар дæр æдзæллагмæ цæуы... Де ‘мгæрттæ хорз пенситæ раджы куы райстой, уæд æппын дæуæн не ‘мбæлы? Афон дын нæма у сулæфынæн?

– Бафæраз-ма иугыццыл, Æна, стæй мæ уæд нæхимæ хъæуы. Бæхуæрдон самал кæндзыстæм – бæхтæ дарын, дам, райдыдтой уадзын, фехъуыстон. Хуыммæ дæр иумæ цæудзыстæм, хæдзары зылдтытæ дæр – иумæ.

– Хъазгæ мæ кæныс, цæй хуымон ма ис мæнæй, лæппу? Ацæудзынæ фæстæмæ, иунæгæй та мæ ныууадздзынæ.

Инæлары цæсгом фæхъуынтъыз вæййы. Уымæн æмæ рæстытæ дзуры йæ зæронд мад. Уымæн æмæ йын фæхицæнгæнæн нал ис, йæ цард кæм арвыста æмæ йæ тæккæ уæлдæр бынæттæм чи систа, уыцы æфсадæй.

Афæдзæй-афæдзмæ йын цы ‘хца æрвиты, уыдон гобаны бын æфснайдæй дары инæлары мад: цы йæ хъæуы, цастæ сты йæ хæрдзтæ, кæд искæмæн зæрдæлхæнæн бакæна, æндæр.

Инæларæн нымадæй цы бонтæ læвæрд ис фæллад уадзынæн,

уыдон куы ахицæн вæййынц, æмæ йæ фæндаггон дзаумæттæ куы бафснайы, уæд æм бадзуры:

– Кæд, дæм, мыййаг, фæндаггаг нæй, лæппу? Мыздæй у дæ цард æгасæппæтæй дæр, æмæ...

Æмæ та йæ стыр худæджы хос фæкæны инæларæн Хуыцау.

– Ды ма мын куынæ уаис, Æна, уæд – сидзæр æмæ бынтон сидзæр.

Хъазгæ та кæны æви æцæгæй дзуры? Нæ йæ раиртасдзынæ. Кæд хъазы, уæддæр уадз æмæ хъаза йæхимæ æрыхъусыны бæсты. Уастæн, цæрынæн кæд бæззы а дуне. Цæуыл кæрæдзи тонынц паддзæхтæ? Цæуыл цагъды кæнынц мæгуыр фæсивæды æдзардæй? Хъæды сырдтæ дæр ма кæрæдзиимæ куы фидауынц æмæ кæрæдзийæн хатыр куы зонынц.

Хур арвы ронмæ схызт æмæ йæ хъарм тынтæ гом рудзынгæй мидæмæ парахатæй калы. Æнахуыр сабыр ныццис бæстæ. Сауцъиу дæр банцад, йæ ахстоны сагъæсæй йæ нал æвдæлы, æвæццæгæн. Тæмæнтæ калы Сæнайы_цъитиджын рагъ – уæларвмæ асин. Инæлары мад æм нымдзаст æмæ дзы йæ цæстытæ атонын нал фæразы. Мæнæ ныртæккæ, мæнæ ныртæккæ... йæ цæстытыл, мыййаг, нæ ауад, бæлвырдæй йæ федта. Æмæ цы федта, уымæй йæ зæрдæ цалдæр сонт цæлхъы нылласта, хъустæ амыр сты. Æваст йæ зæрдыл æрбалæууыд, лæппуйæн раджы, тынг раджы, æфсадмæ йæ куы афæндараст кодта, уæд цы бафæдзæхсинаг уыдис, фæлæ йын уæд дæр æмæ уый фæстæ дæр, йæ алы фæндаджы сæрыл дæр цы бафæдзæхсынмæ хъавыд æмæ йын бафæдзæхсын чи никуы бантыст æмæ ныр кæмæн байрæджы, уыцы фæдзæхст: «Дæхи бахъахъхъæн, мæ хъæбул!»

Æмæ инæлары мад сонтæй йæ хуыссæны рабадт, йæ урс сæрыхъуынтæм фæлæбурдта æмæ сæ армыдзаггай æриста:

– Мæнæ мæ хæдзар куыд бабын!

Йæ уæлхъус, сæхи ныхас сабыргай чи кодта, уыцы дыууæ сыхаг усы сæ бандæттæй фесхъиудтой:

– Цы кодтай, Леза?!

– Мæнæ мæ быны бындур куыд ныззылдис!– ногæй та фæлæбурдта йæ урс дадалитæм инæлары мад.

– Цы кодтай, Леза, истæмæй фæтарстæ?

Сæ фæдисмæ кæртæй æрбазгъордта Заретæ дæр:

– Цы хабар у, цы кодта?

– Мæнæ мæ быныхъæр куыд рацыд бынтондæр! – йæ мæллæг уадулты царм æррæдывта инæлары мад.

– Æрхуысс-ма дæ хуыссæны, Леза, цы кодтай?

«Цы кæнинаг ма дæн, куыннæ йæ уынынц, цы кодтон, уый?»

– Мæнæ мæ хæдзар бынхæлд куыд фæкодта!

Цымæ кæцæй разынд йæ мæллæг къабæзты утæппæт хъару – баиргъæвын æй нал фæрæзтой, цал уыдысты, уалæй.

«Леза цыдæр кæны», – раздæр сыхыл, стæй та æгас хъæубæстыл айхъуыст хабар. Адæм иугæйттæй æмæ къордтæ-къордтæй æмбырд кæнын байдыдтой кæрты.

–Мæнæ куыд бабын дæн бынтондæр!

– Цы кæныс, Леза?

– Исты дæ риссы, Леза? Зæгъ-ма йæ, цы дæ риссы?

– Мæнæ хæрзбын куыд бацис мæ хæдзар!

Æндæр ницы хауд йæ дзыхæй. Бамбарæн ын нæ уыд – хъары йæм æви нæ хъары ныхас, йæ зонд йæхимæ ис æви сæнттæ цæгъды.

«Йæ фыртмæ йын фæхабар кæнæм»,– скарстой хионтæ.

Фæлæ сæ разæй фæцис, изæргæрæтты схæццæ фыдохы тел: «Абон æмбисбоныл йæ зæрдæ ‘нæнхъæлæджы аскъуыд инæлар-булкъон Мамсыраты Хаджумарæн».

Лезайæн æй не схъæр кодтой. Уæддæр æй ныййарæджы зæрдæ базыдта, базыдта йæ, иннæтæ гуырысхо дæр куы ницæуыл кодтой, суанг уæд.

Æртæ боны æмæ æртæ æхсæвы, цалынмæ дард Мæскуыйы инæлар йæ сыджыты хайыл сæмбæлдис, уæдмæ йæ цæст цæстыл не ‘рæвæрдта, йæ мæллæг риу фæхоста, йæ урс дадалитæ фæрæдывта æмæ сау марой фæкодта йæ зæронд мад:

– Мæнæ мæ бындур куыд ныззылдис!

Дыууæ къуырийы фæстæ æнцад-æнцойæ, æнæ сымæй бафынæй æмæ нал æрыхъал инæлары Мад.

ЦОМАРТАТЫ Изæтбег

ЗЫНГХУЫСТ БÆЛЛИЦТÆ

Роман

Æртыккаг чиныг[*]

* * *

Цыма мæ ’ккойы стыр уаргъ хæссын, уыйау, уæзбын къахдзæфтæгæнгæйæ, сындæггай цæуын горæты уынгты. Машинæтæ æнæрæнцойæ мæ иуварсты размæ тындзынц. Сæ фæздæг æмæ асфальты рыг мæ фындзыхуынчъытæм бырынц æмæ мын мæ улæфæнтæ æхгæнынц, мæ цæстытæ мын къахынц. Æвзонгæй ма мæ райгуырæн хъæуы уыдтæн ахæм уавæры, сæрды-иу, каникулты рæстæг, ахуыргæнæн чингуытæ, тетрæдтæ æмæ фыссæнгæрзтæ балхæныны тыххæй колхозы гутондарæй куы куыстон, уæд.

«Уым судзгæ хуры къæймæ трактор зæхх хуым кодта, æмæ дзы фæздæг æмæ рыгæй аирвæзæн нæ уыди, ам та горæты разамынды цы хъыгдары? Гъе, уæууæй, гъе! Асфальт ныхсынæн дæр ма у! Сæ хуыздæр куыст цы у, цымæ? Горæты исбон сæхимæ ссивын æмæ æнудæй хæххон цæугæдоны былмæ фæсарæйнаг зынаргъ машинæтæй лидзын? Нæ амонд у, æмæ нæм къæвдатæ арæх æрцæуы. Нæ чъизи фæндæгтæ нын ныхсынц, æндæр дзы фæхуыдуг уаиккам», – мæ алыварс цы бæзджын рыг и, уыйау мæ сæрмæ хилынц æнæрай хъуыдытæ. Тынг кæй тыхсын, уый тыххæй та мыл сагъуыдысты, æндæр мæ цы гуыбынниз тилы? Горæты уаварæрмæ мæ цы хъуыддаг и? Фистæгæй дæр уымæн цæуын мæ нысанмæ. Кæд æм æрæгмæдæр бахæццæ уаин æмæ мæ зæрдæйы рыст фæстæдæрмæ аргъæвин.

Зæрдæйы рыст… Арæх æй æвзарын, уæлдайдæр, давæггаг æхцатæй чи схъæздыг и, уыцы дурзæрдæ хицæутты æнахъинон митæм кæсгæйæ. Æппындæр нæ ницæмæ дарынц. Цыма фаджысы хъæндилтæ стæм, уыйау ныл æрвæсгæ дæр нæ кæнынц. Бынтон дæлоз нæ куы æрæппарынц æмæ ныл сæ къæхтæ куы фæсæрфынц, уæд мын дуне уæнгæлæй æнаддæр фесты. Афтæ мæм фæкæсы, цыма се ‘нæуынон стæм, æмæ нæ æгомыг фосау æгъатыр цъымарамæ тæрынц, цæмæй нæ йæ бынмæ нылваса, æмæ нæ уыцы иумæ ферваэзой. Æгæрон уарзтæй кæй уарзын, уыцы Иры культурæ,

* Дарддæр. Райдайæн 2022 азы 8 – 10-æм æмæ 2023 азы 1 – 2-æм номырты

ахуырад, литературæ, æвзаг æмæ аивадæй се сæфт кæй уынынц æмæ сын сæ уидæгтæ бындзарæй кæй рæдувынц, уый уынын æмæ мæстæй мæлын. Мæ бон дзы хорзырдæм аивын кæй ницы у, уый та мæ уæлдай тынгдæр мары. Цард мæм сатæгсауæй зынын райдайы, æмæ, мæхи цы фæкæнон, уый нал фæзонын. Талынг ахæстоны цины хабар фехъусæгау мыл искуы иу хатт æнæнхъæлæджы дыдзы хур дæр ракæсы, æмæ, та мæ зæрдæйы рыст чысыл фæсабыр вæййы...

Мæ фаззæттæ скъола каст фесты. Хорз ахуыр кодтой, æмæ ма раздæры царды æгъдæуттæ куы кусиккой, уæд уæлдæр ахуыргæнæндæттæм сæхи хъарутæй бахауиккой, фæлæ ног рæстæг йæ чъизи ахорæнтæй ног закъæттæ ныффыста, æмæ æнæ æхцайæ иу ранмæ дæр бацæуæн нал и. Сæ иуæн ма искæмæй æфстау райсин, фæлæ мын æртæйы фаг чи дæтты? Мæ рæбыны иу капекк дæр нæй, æмæ катай кæнын. Уыцы катай мыл ныр нæ бафтыди, мыййаг. Иуæндæсæм къласмæ куы бацыдысты, уæд фæдæн сагъæсты бын. Фараст мæйы тæрхæттæ фæкодтон, фæлæ ницы хатдзæгмæ æрцыдтæн. Рæстæг куыд цыди, афтæ тынгæй-тынгдæр тыхстæн. Ныр та адæргæй арвмæ асинтæ æвæрын. Зæгъæм, мæ цæсгом бахордтон æмæ ме ‘ртæ чызджы тыххæй ректормæ æрхатыдтон:

– Æз – дæ мад, дæ фыды уазæг, дæ хорзæхæй, университетмæ мын сæ райс.

Былысчъилæй мыл бахуддзæн æмæ мæ йæ кабинетæй ратæрдзæн. Иу куы уаид, уæд ма – гъа, фæлæ – æртæ. Нæ, нæ! Се ‘ппæты тыххæй зæгъын мæ цæсгом нæ бахъæцдзæн. Йæ зæрдæ куы фæтаса, æмæ мын дзы искæй исыныл куы сразы уа, уæд ын кæмæй зæгъдзынæн? Миланæйæ? Æмæ уæд Илонæ æмæ Аланæ та? Илонæйæ? Æмæ уæд Миланæ æмæ Аланæ та? Аланæйæ? Æмæ уæд Миланæ æмæ Илонæ та? Уыцы фæрстытæ мæ тухæнæй марынц æмæ мын æнцойад нæ дæттынц. Иуы дзы куы бакæнон, уæд æм иннæтæ хæлæг кæндзысты, æмæ сæ мыды къæм бахаудзæн.

«Ахæм рæдыд æруадзæн мын нæй. Кæнæ се ‘ртæ дæр бацæуæнт, кæнæ сæ иу дæр – нæ!» – скарстон мæхинымæр æмæ дарддæр араст дæн. Университетмæ куыд хæстæгдæр кæнын, афтæ мæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп тыхджынæй-тыхджындæр кæны, мæ ныфс та – къаддæрæй-къаддæр. Мæхæдæг æм куы цыдтæн, уæд афтæ тынг нæ тыхстæн, ныр мæ чызджытыл куыд тыхсын. Уагæр ма сæм исты стыр бæллицтæ куы уаид. Илонæ «биологи, биологи» кæны, Миланæ æмæ Аланæ сæ дзыхтæ ныххуыдтой æмæ ницы дзурынц. Айфыццаг сæ бафарстон:

– Искæй уæ ахуыргæнæг суæвын фæнды?

– Нæ, нæ, нæ! – сдзырдтой æмдзыхæй.

– Фармацевт суæвын та?

– Нæ, нæ, нæ! – срæцыгътой ноджы карздæрæй.

Сæ мады фæндыди французаг æвзаджы ахуыргæнæг суæвын, мæн – артист æмæ фыссæг суæвын. Нæ цот кæмæй фесты, Хуыцау – йæ зонæг. Бæллицæн сæм йæ кой дæр нæй. Æнæ бæллицæй цæрæн куыд и, уый не ‘мбарын. Мæ фаззæттæ сæ низæй фервæзтысты, фæлæ сæ хистæр хойы хуызæн хъаруджын не сты, æмæ сæ, зæгъын, исты амæлттæй фармацевтон факультетмæ бакæндзынæн, сыгъдæг афтекты рог куыст кæндзысты æмæ сæхи дардзысты. Нæй – дурæй хъæбæрдæр. Нæ сæ фæнды. Алы ран дæр кусыныл разы сты, æцæг афтек æмæ скъолайы – нæ.

Университет æгæрон уарзтæй нæ уарзын. Кæй йыл не ‘рвæссыдтæн, уый тыххæй мæ йæ маст райста, æмæ дзы бирæ зындзинæдтæ бавзæрстон. Фæсаууон ахуырæй боныгон ахуырмæ куы цыдтæн, уæд йæ хицæуттыл зилынæй афтæ тынг сфæлмæцыдтæн, æмæ мæ æппындæр нал хъуыди. Фæсаууон æмæ боныгон дæр кæимæ ахуыр кодтон, уыдоны зонындзинæдтæ куы базыдтон, уæд дисы бафтыдтæн, ацы къуымых адæмы ардæм чи ‘рбаласта, зæгъгæ, æмæ мæ цæсты хуымæтæг скъолайæ дæлдæр æрхаудта. Ахуыргæнджытæм семинарты алыхуызон вазыгджын фæрстытæ кæй læвæрдтон, уый тыххæй мæ тæрынвæнд куы скодтой, уæд та дзы ме сæфт федтон, фæлæ адæймаг фæразон у: цард æй куыройы фыдты ‘хсæн æрыссы æмæ йæ алцæуыл дæр сахуыр кæны.

Сагъæстæгæнгæ, кæддæр-никæд мæ зонындзинæдты куырдадзмæ бахæццæ дæн. Дæргъæй-дæргъмæ уæрæх кæртмæ бахызтæн æмæ ректоры кабинеты ‘рдæм фæцæуын. Фæстæмæ ænæ дзуаппæй кæй аздæхдзынæн, ууыл мисхалы бæрц дæр нæ дызæрдыг кæнын. Фæнды мæ алидзын, фæлæ мæ мæ чызджытæ нæ уадзынц. «Цы уа, уый уæд. Донласт хуылыдзæй нæ тæрсы», – хъуыды кæнын мæхинымæр.

– Ирбег, æгас цу! – хъуысы мæм иуварсырдыгæй сылгоймаджы цъæхснаг хъæлæс.

– Дæ фаззæттæ скъола каст фесты?! – фæрсы мæ иннæ сылгоймаг.

– О, – дзуапп ын дæттын æвæндонæй.

– Аттестаттæ куынæ райстаиккой, уæд ам цы агуры? Уазæгуаты дæр нæм не ‘рбацыдаид.

– Айрæзтысты дын?

– Рæстæг куыд тагъд тæхы, æвæдза... Цыма знон райгуырдысты…

Чи мыл æмбæлы, уыцы ахуыргæнджытæ мын нæлгоймагæй, сылгоймагæй, хистæрæй, кæстæрæй арфæтæ кæнынц, мæ чызджытæ кæй айрæзтысты æмæ скъола каст кæй фесты, уый тыххæй, фæлæ мæнмæ мæ фыр катайæ сæ ныхæстæ нæ хъарынц. Дисы мæ ‘фтауы, се ‘ппæт дæр мæм цымыдисæй цы фарст дæттынц, уый:

– Ардæм сæ кæныс?

«Ардæм дын цæуынц?» – нæ, фæлæ – «Ардæм сæ кæныс?»

Раздæр-иу исчи институтмæ искæй æххуысæй куы бацыди, уæд-иу дзы уаллоны кад дæр нал уыди.

«Ницы ‘мбары, æмæ йæ йæ хæстæг йæ хъустæй институтмæ баласта! Йæ бæсты дзы ахуыр та чи кæндзæн, ахуыр?!» – дзырдтой-иу адæм, былысчъилтæгæнгæйæ. Ныр бынтон æндæр рæстæг æрцыди, æмæ искæй уæлдæр скъоламæ бакæнын кады нысан сси. Иууылдæр мæм ахæм цæстæй кæсынц, цыма мын афтæ зæгъынмæ хъавынц: «Ардæм сæ кæй кæныс, уымæй нæ рæдийыс. Мах ректортæ куы уаиккам, уæд дын сæ æнæ фæлварæнтæй райсиккам». Стыр аргъ мын кæй кæнынц, уый мын æхсызгон у, сæ ахаст мын цыдæр ныфс дæтты, фæлæ уæддæр мæ катай нæ сæфы.

– Амыран кæм бады? – фæрсын сæ, мæ тыхст уаваер æмбæхсгæйæ.

– Дыккаг уæладзыджы.

Даргъ асинтыл хæрдмæ схызтæн æмæ ректоры кабинеты дуарыл бахæцыдтæн. Æртыназдзыд лæппулæг мæ размæ рауади, бандонмæ мын ацамыдта æмæ сдзырдта:

– Мæнæ уал ам æрбад, æз ныртæккæ ректорæн зæгъдзынæн, æмæ дæм фæдзурдзæн.

– Чи дæн, уый зоныс? – фæрсын æй зæрдаиваей.

– Зонын – Гæраты Ирбег, – дзуапп мын радта зына-нæзына тæргайхуызæй, ома дæу хуызæн зындгонд фыссæджы куыд нæ хъуамæ зонон, мидæггаг уаты фæмидæг и æмæ уайтагъд фæстæмæ фездæхти: – Табуафси, бацу йæм, æнхъæлмæ дæм кæсы.

«Авдан уым куы бадид, уæд мæ ам сахатæй фылдæр фæдарид», – фæрæхуыста мæ мæстаг хъуыды, æмæ мидæмæ бацыдтæн. Мæнæй чысыл нылламгдæр фидæрттæарæзт æхсай фондзаздзыд лæгæн йæ саулагъз аив цæсгом мидбылхудтæй айдзаг и. «Ахæм мидбылхудт зæрдæйы арфæй куынæ рацæуа, уæд ын тыххæй ралæмаræн нæй», – райдзаст хъуыды февзæрд мæ сæры æмæ мæм цыдæр æнцойад чысыл ныфсы муримæ æрбахаста.

Ректорæн цыма йæ кæстæр æфсымæр уыдтæн, æмæ мæ рагæй нæ федта, уыйау йæ къæлæтджынæй фестади, цæрдæг мæм æрбауади, зæрдиагæй мын ныхъхъæбыс кодта æмæ мын, цингæнгæйæ, салам радта:

– Ægас цу, Ирбег. Æхсызгон мын у дæ фенд.

– Мæнæн дæр. Æхсызгон хæрзтæй бафсæд.

Кæрæдзи рагæй зонæм, фæлæ не ‘хсæн фидар хæлардзинад нæ сæвзæрди. Афтæ тынг мыл бацин кæндзæн, уый мæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыди, æмæ сагъдауæй аззадтæн. Цæуыл дзурон, уый дæр нал зонын. Фæндагыл цы бирæ лæгъстæхуыз ныхæстæ фембырд кодтон, уыдон дæр мæ дæлæвзаг бамыр сты.

– Ærбад, дæ хорзæхæй, æмæ мын исты хабæрттæ радзур.

– Цы дын радзурон, нæ зонын. Мæ фаззæттæ скъола каст фесты, ме ‘нæрай хъуыдытæ иудадзыг уыдоны алфамбылай зилынц, æмæ фыр тыхстæй мæ развæндаг дæр нæ уынын. Ардæм, зæгъын, куы ‘рбацæуиккой… Капекк дæр мæм нæй, æмæ катай кæнын… – мæ фындзы бын багуым-гуым кодтон къæмдзæстыгхуызæй æмæ стъолы фарсмæ бандоныл мæхи ‘руагътон. Уый компьютеры цур ærбадти æмæ мæ фæрсы:

– Сæ аттестатты «æртæтæ» ис?

– Цытæ дзурыс? Ærмæстдæр æртыгай «цыппартæ».

– Цавæр факультеттæ равзæрстой?

– Миланæ – химион-технологон, Илонæ – биологон-технологон, Аланæ та – экономикон.

– Экономист уæвын æй фæнды æви бухгалтер?

– Бухгалтер.

Компьютеры сæ ныффыста, сыстади æмæ мæм дзуры:

– Ма тыхс, алцыдæр хорз уыдзæн.

Зæрдæ афтæ ‘нцонæй куы сабыр кæнид, уæд бæргæ, фæлæ нæ комы, уæлдайдæр, мæ хуызæн лæмæгъ адæймаджы зæрдæ. Ме ‘ртæ чызгæн сæ алы фæлварæнмæ дæр цæуын æмæ катай кæнын. Ноджы ма Светæ дæр мæ разы слæууы æмæ мæ стæрсын кæны:

– Кæд Амыранæн æхца раттын хъæуы, мыййаг? Ærтæ чызджы дын бынтон лæвар куыд хъуамæ бакæна университетмæ?

– Дæ капеччыты мæтæй дын мæлы! – нытътъæлланг ыл ласын мæстæлгъæдæй. Уый мыл рæстæгмæ бауæнды, фæлæ мын мæ зæрдæмæ дызæрдыг бахæссы, æмæ, цалынмæ мæ чызджытæ радон фæлварæнтæй хорз бæрæггæнæнтæ нæ рахæссынц, уæдмæ дзы не суæгъд вæййын.

Æппынфæстаг, фесты сæ «тухæнтæ», æмæ хаст æрцыдысты, чи бахаудта, уыдоны номхыгъдтæм. Ме уæхсчытæй уæззау уаргъ ахаудта, фæлæ та мыл уайтагъд æндæр сагъæстæ ‘ртыхстысты. Адæймагæн йæ къухы æнцонæй цы ‘фты, уымæн ницы аргъ кæны. Истæмæн сæ бахъæудзысты сæ дæсныйæдтæ? Мæ хъусты зæлынц Аслæнбеджы уайдзæфæмхиц ныхæстæ æмæ мæ тухæнæй марынц: «Мæ чызг æмæ мæ лæппуйы гыццылтæй мæ былтыл фæдардтон. Скъоламæ сæ радтон, университетмæ сæ бакодтон. Каст æй фесты æмæ нæ хæдзары сбадтысты. Лæппу ма мыл карз æфхæрдау йæхи дæр сцагъта: «Мæнæ ацы диплом райсынмæ бæллыдтæ, æмæ дын æй дæттын, мæн ницæмæн хъæуы!» Сæ иуы дæр кусын нæ фænды. Цард фæстæмæ ‘рзылди æмæ ныддагъытъайлаг и, куыст æнцон ссарæн нæу…»

– Цæй, кæд нæм фондз азмæ хорзырдæм исты аивид, – мæнгуд хъæлæсæй зæрдæтæ æвæрын мæхицæн, фæлæ мæ алыварс цы æнахъинон цардмæ кæсын, ууыл хъуыды кæнгæйæ, мæ чызджыты фидæн бæллиццагæй нæ уынын, æмæ мæ уый сæ циныл цин кæнын нæ уадзы...

* * *

«Базарадон экономикæ» нæм цы ногдзинæдтæ æрбахаста, уыдонæн се ‘дзæсгомдæртæй æмæ æнахъинондæртæй иу у хорз специалисты йæ куыстæй тæрын. Замманай дæсны кусæгмæ мацы аипп ссар, мацы фау æм æрхæсс, мацæмæй йæ базылынджын кæн, йæ бинонты цæмæй дардзæн, уый дæ æппындæр ма бандавæд, афтæмæй йæ æгуыстæй æмæ æнæ ‘хцайæ ныууадз. Иу ран, дам, æгæр бирæ магусатæ æрæмбырд и, бонасадæн, дам, кæнынц, æмæ, дам сæ бакъаддæртæ кæнын хъæуы. Капитализм, дам, социализмы хуызæн хæлиудзых нæу, æмæ, дам дзы социализмы æдылы митæ мачи домæд. Æмæ сæ цъаммардзинад цы латинаг рæсугъд дзырды фæстæ ‘мбæхсынц, уый та! «Атæрын», «хъиладзагъдæй фæсурын», «æгуыстæй ныууадзын», «уынгмæ арæцугъын» нæ, фæлæ – «оптимизаци» скæнын. «Оптималон» – уырыссагау «наилучшее», иронау та – «иууыл хуыздæр». Цы гæдывад митæ кæнынц, уыдон сæм æппæтæй растдæр кæсынц, мæнæн та сæм мæ зæрдæ хæссы…

Æнæпайда кусджытæ нæм кæй ис æмæ телерадиокомпанийæн стыр зиан кæй хæссынц, уый рагæй уынын. Куы сæ фервæзиккой æмæ сын сæ мызд хорз уацхæсджытыл куы байуариккой, уæд уыцы хъуыддаг куыстуатæн тынг кæй фæпайда уаид, уый дæр æмбарын. Курдиатджын уацхæссæг

йæ фарсмæ æнæкурдиат хуыскъастæуы куы уына æмæ уымæй фылдæр мызд куынæ иса, уæд, мæстæй мæлгæйæ, йæ удæй арт цæй охыл хъуамæ цæгъда? Уыцы хъуыскъастæуы ма йын йæ хицау дæр куы скæной, уæд та куыстуат бынтон зауатмæ цæуы. Сæйраг экономист, замманай дзæбæх сылгоймаг, мæ хорз хæлар, директормæ мæнæй хæстæгдæр у, æмæ йын мæ хъуыдытæ йæ хъусы бацагътон. Кæд æм, зæгъын, бацæуид æмæ йын нæ ницæйаг уавæрмæ йæ цæстытæ байгом кæнид. Куыннæ стæй. Мад йæ сывæллонмæ куы кæса æмæ йын йе 'нæрхъуыды митæ куы быхса, уыйау йæ мидбылты баронхуызæй бахудти æмæ мын афтæ:

– Æрсабыр у. Директор ма нæм нымадæй цалдæр адæймаджы куы ныууадза, уæддæр дын дæ мыздмæ ницы бафтаудзæн.

– Æз мæхи кой нæ кæнын, куыст фæхуыздæр кæныны тыххæй дзурын. Эфиры ма хынджылæг кæн, адæмæй худинаг у, зæгъгæ, дикторæн куы бауайдзæф кæнын, уæд мын афтæ фæзæгъы:

– Текст куыд фыст у, афтæ йæ кæсын. Хуыздæр каст мæ ма дом.

Уацхæссæгæн йæ радиобакасты лæмæгъдзинад йæ цæстмæ куы бадарын, уæд та мын афтæ фæзæгъы:

– Бонасадæн чи кæны, стæй куыстмæ æппындæр чи нæ цæуы, уыдоны куы арвитай æмæ мын мæ мыздмæ куы бафтауай, уæд дын кæндзынæн хæрзхъæд радиобакастытæ.

Йæ бон хорз фыссын кæмæн у æмæ, магусатæм кæсгæйæ, йæ куыст ронбæгъдæй чи 'ххæст кæны, уыдоны мæ æхцайы фæрцы сразæнгард кæнын фæнды.

– Мыздæн нын цы æхцатæ дæттынц, уыдонмæ æнæ Мæскуыйы бардзырдæй капекк æфтауæн дæр нæй. Директор сæ куы фæфылдæр кæна, уæд ыл тæрхондонмæ бадæтдзысты, æмæ йæ куыстæй фæхаудзæн. Иуæй-иу хатт нын нæ окладтæ чысыл фæфылдæр кæнынц æмæ нын фæзæгъынц:

– Оклад закъон у, æмæ йæм æвналæн нæй. Нæ бон уын æхцатæ арвитын нæу, æмæ, окладтæ цас фæфылдæр сты, уыйас æфтауæццæгтæй аппарут.

– Иу дзыппæй йæ сис æмæ йæ иннæ дзыппы нывæр, нæ?

– О. Экономист нæ дæ, фæлæ мæ хорз бамбæрстай.

– Ахæм цæстфæлдахæн дыдзæсгом ми бамбарынæн экономист уæвын нæ хъæуы.

– Кæлæнгонд зиллаччы цоппай кæнæм, æмæ дзы раирвæзæн ницы хуызы ис.

Хорзæй никæмæн ницы фæуыдзынæ æмæ дæ дзыхыл хæц, науæд

æввонгхорты дæхимæ сфыдæх кæндзынæ, æмæ дыл хицауадмæ алыхуызон хахуыртæ ныффысдзысты, цъыфкалæг дæ рахондзысты, æмæ зæххæй сисынмæ дæр нал сбæздзынæ. Коллектив æнæпайда уаргъæй ферваезын кæныны бæсты дæу атæрдзысты, æмæ дæ мæгуыр чысджытæ æнæ къæбæрæй баззайдзысты. Нæ хицæуттæ цы зæрдæйæ кусынц, уый нæ уыныс? Сæ мызд исæнт æмæ фæнды курдиатджын журналисттæн разамынд дæттæнт, фæнды æнæкурдиат дебилтæн – уæлдай сын нæу…

Уыцы ныхас не ‘хсæн раджы ‘рцыди. Мæнæй ма рох дæр фæци, æмæ кæддæр-никæд базмæлыдысты. Змæлгæ бæргæ бакодтой, фæлæ та, æдзухдæр куыд вæййы, афтæ ныр дæр фисынмæ ахæцыдысты. Кусджыты пайдахæсджытыл æмæ зианхæсджытыл нæ дих кæнынц, фæлæ хионтыл æмæ æцæгæлæттыл, зæрдæмæдзæугæтыл æмæ æнæзæрдæмæдзæугæтыл. Ног директоры чи сæвæрын кодта, уый дæр, директор йæхæдæг дæр, йæ дыууæ хæдиваеджы дæр æрдæгирæттæ кæй сты, æмæ сæ ирон адæмы культурæ мисхалы бæрц дæр кæй нæ хъæуы, уымæ гæсгæ, фыццаджы-фыццагдæр «оптимизаци» кæнын райдыдтой ирон уацхæсджытæй. Уыдоны тыххæй сæ кæй ничи бафхæрдзæн, уый зонынц æмæ сыл нæ ауæрдынц.

Нæ царды мæм диссаг ницыуал кæсы, фæлæ уæддæр иу хъуыддагыл æнæ бадисгæнгæ нæ фæдæн. Телеуынынады курдиатджын журналисткæ Буцлимæт куыста. Иронау æваеджиауы хорз равдыстытæ кодта. Композицион æгъдауæй сæ иттæг раст арæзта, стæй ма сæ рæсугъд фæлмæн хъæлæсæй дæр амыдта. Йæ алы ныхас дæр йæ зæрдæйы бынæй цыди æмæ адæймаджы зæрдæмæ арф хъардта. Иурæстæг эфирæйævиппайды ‘рбайсæфти. Йæ сæйраг редактор Гæлæу уыди, æмæ йæ бафарстон:

– Дæ хорзæхæй, Буцлимæт цы фæци? Йæ кой дæр куы никæцæйуал хъуысы…

– Нæ бæллæхтæ райдыдтой, Дзастемыр нын Альберты директорæй куы сæваердта, уæдæй фæстæмæ. Иубон мæ йæ кабинетмæ бахуыдта, æмæ дыууæ сахаты фæдзырдтам ирон равдыстытæ фæфылдæр æмæ фæхуыздæр кæныныл. Пълантæ дæр ма сын сарæзтам. Цин кодтон, кæдæй-уæдæй нын, зæгъын, Хуыцау батæригъæд кодта æмæ нæм уæларваей зæд æруагъта. Мæ цин кæй фæдзæгъæл и, уый бамбæрстон хæрз цыбыр рæстæгмæ. Цыма йын исчи сæрзилæдждын хос бадардта, уыйау къæссавæлдæхт фæци æмæ ирон равдыстытæ лыг кæныныл балæууыди. Йæ фæстæ нæм цы дыууæ гуыппырсары ‘рбацыди, уыдон дæр уымæй хуыздæр зондыл хæст нæ разындысты. Йæ «фæзминаг» фæтк ын дарддæр ахæццæ кодтой…

– Уæддæр Буцлимæт цы фæци? – баййардтон æй æз, æмæ мын цыбыр дзуапп радта:

– Атардтой йæ.

– Цæмæн?

– Мæгъа. Æз дæр æй æрæджиау базыдтон.

– Ома куыд æрæджиау? Йæ хицау куы уыдтæ…

– Иубон нæм фæзынди æмæ мын алывыдтæ акалдта, мæ куыстæй, дам мæ ды сисын кодтай. Тугтæ мыл, зæгъын, цы мысыс? Æз дын, зæгъын, дæ ацыд дæр куынæ базыдтон. Нæ мыл бауæндыд, æмæ хицаумæ бацыдтæн, чи йæ атардта, зæгъгæ. Куыд рабæрæг, афтæмæй йын йæ кандидатурæ «оптимизаци»-мæ балæвæрдта сæрдарæн йæ сомихаг хæдивæг, йæ къух та йыл сæвæрдта горæтаг ærдæгирон лæппу, йæ хъысмæтыл ын хъуыды дæр нæ акодта, афтæмæй. О, о, ирон мады дзидзи чи бададта æмæ, ирон зарæгмæ хъусгæйæ, ирон адæмы ‘хсæн хъæуы чи схъомыл и, ахæм лæджы фырт. Дæ уд кæмæн дæттыс æмæ цæргæбонты дæ уацмыстæй рухс кæуыл тауыс, уыдон цы адæмыхатт сты, уый дæ иу минут дæр рох ма уæд.

Цыма йын директор йæ ныхæстæ фехъуыста æмæ йæм хæрам зæрдæ бадардта, уыйау ын Буцлимæты хæдуæлвæд йæхи дæр атардта. Капитализм æгъатыр цардарæзт у. Адæймаг дзы æппындæр никæй хъæуы. Нæ «оптимизаци»-йæн фæуыны амал нæй, æмæ не ‘ппæт дæр нæхи афтæ хатæм, цыма нæм рæхджы фæдзурдзысты æмæ нæ куыстæй фæсурдзысты. Нæ иу дæр нæ зоны, кæрдæджы халау æй цæвæг кæд акæрддзæн, уый, æмæ ауыгъды хуызæн стæм. Иуæй-иу хатт мæхицæн фæзæгъын: «Дæхи æгадæй тæрын ма бауадз. Курдиат сæм бадæтт æмæ дæхæдæг ацу». Фæлæ та мæ фæкæсинаг чызджытыл ахъуыды кæнын æмæ мæхиуыл ныххæцын.

Фæстаг рæстæджы мын æппæтæй æнаддæр систы дыууæ дзырды: «сокращение» æмæ «оптимизация». Нæ мæскуыйаг хицау дæр нæ цыма мæстæй мары, уыйау нын иудадзыг нæ директоры рæхойы æмæ рæхойы: «Дæ коллектив æгæр стыр у, æмæ йæ фæкъаддæр кæн! Дæ коллектив æгæр стыр у, æмæ йæ фæкъаддæр кæн!». Нæ бæстæйы сæйраг горæты телерадиокомпаниты социализм æмæ Сталины цъыфимæ чи змæнты æмæ бæрзондылбадæг хицæуттæй чи ‘ппæлы, уыцы журналисттæн милуантæ фидынц, махæн та мамælайы къæбæры фаг капеччытæ дæттынц, æмæ ма нын уыдон дæр сæ цæст нæ уарзы. Куыддæр «оптимизаци»-йы кой айхъусын, афтæ мæ буар хурмæ сыгъд цармау æрбампылы, æмæ фыр тыхстæй

мæхицæн бынат нал фæарын. Нæ кусджытæй цалдæры куы арвитынц, уæд та рæстæгмæ фæсабыр вæййын.

– Кæд æнæбайрайгæйы «оптимизаци» ахицæн уаид, æмæ мæнмæ нæ бавналиккой, – фæзæгъын мæхицæн, фæлæ та уайтагъд йæ иннæ уылæн æрбахæццæ вæййы æмæ мыл æгæрон тас бафтауы. Фыссæг йæ куыстæй ацæуынмæ æмæ уацмыстæ сæрибарæй фыссынмæ ма тырнæд, фæлæ йæ куыстыл, зырзыргæнгæйæ, хæцæд æмæ дзы йæхицæн атæрынæй тæрсæд. Сфæлдыстадон кусæгæн ма уымæй ælгъыстагдæр хъуыддаг цы уа! Мæ сæрхъипп хицау мæм æрбауади æмæ мын хъастгæнæгау тагъд-тагъд адзырдта:

– Нæ куыст фæхуыздæр кæныны тыххæй директоримæ аныхас кæнынмæ хъавыдтæн, фæлæ мæм нæ байхъуыста. Йæ къух мыл ауыгъта æмæ æрдæгфынæйау зивæггæнгæ уырыссагау афтæ сдзырдта:

– Мне смешно тебя слушать.

Лæугæйæ мæ ныууагъта, азылди æмæ ацыди. Уый мæнæн карз æфхæрд у, æмæ йемæ иу бон дæр нал бакусдзынæн.

«Æрцардтай йæ. Куы ацæуай, уæд ын йæ кæсаг доны баппардзынæ. Адæймаджы миддуне бамбарынæн чи нæ у, уыцы ирæттæ «европæйы æмвæзадыл хъуыдыгæнæг» кæй хонынц æмæ сæ тутт сæртæ бæрзæндты кæмæй хæссынц, политикæйы йæ дæндæгтæ чи рафтыдта æмæ дæу ардæм дæ хъустæй чи ‘рбаласта, уыцы кардзыд «куырыхон» Президентæй нæ ног æрыгон директор зонджындæр куы разына, уымæй тæрсын», – ахъуыды кодтон мæхинымæр æмæ йыл былысчъилæй бахудтæн.

– Барвæндæй ацæуыны тыххæй йæм курдиат бахастон, æмæ йыл мæхи цур уайтагъд йæ къух авæрдта. Йæ цин дæр мæ нæ бамбæхста, – йæ ныхасмæ ма тæргайхуызæй бафтыдта Дзахо æмæ, куыд тæлтæгæй æрбауади, афтæ тæлтæгæй феддæдуар и.

– Курдиат мæм йæхæдæг кæй æрбалæвæрдта, уымæй мæ фервæзын кодта, – дыккаг бон мæ кабинеты цинхуызæй сдзырдта директор.

«Æз дæр Дзахойы хуызæн барвæндæй куы ацæуин, æмæ мæ тæрын куынæ бахъæуид, уый мын æмбарын кæны, æвæццæгæн. Ныртæккæ йæм курдиат куы бахæссин, уæд ыл мæнæн дæр йæ къух афтæ тагъд авæрид, – февзæрд мæ сæры дæлдзиныггæнæн хъуыды. Иу уысмы бæрц мæхи афтæ æгуыдзæгæй банкъардтон, цыма мæ директор ме ‘дылы хицауæй дæлдæр æрæппæрста, æмæ мæхимæ куыдзæй æгаддæр æркастæн. Ехх, мæ

чызджытæ, мæ чызджытæ, сымахыл куынæ мæт кæнин, уæд ам иу минут дæр нал бафæстиат уаин».

Ахæм зæрдæйы уагимæ кусæн дæр æмæ цæрæн дæр куыд ис?

* * *

Гæлæу æмæ Елиозимæ араех фембæлын. Кусынæй куы бафæллайæм, уæд Терчы былты атезгъо кæнæм. Иубон та мæм æрбацыдысты æмæ литературæйыл дзурын райдыдтой. Æз сæ æрбатыхстæн æмæ сæ фæурæдтон:

– Æцæг аивадон литературæ цы у æмæ цæмæн хъæуы, уымæн ницы ‘мбарут, тынг дард дзы стут æмæ мыл хуыссæг ма ‘фтаут, æндæр истæуыл дзурут.

Гæлæу йæ сæрыл схæцыди æмæ тыхстхуызæй афтæ бакодта:

– Æрæджы Тасолтанмæ уыдтæн æмæ…

– Цæмæй йын йæ арахъхъы тæф мачи бамбара, уый тыххæй, дам, йæхимæ хæстæг никæй уадзы. Куыд æм бахаудтæ, дæ хорзæхæй? – йæ ныхас ын æрдæгыл фескъуыдта Елиоз.

– Æнцонæй. Исты ахсджиаг фарста йæ лыг кæнын куы бахъæуы, уæд мæм телефонæй æрбадзуры æмæ мæ биноныг фæрафæрс-бафæрс кæны.

– Кæд дæ уæлæнгай хъуыдытæ базонынмæ ‘рхауы, уæд йæ хъуыддæгтæ хорз не сты, – фелхыскъ æй кодта Елиоз æмæ мæм фæуæлахизуæвæджы цæстæй æрбакаст, ома хорз ын нæ фæдæн? Æз мæ сæр разыйы тылд бакодтон, æмæ та йе ‘ргом Гæлæумæ аздæхта: – Фæстаг хатт дæ цæмæй бафарста? Æхсæнады хъуыддæгтæй йæ бæстондæр цы базонын фæндыди дæ куырыхон зонды фæрцы?

– Дзастемыр Президенты бынатмæ куы цыди, уæд мæ бафарста, адæм æм цы зæрдæ дарынц, уымæй. Равзардзысты йæ æви нæ?

– Æмæ йын ды цы загътай?

– Хорз зæрдæ йæм, зæгъын, дарынц æмæ йæ æхсызгонæй равзардзысты.

– Уæдæ туджы бын дæу аххосæй фестæм.

– Æнæ мæн дæр æй равзæрстаиккой.

– Адæм ын йæхимæ цы зæрдæ дарынц, уымæй дæ нæ бафарста?

– Бафарста.

– Æмæ?.. Се сæфт дзы кæй уынынц, уый йын загътай?

– Ницы дзы уынынц се сæфт. Тынг хорз зæрдæ йæм дарынц.

– Къуримæ?

– Ницы у къупри! Æз йемæ фынгыл бадтæн, æмæ тынг ærвонгæй ацыди сæхимæ.

Цæмæй сæ афтид ныхас ма ныддаргъ уа, уый тыххæй йæ бафарстон:

– Фæстаг хатт æм цæй тыххæй бацыдтæ?

– Хамби, зæгъын, ницы кусы, æмæ йæм, зæгъын, фысджытæ мæстæй мæлынц. Съезд, зæгъын, скæнæм æмæ, кусгæ чи кæна, ахæм сæрдар равзарæм.

– Дæхи кой йын кодтай, æвæццæгæн, – фæцырд æм Елиоз, фæлæ йын Гæлæу ницы дзуапп радта. Цæмæй быцæу кæнын ма райдайой, уый тыххæй та сæ хъуыддаджы ныхасмæ раздæхтон:

– Тасолтан дын зæрдæ цæмæй бавæрдта?

– Ницæмæй.

– Цы дын загъта?

– Куы, дам æй ратæрат, уæд, дам æй цы фæкæндзынæн?

– Уый дын республикæйы куырыхон сæргълæууæджы дзуапп, гъе! Дæхицæн æй, зæгъ, кæрдонгæсæй баххуырс! – срæцыгъта Елиоз, фæлæ йын йæ ныхæстæм Гæлæу ницы хъус ærдардта.

– Уымæй нæ хъуг – æххормаг, нæ гал – æгæвдæс! Фæлтау æм нæхæдæг бацæуæм æмæ дзы съезд скæнын ærдомæм!

Гæлæу ныл фæрсæгау йæ цæст ахаста, æмæ йын Елиоз фидарæй загъта:

– Цом!

– Ды та цы зæгъыс, Ирбег?

– Уæхæдæг æм ацæут, æмæ дзы цы рамбулат, уый мын-иу уый фæстæ бæстон радзурут.

Ацыдысты йæм. Гæлæу мæм нал фæзынди, фæлæ мын Елиоз сæ хабæрттæ цыбырæй ракодта:

– Куы йæм бацыдыстæм, уæд йæхиуыл дæр не схæцыди. Йе стырдзинад равдисыны охыл къæлæтджыны йæхи фæстæмæ ауагъта æмæ, куыд бадти, афтæ бадгæйæ баззади, цыма нын йæхинымæр афтæ зæгъынмæ хъавыди: «Ægæр лыстæг сырдтæ стут, æмæ уæ, бадгæйæ, мæ сæрмæ кæй хæссын, ууыл дæр цин кæнут». Фæрсæгау нæм ærбакасти, куынæ уæм фæдзырдтон, уæд уæ мæ табуйаг уатмæ уæ дзæгъæл къæхтæ цæмæн ærбахастой, зæгъгæ. Дыууæ уæгъд бандонмæ нын бацамонынмæ хъавыди, фæлæ нын уый дæр йæ цæст нал бауарзта, æмæ исдугмæ йæ къух уæлдæфы ауыгъдæй аззади. Æрæджиау æй стъолыл æрæвærдта, æмæ ныл цыма йæ зæрдæ истæмæй фæхудти, уыйау ælхынцъærфыгæй афтæ бакодта:

– Мæ хонæг уыл кæм амбæлыди?

– Хох Мæхæмæтмæ куынæ цæуа, уæд Мæхæмæт цæуы хохмæ. Фысджыты не ‘мбырд кæныс, æмæ дæ афæдзгæйтты нæ уынæм, æнкъард дыл кæнæм æмæ дæ, зæгъын, фенæм, – загътон ын æз, фæлæ мыл нæ бауæндыди.

– Елиоз хынджылæг кæны, æмæ йæм ма хъус, – ныхас йæхимæ айста Гæлæу. – Мах дæм æрбацыдыстæм ахсджиаг фарста алыг кæныны тыххæй.

– Фысджыты цæдисы мæ бон æнæ сымах æххуысæй алыг кæнын цы фарста нæу, уый цавæр у, цымæ? – былысчъилæй ныл бахудти Хамби.

– Съезд скæнæм æмæ кусынхъом правлени равзараем. Бон-изæрмæ æгуыстæй бадын æмæ ‘ввонгæй мызд исын худинаг у, – цæхгæр æм ныллæууыди Гæлæу. Куыддæр уыцы ныхæстæ йæ дзыхæй схаудтой, афтæ Хамби йæ къæлæтджынæй сыстади, фидар къахдзæфтæй дуармæ бацыди æмæ йæ уæрæх байтыгъта.

– Æз уæ уæ куыстыты æппындæр ницы хъыгдарын, æмæ мæ сымах дæр мæ куысты ма хъыгдарут! – бардзырд дæттæгау нын загъта хъæддыхæй æмæ нын йæ рахиз къухæй æддæмæ ацамыдта…

* * *

Хъызт зымæджы фæстæ æрдз райхъал вæййы. Хур тынгдæр тавын райдайы. Бæлæстæ къуыбар рафтауынц, стæй дидинæг акалынц. Сыфтæртæ райхæлынц, кæрдæджы хæлттæ зæххæй сæ сæртæ хъуызæгау æнæууæнкхуызæй сдарынц, стæй уыцы иумæ ныггуыпп кæнынц, бæстæ цъæх-цъæхид адары, æмæ зæрдæ цинæй байдзаг вæййы. Дыргътæ лыстæг гагатæй разынынц, сындæггай райрæзынц, срæгъæд вæййынц æмæ зæхмæ ‘рхауынц. Сæ фæстæ та бур сыфтæртæ æрызгъæлынц, æмæ бæлæсты бæгънæг къалиутæ сидзæрхуызæй аззайынц. Хуры судзгæ тынтæн сæ тых асæтты. Уазал дымгæтæ сæ бартæ сæхимæ райсынц æмæ миты фæлдзæгъдæнтæ семæ ‘рбахæссынц…

Хъуамæ иу фæлтæр йе ‘нусон дунемæ ацæуа, æмæ йæ бынатмæ иннæ фæлтæр æрбацæуа. Уый царды фæтк у, æмæ йын аивæн нæй. Стæй йæ ивын дæр нæ хъæуы, уымæн æмæ æвзонгдзинад йæ рæсугъдгæнæг у, уый йæ ног кæны, хъарутæ йын уый дæтты. Рухс дунейы цыдæриддæр зæронд кæны, уыдонæн сæ фæндаг сау мæрмæ цæуы. Уыцы фæтк куы аивы, уæд æрдз фæкъахыр вæййы æмæ зæрдæсастæй йæхимæ ныхъхъусы…

Æз сывæллон нал дæн, бирæ уайæнты ауадтæн æмæ уыцы хъуыдда-

гæн иу æмæ дыууæ хатты нæ уыдтæн æвдисæн. Адæймагæн йæ зæрдæ тынгдæр сриссы, зæронды бæсты йæ цардæй æрыгон куы ахицæн вæййы, уæд – суанг ма æцæгæлон дæр. Хион та ма дзы судзгæ рыстæй уæлдай дудгæ хъæдгом дæр ныууадзы æмæ йæ цæргæбонты удхарæй фæмары…

Арæх фæхъуыды кæнын мæлæтыл. Цæмæн мæлынц цардхъом æвзыгъд æрыгæттæ?

Сæ цард сын зынаргъ цæуылнæ у? Уæлæнгай цæстæй йæм цæмæн кæсынц? Æрмæстдæр сын иу хатт лæвæрд куы цæуы, уæд æй цæуылнæ хъахъхъæнынц? Æрыгонæй дæр уыцы фæрстытæ мæ фæдыл зылдысты, ныр дæр мæ цух нæ уадзынц. Уæлдай тынгдæр мыл æртыхсынц, уæлмæрдты куы вæййын, уæд. Мæнæ та ныр дæр сабыргай зилын, хорз кæй зыдтон, стæй мын зынаргъ чи уыди, уыдоны ингæнтыл. Бирæ сты, куыд не ‘мбæлы, афтæ бирæ. Хъуамæ цардыл цин кæниккой æмæ сæ цоты хъомыл кæниккой, уыдон та мæнæ ам, сау ингæнты, хуыссынц. Сæ къамтæм сын кæсын, æмæ мæ цæстытыл уайынц цардæгасæй. Суанг ма сын сæ ныхæстæ дæр хъусын, цыма мæ разы сты, афтæ:

– Ацы суцца дын йæ худинаг куы ныббара,уæддæр дын мæ тæригъæд нæ батайдзæн.

– Дæу та цы бахъыгдардтон?

– Замманай бæдулæй мæ фенæхай кодтай.

– Ома?

– Гæбыдзоимæ нæ цæхæрадæттæ кæм баиу сты, уым æй дыууæ хатты тутайы бын ацахстон æмæ йыл аивæй мæ уырзтæ ‘рхастон. Куыддæр кæрæдзи бамбæрстам, афтæ де ‘нæхайыры фельетон газеты рацыд, æмæ мæ хъамайы сæрыл хæцгæйæ баззадтæн…

Мæ сыхаг æрыгон рæсугъд лæппу мын ацы уайдзæф куы бакодта, уæд цардбарæг уыди. Афæдзы фæстæ йæ федтон æмæ йæ нал базыдтон. Йæ къæхтыл ма тыххæй лæууыди æмæ размæ акъахдзæф кæнынæн нал уыди. Арахъхъ æй байсæфта. Йæ фарсмæ хуыссы мæ иннæ сыхаг. Уый та уымæй бæрзонддæр, хæрзконддæр æмæ æрыгондæр уыди. Цыма мын тынг хæстæг æййæфта, уыйау æм куыдфæндыйæ кæсын нæ фæрæзтон. Къахæй-сæрмæ-иу æй уарзон цæстæнгасæй сбарстон, йæ фидар риу ын-иу тымбыл къухæй рæвдауæгау зына-нæзына бацавтон æмæ-иу æй, мидбылхудгæйæ, афарстон:

– Куыд лæппу дæ, ме ‘взонг ардхорд?

– Ницы мын у, – дзуапп мын-иу радта æфсæрмдзæстыгæй. Йæ марды

хабар ын куы фехъуыстон, уæд мæ фыр диссагæй дзæвгар рæстæг дзурын дæр ницыуал сфæрæзтон. Куыд мын радзырдтой, афтæмæй горæты йе ‘мбæлттимæ хæснаг скодта, машинæ уын самал кæндзынæн, зæгъгæ. Иу «Жигули» атардта, æмæ йæ милиционертæ асырдтой. Куы йæ баййафой, уымæй фæтарсти, иу фисыныл цæхгæр фæзылди, къуыбылеццытæгæнгæ иуварс атахти æмæ ныппырх и. Ныр мæм бетон цыртæй æфсæрмдзастæй кæсы, цыма мын афтæ зæгъынмæ хъавы: «Ма мыл тыхс, ницы мын у». Æнхъæл уыдтæн, йæхи хуызæн бæрзонд, хæрзконд, рæсугъд лæппутæ дунемæ рауадздзæн, æмæ фæфыдæнхъæл дæн.

Æмæ ма мын уæддæр уыдон тугхæстæг нæ уыдысты, æмæ мæ, мæ цотыл сагъæс кæнгæйæ, рæстæгмæ ‘рбайрох вæййынц, фæлæ мæ туг, ме стæг чи уыди æмæ мæ хъæбысы чи схъомыл и, уыдон мæ иу минут дæр нæ рох кæнынц. Русланы кæстæр фырт лæппутимæ фæсахсæвæртæм фынгыл фæбадти. Æваст йæ сæры цы фæкуыси ис, Хуыцау – йæ зонæг. «Жигули»-йы абадти æмæ йæ ных горæтмæ сарæзта. Хъæуы кæронæй куы ахызти, уæд иу ран гуыргъахъхъ фæндагыл машинæ ныззыр-зыр кодта, бæласмæ йæ бахаста, æмæ дæ балгъитæг – афтæ. Чырыны куы хуыссыди, уæд афтæ зынди, цыма йæ мидбылты худгæйæ амарди, æмæ мын мæ зæрдæ фæйнæрдæм рæдывта.

Албег гыццыл сывæллон куы уыди, уæд æз хъæуы скъолайы куыстон æмæ мæ уæгъд рæстæг йемæ арæх ærвыстон. Фаткайы йæ сывæллæттæй æмæ хæдзары куыстытæй йæ сæр схъил кæнынмæ дæр не ‘вдæлыди, æмæ Албеджы иудадзыг мæ хъæбысы æз рахæсс-бахæсс кодтон. Иухатт уынджы фæхсбандоныл ærбадтæн. Тæлфаг æнæниз сывæллон æваст йæхи фæзылдта, мæ къухтæй феуæгъд и æмæ зæххыл йæ тъæпп фæцыди. Мæ удæй мæ хуылфы ницыуал аззади. Фелвæстон æй æмæ йæ иуцасдæр фæрасгар-басгар кодтон, кæд дзы исты асасти, зæгъгæ. Йæ тымбыл рæсугъд цæсгомыл ын фæлмæн мидбылхудт куы ауыдтон, уæд ærсабыр дæн æмæ йын йæ рустæн батæ кæнынæй нал æфсæстæн. Ныр йæ кæстæр æфсымæры фарсмæ хуыссы æмæ йæ сау гранит цыртæй дард кæдæмдæр хъуыдыдзастæй кæсы. Зæрдæ йæ зæгъын дæр нæ комы, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, йæ размæ ницы нысан уыди, йæ цард æй æппындæр нæ хъуыди, æндæр æм ахæм уазал ахаст дарæн куыд уыди? Йе ‘мбæлттимæ фæцæл кодта, фæсахсæвæрты сæхимæ ‘рбацыди, сарайы стъолы уæлхъус бадгæйæ, йæ уд систа æмæ мæ, мæхи ‘фхæргæйæ, ныууагъта. Чи зоны, рæдийын, фæлæ мæм афтæ кæсы, цыма йын мæ фатер куы радтаин, уæд

горæтмæ ралыгъдаид æмæ йе ‘мцæлгæнджытæй фæхицæн уыдаид, йæ царды уаг аивтаид æмæ æгасæй баззадаид… Кæд та ацы хатт дæр мæхи сайын, мыййаг? Мæ цæстытыл уайы, цалдæр азы размæ мæ стыр дисы чи бафтыдта, уыцы ныв.

Иу сæрдыгон хур бон горæтæй хъæумæ ныццыдтæн. Æрдз мæ алыварс афтæ ирд æмæ рæсугъд уыди, алы ахорæнтæй афтæ цæхæр калдта, æмæ йæм цæсты тигътæ нæ лæууыдысты. Æдзухдæр куыд кодтон, афтæ та уæд дæр мидæмæ нæ бацыдтæн, фæлæ цæхæрадонмæ мæхи байстон æмæ сагъдауæй баззадтæн. Фæткъуытæ, кæрдотæ, балтæ æмæ чылауитæ ælæмау бæлæсты къалиутыл æрзæбул сты æмæ сæ тонджытæм æнхъæлмæ кастысты. Уæлдай тынгдæр мæ сцыбæл кодтой бур-бурид стыр алтъамитæ. Мæ дзыхы тадысты, сæ ад æвдадзы хосау ме уæнгты хъардта æмæ мын мæ тыхыл тых æфтыдта. Мæ зæрдыл æрбалæууыдысты, горæты цы алтъамитæ фæуæй кæнынц, уыдон.

«Кæмдæр сæ фæсарæнты æрдæгцъæхæй æртонынц æмæ нæм сæ талф-тулфæй æрбаласынц, резинæйы хуызæн сваййынц æмæ дзыхы акæнынмæ дæр нæ фæбæззынц. Уыимæ дын нæхионтæ…» Куыддæр уыцы хъуыды мæ сæры февзæрыди, афтæ мæ хъустыл ауади адæмы хъæлдзæг ныхас. Гом рудзынгмæ бацыдтæн æмæ йын йæ аслам урс æмбæрзæныл иуварс ахæцыдтæн, æнуд уатмæ бакастæн æмæ къахæй-сæрмæ ныррызтæн. Хæринæгты уæлдæйттæ ма кæм аззади, уыцы стъолы уæлхъус бадтысты Русланы æртæ фырты се ‘мбæлттимæ, нуæзтой смаггæнаг ирон арахъхъ, æмæ сæм бадзырдтон:

– Цы кусут, гормæттæ? Уыцы ницæйаг ноздæй уæхи цæмæн сафут? Зæххы къорийыл цыдæриддæр хæстытæ ‘рцыди, уыдон уыйбæрц адæм нæ ныццагътой, ноздæ цас дзыллæттæ амардта…

– Колхоз фехæлди, æмæ нын куыст нал и. Бон-изæрмæ нæхицæн бынат нæ арæм æмæ арахъхъ нуазæм, – дзуапп мын радта Албег.

Ингæнтыл уæззаузæрдæйæ сындæггай зилын, цыртытыл æрыгæтты рæсугъд цæсгæмттæм æдзынæг кæсын æмæ, нæ дунемæ мæ азты рындзæй фæлгæсгæйæ, дис кæнын, фæсивæд сæ цардыл æппындæр куыд нæ ауæрдынц æмæ дзы алы уыцм дæр цæсты гагуыйау куыд нæ хъахъхъæнынц, ууыл. Уымæй тынгдæр та мæ дисы ‘фтауы, домбай куыстхъом лæппутæ нæ егъау бæстæйы æппындæр куыд никæй хъæуынц æмæ сæ сау ингæнтæм куыд æнцонæй æрвитынц, уый…

* * *

Аслан æмæ Ризетæйæн цалдæр азы цот нæ цыди, æмæ тынг æвзæр уавæры уыдысты. Ризетæ йæхицæн бирæ хостæ фæкодта, хуыскъ сылгоймæгты дзæбæхгæнæн санаторитæм дæр ма фæцыди, æмæ сын кæддæр-никæд кæрæдзи фæдыл райгуырди дыууæ фырты – Батег æмæ Барцæг. Лæппутæ куы рахъомыл сты, уæд æдзухдæр хъæбысæй хæцыдысты, æмæ сæм-иу кæсынæй не ‘фсæстæн. Рæсугъд сывæллæттæ уыдысты. Ахуыр дæр тынг хорз кодтой æмæ скъола æнтыстджынæй каст фесты. Сæ ныййарджытæ мæнæй ныллæгдæр сты, уыдон та мæ сæрты акастысты. Хæххон-металлургон институты арæзтадон факультеты ахуыр кæнын куы райдыдтой, уæд сæ арæх нал уыдтон. Цыфæнды афон сæм-иу куы бацыдтæн, уæддæр-иу сæ сæхимæ нæ байййæфтон æмæ сын-иу сæ ныййарджыты бафарстон:

– Лæппутæ кæм сты?

– Уынджы, – уыдис æдзухдæр сæ дзуапп. Сæ хъæлæсы уагæй сæ афтæ æмбæрстон: се ‘мбæлттимæ ам хæстæг ран сты, æмæ сын ницы тас у. Уыдонæн нæ зонын, фæлæ сæм мæ зæрдæ æхсайдта. Уыцы кары лæппутæ се ‘мгæрттимæ фæсахсæвæртæм уынджы куы лекка кæной, уæд æвыдæй аирвæзой, уый мæ нæ уырныдта, æмæ-иу мæхимидæг бакатай кодтон, фæлæ хæрдмæ ницы дзырдтон. Аслан мæнæй фондз азы хистæр у, æмæ йæм уæлдай фæрстытæ дæттын никуы сфæрæзтон. Куы йæм сфæрæзтаин, уæддæр хъуыддагæн ницы фæпайда уыдаин: сæ цотыл æгæр тынг æууæндыдысты. Иуафон мæм нæ хæрæфырттæй иу – Русланы хæдкæстæр хойы лæппу ‘рбацыди æмæ мын афтæ:

– Батег æмæ Барцæг цы уавæры сты, уый Аслан куы зонид, уæд йæ зæрдæ аскъуынид.

– Уымæй цы зæгъынмæ хъавыс? – бафарстон æй тыхстхуызæй, æмæ мын, кæмæй ныккæрзыдтон, ахæм дзуапп радта:

– Наркотиктæ дымынц æмæ сæхи сафынц.

Уымæй чысыл фæстæдæр мæм Ризетæ ‘рхатыди:

– Батег йæ фыды коммæ нал кæсы, æмæ-ма ды йемæ аныхас кæн. Стыр аргъ дын кæны, æмæ кæд дæумæ байхъусид.

Цы мæ домы, уый бамбæрстон æмæ сæм бацыдтæн. Батеджы иунæгæй цæлгæнæны хæргæйæ байййæфтон. Мæ ныхæстæ йæм кæй бахъардзысты, уый мæ тынг нæ уырныдта, фæлæ йын уæддæр дзурын райдыдтон:

– Дæ дада цæмæй амарди, уый зоныс?

– Нагъ.

– Йæ царды æппæтæй фылдæр уарзта нозт. Æндæр æй ницы хъуыди,

æмæ йæ уый бабын кодта. Сыхаг хъæуы ныррасыг и. Фысымтæ йæ сæхимæ урæдтой, фæлæ сын нæ бакуымдта. Колхозы емыллыччы хуызæн налат æфсургъыл сбадти æмæ фæсахсæвæрты нæхи хъæумæ рараст и. Бæх цæмæйдæр фæтарсти æмæ йæ ахаста. Лæг саргъæй æрзæбул и, бæх æй йæ фæдыл фæласта æмæ хъæбæр зæххыл ныппырх и. Русланы фырттæ цæмæй амардысты, уый зоныс?

– Нæ зонын.

– Арахъхъы азарæй. Мæ фыды дæр ноз æмæ тамако амардтой. Йæ кæстæр æфсымæр Азæмæт æмæ мæ хистæр æфсымæр Тугъан ноздæй фылдæр ницы уарзтой, æмæ сæ ингæнмæ батардта. Уыцы хæйрæджы хойрæгтæн æфсæйнаг дæр нæ быхсы. Дæхимæ-ма бакæс, ныpма дыл дыууын фондз азæй фылдæр нæма цæуы, афтæмæй зæронд къуприйы хуызæн дæ. Дæу дæр дæ хистæрты æлгъыст фæндагыл ацæуын фæнды?

Лæппу ныхъхъус и æмæ ницы дзырдта.

– Æппæтæй зындæр мын уыди дæ худинаджы хабар фехъусын. Æрæджы дæ хорз хæларимæ кæйдæр машинæ куы скъуырдтат, æмæ де ‘рдхорд куы фæмард и, уæд уæ сыхæгтæ æмæ уæ зонгæтæ иу уасæнæй суасыдысты: «Замманай фæзминаг лæппу мард фæци, æвзæр наркоман та æгасæй баззади».

Куыд дæм кæсы, ме ‘фсымæры лæппуйы мын «æвзæр наркоман» кæй рахуыдтой, уый мæнæн æхсызгон уыди? Нæ уыди, нæ. Уыцы æгадгæнæн ныхæстæ мæн иннæрдæм кæм ахызтысты, уым ма дæ ныййарджытыл та куыд сахадыдтой? Æмбарын æй, дуне иннæрдæм рафæлдæхти, æмæ фæсивæдæн тынг зын у: куыст нæй, царды фæрæзтæ нæ фаг кæны, арвæй зæхмæ никæй хъæуынц, сæ хъарутæ æмæ сæ зонындзинæдтæй кæм спайда кæной, уый нæ зонынц æмæ сæ пырх наркотиктыл калынц. Дæ зæрдыл æй бадар: царды зындзинæдтæй цудынц æрмæстдæр, цæрыны аккаг чи нæу, уыцы æвæрæз ницæйæгтæ, уæлахиз та сыл кæнынц ныфсджын сæрæнгуырдтæ. Сывæллон нал дæ æмæ дæ цардыл бæстондæр ахъуыды кæн, – кæронбæттæны ма загътон æз æмæ рацыдтæн.

Мæ ныхæстæ йæм цас бахъардтой, уый нæ зонын, фæлæ йæ царды уаг аивта, рæстæгæй-рæстæгмæ исты куыстыл фæхæст вæййы æмæ дзы цыдæр капеччытæ райсы. Ус ракуырдта, æвæджиауы дзæбæх чызг ын райгуырди, æмæ йæ Аслан æмæ Ризетæ сæ былтыл дарынц.

* * *

Мæхи зонынхъом куы фæдæн, уæдæй фæстæмæ тъæпп, рæхуыст, загъд, замана, хыл, быцæу, хъæлæба æмæ хъаугъайæ дарддæр ницы хъусын æмæ

сæ бафæлладтæн. Алы рæстæджыты цы биноитимæ цардтæн, уым дæр, скъолайы æмæ университеты ахуыр кæнгæйæ дæр, Кулябы пединституты, Мæскуыйы, зæххы бын, коллекторы, скъолайы, газеты редакцийы æмæ радиокомитеты кусгæйæ дæр адæмы иудадзыг кæрæдзи тонгæйæ уыдтон. Фидыдæй æмæ сабырæй цæрын цæуылнæ фæразынц, кæрæдзи хъуын-хъис цæмæн хæрынц, уыцы фарстæн дзуапп раттын мæ бон никуы баци. Хъуамæ тыхджын лæмæгъы дæлæмæ тæра, æфхæра, нæма, мара, хæра. Зæххыл цыдæриддæр удгоймагæй ис, уыдоны æрдз сырдтæ æмæ амæттæгтæй кæй сфæлдыста, уый æмбарын, фæлæ иннæтæй хъауджыдæр адæймагæн зонд, æфсарм, дзурыны фæрæз, хиуыл хæцыны хъомыс æмæ стыр нысанмæ тырныны бæллицтæ радта, æмæ уыцы хотыхтæй хъуамæ раст пайда кæна…

Æнхъæл уыдтæн, биноитæ куы скæнон, уæд алцыдæр мæхицæй аразгæ уыдзæн, æмæ мæ сывæллæтты, куыд мæ фæнда, афтæ схъомыл кæндзынæн. Уый уыди мæ фыццаг рæдыд. Цы ‘хсæнады цæрай, уымæй сæрибар уæвæн нæй. Ацы хъуыды мæхи нæу. Зондджын лæгæй йæ райстон æмæ йемæ разы дæн. «Религия – опиум для народа». Ацы ныхæстæ дæр уымæй райстон æмæ уыдонимæ дæр разы дæн. Разы та сыл дæн, адæймаджы сæрыстырдзинад сафæн æгъатырдзинæдты хъизæмаргæнгæйæ, скъолайы иу уæларвон тыхыл дæр кæй нал æууæндыдтæн, уый тыххæй. Мæ чызджытæ сæ къæхтыл куы ауадысты, уæдæй фæстæмæ сæ æрмæстдæр иу хъуыддагæй фæдзæхстон:

– Уæларвыл иу Хуыцау дæр, иу зæд дæр, иу дуаг дæр нæй, ис нын æрмæстдæр цыппар цæрæн фæрæзы: хур, зæхх, дон æмæ уæлдæф. Æнæ уыдонæй адæймагæн иу минут дæр цæрæн нæй, æмæ, уе ‘ууæнк афтид бынатыл æфтаугæйæ, уæхи сайын макуы бауадзут. Æппæтæй тынгдæр æууæндут уæхи зонд æмæ уæхи хъарутыл, æмæ уæ цард уæ гæнæнтæм гæсгæ аразут. Дины хъуыддаджы адæм дыууæ дихы кæнынц – æдылытыл æмæ хинæйдзæгтыл. Фыццæгтæ сыгъдæгзæрдæ сты, Хуыцауыл æууæндынц æмæ сæхи хуызæн æдылыты сæ фæдыл сайынц. Дыккæгтæ сты мæнгард цæстфæлдахджытæ, ницæуыл æууæндынц: нæдæр хуыцæуттыл, нæдæр зæдтыл, нæдæр дауджытыл, нæдæр хæйрæджытыл. Дины фæрцы сæ æвæлмонæй царды сой нуазын фæнды æмæ, коммæгæс гугын «фысты» æдылыдзинадыл æнцайгæйæ, царв æмæ мыды ленк кæнынц. Мæ мæлæты фæстæ уын уæ сæрымæгъзтæ куы слæхъуг кæной æмæ уæ сæ фæдыл куы асайой, уæд мæрдты дыккаг мард кæндзынæн.

Мæ ныхæстæ мын æппындæр ницæмæ ‘рдардтой. Цыма аргъуаны мæн мæстæй марынæн фæмидæг сты, уыйау мæ мæлæтмæ дæр нал банхъæлмæ

кастысты. Чырыстон дин райсын сæ кæд бафæндыди, стæй сæ чи сразæнгард кодта, уый дæр мын нæ загътой, афтæмæй сæхиуыл дзуæрттæ бафтауын кодтой. Дин сын сæ царды исты ахъаз куы фæуыдаид, уæд сын сæ хивæнд мийыл бацин кодтаин, фæлæ сæм хорзырдæм æппындæр ницы ивддзинад уынын. Раздæр кæрæдзи былтæ куыд æхсыдтой, афтæ сæ æхсынынц ныр дæр. Уыдонмæ кæсгæйæ, мæ зæрдыл æрлæууы, карчы цъиутæ кæрæдзи куы фæтонынц, уæд сæ мад сæ разы куыд æнцад фæлæууы, уый. Йæхи афтæ фæдары, цыма сæм æппындæр ницы бар дары, цыма сæ уынгæ дæр нæ кæны. Цъиутæ кæрæдзи туг фæкалынц, ныффæллайынц æмæ кæддæр-никæд фæйнæрдæм ацæуынц. Каркæй мæнæй зондджындæр чи у, æрдз нæ цæрынмæ цæттæдæрæй кæй сфæлдыста, уый æз нæ зонын, фæлæ мæнæн мæ хылгæнæг сывæллæттæм сабырæй кæсын мæ бон нæу. Фыр тæригъæдæй мæ цæстытæ доны разилынц, æмæ мæ развæндаг нал фæуынын, афтæмæй куыстмæ ацæуын. Иубон нæм оператортимæ сывæллæтты тыххæй ныхас рауад, æмæ тыхстхуызæй афтæ бакодтон:

– Мæ чызджытæ кæрæдзимæ куы фæлæбурынц, уæд мæ зæрдæ фæцæйтоны.

– Ха, ха, ха! – хъæрæй ныххудти сæ хицау, ныллæг, рæдæнг, фыдцъылызарæзт сылгоймаг. – Мæнæн-иу мæ дыууæ чызджы кæрæдзи дзыккутæ куы ныттыдтой. Иумæ æппындæр нæ фидыдтой. Хистæр чындзы ацыди, æмæ кæрæдзийыл æрхъæцмæ дæр нал хъæцынц.

Иннæ сылгоймæгтæ ныхас сæхимæ айстой æмæ сæ хабæрттæ дзурын райдыдтой. Куыд рабæрæг, афтæмæй сæ иу дæр æрыгонæй йæ хотæ æмæ йе ‘фсымæртимæ хæларæй нæ царди. Куы фæхицæн сты, æрмæстдæр уæд балымæн сты. Сæхи, сæ цоты æмæ мын сæ зонгæты цардæй бирæ дæнцæгтæ фæхастой, фæлæ мæ сæхиуыл нæ бауæндын кодтой. Мæ хъуыды куыд уыди, афтæмæй баззади: «Æнæ хылтæ æмæ хъаугъатæй дæр цæрæн ис. Йæхи адæймаг чи хоны æмæ чысыл дæр хъуыды кæнын чи фæразы, уымæ хъуамæ гуымиры тъæппытæ æмæ рæхуыстытæй фæлмæн ныхæстæ тынгдæр хъарой».

Светæйы фыццаг хатт куы федтон, уæд уарзондзинады арты не ссыгътæн. Йæ цæстытæй мæм цыдæр æнахуыр фæлмæн, нервытæ сабыргæнæн хъарм уддзæф кæй æрбаивылди, тынгдæр æй уый тыххæй æрхастон. Кæд мæ, зæгъын, йемæ цæргæйæ, мæ зындзинæдтæ ферох уаиккой, кæд мын, зæгъын, мæ хъæдгæмттæ бандидзын кæнид. Сылгоймаджы æмбæхст миддуне раргом кæнын кæй нæ бафæрæзтон, уый уыди мæ дыккаг рæдыд.

«Йæ усæй чи ‘ппæлы, уый – иу æвзæр, чи йæ фауы, уый та – дыууæ ‘взæры», – зæгъы ирон æмбисонд. Æз дзы æппæлгæ дæр нæ кæнын, фау дæр æм нæ хæссын, фæлæ чызджытимæ арæх кæй хыл кæны, уый мæ зæрдæмæ нæ цæуы. Ницытæ æмæ мацыты тыххæй сæ ракъахы, сабыргæй зæгъæн цæмæн вæййы, уый ælхыскъгæнæгау мæстæлгъæдæй фæзæгъы, æмæ хæдзар сæ хъæрæй байдзаг вæййы, цæвгæ дæр ма сæ ныккæны. Асланæй ма йын дæнцæг дæр æрхæссын. Æрыгонæй немæ ахæм дæлдзиныггæнæн хъæлæсы уагæй дзырдта, цыма нын-иу афтæ зæгъынмæ хъавыди: «Æз зондджын дæн, сымах та æдылытæ стут æмæ мæ коммæ кæсут!» Æмæ нæм йæ ныхæстæ æппындæр нæ хъардтой. Хъаргæ нæ, фæлæ ма нæ-иу тынгдæр смæсты кодтой, æмæ нæ-иу æрфæндыди фыддæрагæн митæ кæнын, йæ ныхмæ ноджы хъæддыхдæрæй ærлæууын.

Æмбарын æй: лæг æмæ ус цыфæнды уавæрты дæр хъуамæ кæрæдзи фарс хæцой æмæ сæ цоты иу фæндагыл аразой, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, Светæ фылдæрхатт раст нæ вæййы. Армаццагæй сæм куы бавналы, уæд та сæ бынтон сызнæт кæны, æмæ йæ фарс рахæцын мæ цæсгом нал бахъæцы. Зылынджыны фарс цæмæн хæцон æмæ ме ‘мбаргæ чызджытæм мæхи æдылыйæ цæмæн æвдисон?

– Ракъахтай сæ æмæ дзы цы рамбылдтай?!

Мæ фарстæн дзуапп раттыны бæсты мыл нытътъæлланг ласы:

– Замманай сывæллæттæ уыдысты, æмæ сæ ды фехæлдтай! Æз сæ иуырдæм аразын, ды та – иннæрдæм! Фæлмæн фыд уæвын дæ фæнды, нæ?! Мæнæй хъуамæ се сæфт уыной, дæу та хъуамæ æгæрон уарзтæй уарзой! Хинæйдзаг дæ, хинæйдзаг! Дæуæй куы тæрсиккой, уæд мæнмæ афтæ нæ уæндиккой!

– Мæнмæ гæсгæ, хъуамæ алчидæр йæ авторитетыл, фыццаджы-фыццагдæр, йæхæдæг куса. Адæймаг над æмæ тасæй зондджын куы кæнид, уæд Ирыстоны Тугъанæй куырыхондæр нæ уыдаид. Нæ фыд æй хоста æмæ дзы хæтæнхуаг къупри сарæзта. Рæхуыст ныхас æмæ нæмынæй сæрмæ зонд нæ цæуы, фæлæ зæрдæ фыдæхæй дзаг кæны. Руслан не ‘ппæтæй карздæр у, йæ фыртты хоста, хъæртæ сыл кодта, хъæуа-нæхъæуа сæ ‘фхæрдта, æмæ сæ цы рауади? Аслан дæр тызмæг у æмæ йæ тызмæгдзинадæй цы сæнтыдта? Дæ фæлмæн ныхас кæмæ нæ бахъара, уымæ дæ хъæр та æппындæр нæ бахъардзæн. Цы зæгъынмæ фæхъавыс, ууыл-иу раздæр бæстон ахъуыды кæн, дæ ныхас сæм фыддæрагæн митæ кæныны æмæ дæ ныхмæ хæцыны хъомыс куыд нæ гуырын кæна, афтæ. Дæ хъæлæсы уаг аив, стæй дæ

къухтæ дæхимæ дар. Лæгъзæй сæм дзур. Маст исын хъомылгæнæн фæрæз нæу, æмæ дзы ма пайда кæн. Нырма дæ тæрсынц æмæ дын дæ гуымиры цæфтæ быхсынц, фæлæ дæ куы нал тæрсой, уæд дын сæ нал быхсдзысты.

Мæ ныхæстыл лæмбынæг ахъуыды кæныны æмæ дзы йæхицæн пайдайаг хатдзæгтæ скæныны бæсты мæм фæхæрам вæййы æмæ мæм дзыхæй нал фæдзуры. Дойнаг дурæй уæлдай йæм æппындæр ницы хъары, æмæ йæм фаззæттæ фыдæхæй-фыдæхдæр кæнынц. Сæ хъаугъатæм ма мæн дæр баппарынц, иргъæвын сæ райдайын, æмæ мын мæ цард бынтондæр сæнад кæнынц. Гыццылæй мæ мæ фыды хæдзармæ цæуын куыд нæ фæндыди, афтæ мæ мæхи хæдзармæ дæр цæуын нал фæфæнды, æмæ фыр фæсмонæй мæ къухы фыдтæм дæндагæй фæлæбурын, ус кæй ракуырдтон, уый тыххæй. Рухсы цъыртт мæм куы никæцæйуал фæкæлы, æмæ мæ зæрдæ риссын куы райдайы, уæд мæм Фаризæ фæстæты ‘рбацæуы, йæ цæнгтæй мыл атыхсы æмæ мын йæ рæсугъд хъæлæсæй мæ хъусы бадзуры:

– Мæ сызгъæрин папæ, æрсабыр у, дæ хорзæхæй. Мах хуымæтæг сылгоймæгтæ стæм, дæу зæрдæнизæй бахизыны фаг зонд нæм нæй, æмæ нæ стыр хъуыддæгтæ ма дом. Ды ацы дунейæ нæ дæ, ды бынтон æндæр дунейæ дæ. Æрдз дын махæй бирæ фылдæр радта. Алцæуыл дæр бæстон хъуыды кæныс, алцыдæр дæ зæрдæмæ хæстæг исыс, æмæ дæм нæ чысыл хъæлæбатæ дæр афтæ тынг уымæн хъарынц. Нæ хъаугъатæ нын мацæмæ дар. Мах куы фæхыл вæййæм, уæд нæ уайтагъд нæ мæстытæ æрбайрох вæййынц, ды та ма ныл дзæвгар рæстæг зæрдæбынæй фæсагъæс кæныс. Афтæмæй бирæйы фаг не суыдзынæ, æмæ дæ фæкæсинаг цоты æнæ фыдæй ныууадздзынæ… Нырма дæ бирæ цæрын хъæуы… Кæсыс, цал дæттинаг чызджы дын ис…

Йæ ныхæстæ мæ не ‘рсабыр кæнынц, уымæн æмæ мæ зæрдæ алыхуызон мæстытæй æгæр байдзаг вæййы. Гыццылæй цы зындзинæдтæ бавзæрстон, уыдон дæр ма мыл æртывæрæй сæ уæз æруадзынц, æмæ мæ æппындæр ницыуал фæхъæуы. Фæфæнды ма мæ æрмæстдæр, кæцæй нал раздæхон, уырдæм алидзын. Хуыцауыл куы ‘ууæндин, уæд ыл мæхи бафæдзæхсин, фæлæ йыл не ‘ууæндын æмæ арвæй зæххы астæу удхарæй мæлын.

* * *

Рæстæг æгъатыр у. Йæ закъæттæ дæрзæг къухæй фыссы, æмæ сын аивæн дæр нæй, сæ ныхмæ фæлæууæн дæр нæй. Бирæ хотæ æмæ æфсымæртæ хорз сты. Бахъуаджы сахат дæ фарсмæ æрбалæудзысты æмæ дын дæ уæз дзæвгар

фæрогдæр кæндзысты, фæлæ сæ ныгæнын тынг зын у. Русланæн йæ дыууæ фырты куы амардысты, уæд бирæ нал ахаста. Фидар лæг уыди, фæлæ маст æмæ хъыг уымæй фидардæр разындысты æмæ йæ æртасын кодтой. Инсульт æй ныццавта, æмæ æруатон и. Иу къуыри ма æрдзы хъæбысы йе уæнгтæ аивазынмæ фæбæллыди, стæй йæ цардæй ахицæн и. Йæ хæрззылд лæгъз фæлурс цæсгоммæ йын æдзынæг кæсын, æмæ мæм бæлвырд хъуысынц йæ ныхæстæ. Иухатт йе ‘рдхорды зианæй куы ‘рбацыди, уæд мын сæ загъта:

– Кæд мæм уыйбæрц адæм æрбацæудзæн, уæд абон дæр разы дæн мæлыныл.

Мæнмæ ахæм хъуыды æнæнхъæлæджы дæр никуы фæзынди, æмæ мæ дисы бафтыдта йæ бæллицæй. Ныр мæрддзыгой дзыллæтæм куы акæсид, уæд йе ‘рдхордмæ нæ, фæлæ йæхимæ бахæлæг кæнид. Цæргæбонты цы байтыдта, уый кæрды. Адæм æм хохаг цæугæдоны гуылфгæнгæ уылæнтау кæрæдзи фæдыл ивылынц. Æмæ йæм куыд нæ ивылой? Йæхæдæг иу зиан дæр никуы ауагъта. Адæмимæ тынг хæларæй царди. Хистæрæй, кæстæрæй йын уæлдай нæ уыди – се ‘ппætимæ дæр иумæйаг æвзаг ардта. Карз уайдзæфтæ дæр дзы-иу сирвæзти, фæлæ йæм ничи хæрам кодта, уымæн æмæ йын йæ фæлмæн зæрдæ зыдтой.

Шофыртæ куывдтæ арæх кодтой. Хæлттæ-иу сæппæрстой, æмæ-иу æдзухдæр Русланы хал схаудта. Æппæт хæлттыл дæр ын-иу йæ ном кæй ныффыстой, уый æрæджиау базыдта, фæлæ сæм нæ фæхæрам и. Йæ хæдзары абадын сын иннæ хæдзæртты абадынæй æхсызгондæр кæй у, уый йын дызæрдыггаг нал уыди, æмæ сæ хæлттæ æппарын никуыуал бауагъта. Къухылхæцæг кæмæн уыди, уыцы сылгоймæгтæ дыууиссæдзæй фæфылдæр сты. Кæдæм бацæуа, уым фидар æгъдау кæй сæвæрдзæн, уый адæм зыдтой æмæ архайдтой йемæ бахæстæг кæныныл.

Мæ фыдыфсымæр Азæмæты ус Семирæйы ныхас мæ зæрдыл арæх æрлæууы. Мæ фыдыхо Мерет куы амарди, уæд æм Мæскуыйæ ссыдысты. Фæстæмæ куы аздæхтысты, уæд мæ Семирæ цымыдисæй афарста:

– Там у вас в селе забегаловка, что-ли?

– Цæмæн афтæ зæгъыс?

– Целыми днями стол накрыт. Люди ходят, ходят, пьют и пьют. Сколько можно?

– Уыцы æгъдау нын нæ фыдæлтæй баззади, – дзуапп ын радтон æз, æмæ фыр дисæй иуцасдæр йæхимæ не ‘рцыди.

Мæ коллективæй иу дæр фæсте нæ баззади. Русланæй цас хæсджын

дæн, цыма уый зыдтой, уыйау директорæй фæстаг кусæджы онг иууылдæр мæ фæдыл ацыдысты. Русланы бинойнаг сæ куы федта, уæд æнкъардæй афтæ бакодта:

– Æз куы амæлон, уæд дæр ма сæ-иу æркæн.

– Мах дæуимæ ‘мгæрттæ стæм, æмæ нæ раздæр чи амæлдзæн, уый Хуыцау дæр нæ зоны, – загътон ын æз. Мæ разæй кæй фæуыдзæн, уый мæ хъуыдыйы кæрон дæр нæ уыди. Æмæ ма уæддæр тиу йæ чындзæй афтæ тынг нæ риссы, фæлæ мæ Аслан мæ астæуыл дыууæ дихы акодта. Ныфсы мæсыг мын уыди, æмæ æнæнхъæлæджы ныккалди. Æнæбайрайгæйы рак æй цалдæр мæймæ ахордта, æмæ дзы афтидармæй аззадтæн. Дыууæ фыдæн цыппар фырты уыдыстæм, иумæ схъомыл стæм, нæ цин дæр, нæ хъыг дæр иу уыди, æмæ мæ иунæгæй ныууагътой. Зæрдæ сафтид и æмæ, цæуыл фæхæца, уый нæй.

Нæ туг, не стæг цалынмæ æгас вæййы, уæдмæ нæм афтæ фæкæсы, цыма ахæм уавæр æнустæм ахæсдзæн, æмæ ницæуыл фæмæт кæнæм; куы амæлы, уæд та ныл иуæй иннæ зæрдæсæттæндæр сагъæстæ дурты зæйау ракæлынц æмæ нæ сæ быны ныккæнынц. Ме ‘фсымæртæй сæ иуæн дæр хорзæй ницы фæдæн. Иу зæрдæлхæнæн дæр дзы никæмæн скодтон, сæхицæй та сын бирæ хæрзтæ зонын æмæ мæхи æфхæрын.

* * *

Мæ радзырдтæй мæм мæ фæстæ ныууадзыны аккаг чи нæ фæкасти, уыдон акалдтон, сæ хуыздæртæ сын æрæмбырд кодтон, ногтæ дæр ма сæм бафтыдтон, биноныг сыл бакуыстон æмæ сæ рауагъдадмæ бахастон. Мæ чиныг цыбыр рæстæгмæ рухс кæй фендзæн, уымæй мын директор Разетæ æмæ сæйраг редактор Тауырбег стыр ныфс бавæрдтой. Лæг ма йæ зæрдæ йе ‘рдхæрдтæй хуыздæр кæуыл бадара! Ноджы ма сывæллонау алкæуыл дæр куы ‘ууæнда, уæд. Æнхъæл уыдтæн, сæ дзырдæн хицау разындзысты, фæлæ мæ фæсайдтой. Æмæ сыл нæ дис кæнын. Пайдамæ кæмæ не ‘нхъæлмæ кæсай, дæ хицау суæвынæй кæмæй нæ тæрсай, æмæ дæ хорздзинад саразын кæмæн нæ фæнда, æппынфæстаг, æфсæрмы кæмæй нæ кæнай, уый фæсайынæн цы хъæуы? Мур дæр ницы. Фæхæрам дæм уыдзæн, æмæ цы? Фыр хæрамæй йæ фæрстæ дæр атонæнт.

Рауагъдады куы куыстон, уæд, æвæццæгæн, «курдиатджындæр» уыдтæн, æмæ-иу мæ чиныг уайтагъд рагæпп ласта. Типографийы кусджытæ-иу æй

цымыдисæй акастысты, уый фæстæ та – иннæтæ, æмæ-иу цыбыр рæстæгмæ æппæт чиныгкæсджытыл дæр ахæлиу и. Рауагъдады мын-иу афтæ куы загътой, ирон адæм нæ фысджытæй дæуæй тынгдæр никæй уацмыстæ кæсынц, зæгъгæ, уæд мыл-иу базыртæ разади, æмæ мæ-иу æрфæндыди ноджы хуыздæр уацмыстæ ныффыссын. Диссаджы рæстæджытæ уыди, æвæдза, æмæ сын адæймаг аргъ кæнын дæр нæ зыдта.

Æз рауагъдадæй куы рацыдтæн, уæд та иннæтæ «скурдиатджын» сты, æмæ сæ чингуытæ уыдонæн гæппытæ кæнынц, мæнонтæ та дзы дзæвгар рæстæг фæдзыназынц. Æз сæ ‘мбарын. Мæн тыххæй сæм æфхæрд нæ, фæлæ зул дзыхыныхас дæр никæмæй æрхаудзæн, æмæ уал бахъæцдзынæн. Æхцатæ кусыны рæстæг æрцыди, мæнмæ та капекк дæр нæй. Цæй тыххæй мыл хъуамæ батыхсой? Уæддæр ма хорз, æмæ мын фидараей зæрдæтæ бавæрынц. Уыцы хъуыддаджы сæ разæй никæй ауадздзысты:

– Æппындæр ма мацæуыл тыхс. Дæ чиныг æнæмæнг рацæудзæн.

Уыдонмæ хъусгæйæ, мæ зæрдыл æрлæууы мæгуырты æмбисонд: «Хæрæг, ма амæл, сæрд дыл æрцæудзæн». Сæ алы зæрдæвæрæн ныхасы фæстæ дæр мæ æнхъæлмæ кæсын бахъæуы æнæхъæн афæдз кæнæ фылдæр. Чиныгуадзæнæй ме сæфт фенын, фæлæ та уæддæр рæвдауынмæ æнхъæлмæгæсæг гæдыйау Тауырбегыл мæхи асæрфын. Мæ дзых схæлиу кæнынмæ куыд фæхъавын, афтæ мæ разæй фæвæййы:

– Мæ цæсгом дæм кæсын дæр нал хъæцы, фæлæ дæ чиныг рауадзын нæ къухы нæма æфты. Иучысыл ма банхъæлмæ кæс.

Йæхи чингуытæ æнæ къуылымпыйæ кæй цæуынц, уый йын цæмæй йæ цæстмæ ма бадарон, уый тыххæй та ам дæр мæ дзыхы абады:

– Æз мæ чингуытæ иууылдæр мæхи хардзæй уадзын, уæй сæ кæнын æмæ ма дзы æхцатæ дæр кусын.

Ома ды дæр макæмæ æнхъæлмæ кæс. Дæ чингуытæ дæхи хардзæй уадз æмæ дзы æхцатæ кус. Ирон лæг йæ маст исынмæ тынг рæвдз у. Йемæ куы сбыцæу уон, уæд дзы нæ хæлар ахастдзинæдтæ ферох уыдзысты, æмæ мын æппындæр ницыуал рауадздзæн. Цыма йын йæ ныхæстыл æууæндын, уыйау мæ дзыхыл хæцын, фæлæ бынтон къуыттыйæ дæр куыд лæууон, æмæ йæм сойæсæрст хъæлæсæй дзурын:

– Нывгæнæгмæ йæ уæддæр раттут, æмæ йын йæ хъæбæр цъар снув кæна.

– Ууыл та цы тыхсыс? Типографимæ йæ куы ‘рвитæм, уæд æй искæмæ авæрдзыстæм, æмæ йæ аныв кæндзæн.

Æз, рауагъдады кусгæйæ, дæс азы дæргъы нывгæнджытимæ бирæ

фæхъуырдухæн кодтон æмæ сын сæ авналæнтæ хорз базыдтон. Цыбыр рæстæгмæ талф-тулфæй кæй ницы сараздзысты, æмæ мæ чиныг фыдындæй кæй рацæудзæн, уый тынг хорз зонын. Мæ иу тыхстыл ма иннæ тыхст дæр бафтыди, уымæн æмæ рекламæйы стыр тых и. Адæймаг дуканимæ куы бацæуы, уæд йæ цæст фыццаджы-фыццагдæр рæсугъд чиныгыл æрæвæры æмæ йæ къухмæ уый райсы. Мидæгæй дзы цы ис, уымæ уый фæстæ ‘ркæсы. Цæмæй йæм æркæса, уый тыххæй йæ хъуамæ райса, цæмæй йæ райса, уый тыххæй та хъуамæ рæсугъд уа. Æз тамако никуы дымдтон, ныр дæр æй нæ дымын, уымæн æмæ дзы ме сæфт уынын, фæлæ дуканийы уæлвæйнæгыл зынаргъ сигаретты цæхæркалгæ рæсугъд къопп куы фенын, уæд мæ æрфæнды йæ райсын æмæ йæ зæрдиагæй сдымын.

Мæ чиныг мын куы рауадзой, уæддæр фыдынд кæй уыдзæн, æмæ йæ йæ къухмæ æхсызгонæй кæй ничи райсдзæн, ууыл дзæгъæлы нæ сагъæс кодтон. Разетæ æмæ йæм Тауырбег уазал цæстæй кæй акæсдзысты, уый сæ цæсгæмттыл Æрфæны фæдау бæрæг уыди. Дзæвгар рæстæг та куы рацыди, уæд мæм мæ зæрдæ сдзырдта: «Бауай сæм, науæд дын дæ чиныг цъыфы сæвдулдзысты». Мæхи та сæм байстон æмæ Разетæ æмæ дизайнеры компьютеримæ архайгæйæ баййæфтон. Экраныл мæ чиныджы сæргонд куы ауыдтон, уæд сæм хæстæгдæр балæууыдтæн æмæ, æдзæлгъæд нывтæм кæсгæйæ, мæ зæрдæ бамæгуыр и. Тынг тагъд кодтой, æмæ мæн дæр нæ бафиппайдтой, цалынмæ сын сæ нывты æмæ ахорæнты ныхмæ цæхгæр нæ ныллæууыдтæн, уæдмæ. Иууылдæр сын сæ айсын кодтон, æмæ æндæр аивадон мадзæлттæ агуырын райдыдтой. Æрæджиау тыхамæлттæй цыдæртæ ссардтой. Уыдон дæр ницытæ æмæ мацытæ уыдысты æмæ мын мæ бирæ азты фæллой къæхты бынмæ æппæрстой. «Афтæмæй рауадзыны бæсты йæ фæлтау фæстæдæрмæ аргъæвæм» зæгъынмæ ма мæ дзых схæлиу кодтон, фæлæ мын æй Разетæ ахгæдта:

– Ног вариантæ агурынæн нын рæстæг нал и. Райсом æй типографимæ æрвитын хъæуы.

Йæ хæстæг Зубæирæн алы аз дæр иу кæнæ дыууæ стыр рæсугъд чиныджы кæй уадзы, мæнæн та фондз азмæ йæ цæст иу аив чиныг рауадзын дæр кæй нæ уарзы, уый тыххæй йæм смæсты дæн, æппындæр мæ кæй ницæуыл нымайы, уый тыххæй та мæхимæ куыдзæй æгаддæр æркастæн. Зæгъынмæ йын хъавыдтæн: «Ахæм цъаримæ мæ нæ хъæуы», фæлæ мын куы ницыуал рауадза, уымæй тæрсгæйæ, мæ дзыхыл ныххæцыдтæн, æмæ чиныг бынтон æнæцæстыахадгæ рауади. Куы рацыди, уæд йæ уындæй мæ

зæрдæ бамæгуыр и, æмæ дзы æппындæр ницы æхсызгондзинад райстон. Афæдзы фæстæ мæм рауагъдады бухгалтер куы фæдзырдта æмæ мын гонорар иуæндæс мины куы æрнымадта, уæд та бынтон фæсутыр дæн. Афтæ мæм фæкасти, цыма мæ гæбæр фысау смаггæнаг гарбовкæйы сæвдылдтой, æмæ дзы мæ амæлæты бонмæ дæр нал ссыгъдæг уыдзынæн.

* * *

Медицинон академийы ахуыр кæнгæйæ, Фаризæйы иу хатт дæр ме ‘ххуыс нæ бахъуыди. Ædзухдæр иста иттæг хорз бæрæггæнæнтæ, æмæ дзы мæ зæрдæ ради, фæлæ мæ иу изæр сагъæстыл бафтыдта. Куыстæй нæхимæ куы ныццыдтæн æмæ къæсæрæй мидæмæ куы бахызтæн, уæд ын йæ кæуын айхъуыстон. Мæ зæрдæ ныссæххæтт кодта, бауадтæн æм æмæ йæ тарстхуызæй афарстон:

– Цы кодтай, мæ хур, цæуыл кæуыс?!

– Йæ ахуыргæнæг дзы фæлварæны тыххæй æхца домы, æмæ йын нæ разы кæны, –йæ бæсты мын дзуапп радта йæ мад.

– Йæхи куы амара, уæддæр ын нæ ратдзынæн! Æз æрмæг тынг хорз зонын, æмæ ма мын ма сæвæрæд уæдæ «фондз»! – æртхъирæнгæнæгау загъта Фаризæ.

– Искæмæй ма домы æхца? – бафарста йæ Светæ.

– Йе ‘ппæт студенттæй дæр.

– Æмæ йын радтой?

– О. Цас сæ фæдомы, уыйас ын æдзухдæр, хъуырхъуыргæнгæйæ, æрæмбырд кæнынц æмæ йæм сæ къонверты алыхуызон æлгъыстытимæ бахæссынц. Йæ сау цæсгом æппындæр нæ фæсырх вæййы, афтæмæй сæ райсы.

– Æмæ ма уæд ды цы ныффæрск дæ? Ратт ын, æмæ дзы фервæзай.

– Мамæ, цытæ дзурыс?! – æрбамæсты йæм Фаризæ. – Цæй тыххæй йын хъуамæ раттон æхца?! Æдзæсгом кæй у, уый тыххæй?!

– Куы дæ бахъыгдара, æмæ сырх диплом куы нал райсай…

– Мæ мæгуыр ныййарджыты капеччытæ йæм лæгъстæхуызæй бахæссыны бæсты мæ уыцы сырх диплом нал хъæуы.

Цы йын зæгъон, нæ зонын. «Ратт ын», куы зæгъин, уæд мæ коммæ бакæсид, фæлæ йын раст зонд бацамондзынæн? Æнхъæл нæ дæн. Рæдыд фæндагыл æй саразон, уый та мæ нæ фæнды. Нырма йæ размæ бирæ цæлх-

дуртæ уыдзæн, æмæ сæ сæрты хизын йæхæдæг сахуыр уæд. Йæ мад ма йемæ иуцасдæр фæтох кодта, нæ дыдзæсгом цардæй йын бирæ дæнцæгтæ фæхаста, æгæр хивæнд куы уа, уæд ын хин æмæ кæлæн адæмы ‘хсæн зын цæрæн кæй уыдзæн, уыдæттæ йын бинойыг фæдзырдта, фæлæ уæддæр къæрттæй цъула нæ аппæрста. Цалдæр боны фæстæ хъуыдыдзастæй æрбацыд, æмæ цыма йæ къухы æппындæр ницы æнтыстдзинад бафтыд, уыйау куыдфæндыйæ загъта:

– Капекк дæр ын нæ радтон, афтæмæй «фондз» райстон.

– Куыд æгъдауæй? – цымыдисæй йæ афарста Светæ.

– Къамис саразын кодтон, æмæ йын хуыздæргæнæн нал уыд…

Йæ цъаммар зыдыка ахуыргæнæгæй кæй нæ фæтарсти æмæ йыл кæй фæуæлахиз и, уый мын æхсызгон уыди, фæлæ ницы сдзырдтон. Æнæ мæн дæр кæй нæ фæцуддзæн, уый мæ ноджы тынгдæр бауырныдта. Медицинон академи æнтыстджынæй каст фæци, сырх диплом райста æмæ афтечы кусы. Бон-изæрмæ цъилау зилы æмæ хостæ уæй кæны.

Æнхъæл уыдтæн, «провизор» стыр дæсныйад у, æмæ мæ зондджын чызг исты зынгæ бынат æрцахсдзæн, фæлæ та æнкъардæй ме ‘взонджы бонты хатдзæгмæ æрцыдтæн: «Иры дзыхъхъы нæдæр зонд хъæуы, нæдæр курдиат. Фæхæцæг дыл куынæ уа, кæнæ хицæутты раз дæ астæу æвзонг уисау куынæ таса, уæд гени дæр фест – никæй бахъæудзынæ». Сæхи исбон чи аразы æмæ æфтиагыл сæхи чи мары, уыдон дæр социализмы æнахъинон уаваер нæ ивынц. Скъолайы дæр æмæ академийы дæр сыгъдæг «фондзтæ» ис æмæ, тыртына йæ къалатийы куы згъора, уыйау бон-изæрмæ афтечы мамазила кæн. Афтæ мæм кæсы, цыма мæ чызг уыцы куыстæн æгæр æвгъау у. Истæмæй йын куы баххуыс кæнин, уый мæ фæнды, фæлæ мын иу хицау зонгæ дæр нæй.

Йæ чысыл мызд нæ цардыл хорзырдæм фæзынди? Мисхал дæр – нæ. Куыд æваерæз уыдыстæм, афтæ æваерæзæй баззадыстæм. Рæхджы кæй схъæздыг уыдзыстæм æмæ хорз цæрын кæй райдайдзыстæм, ууыл нæ не ‘рыгон романтик Фаризæ алы бон дæр райдзастхуызæй æууæндын кæны, фæлæ æз тызмæг реалист дæн, æмæ мæм йæ тутт ныхæстæ лыстæг бындзы мæнгуд базырты мынæг дыв-дывæй уæлдай нæ хъарынц. Капитализмы æнауæрдон уырынгдзалх нæ йæ быны куыд æгъатыраей ссæнды, уый мæхиуыл æнкъарын. Мæ хъустыл уайынц Фамусовы ныхæстæ: «Что за комиссия, Создатель, / Быть взрослой дочери отцом!»

Уымæн йæ хъæздыг цæрæнуаты иу чызг йеддæмæ нæ уыди, уæддæр ыл

фыр мæтæй тади, мæнæн та мæ мæгуыр фатеры цыппар чызджы ис æмæ мæ сагъæстыл Фамусовæй дæс хатты тынгдæр æфтауынц.

* * *

Мæ сагъæстæ дзæвгар фæфылдæр сты, мæ фаззæттæ университет каст куы фесты, уæд. Миланæ æмæ Илонæ райстой сырх дипломтæ, Аланæ та – хуымæтæг диплом. Æнхъæл уыдтæн… Ацы дыууæ дзырдæй æгæр арæх пайда кæнын, фæлæ мын хуыздæргæнæн нæй: цард мæ йæхæдæг батæры уырдæм. Æмæ та сæ ныр дæр фæлхат кæнын. Æнхъæл уыдтæн, мæ чызджытæ куы сахуыр кæной, уæд нæ царды уавæртæ фæхуыздæр уыдзысты. Мæ цæстытыл уади æнахуыр зæрдæрайгæ рæсугъд ныв, æмæ мын мæ тыхыл тых æфтыдта. Мæ бинонтæ-иу ацæудзысты кусынмæ, æз-иу, куыд ас лæг æмæ сгуыхт пенсиисæг, афтæ хæрзæфснайд хъарм сыгъдæг уаты компьютеры цур сбаддзынæн, уацмыстæ фысдзынæн æмæ сæ журналтæ æмæ рауагъдадмæ хæсдзынæн. Мæ хуызæн стыр фыссæджы размæ цæлхдуртæ сæвæрын чи бауæнддзæн?!

Дæлдæр фæуай, æнæбон лæг, кæд дæ сæнттæ дæр дæхи хуызæн æнæбон æмæ æгуыдзæг не сты. Ссардтай стыр фыссæг, стæй дæм чи нæ бауæнда, ахæм тæппуд ирæтты. Бынат чи ‘рцахсы, уыдонмæ (уæлдайдæр, къуымыхтæм) афтæ фæкæсы, цыма ‘ппæт хъуыддæгтæ аразæг сты, цыма сæ куырыхон зонд кæдæм нæ бахæццæ уа, уым иу фарста дæр лыггонд не ‘рцæудзæн, æмæ никæйуал ницæмæ фæдарынц. Мæхи ма сæйраг редакторы бынатæй дæр фæцæйисын кодтон. Мæ амонд уыди, æмæ ма фæстаг уыцм мæхиуыл фæхæцыдтæн. Мæ чызджытæ уал, зæгъын, сæхицæн куыстытæ ссарой.

Кæддæр нæ бæстæйы замманай закъон уыди. Ахуыр-иу чи фæци, уымæн-иу куыст радтой æмæ-иу æй рæстæгмæ æмдзæрæны æрцæрын кодтой. Ныр нæ ног уавæрты æппæтзонæг хицæуттæ уыцы закъон зæронд хæррæгъау зæхмæ арæцыгътой æмæ йыл сæ чъизи къæхтæ ныссæрфтой. Кæд дæ куыст хъæуы, уæд æй дæхæдæг ссар, кæд дæ нæ хъæуы, уæд къах – дæ роны, дæ хæдзары бад кæнæ уынгты æнæсæрфат ралли-балли кæн. Ничи дæ ницы бадомдзæн, ничи дын бауайдзæф кæндзæн, дæ цæстмæ дын æй ничи бадардзæн. Магуса кæддæр æгад уыди, ныр æгад нал у. Сæ ныхасæн мæхæдæг æвдисæн нæ уыдтæн. Социалистон цардарæзты рæстæг йæхицæн ном чи скодта, æмæ-иу мингай адæмтæ æхсызгонæй кæй рафыстой, уыцы

бæзджын журналы цы бакастæн, уый дзурын. Мао Цзэдун, дам, Сталинмæ æрбацыд æмæ, дам æй бафарста:

– Мæ бæстæйы хорз цард саразыны тыххæй мæ фыццаджы-фыццагдæр цæмæй райдайын хъæуы?

– Дæ адæмы куыстыл бафтау.

Æппæт бæстæты фæллойгæнæг дзыллæты фыд ын цы дзуапп радта, уым нымадæй цыппар дзырды йеддæмæ нæй, фæлæ дзы цы арф хъуыды сæвæрдта, уый бирæ мингай дзырдтæй ахадгæдæр у. «Куыст цардæн – фæрæз», – фыста Къоста. Ирон адæммæ æмбисæнттæ æппæты фылдæр ис фæллойы тыххæй: «Цард куыстæй у. Лæджы дарæг куыст у. Цард кусæг лæджы уæхскыл бады. Лæг куыстæй æхсиды». Нæ фыдæлтæ хуыскъастæутыл худгæ кодтой æмæ сæ æгады бынаты æвæрдтой: «Магусайæ цæлуарзагæй дард лидз. Хæдзары фæллой магуса сафы. Бадæг гал хиз не ссардзæн». О, нæ фыдæлтæ фæллойæн стыр аргъ кодтой, уымæн æмæ, æгуыстæй цард саразæн кæй нæй, уый хорз зыдтой. Уыцы хъуыддаг уырыссæгтæ ирæттæй æвзæрдæр кæй нæ зыдтой, уый ирдæй зыны сæ бирæ æмбисæндтыл: «Без труда не вынешь рыбку из пруда. Терпение и труд все перетрут». Уæдæ дыууæ адæмыл дæр цы бæллæх æрцыди фæстаг азты? Кæрæдзиимæ ерысгæнæгау æгуыст адæмы нымæц фæфылдæр кæныныл сæ уды быцъынæг цæмæн скъуынынц?

Йæхи куыстуат чи сараза, уый бирæ кусджытæ куынæ хъæуа, уæд æй бамбардзынæн, фæлæ паддзахадон куыстуæтты хицæуттæ сæ кусджыты уынгмæ кæй тæрынц, стæй уæлдæр ахуыргæнæндæтты рауагъдонты куыстмæ кæй нæ исынц, уый бамбарын мæ бон нæу. Кæд нæ хицæуттæ рауагъдонтæн куысты бынæттæ раттын нæ фæразынц, уæд сæ цæмæн ахуыр кæнынц? Кæд нæ бæстæйы специалисттæ нæ хъæуы, уæд уыйбæрц ахуыргæнæндæттæ, ахуыргæндтæ æмæ ахуыргæнджытæ цæмæн дарынц æмæ сыл стыр æхцатæ цæмæн хардз кæнынц?

Мæ фаззæттæ ахуыр фесты, æмæ сын æз сæ дæсныйæдтæм гæсгæ куыстытæ кæд ссардзынæн, уымæ æнхъæлмæ кæсынц. Иуæй-иу фысджытæ дардмæ уынынц. Цæмæй сæ сывæллæтты хорз куыстытæм бакæной, уый тыххæй рагацау хицæутты бын абырыдысты. Мæнмæ ахæм курдиат нæй, мæ зонгæтæ æмæ мæ хæлæрттæ иууылдæр мæхи хуызæн æбар сæмпæрчъитæ сты, æмæ мæ чызджытæн мæ бон куыстытæ ссарын нæу. Æнæнхъæлæджы иу хъæздыг лæгимæ базонгæ дæн æмæ йын Илонæйы тыххæй бакой кодтон. Уый мæм уазал цæстæй æрбакаст æмæ куыдфæндыйæ сræцыгъта:

– Мæ куыстуæтты иу уæгъд бынат дæр нæй.

Иу рынчындоны мын зонгæ бухгалтер разынд, æмæ йын балæгъстæ кодтон:

– Æз – дæ мад, дæ фыды уазæг, Аланæмæ мын дæ цæст фæдар. Æнæ мыздæй дæм кусдзæн, æмæ йæ истæуыл сахуыр кæн.

– Табуафси, – сразы и сылгоймаг, æмæ бацин кодтон, фæлæ мæ цин бирæ нæ ахаста.

Аланæ йæм иу къуыри фæцыди, стæй мæм кæугæйæ цæхгæр ныллæууыди:

– Папæ, æз уырдæм нал ацæудзынæн!

– Цæуылнæ?

– Æппындæр мын ницы амоны… Бон-изæрмæ йын цайтæ кæнын…

Цы ма йын загътаин. Парламентмæ æвзæрстытæ райдыдтой. Спъирт-заводы директоры мах æххуыс бахъуыд, æмæ йæм иу æмбырды фæстæ ‘рхатыдтон:

– Мæ чызг университеты сырх дипломимæ каст фæци биологон-технологон факультет, æмæ ма йæ дæ заводы лабораторимæ практиканткæйæ райс.

Йæ сæр разыйы тылд бакодта, фæлæ мын, мæнмæ гæсгæ, мæ ныхæстæ хъусгæ дæр нæ фæкодта кæнæ сæм ницы хъус ærдардта. Илонæ сæм бацыди, æмæ йæ сау кусæгæй цехмæ нырвыстой. Цалдæр боны дзы удхарæй фæмарди æмæ та мæм уый дæр кæугæйæ ‘рбацыди:

– Папæ, цех арф пъадвалы ис, æмæ йæм цæхгæр асинтыл тæрсгæ-ризгæйæ ныххизын, уый ædde ма тæвд уæлдæфы мæ кæсæнцæстытæ дæр схид вæййынц, æмæ æппындæр ницыуал фæуынын.

Мæ лæмæгъ чызгæн фæтарстæн. Чи зоны, фæрæдыдтæн, фæлæ та уымæн дæр фæтæригъæд кодтон. Директорæн ницыуал загътон, уымæн æмæ мæ ныхæстæ хылы фæстæ уæлдæф тымбыл къухæй хойæгау рауадаиккой. Парламенты депутат сси, æмæ йæ мæ хуызæн лыстæг дзиглойы æххуыс нал хъуыди…

Миланæйы куыстмæ райсыны тыххæй кæмæн балæгъстæ кæнон, уый зонгæ дæр нæ кæнын. Дзаумæтты хæрзхъæддзинад бæрæггæнджытæ, æвæццæгæн, раздæр хъуыдысты, æмæ университеты химион-технологон факультет байгом кодтой, фæлæ ныр никæйуал хъæуынц, факультет та кусы æмæ ænæпайда специалистты уадзы. Цæмæн, уый ничи зоны, стæй йæ зонын дæр никæй фæнды. Кусы æмæ кусæд. А фæстаг рæстæджы арæх фæхъуыды кæнын ацы фарстайыл æмæ, йæ бæстæйы адæмыл (уæлдайдæр,

фæсивæдыл) чи нæ тыхсы æмæ сын куыстытæ чи нæ дæтты, уыдоны цы нæмттæй рахонон, уый нæ зонын. Сæ аккаг æнахъинон карз дзырд ирон æвзаджы дæр нæ арын, уырыссаг æвзаджы дæр. Мæхинымæр сæм раттын ахæм фæрстытæ:

– Бон-изæрмæ йæ хæдзары чи бады, уый хъуамæ цæмæй цæра, йæ зæрдæ цæуыл дара, бинонтæ цæй ныфсæй скæна æмæ сæ цæмæй хæсса?

Иу фарстæн дæр дзы мæ бон дзуапп раттын нæу. Уыйхыгъд сын дзуапп дæтты цард йæхæдæг. Мæ алыварс уынын æрмæстдæр ныфссаст æбарвæнд расыггæнджыты æмæ наркоманты. Фысджытæй, мæ хæстæджытæй æмæ мæ зонгæтæй искуы-иутæй фæстæмæ иннæтæн сæ цот сты сæфт. Кæд нæ хицæуттæн сæ сæйрагдæр хæс ахæм фæсивæд хъомыл кæнын у, уæд ноггуырд сывæллæтты мадæлтæн ныййарæджы капитал цæй тыххæй фидынц? Цæмæй уыцы сывæллæттæ дæр куы схъомыл уой, уæд ныры фæсивæды хуызæн сæфты къахыл ныллæууой, уый тыххæй?

Фæстаг рæстæджы нæ царды цы æнахуыр фæтк ныффидар и, уый та æппындæр не ‘мбарын. Уæлдæр ахуыргæнæндæттæ æнтыстджынæй каст чи фæци, уыдонæн нæ разагъды лæгтæ амонынц диссаджы зонд. Уæ дипломтæ, дам уæ ницæмæн хъæуынц æмæ, дам сæ бырæттæм аппарут, сау кусджыты курсытæ, дам, каст фæут, уæ дыстæ, дам, рæбыноз бафæлдахут æмæ, дам уæ райгуырæн бæстæйы сæраппонд уæ удтæй арт цæгъдут. Фыццаджыдæр мæ базонын фæнды – уыцы зондамонджытæ сæхи цоты дæр уыцы курсытæм æрвитынц? Дыккагæй та, уæлдæр скъола каст чи фæуа, уый ма дын курсытыл æрвæссы? Фæлтау йæ зæронд ныййарджыты чысыл пенситæй цæрдзæн.

Æрыгон ма куы уыдтæн, уæд аивадон киноныВты ‘вдыстой заводты æмæ фабрикæты кусджыты. Афтæ зæрдиагæй куыстой, ахæм рæсугъд цард кодтой, æмæ сæм-иу фыр хæлæгæй экранмæ фæцæйхызтæн, уæлдайдæр-иу сæйраг хъайтартæ – лæппу æмæ чызджы ‘хсæн тыхджын уарзондзинад куы уыди, уæд. Уыцы горæтаг фæсивæдæй амондджындæр та уыдысты хъæуккаг зæхкусджытæ. Рувгæйæ æмæ найгæнгæйæ кафыдысты æмæ зарыдысты. Уыдон царды æцæгдзинадæй уыдысты тынг дард, фæлæ уæддæр уыцы агитацион киноныВты авторты æмбæрстон: кæд дæ бон уæлдæр скъоламæ бацæуын нæу, уæд нæм ис колхозтæ æмæ совхозтæ, заводтæ æмæ фабрикæтæ. Фæлæ ныры пропагандæгæнджыты не ‘мбарын. Адæймаджы бæхæй хæрæгмæ хизынгæнæн куыд ис? Бæхы рагъмæ йæ цæмæн æргъæвыс, кæд ын хæрæг йеддæмæ ницы аккаг кæныс, уæд?

Дарддæр мæ ныхас æгæр гуымиры рауайдзæн, фæлæ, æгуыст адæмы тыххæй цы хъуыды кæнын, уый мын æнæ зæгъгæ нæй. Кусгæ чи нæ кæны, уый мæм фосæй æгаддæр бынаты æвæрд у, уымæн æмæ дзы æппындæр ницы пайда ис йæхицæн дæр, бинонтæн дæр, бæстæйæн дæр. Зианхæссæг йеддæмæ ницы у. Æмæ ахæм адæймаг цæмæн хъæуы? Искæй тухæнæй марынæн æмæ йын йæ хидвæллой хæрынæн? Хуыцауы фæздæгæй марынæн? Уæлдай хæрдзтæ кæнынæн? Фыдракæндтæ аразынæн? Æхсæнады исбон давынæн? Кæд капитализм фосæй æнæпайдадæр цæрæгойтæ хъомыл кæны, кæд сæ раст фæндагмæ не здахы, кæд сын сæ сæрты хорз зонд нæ уадзы æмæ сын сæхи фæдарыны тыххæй фæллой кæнынæн фадæттæ нæ аразы, уæд ахæм æнæсæрфат цардæзт цæмæн хъæуы? Тыхтонагæнджыты, зыд æмæ кæрæфты, цæстфæлдахджыты æмæ лæгмарты чыссæтæ дзаг кæнынæн, сыгъдæгзæрдæ адæмы бартæ исынæн æмæ сæ фосæй æгаддæр бынатмæ тæрынæн?

* * *

Хæрз æрыгонæй ма бынтон æнæмбаргæ куы уыдтæн æмæ, мæхицæн стыр фыссæг суæвын æнхъæлæй зæрдæрайгæйæ сфæлдыстадон къуыдырсындзджын фæндагыл куы слæууыдтæн, уæд афтæ хъуыды кодтон: «Замманай радзырд-иу ныффысдзынæн, æмæ мын-иу æй редактортæ, цингæнгæйæ, райсдзысты, газеты кæнæ-иу æй журналы æхсызгонæй ныммыхуыр кæндзысты, æмæ-иу æй адæм, кæрæдзи къухтæй исгæйæ, цымыдисæй кæсдзысты. Мæ радзырдтæ-иу куы бакъорд уой, уæд мын-иу сæ рауагъдады кусджытæ æрæмбырд кæндзысты, хицæн чиныгæй-иу сæ рауадздзысты, æмæ-иу сæ адæм дуканийæ скъæфдзысты».

Фæстæдæр куыд бамбæрстон, афтæмæй уыдон уыдысты æдылы æвæлтæрд лæппуйы уæлæнгай хъуыдытæ, цæстылуайгæ нывтæ, уырзтæй фæхæцæн кæуыл нæй, ахæм æнæбындур бæллицтæ, æмæ мын дзы советон цардæзты сæххæст и æрмæстдæр иу. Мæ чингуытæ дуканийы никуы бафæстиат сты: адæм сæ-иу уайтагъд алхæдтой. Цæмæй иудадзыг дæр мæхи ныхкъуырдæй хатон æмæ мæ куыдзы бынат зонон, уый тыххæй мæ уыцы хъуыддаджы дæр ме ‘мсис «хæлæрттæй» бирæ ælхыскъгæнджытæ фæци, фæлæ мын уæддæр чиныгкæсджыты хорз зæрдæйы ахаст ныфсы хос уыди, æмæ, уыдоныл мæ зæрдæ даргæйæ, мæ бирæ цæлхдурты сæрты хызтæн чысыл æнцондæрæй.

Ныр рæстæг аивта, интернет æмæ чырæг телефонтæ чиныгыл фæуæлахиз сты, æмæ мæ зæрдæ никæуылуал æмæ ницæуылуал дарын. Бæдул йæ фыццаг айк куыд тугамæстæй æрæфтауы, мæ фæстаг чиныг дæр раст афтæ тугæрхæмæй, фыдынд æмæ æнадæй рацыди (ахæм чиныг куыдфæндыйæ рауадзæн ис, уынгæй дæм фыццаг хатт йæ ницæйаг къухфыст чи ‘рбахæсса, уымæн дæр) æмæ мын мæ ныфс асаста. Ныфс та мæ нырæй тынгдæр никуы хъæуы, уымæн æмæ йæ Ирыстоны æппæты кадджындæр премимæ бадæттынмæ хъавын. Хъуамæ фысджыты цæдисы сæрдар баронджæр уаид, фыдзæрдæ ахаст макæмæ дарид, æрмæстдæр уацмысты хæрзхъæддзинадмæ кæсид æмæ мын мæ чиныг къамисмæ уый бадæттид, фæлæ мæ фыдгул Хамбимæ ‘рхауæд. Мæ размæ мын стыр цæлхдуртæ сæвæрдта, æндæр мын ницы ‘ххуыс фæци.

Цæдис дзы ахæм куынæ уа! Нæ дзы лæджы хуызæн хæдивæг и, нæ – хуызæнæн правлени. Тæппуд кæрчытæ тугдзых хъæрццыгъайæ куыд фæтæрсой æмæ дзы алы къуымты куыд бамбæхсой, уыйау се ‘ппæты дæр сæрдар йæ къæхты бын дары, æмæ æппындæр никæцæй зынынц. Мæ ныхмæ ныффæрск и, æмæ дзы мæ фарс рахæцын ничи бауæндыди. Алчидæр æм цæмæдæр æнхъæлмæ кæсы: чи – фатермæ, чи – кадджын ном райсынмæ, чи – премимæ, чи – балцæгмæ, сæ фылдæрмæ та ахæм зондахаст и: мæ фос мын цы бирæгъ нæ хæры, уый цæрæд, æмæ йæ мæн тыххæй сæхимæ цæмæн хæрам кæной? Иуцасдæр фæсагъæс кæнын. Фыр мæтæй ма мæ хуыссæг дæр фæлидзы. Адæмы цæсты ма цы бафтон, æндæр мын кæй ничи ницы ратдзæн, ууыл мæхи бауæндын кæнын æмæ йыл мæ къух ауигъын: «Мæ фыдæлтæ дæр цæргæбонты премитæ фæистой? Кæд мæнæн дæр æнæ премийæ ницы уаид».

Хъуыддаг къух ауигъынæй куы хицæн кæнид, уæд бæргæ, фæлæ нæ хицæн кæны. Иугæр уыцы хъуыды мæ сæрымагъзы хост зæгæлау ныффидар и, уæд мын дзы ферваэзæн нал и. Мемæ ‘мдзу кæны æмæ мæ удхарæй мары: «Чи йæ райста, уыдонæн сæ фылдæрæй ды бирæ хуыздæр фыссыс, æмæ дын æй æнæ ратгæ нæ фæуыдзысты. Дæ ныхмæ цы цæсгомæй хъуамæ схъæлæс кæной? Къостайы традицитæй арвы талынгты чи лыгъди æмæ сæ аууæттæй дæр чи тарсти, парти æмæ хицауадыл былалгъæй чи зарыди, уыдонæн æй дæсгай азты дæргъы куы фæлæвæрдтой. Мацæмæй сæ тæрс. Дæ гæххæттытæ сæм бадæтт».

Цæмæдæр гæсгæ мæ зæрдыл ærлæууыди иу интервью. Æхсай азы мыл куы сæххæст и, уæд мæм телеуынынады уацхæссæг Гæлæу æрбацыди.

Литературæйы æмæ царды тыххæй бирæ фæныхас кодтам, стæй мæ, Къостайы премимæ цавæр цæстæй кæсын, уымæй бафарста. Сахаты ‘рдæг ын фæдзырдтон, бынтон лæмæгътæн дæр æй кæй дæттынц æмæ дзуары хуызæн лæджы æгæр дæлоз кæй æппарынц, уый тыххæй. «Хицауадмæ бирæ æхцатæ ис, æмæ уымæй нал фæмæгуырдæр уыдзысты. Сæрмагонд паддзахадон преми скæнæнт æмæ йæ дæттæнт, кæмæндæриддæр сæ фæнды, уыдонæн, æцæг Къостайы сыгъдæг ном ма æгад кæнæнт. Ахæм бар сын ничи дæтты», – уый уыди мæ сæйраг хъуыды, мæ сæры та равзæрыди, бирæ ницæйæгтæн æй куы радтой, стæй ма йæ, ирон литературæмæ мисхалы бæрц дæр чи ницы бар дары, уыдонæн сæ хæдзæрттæм дæр куы ахастой, уæд. Преми ма уымæй дæлдæр æрæппарæн кæдæм и?! Цалдæр боны фæстæ Гæлæуы телеравдыстмæ кæсын, æмæ дзы премийæн йæ кой дæр нæй. Цыдæриддæр ын фæдзырдтон, уыдон иууылдæр акалдта. Куы йыл амбæлдтæн, уæд æй бафарстон:

– Премийы тыххæй дын цы хъуыдытæ загътон, уыдон дæ зæрдæмæ куы фæцыдысты, уæд сæ цæмæн аппæрстай?

– Ницæмæн дæ хъæуынц! Сывæллæттæ даринаг дын ис, æмæ дæ дзыхыл хæц! – цæхгæр алыг кодта Гæлæу æмæ мæ лæугæйæ ныууагъта.

«Мæ сывæллæтты мæт дæ нæ бадомдта. Ды дардмæ кæсыс. Къамисы уæнгтæ дæм куы фæхæрам уой æмæ дын преми куынæ радтой, уымæй тæрсыс, æмæ сын мæн тыххæй сæ зæрдæтæ нæ къахыс», – ахъуыды кодтон мæхинымæр. Тæхудиаг сты, дардмæ чи уыны, алы хæппæй дæр чи тæрсы æмæ сæтæлæгау йæ хъузгæй æддæмæ рахизын чи нæ уæнды, уыдон: сæ къухы бирæ ‘фты. Мæнæн мæ бон афтæ нæу. Цъымара кæм нæ уа, уым дæр æй хъуамæ ссарон æмæ дзы мæ хъуырмæ аныгъуылон. Ныр дæр, мæнмæ гæсгæ, мæ ных цъымарамæ сарæзтон. Фæнды мæ мæхи бауромын, фæлæ мæ бон нæу. Мæ зæрдæ мæ размæ тæры æмæ мæ ‘рлæууын нæ уадзы. Мæ фæндон мæ чиныджы редакторæн загътон, æмæ, мæнæн тæригъæдгæнгæйæ, бакатай кодта:

– Тынг æнæзæрдæисгæ чиныг у, æмæ дын ыл куынæ барвæссой…

Мæ зонгætæй мæ хабар кæмæ байхъуысти, уыдон мæ-иу цымыдисæй афарстой:

– Премимæ дæ роман балæвæрдтай?

– Нагъ. Мæ радзырдтæ, – дзуапп сын-иу радтон æз, æмæ-иу сæ цæсгæмттыл бæлвырд фæзынди, мемæ разы кæй не сты, уый. Æз сæ хорз æмбæрстон. Роман тынгдæр айхъуысти, æмæ йын, чи зоны, йæ рæстæджы

преми разæнгарддæрæй радтаиккой (фæлæ ма уæд æфсæрмыгæнагдæр уыдтæн, æмæ йæ мæ цæсгом премимæ бадæттын нæ бахъæцыди), радзырдтæн та ратдзысты, нæ ратдзысты, Хуыцау – йæ зонæг. Адæмы ‘рдыгæй мын ахæм ахаст хъыг уыди, уымæн æмæ мæ радзырдтæн мæ романæй къаддæр аргъ нæ кодтон, фæлæ дын алырдыгæй иудадзыг «куырм дæ, куырм дæ» куы кæной, уæд дæ цæстытæ бацъынд кæ. Алы райсом дæр-иу рабадтæн, премийыл хъуыды кæнгæйæ, фынæй дæр-иу бадæн, премийыл хъуыды кæнгæйæ, рæстæг та цыди мæстæймарæгау, æнæзмæлгæйæ. Мæ сагъæстæй афтæ сфæлмæцыдтæн, æмæ мæ преми нæ, фæлæ мæ чиныг дæр нал хъуыди. Уыдис ма мæм æрмæстдæр иу бæллиц – октябры мæй цыфæнды фæстиуæгимæ дæр ахицæн уæд, æцæг тагъддæр.

Хъæлæс кæнынмæ ма фондз боны куы уыди, уæд мæ утæхсæн ноджы фæтыхджындæр и. Куыстæй нæхимæ ныццыдтæн æмæ мæ сагъæстæй фервæзыны тыххæй телевизор скусын кодтон. Куыддæр диваныл æрбадтæн, афтæ мæм мæ чырæг телефоны дзæнгæрæг æрбайхъуысти. Фелвæстон æй æмæ дзы айхъуыстон ме ‘рыгон хæлары райдзаст хъæр:

– Арфæ дын кæнын, Ирбег!

– Цæй тыххæй?

– Дæ ныхмæлæуджытыл фæуæлахиз дæ!

– Кæм?

– Преми рамбылдтай!

Йæ зæрдæ æдзухдæр хъазын агуры, æмæ та мæ кæд ацы хатт дæр хынджылæг кæны, зæгъгæ, афтæ бакодтон:

– Ма мæ сай. Нырма хъæлæс кæнынмæ фондз боны хъæуы.

– Абонмæ йæ рахастой, æмæ дæ хæрзæггурæггаг – мæн!

Иу адæймаджы ныхас мæм нæ бахъардтаид, фæлæ дзыллæтæ æмгуыппæй куы схор-хор кодтой æмæ мæм алырдыгæй дзурын куы райдыдтой, уæд мæ бауырныдта. Дисы мæ бафтыдта сæ иумæйаг æгæрон цин. Мæ фаззæтты хистæр Миланæ мын уый размæ интернеты сæрмагонд сыф байгом кодта, æмæ мæм уырдæм иронау æмæ уырыссагау арфæтæ æрвыстой æмæ æрвыстой:

– Арфæ дын кæнын зæрдæбынæй!

– Прими мои искренние поздравления!

– Æхсызгон мын у: кæдæй-уæдæй рæстдзинад фæуæлахиз и!

– От души желаю тебе самых больших успехов!

– Дæуæн уыцы преми бирæ раздæр дæттын хъуыди!

– Награду получил заслуженно!!!

– Ды дæ æцæг адæмон фыссæг-реалист, æмæ ма де ‘нтыстдзинæдтыл иу уыйбæрц бафтæд!

– Молодец! Так держать!

Арфæтæ мæм цыдысты бæстæйы алы кæрæттæй, уыдысты алыхуызон æмæ тынг бирæ. Æхсызгонæй сæ кастæн, фæлæ мæ цалдæр фарсты иу ран нал уагътой: «Раздæрау ма куы ‘фсæрмы кодтаин æмæ мæ чиныг премимæ бадæттын мæ цæсгом куынæ бахъæцыдаид, уæд æвзæрдæр фыссæг уыдаин? Преми мæ курдиатджындæр фæкодта, æмæ арфæты аккаг уый фæрцы сдæн? Кæд мæ ирон чиныгкæсджытæ, æцæгдæр, хорз фыссæгыл нымайынц æмæ мæ адæмон хонынц, уæд премимæ цæмæн æнхъæлмæ кастысты? Цалдæр фыссæджы мын ме ‘ппæт уацмыстæ дæр, сæ марг калгæйæ, цъыфы куы сæвдылдтой, дур дзы дурыл куы нал ныууагътой, зианхæссæг мын сæ куы рахуыдтой, уæд дзы мæ фарс куыд ничи рахæцыд (дыууæ фыссæгæй фæстæмæ) æмæ дзы мæ хахуыргæнджытæн хæларзæрдæйæ фæлмæн уайдзæф уæд та куыд ничи бакодта? Æдзæсгомы ных бакъуырынæн æмæ йын йæ аххос бацамонынæн литературæйы къæдзæхтæ рафæлдахын нæ хъæуы.

* * *

Фондз сылгоймаджы цы хæдзары уа, уым æртæ чысыл мызды æмæ иу æнæбары пенсийæ цæрæн нæй. Сæхимæ базилынмæ сæ бирæ цыдæртæ æлхæнын хъæуы. Дуканимæ мин сомимæ куы бацæуай, уæд дзы дæ чыссæ дæр æмæ дæ дзæкъул дæр, хицæутты æлгъитгæйæ, афтидæй рахæсдзынæ. Æдзухдæр æппæтæй асламдæр хойрæгтæ фæцагурын, мæхи бынтон æгадæй фæхатын æмæ фыр мæстæй æгæлæнтæ кæнын райдайын. Мæ былыцъæрттæ фæхæрын базармæ бауайынмæ æмæ дзы æппæты хуыздæр продукттæ, æнæ равзарбавзаргæнгæйæ æмæ æнæ утæхсæнгæнгæйæ, алхæнынмæ, фæлæ мæ бæллиц æнæ сæххæстгæнгæ тутт бæллицæй баззайы. Кæддæр мæ ме ‘дылы сæр æмæ мæ фыдбылызы къæхтæ Астæуккаг Азимæ куы ахастой, уæд дзы æнæнхъæлæджы сæмбæлдтæн дыууæ ирон чызгыл. Куыд сæ бамбæрстон, афтæмæй хæрз хотæ уыдысты. Сæ иу – хистæр æмæ фыдынддæр, иннæ – кæстæр æмæ рæсугъддæр. Куы базонгæ стæм, уæд сæ бафарстон:

– Уæ хорзæхæй, ацы Хуыцауы ‘лгъыст хурсыгъд бæстæйы цы агурут? Ирыстоны цæуылнæ цæрут?

– Нæ бон ирон цардæй цæрын нæу, – тыхстхуызæй мын дзуапп радта сæ хистæр.

Æцæгдæр, ирон цардæй зын цæрæн у. Зиантæ æмæ цинтæм æнæ цæугæ нæй. Ды куы никæмæ цæуай, уæд дын дæхимæ дæр ничи ‘рбацæудзæн. Æз алкæмæ дæр цæуыныл разы дæн, фæлæ дзы цы сæвæрон, уый мæм фылдæр хатт нæ вæййы, афтидармæй цæуын та мæ сæрмæ нæ хæссын. Искуы-иу хатт, бинонты исбонæн бæрзæйсæттæн цæф ныккæнынæй тæрсгæйæ, искæдæм ацæуынмæ куы фæзивæг кæнын, уæд Светæ мæ хъуыры абады æмæ мæ уайдзæфты, ælхысчъыты æмæ фидисты бын фæкæны:

– Дæуæй афтæ, уыдонæн се ‘хцатæ ракæл-ракæл кодтой, дæ райгуырæн бонмæ дын замманай лæвар куы ‘рбахастой, уæд?

Кæнæ:

– Уыдон мæ фыды зианы æртæ мины куы сæвæрдтой, уæд сæм мах уымæй къаддæр куыд хъуамæ бахæссæм?

Кæнæ:

– Уый дын дæ расыггæнаг æфсымæрыл куы барвæссыди æмæ йын йæ зианмæ куы ‘рбацыди, уæд æй ды дæ сæрмæ цæуылнæ хæссыс?

Кæнæ:

– Цыппар чындздзон чызджы дын кæй ис, уый дæ рох ма уæд. Цæмæй сæ ратдзынæ, дæ фарсмæ куы ничи ‘рбалæууа, уæд?

Ноджы йе ‘фхæрæн ныхæстæ ахæм хъæлæсы уагæй фæзæгъы, цыма нæ капеччытыл мæхицæн дзаумæттæ балхæныны тыххæй фæцауæрдын. Нæ бон цæрæнуатон-коммуналон лæггæдтæн фидын нæу, æмæ нæ хæстæ сбирæ вæййынц.

– Уыдон æнæмæнг фидинаг сты, æмæ сæ афойнадыл фид, – фæзæгъын Светæйæн, æмæ мæ карз æфхæрæгау бустæхуызæй барæхойы:

– Цæмæй?!

Ахæм уавæрты цæргæйæ нын мæ преми цасы фаг хъуамæ суыдаид? Судзгæ хуры къæймæ бæгъæввадæй фæлæууæн кæуыл нал вæййы, уыцы змисы доны ‘ртæхтæ куыд тагъд айсысынц, афтæ нæ бирæ хъуæгты æвиппайды атадысты, æмæ нæм дзы фæстæмæ фæкастмæ дæр ницыуал аззади. Ноджы ма Фаризæ фæсаууонмæ университеты юридикон факультеты ахуыр кæнын райдыдта, æмæ йын æхца фидын бахъуыди. Æмæ ма ‘рмæст уыцы хæрдзтыл куы баззадаин. Йе ‘мкурсонты хорз дæр нæма базыдта, афтæмæй йын дзы иу læппу ныллæгъстæ кодта:

– Иу фыдгæнæгæй фæхæсджын дæн, æмæ мæ, æртхъирæнтæгæнгæйæ, йе

‘хцатæ домы. Цыбыр рæстæгмæ йын сæ куынæ раттон, уæд мæ амардзæн. Ныртæккæ кусгæ нæ кæнын, æмæ мæ бон кредит райсын нæу. Ды-ма мын райс, дæ хорзæхæй. Иу мæймæ дын сæ бафиддзынæн.

Фаризæ йын фæтæригъæд кодта æмæ йæ бафарста:

– Цас дæ хъæуы?

– Сæдæ æстай мины.

Райста йын сæ æмæ æдылыйы бынаты баззади. Лæппу зæххыбынтыдзæуæг разынди, ницыуал ын радта, æмæ уыцы æнæбайрайгæйы кредит æз мæ мыздæй фидын. Цы зæрдæйы уагæй, уый зын бамбарæн нæу.

– Папæ, ныххатыр мын кæ, дæ хорзæхæй. Мæнæн нырма мæ цард разæй ис, æмæ мын ацы æвирхъау рæдыд урок фæуæд, – фæсмонгæнæджы хъæлæсæй мын дзуры Фаризæ, æмæ йæ ‘мбарын, фæлæ уыйхыгъд капитализмы экономикæйæн æппындæр ницы ‘мбарын. Æдзухдæр дис кæнын: хойрæгтæ æмæ дзаумæттæ хуыздæр куынæ фæвæййынц, уæд бонæй-бон зынаргъдæр цæмæн кæнынц? Социализмы-иу бæрæгбоны размæ æргътæ дæлæмæ ‘рхаудтой, ныр та хæрдмæ цæуынц æмæ цæуынц. Куыд ædзæсгом хъуамæ уай, цæмæй дæ бæстæйы цæрджыты мисхалы бæрц дæр мацæмæ дарай æмæ сæ мæлдзыджытау дæ къæхты бын ссæндай! Дæ къæлæтджыны куыд фидар хъуамæ бадай, цæмæй æппындæр макæмæй тæрсай, æмæ дæ цыдæриддæр фæнда, уый кæнай! Куыд… Уæле дæлæмæ мæ хиваст гуымиры хицæуттæм кæсгæйæ мын уыцы æнæбайрайгæйы «куыд»-тæ афтæ сбирæ сты, æмæ сын кæрон дæр нæй. Куы сæ фервæзин, бæргæ, фæлæ рæхысы цæгтау ме‘нæсæрфат æдзæлгъæд цардимæ фидар баст сты æмæ мын мæ мастыл цæхх кæнынц.

* * *

«Дæ мад куы амæла, уæд æй, йæ мад кæмæн амард, уымæн радзур, иннæ дæ нæ бамбардзæн». Мæнмæ гæсгæ, ацы æмбисонд мадæн йæ мæлæтæй йæ рæвдыдмæ къаддæр нæ хауы: «Мады рæвдыд куынæ базонай, уæд æй, мады рæвдыд чи нæ базыдта, уымæн радзур, иннæ дæ нæ бамбардзæн». Ацы ныхæсты рæстдзинад мæхиуыл бирæ хæттыты куынæ бавзæрстаин, уæд сæ кæрæдзиуыл афтæ æууæнкджынæй нæ барин. Мæ зæрдæмæ-иу чи фæцыди, уыцы чызджытæй-иу алкæмæ дæр уыцы-иу рæстæг мады рæвдыдмæ дæр æнхъæлмæ кастæн (стæй æрмæст чызджытæм – нæ, хистæр сылгоймæгтæм дæр), нæ йæ истон æмæ-иу алы хатт дæр æнæ рæвдыдæй

баззадтæн. Мæ уавæр мын Аминæтæй фæстæмæ Уарзетæйæ хуыздæр ничи банкъардта æмæ мын мæ зæрдæйы хъæдгæмттæ уымæй тынгдæр ничи бандидзын кодта.

Зондджын сылгоймаг уыди, зæрдæхæлар, цæстуарзон, æнæхин. Уыцы бæллиццаг миниуджытæ иу адæймаджы арæх нæ баиу вæййынц, фæлæ Уарзетæйы баиу сты æмæ йын йæ удыхъæд тынг рæсугъдæй æвдыстой. Йæ зæрдæ дзаг уыди сыгъдæг уарзондзинадæй. Йæ цоты æмæ уыдоны цоты æгæрон уарзтæй уарзта. Мах, йæ дыууæ сиахсы, дæр уыдыстæм йæ хъæбултæ, æмæ нæм зул дзыхыныхасæй дæр никуы сдзырдта. Йæ сиæхстæ дæр систæм йæ фæрцы. Куыд мын дзырдта, афтæмæй Куыдзæг раздæр йемæ куысты бахæлар и, стæй та – Милæимæ. Мæн дæр Амырби раздæр уымæн «бауарзын кодта», стæй та – Светæйæн. Нæ дыууæ дæр йæ зæрдæмæ фæцыдыстæм. Йæ чызджыты нын нæ бæрны тынг райгондæй бакодта æмæ нæ нæ фæфыдæнхъæл и. Йæ цот æм фыр буцæй дзырдтой «мами», æмæ йæ Куыдзæг дæр афтæ хуыдта. Мæ бинонты ‘хсæн «мамæ» иу хатт дæр никуы фехъуыстон æмæ йыл нæ сахуыр дæн, цы дзырдыл нæ сахуыр уай, уый та зын дзурæн у, æмæ дзы нæ пайда кодтон, фæлæ мæм уый тыххæй Уарзетæ ме ‘мсиахсæй æвзæрдæр зæрдæ нæ дардта. Йæ цотмæ йын æз хæлæг кодтон æмæ сын арæх дзырдтон:

– Мæнæн ахæм сызгъæрин мад куы уаид, уæд æй мæ уæлныхты хæссин.

Уыдон былалгъ ныхæстæ нæ уыдысты, мæ зæрдæйы бынæй цыдысты. Цыдæр фæлмæндзинад мæм дзы ивылди æмæ мын мæ зындзинæдтæ рогдæр кодта. Мæ мады мын баивта, зæгъгæ, куы зæгъон, уæддæр нæ фæрæдидзынæн. Тынг фырнымд уыди. Куы-иу фæрынчын и, уæд-иу æй Светæимæ, хъуырыцъарæй лæгъстæ кæнгæйæ, нæхимæ хуыдтам, фæлæ нæм никуы бахсæвиуат кодта. Йе сиахсмæ баззайын йæ сæрмæ нæ хаста. Бирæ йæ уарзтон æмæ йын стыр аргъ кодтон. Ноджы зынаргъдæр та мын сси, Фаризæмæ цы зæрдæ дардта, уый куы базыдтон, уæд. Æрхъæцмæ дæр ыл нæ хъæцыди æмæ йе ‘нкъарæнтæ йæ иннæ цоты сывæллæттæй æмбæхсгæ дæр нæ кодта.

– Хъулон уарзт æй цæмæн кæныс, мами? – иу хатт æй мæ цуры бафарста Светæ.

– Йæ афæдзы куывды нæм æй йæ урс бантытимæ урс къабайы куы рахастай, уæд мæм афтæ фæкасти, цыма уæларвæй гыццыл зæд æртахти æмæ мын мæ цард зынгæ фæрæсугъддæр кодта. Мæ уд дзы баззади, æмæ

йæм уæдæй фæстæмæ мæ зæрдæйы уаг нал аивтон, – æнахуыр фæлмæн хъæлæсæй йын дзуапп радта Уарзетæ.

Уыцы уарзондзинад Фаризæйы зæрдæмæ афтæ арф бахъардта, æмæ йын æнæ уый йæ цард ад нал кодта. Куыддæр ын-иу рæстæг фæци, афтæ-иу æм хъæуы балæууыди, æмæ-иу æй уырдыгæй нæхимæ йæ къах нал хаста. Уарзетæ горæты куы ‘рцарди, уæд та йæм ноджы арæхдæр згъорын райдыдта. Иумæ-иу куы ныхас кодтой, уæд мæ-иу дисы бафтыдта, кæрæдзи куыд хорз æмбарынц, уый. Сæхи афтæ дардтой, цыма æмгæрттæ уыдысты.

– Куыд дæ, миленькая? – телефонæй йæм-иу хъæлдзæгæй бадзырдта Фаризæ.

Кæнæ:

– Цы бахордтай, миленькая?

Кæнæ:

– Ма тыхс, миленькая, æз дæм тагъд фæзындзынæн æмæ та дæм базилдзынæн.

Уарзетæ куы фæрынчын и æмæ мæлыны къахыл куы нылæууыди, уæд та йæ Фаризæ цух æппындæр нал уагъта. Йæ фарсмæ-иу æрхуыссыди æмæ йæм-иу йæхи балхъывта. Иу ныв дзы мæ разы уæлдай ирддæрæй лæууы æмæ мæ цæстытæй нæ хицæн кæны, сæ хъæлæстæ та мæ хъусты зæлынц:

– Кæм дæ, Фаризæ?

– Мæнæ дæн, миленькая, мæнæ дæ фармæ хуыссын.

Уарзетæйæн йæ буар, æвæццæгæн, ницыуал æнкъардта, æмæ йæ фарст бирæ хæттыты сфæлхат кодта. Фаризæ дзы нæ фæлмæцыди. Иу хаттæй иннæ хатмæ йын дзуапп лæвæрдта ноджы зæрдиагдæрæй йæ тавицгæнæн «миленькая»-имæ. Уарзетæ бирæ хъуырдухæнты фæстæ йæ цардæй ахицæн и. Доттан æй кадджынæй баныгæдта йæ лæджы фарсмæ, æмæ сын сæ къамтимæ сау цæхæркалгæ гранитæй иумæйаг цырт сæвæрдта, сæ сæрмæ сын зынаргъ æрмæгæй мæнгагъуыст сарæзта, сæ алыварс та сын рæсугъд æфсæйнаг æмбонд ныссагъта.

Фаризæ йæ «миленькая»-йы раздæр куыд арæх бæрæг кодта, афтæ арæх ын бæрæг кæны йæ ингæн дæр. Светæимæ ма хатгай мах дæр йемæ айсы, æмæ нæм цыма Уарзетæ æнæрхъæцæй фенхъæлмæ кæсы, уыйау нæ таксийæ уæлмæрдты балæууын кæны.

Иуæй-иутæм цардæгасæй, кæронмæ бамбарæн кæмæн нæй, ахæм æнахуыр тых вæййы. Сæ амæлæты фæстæ дæр уыцы тых уæлæуыл ныууадзынц, æмæ дзы адæймагмæ æрттивгæ стъалыйау царддæттæг рухс фæкæлы…

* * *

Фысджыты цæдисы сæрдарæн йæ хæдивæг амарди, йæ бынатмæ йын ног лæджы бакодта, æмæ та уый дæр цыбыр рæстæгмæ ингæны хай баци. Æппынфæстаг, Дзæрæхыл æрæнцади. Хамби йын йæхицæн дæр æмæ йæ курдиатæн дæр ницы аргъ кодта, фæлæ йæ хъуыди, йæ ныхмæ чи нæ дзура, йæ коммæ чи кæса, йæ фыдгæйттæ йын чи нæ кæна, йæ хиваст митæ йын чи бара æмæ йын йæ фæлхæрттæ хурмæ чи нæ хæсса, ахæм къухылтухгæ дымысдæр, æмæ йæ ссардта. Дзæрæхæн радиокомитеты литературон хайады сæргълæууæджы бынат фаг нæ уыди, æмæ ма фысджыты цæдисы сæрдары хæдивæг дæр сси, фæлæ дзы иу ран дæр ауæдзы галау гутоныл размæ нæ хæцыди. Æз йæ хицау уыдтæн, æмæ мæ дзы куыст домын хъуыди, фæлæ æгæр фæкарджын и, æмæ йын тæригъæд кодтон, стæй йыл мæ зæрдæ æппындæр нæ дардтон. Кæддæр æрыгонæй цы радиобакастытæ скодта, уыдон-иу йæ рæбинаг æвæрæнтæй райста, сæ рыгтæ сын-иу ацагъта, сæ нымæцтæ сын-иу аивта æмæ сæ-иу мыхуыргæнджытæм æнæфсæрмæй бадавта. Худгæ йыл кæй кодтой, уый дæр ницæмæ дардта. Иубон мæ йæ кабинетмæ бахуыдта, йæ бирæ азты фæллæйттæ кæрæдзи сæрыл рæсугъд æвæрдæй цы скъаппы дардта, уый дуæрттæ байтыгъта æмæ фæсмонгæнæджы хъæлæсæй афтæ бакодта:

– Уал азы, гуыбыны хардзыл кусгæйæ, мæ сызгъæрин рæстæг ницытæ æмæ мацытыл сафыны бæсты фæлтау æмдзæвгæтæ куы фыстаин, уæд мæ чысыл республикæйæн цас хæрзты бацыдаин, æвæдза.

– Æмбарын дæ, уымæн æмæ мæхæдæг дæр ахæм уаваеры дæн, фæлæ иугæр ам кусыс, уæд рæстæгæй-рæстæгмæ радиобакастытæ дæр кæн, уацхæсджытæ дæ ныхмæ куыд ницы дзурой, афтæ.

– Мæ пайдайæн цы ныхас нæу, уымæ æз хъусгæ дæр нæ кæнын.

– Ærмæстдæр дæхи мæт кæй кæныс, дæ хайадмæ фысджыты хæстæг дæр кæй нæ уадзыс, де ‘рвылбоны хуымæтæг радиобакастытæ курдиатджындæр адæмон артисттæн кæй кæсын кæныс, фысджыты æмæ поэтты аивадон уацмыстæ та диктортæм кæй дæттыс, уый зонын æмæ дын æй барын, фæлæ дыл цæмæй де ‘мкусджыты зæрдæ ма худа, ууыл иучысыл уæддæр архай.

Уый мæм йæхи сивæзта, æмæ мын ме уæхсчытыл йæ цонг æрæвæрдта, йæхимæ мыл æрбахæцыд æмæ мын мынæг хъæлæсæй афтæ:

– Ма сæм хъус, хæлæг мæм кæнынц.

Æз ын йæ уаваер хорз æмбæрстон. Фæндзай азы уыцы иугæндзон ихсыд хъуыдыйæдтæй уыцы иухуызон радиобакастытæ куы фæфыссай,

уæд сæ, кæй зæгъын æй хъæуы, фæзæрдæцъæх уыдзынæ. Бафæллади сæ, фæлæ Хамбимæ авд мины йеддæмæ нæ иста, æмæ мах мыздæй дæр йæхи атонын нæ фæрæзта. Йæ хин митæ йын уацхæсджытæ уыдтой æмæ мын сæ ‘ргомæй дзырдтой:

– Уый дæ хæлар у, æмæ йыл ауæрдыс, махыл та давæггаг хæрджыты куыст кæныс.

Ме уæхсчытыл-иу схæцыдтæн æмæ-иу ælхыскъгæнæгау хъазгæмхасæн загътон:

– Цы дзы домут? Ærыгонæй иу куыстæн дæр нæ бæззыди, мæгуыр, ныр зæрондæй дыууæ куыстæн сбæззыди æмæ сæ иуыл дæр кæронмæ аххæссын нæ фæразы.

Ænувыд хæлары зæрдæ йæм нæ дардтон, уымæн æмæ хин æмæ кæлæн уыди, куыд дæ ‘рбасайдтаид, уый зонгæ дæр нæ бакодтаис. Йæ хабæрттæ йын хорз зыдтон æмæ йыл æппындæр не ‘ууæндыдтæн. Чысыл ма æрыгондæр куы уыди, уæд йæ зæрды æрæфтыди æртыккаг ус ракурын. Йæхицæй ссæдз азы кæстæр хæрзуынд, хæрзæгъдау чызгимæ базонгæ ис, йæ мæлгъ æвзаг æм ауагъта æмæ йæ сразы кодта. Ærбацыди мæм æмæ мын афтæ:

– Ме ‘фсинæн йе ‘мдзуарджын ды уыдзынæ.

Цы ма йын загътаин? Чындзы йын йæ хæдзармæ куы ‘рбахастам, уæд йæ кайыстæ базыдтой, дыууæ усы ма йын кæй уыди, уый æмæ цæхгæр нылланууыдысты сæ чызджы фæстæмæ сæхимæ акæныныл. Йæ дыууæ ‘фсымæры иуцасдæр йемæ фæхъуырдухæн кодтой, катайгæнгæ, тыхстхуызæй дыууæрдæм фæрауай-бауай кодтой, фæлæ сæ лæгъстæтæй ницыуал рауади. Сæ хо къæрттæй цъула нæ аппæрста. Йе ‘рыгон æфсымæрты æууæндинаг æвдисæнтыл йæ кардзыд мойы кад фæуæлахиз и…

Дзæрæхимæ нæ кабинеттæ кæрæдзимæ дард нæ уыдысты, æмæ йæм-иу рæстæгæй-рæстæгмæ «дæ райсом хорз» зæгъынмæ бауадтæн. Алы хатт дæр-иу æй баййæфтон телефонæй кæимæдæр зæрдæбын ныхас кæнгæйæ, æмæ-иу æй афарстон:

– Афтæ зæрдиагæй кæимæ дзурыс?

– Зæгæлонимæ, – дзуапп мын-иу радта æппæтæй æхсызгондæр хабар хъусынгæнæгау. Иу хатт æм нал фæлæууыдтæн æмæ та йæ ногæй афарстон:

– Æхсæв-бонмæ уын ныхас кæнынæн рæстæг не сфаг вæййы? Райсомæй та ма цæуыл фæдзурут?

– Бирæ азты дæргъы мæм Хуыцау уæле дæлæмæ фæкасти æмæ загъта: «Ацы мæгуыр лæг йæ азтæ æнамондæй батыдта, æмæ йæ хъуамæ æнæмæнг

самонджын кæнон» æмæ мын Зæгæлоны радта. Йемæ цæрынæй нæ, фæлæ ма суанг йемæ ныхас кæнынæй дæр не ‘фсæдын.

Цалдæр азы «а» æмæ «о»-йæ фæцардысты, стæй Зæгæлон ракæй амарди. Æз æнхъæл уыдтæн, Дзæрæх йæ саутæ никуыуал сисдзæн, фæлæ та ацы хатт дæр фæрæдыдтæн. Йæ усы амардыл афæдз дæр нæ рацыд, афтæ мын радиокомитеты къæлидоры мæ цонгыл рудзынджы ‘рдæм ахæцыд æмæ мын сусæгæй мæ хъусы бацагъта:

– Хæдзары цыфæнды стыр арт куы судза, уæддæр æнæ сылгоймагæй уазал у.

– Раст дæ, фæлæ уымæй цы зæгъынмæ хъавыс?

– Мæхицæн цардæмбал æрбакодтон.

Æз сагъдауæй баззадтæн. Фыр дисæй ма мæ дзых дæр бахæлиу и, æмæ исдугмæ дзурын ницыуал сфæрæзтон. Иугæр мын йæ хабæрттæ кæны, уæд мæ, æвæццæгæн, йæ ног усы бабæрæг кæнынмæ хоны, зæгъгæ, æрæджиау мæхицæй цалдæр ныхасы ралæмæрстон:

– Æртæ чъирийы куы кæнат, уæд мæм-иу фæдзурут.

– Скодтам сæ…

Уæдæй фæстæмæ йын æрмæст йæ ныхæстыл нæ, фæлæ йæ циныл дæр æмæ йæ хъыгыл дæр нал æууæндыдтæн, фæлæ йыл йæхицæй тынгдæр чи ‘ууæндыди, ахæм сылгоймæгтæ бирæ уыди. Иубон нæм иу æрыгон рæсугъд чызг æрбацыди. Æз къæлидоры йæ размæ фæдæн, æмæ мæ тыхст-хуызæй бафарста:

– Ам поэт Дзæрæх кæм бады?

Дзæрæх ын, æвæццæгæн, йæ хъæлæс фехъуыста æмæ йæ кабинетæй рахызти. Æз æм мæ рахиз къухæй бацамыдтон æмæ сценæйы хъазæгау кæнгæ хъæлæсæй сдзырдтон:

– Уæртæ дын йæ бæрзонддзинад Иры хуыздæр поэт æмæ курдиатджын журналист Дзæрæх!

– Цы мæ хынджылæг кæныс?! Æз ардæм хъазынмæ не ‘рбацыдтæн! – нытътъæлланг мыл ласта чызг, æмæ йæм кæсгæйæ баззадтæн.

– Хынджылæг дæ нæ кæнын. Уый Дзæрæх у.

– Ай мæнæ цыдæр дæлтъур гæмæх уырыйы хуызæн ацæргæ лæг куы у! Æз Сау денджызы был бæрзонд саулагъз сау рихиджын æрыгон лæппуимæ базонгæ дæн, – хъыгзæрдæйæ загъта чызг æмæ, фæсмоны арты судзгæйæ, нынкъард и. Æнæууæнкхуызæй-иу куы мæнмæ ‘рбакасти, куы та-иу Дзæрæхмæ бакасти. Йæ разы, æцæгæйдæр, Дзæрæх кæй уыди, уый йæ нæ

уырныдта, æмæ йæм йæ уарзоны кæд равдисдзыстæм, уымæ ныфссастæй æнхъæлмæ касти.

– Сау денджызы был дæ чи барæвдыдта, уый æз нæ зонын, фæлæ амæй фæстæмæ мæ номæй дæр сайын макæмæнуал баком, – фæлмæн хъæлæсæй йæ бафæдзæхста Дзæрæх.

– Æз æнхъæлдтон, уый ды дæ, æндæр æй мæхимæ ‘ввахс дæр не ‘рбауагътаин, – йæ цæссыгтæ ныхъуыргæйæ ма загъта чызг æмæ джихтæгæнгæ ацыди.

Адæмы ‘хсæн кадджын кæй уыди, уый Дзæрæх зыдта æмæ дзы æнтыстджынæй пайда кодта. Æз æй æндæр адæймагæй базыдтон. Дзургæ иуырдæм кодта, архайгæ – иннæрдæм, фысгæ та – бынтон æндæрырдæм. Йæ миддуне æмæ йе сфæлыстад кæрæдзимæ тынг дард уыдысты, æмæ йын, уымæ гæсгæ, стыр аргъ нæ кодтон. Иубон æм фæдзырдтон æмæ йын загътон:

– Кæд ма дæ ам кусын фæнды, уæд радиобакастытæ фысс. Æз сæйраг редактор суæвыныл дæ хин митæ ‘мбæхсыны тыххæй не сразы дæн. Журналистты цæсты мæ ма ‘фтау. Афтæ æнхъæлынц, мæ хæлар кæй дæ, уый тыххæй дыл ауæрдын.

– Уыдон дæ цуры ницы сты, æмæ сæ мацæмæ дар.

Æвзаг алырдæм дæр куыд æнцонæй тасы, уый диссаг у. Иухатт ын йæ иу æдзæсгом мийы тыххæй бауайдзæф кодтон. Уый мæм цæхгæр фæзылд æмæ былысчъилæй сræцыгъта:

– Æмæ ды мæ разы чи дæ?!

Хæрз æрыгонæй зæронды бонмæ æмдзæвгæтæ фæфыста æмæ иу ныхасæй дæр царды рæстдзинад равдисын нæ бауæндыди. Хицæуттыл фæзарыди æмæ сын алыхуызон рæсугъд ныхæстæй сæ зæрдæтæ фелхæдта. Галайыл дæргъæй-дæргъмæ одæ куы ныффыста, уæд ын æй йæ цæстмæ бадардтон:

– Дæхи зондджын лæг æмæ курдиатджын поэт куы хоныс, уæд дæ сæрмæ цытæ хæссыс? Нæ мадæлон æвзаг нын сафын чи райдыдта, стæй нæ мæгуыргуры бынатмæ чи ‘ртардта, уыцы фидиссагыл худинаджы зарæг скæнын хъæуы, ды та дзы зæд æмæ хæрзгæнæг аразыс. Цæстмæхъус ныхæстæн дæр хъуамæ цыдæр арæнтæ уа…

Уый мæ йæхи иуварс азылдта æмæ былалгъæй афтæ бакодта:

– Æз æй Галайыл нæ ныффыстон, æз иумæйагæй фыццаг президентыл ныффыстон. Стæй ирон æвзаг кæй сæфта, уым уыйбæрц аххосджын дæр нæ уыди.

– Ома?

– Рæстæг ахæм уыди, æмæ хицæутты бардзырд æххæст кодта.

– Поэтмæ ахæм зонд кæй ис, уый мын хъыг у. Афтæмæй цыфæнды фыдракæндæн дæр срастгæнæн ис. Йæ бон министры бынатæй ацæуын уыди…

Йæ хирастгæнæн æргом гæды ныхæсты фæстæ ма йын цы хъуамæ загътаин? Мæ къух ыл ауыгътон æмæ дзы мæхи иуварс айстон. Æрмæст хицæуттыл нæ зарыди. Царды иу хорздзинад дæр чи никуы сарæзта, суанг ма расыгæй æмæ наркотиктæй чи амарди, уыдоныл дæр зарджытæ фыста æмæ сын стыр æхцатæ домдта. Адæмы ‘фхæрæн ныхæстæй мæ бон куы нал уыди, уæд та йын æргомæй бауайдзæф кодтон, æмæ мæ комкоммæ бафарста:

– Ды дæ куыстæн мызд нæ исыс?

– Исын.

– Уæдæ мæн цæуылнæ уадзыс мæ мызд исын?

Куысты мызд исын æмæ мæрдтæй æхцатæ кусын кæрæдзимæ куыд дард сты, уый чи не ‘мбары, уымæй æфсарм домын æнæрхъуыды ми кæй у, уый бамбæрстон æмæ йæ ныхъхъуытты уагътон. Æмдзæвгæ-иу куы ныффыста, уæд мæм-иу телефонæй æрбадзырдта, цалдæр варианты мын-иу бакасти æмæ мæ-иу бафарста, хуыздæр дзы кæцы у, зæгъгæ. Се ‘ппæт дæр-иу уыдысты адджын къæбæлдзыг ныхæстæ, æмæ сæм-иу мæ зæрдæ схæццæ и, фæлæ йын дзы-иу уæддæр сæ «хуыздæры» бацамыдтон.

– Раст зæгъыс. Мæнмæ дæр уый хуыздæр кæсы, – сдзырдта-иу райгондæй æмæ мын-иу зæрдæбынæй раарфæ кодта: «Стыр бузныг!» Стæй мæ-иу æхсызгонæй раппæлыди: «Æвзаг хорз æнкъарыс».

Зæрдæмæдзæугæ лирикон æмдзæвгæтæ дзæвгар ныффыста. Йæ райгуырæн хъæуыл дæр зæрдæмæхъаргæ зарæг скодта. Йæ тæригъæд мæ нæ хъæуы, фæлæ мæм афтæ касти, цыма йын исчи æхца куы ‘рбахастаид æмæ йын æгъатыр фыдгæнæгыл зарæг куы фыссын кодтаид, уæддæр-иу æй фæстæмæ нæ аздæхтаид. Йæ хæлæрттæй йын-иу искæуыл куы сæмбæлдтæн, уæд мæ-иу фыццаджы-фыццагдæр йе ‘нæниздзинадæй бафарста, стæй мын-иу куыд загъта, уымæ гæсгæ-иу æдзухдæр, фынгыл бадгæйæ, сæрмагонд сидт уый цæрæнбоны тыххæй рауагътой:

– Хуыцæутты Хуыцау, Дзæрæхы нын тæссаг низтæй бахъахъхъæн, бирæ азты ма нын зæрдæрайгæйæ куыд фæцæра æмæ ма нын ахъаззаджы зарджытæ куыд ныффысса, уыцы хорздзинад нын саккаг кæн! – куывтой йын тынг зæрдиагæй.

Йæ фарсмæ куыста зæрдæргъæвд поэт, курдиатджын журналист æмæ зæрдæхæлар læппулæг Сергей. Алы кары райдайгæ поэттæн зæрдиагæй

æххуыс кодта, æмæ йæм сæ курдиæттимæ арæх цыдысты. Иухатт та йæм иу ацæргæ лæг йе ‘мдзæвгæ æрбахаста æмæ йын, æфсæрмытæгæнгæйæ, балæгъстæ кодта:

– Мæнæ иу зарæг ныффыстон, цыдæртæ дзы мæ зæрдæмæ нæ цæуы, æмæ-ма мын æй исты хуызы бадзæбæхтæ кæн, дæ хорзæхæй.

Сергей йæ райста æмæ йын дзы хорз зарæг сарæзта. Цалдæр боны фæстæ йæм лæг æрбацыди æмæ йе ‘мдзæвгæ бакасти, йæ зæрдæ дзы барухс и, æмæ афтæ бакодта:

– Ныр та йæ Дзæрæхмæ ратт.

– Уымæ та ма цæмæн? – бадисхуыз и Сергей.

– Уый та йыл музыкæ ныффысса.

Дыккаг бон Дзæрæх куыстмæ фæзынди, æмæ йыл Сергей бахудти.

– Цæуыл худыс? Исты мæ разынди?

– Дæуыл нæ худын, фæлæ мæхиуыл. Ды цынæ дæ, уый дæр дæ, æз та цы дæн, уый дæр нæ дæн.

– Уымæй цы зæгъынмæ хъавыс?

– Знон куыд базыдтон, афтæмæй ма поэты æдде композитор дæр дæ.

Хабар ын мæ цуры радзырдта, æмæ ‘ртæйæ дæр фæхудтыстæм.

«Хуымæтæг лирик уæвгæйæ, дæхицæн ахæм стыр кад скæн, уый алкæй къухы не ‘фты. Нæ лæмæгъ фысджытæ æмæ поэттæн се стыр амонд у, æмæ хуымæтæг адæм дунеон литературæйы хъæздыг æвæрæнтæ нæ зонынц, стæй мæнг бындурыл амад æдзæхх уацмыстæ æцæг аивадон уацмыстæй нæ хицæн кæнынц», – Дзæрæхæй мын-иу тынг чи ‘ппæлыди, уыдонмæ хъусгæйæ-иу ахъуыды кодтон мæхинымæр…

Нæ ныхасыл бирæ рæстæг нæ рацыди, афтæ мæм æрбайхъуысти, дисы мæ ‘ппæтæй тынгдæр чи бафтыдта, ахæм хабар: «Дзæрæх амарди». Йæ мад æмæ йæ фыды хъæбысы, цингæнгæйæ, чи схъомыл и æмæ царды сой чи нуæзта, æдзухдæр йæ кабинеты фæндыры цагъдмæ заргæ æмæ кафгæ чи кодта, зарæггæнджытæ сæ уæлныхты кæй хастой æмæ стыр ныфс кæмæн лæвæрдтой, йе уæхсчытыл иу грамм дæр уæз чи нæ æвæрдта æмæ сатæг донæй дæр йæхи чи хъахъхъæдта, уый йе ‘нусон дунемæ, сидзæрæй тыхтухæнтæгæнгæйæ, чи схъомыл и æмæ цæргæбонты дзæбуг æмæ хъæсдарæджы ‘хсæн чи фæудхар кодта, уый разæй ацæудзæн, ууыл æбуалгъ фын фенгæйæ дæр нæ бауæндыдаин æмæ æваст фæуыргъуыйау дæн. Иры адæмыл цы æнæбайрайгæйы рак сагъуыди, уый цыфæнды буцхаст æнæмæт адæймагыл дæр нæ ауæрды. Йе ‘ппæрццæг миниуджытæ мæ иууылдæр

«ферох» сты. Мæ хъусты ма зæлыдысты, мæ зæрдæмæ дзы тынгдæр чи цыди, уыдон: радиоэфиры йæ аразгæ фæлмæн ныхас æмæ йæ лирикон рæсугъд зарджытæ…

* * *

Æмæ ма уæддæр Дзæрæх æцæгæлон адæймаг уыди, æмæ йыл уыйбæрц нæ фæрыстæн, фæлæ мæ ныфсы мæсыг куы ныккалди, уæд мын уый мæ астæуы стæг дыууæ дихы акодта, æмæ цавддурау фæдæн… Æвдай фондз азы мыл куы сæххæст и, уæд мæ библиотекæйы кусæг Таня иу ран нал уагъта:

– Дæ юбилей сбæрæг кæнæм. Дæ юбилей сбæрæг кæнæм.

Тынг зæрдæхæлар сылгоймаг у. Йæ уд дæр дын нæ бавгъау кæндзæн. Чи амарди, уыцы фысджытæн дæр, æгас чи у, уыдонæн дæр библиотекæйы арæх юбилейтæ аразы. Бирæ хæрзты нын бацыди, æмæ дзы ‘фсæрмы кодтон, фæлæ йын уæддæр не сразы дæн. Былалгъæй мæ раппæл-баппæл кæной, уый мæ нæ фæндыди.

– Дзæгъæлы йын нæ разы кæныс. Адæмы бацæттæ кодта, æмæ сын ныр хъуамæ цы ‘фсон скæна? – бауайдзæф мын кодта ме ‘рыгон хæлар Сергей, æмæ сæ дыууæйы ныхмæ зæгъын ницыуал сфæрæзтон. Хионæй, æддагонæй, зæрондæй, ногæй, нæлгоймагæй, сылгоймагæй, фыссæгæй, журналистæй, ахуыргæнæгæй, библиотекæйы кусæгæй – иууылдæр æрæмбырд сты æмæ мæ стауын райдыдтой. Ирыстоны ма иу хуызæнæн фыссæг баззади, æмæ уый уыдтæн æз. Иронау æмæ уырыссагау афтæ дзырдтой, цыма ирон литературæ йæхиуыл мæ диссаджы цæхæркалгæ уацмысты фæрцы куынæ схæцыдаид, уæд цæргæбонты йæ мæгуыры хъиутæ хордтаид.

Ирон адæммæ иу миниуæг ис: дæ хорзы кой куы кæной, уæд дæ уæларвмæ исынц, де ‘взæры кой куы кæной, уæд та дæ къæхты бынмæ ‘ппарынц. Юбилейы алкæмæн дæр (лæмæгътæн дæр, рæстæмбистæн дæр, курдиатджынтæн дæр) цæстмæхъус ныхæстæ кæй фæкæнынц, уый зыдтон æмæ хъусæй лæууыдтæн. Суанг ма мын мæ бинойнагæй дæр феппæлыдысты. Хъуыддаг афтæмæй равдыстой, цыма мын Светæ мæ хæдзары хорз фадæттæ куынæ сарæзтаид, уæд иу хъуыдыйад дæр нæ ныффыстаин, цыма мын литературæ дæр уый бауарзын кодта. Мæ чызджытæй та мын зæдтæ сарæзтой, æрмæст ма сыл базыртæ ныссадзын хъуыди. Сæ былалгъ ныхæстæй сын сфæлмæцыдтæн æмæ мæхицæн фидарæй скарстон: «Исчи мæ артмæ куы дара, уæддæр мæ райгуырæн бон никуыуал сбæрæг кæндзынæн!» Кæддæр-никæд æмбырд куы ахицæн и, уæд сын загътон:

– Ныр уе ‘ппæт дæр мемæ ресторанмæ цомут, æцæг мын мæ курдиат сæххæст кæнут. Иу æппæлæн ныхас дæр дзы куыд нæ фехъусон, афтæ. Цæуæм æрмæстдæр нæ фæллад уадзынмæ.

Светæ тынг зæрдиагæй бацархайдта, цæмæй рестораны фынгтæ алцæмæй дæр æххæст уой, ууыл. Доттан ма фыс дæр балхæдта, стæй стыр хæрдзтæ скодта, фæлæ йæм уыдон фаг нæ фæкастысты æмæ мын зæрдæ бавæрдта:

– Ирон фынг æнæ стуры сæрæй нæ фидауы. Æстай азы дыл куы сæххæст уа, уæд дын гал – мæнæй!

Дзырд мын бæргæ радта, фæлæ йæ нæ сæххæст кодта. Адæймаджы цард æнахуыр диссаг у. Разæй кæмæ цы ‘нхъæлмæ кæсы, уый ничи зоны. Мæнæй фынддæс азы кæстæр, цардæфсæст, сæрæн, æнæниз лæг уыцы ныхасы фæстæ дыууæ азы æмæ æртæ мæйы йеддæмæ нал фæцæрдзæн, уый никæй бауырныдтаид. Иу хатт дæр никуы схъæрзыди, æхснырсгæ дæр æй никуы федтон. Худгæ та кодта хъæрæй, къæлкъæлгæнгæйæ. Йæ цотæй дæр йæ зæрдæ никæмæ ‘хсайдта. Хæларæй кæимæ цæрын хъæуы, уый зыдта æмæ се ‘ртæйæн дæр зæрдæмæдзæугæ куыстытæ ссардта. Мæнмæ гæсгæ, ныр дæр ма зæрдæрухсæй цæрид, фæлæ йæ ирон стырзæрдæдзинад бабын кодта. Фидар уыди, æмæ йæ хуыфæг ницæмæ ‘рдардта. Æнæхъæн дунейыл цы ног низ ахæлиу и, уый йын йæ рæуджытæ басыгъта. Йæ хистæр фырт ма йæ йæ машинæйæ удаистæй рынчындонмæ аскъæфта, фæлæ йын дохтырты бон ницыуал баци…

Мæнæн стыр ныфсы мæсыг уыди. Æнхъæл уыдтæн, куы амæлон, уæд йæ хойы фарсмæ ‘рбалæудзæн æмæ йын йæ уæз фæрогдæр кæндзæн, фæлæ та ацы хатт дæр фæфыдæнхъæл дæн. Уæвгæ, мæхи кой цы кæнын? Светæ дзæвгар рæстæг йæ кæуынæй нæ банцади. Ныр дæр йæ сау гранитæй æмбæрзт ингæны уæлхъус балæууы, хуылыдз хæцъилæй йæ фæсæрфы æмæ йыл йæ судзгæ цæссыгтæ фæкалы. Доттаны худгæ цæсгоммæ кæсгæйæ æмæ Светæйы кæуынмæ хъусгæйæ ма мæнæн дæр мæ зæрдæ суынгæг вæййы. Адæймаг йæ зæрдæмæ хæстæг кæй райсы, уый куы амæлы, уæд рæстæгмæ дуне йæ алыварс сафтид вæййы…

* * *

Æрæджы уырыссагау фехъуыстон иу американ киноактрисæйы ныхæстæ: «Если бы люди друг другу говорили правду, в мире стоял бы такой гул». Тынг раст мæм фæкастысты, уымæн æмæ адæймагмæ бирæ æвзæрдзинæдтæ ис, æмæ уыдон искæмæй фехъусын никæй фæнды. Хицæн адæймаг дæр

æмæ хицæн бинонты цард дæр æмбæхст дуне у. Лæг æмæ ус иумæ æнад цæрдтытæ куы фæкæнынц, æхсæвæй, бонæй кæрæдзи былтæ куы фехсынынц, сæ бонтæ хъаугъагæнгæйæ куы фервитынц, уæддæр сæ фæлхæрттæ æддæмæ нæ рахæссынц, уымæн æмæ сæ сæхи искæй цæсты бафтауын нæ фæфæнды, стæй, алчидæр йæхи бинонты æнæуаг митæй йæ хъуырмæ кæй у æмæ йæ искæй хабæрттæ æппындæр кæй не ‘ндавынц, уый фæзонынц æмæ хъусæй фæлæууынц.

Сæ цард кæмæн фехæлы, æмæ чи ахицæн вæййы, уыдон та кæрæдзи фыдгæйттæ кæнынæй нал фефсæдынц, сæхи та сæвæрынц, иу аипп дæр кæмæ нæй æмæ, иблисимæ цæргæйæ, æнæ аххосæй карз æфхæрд чи æййафы, ахæм æнæлаз зæдты бынаты. Æз фыццæгтæй дæр нæ дæн, дыккæгтæй дæр. Мæ бинонты мæ искæй цæсты бафтауын дæр нæ фæнды, æмæ ‘ппæт фæлхæрттæ рахæссынмæ нæ хъавын, уымæн æмæ, мах зæдтæй кæй цур разындзыстæм, ахæм сæфт бинонтæ бирæ зонын. Фæнды мæ ‘рмæстдæр, бинонты царды цыдæр фарстатæм цы цæстæй кæсын, уый раргом кæнын, растдæр зæгъгæйæ та, мæ зæрдæ мæ риуы цы ‘рвылбоны лыстæг хъуыддæгтæй ныттыппыр вæййы, уыдонæн сæ дæсæм хай равдисын.

Мæ сывæллæттæ ма гыццылтæ куы уыдысты, уæд ме ‘фсин нæ хистæр чызгæн хуыздæр дзаумæттæ ‘лхæдта, иннæтæй йæ аивдæрæй дардта, æмæ йын-иу ныллæгъстæ кодтон:

– Фаризæйы фаззæттæй ма хъулон кæ. Уый уыдонæй рæсугъддæр, æнæниздæр, хъæддыхдæр æмæ цардхъомдæр у. Адæм дæр æй уыдонæй фылдæр уарзынц. Сывæллæттæн мах куыд æнхъæл стæм, ахæм æдылы не сты, сæхирдæм алцыдæр хорз æмбарынц, æмæ йæм ма хæлæг кæной, уымæн уæвæн нæй. Ноджы ма йæ сæхицæй арæзтдæрæй æмæ хæрзконддæрæй куы уыной, уæд сæ уарзондзинад фыдæхмæ рахиздзæн, сæ хæлæг та – æнæуынондзинадмæ.

– Уый хистæр у, æмæ афтæ ‘мбæлы. Ды нæлгоймаг дæ æмæ сылгоймæгты хабæрттæн ницы ‘мбарыс, – мæ ныхмæ-иу цæхгæр ныллæууыди Светæ. Чи нæ растдæр уыди, уый нæ зонын, уайдзæф дæр никæмæн кæнын, æфхæрынмæ дæр никæй хъавын, фæлæ Фаризæ æмæ фаззæттæ сæ сабибонтæй фæстæмæ кæрæдзимæ цы ахастдзинæдтæ рахастой, уыдон уарзондзинадмæ ницы бар дарынц. Æз сæ куыд æмбарын, афтæмæй ме ‘ртæ фаззоны сæ хистæр хойы нæ хæдзары куы нал уыниккой, уæд цинæй амæликкой. Гыццыл ницæй тыххæй дæр æм фæлæбурынц, æмæ сæ тыххæй æрсабыр кæнын. Фаризæ сын сæ зæрдæйы уаг æмбары æмæ

сæ йæхи хъахъхъæны. Йæ хотимæ абадыны, семæ зæрдæбын ныхас акæныны æмæ сæ йæхимæ раздахыны бæсты йæ хæлæрттæм ацæуы æмæ йæ уæгъд рæстæг уыдонимæ арвиты. Хæлæрттæ та йын тынг бирæ ис. Фаззæттæн уый, кæй зæгъын æй хъæуы, хъыг у, æмæ йæм ноджы тынгдæр хæрам кæнынц.

Дæ цот кæрæдзи куынæ уарзой æмæ иумæйаг æвзаг куынæ арой, уæд ма ныййарæгæн уымæй хъыгдæр цы уа! Цы уавæры сты, уый уынын, куыд æй сраст кæнон, уый нæ зонын æмæ мæхи ‘фхæрын. Æппындæр сæм фæлмæн ныхас нæ хъары. Куы смæсты вæййынц, уæд та мын мæ дæрзæг ныхæстæм дæр нал фæхъусынц. Кæм фæрæдыдтæн, ууыл æхсæвæй, бонæй хъуыды кæнын, фæлæ мæ рæдыд ссарын нæ фæразын. Уыйхыгъд мын æй Светæ æмæ Фаризæ хæрз æнцонæй арынц æмæ мын æй иудадзыгдæр мæ цæстмæ дарынц:

– Æгæр лæмæгъ дæ æмæ дæ фаззæтты сæ бынаты æвæрын нæ базыдтай. Куы дæ тæрсиккой, уæд сæхи афтæ нæ дариккой. Хъæддыхдæр куы уаис, уæд, сæ бартæ куыд зонынц, сæ хæстæ дæр афтæ зониккой æмæ сæ ‘ххæст кæниккой.

Мæ фаззæттимæ хицæнæй куы баззайын, уæд та мын мæ рæдыд мæ цæстмæ уыдон бадарынц:

– Æрыгонæй дæ усы цæсты дæхи сæвæрын куы базыдтаис, уæд ныр йæ бынат зонид. Де ‘хцатæ йæм иууылдæр дæттыс, æмæ дæ йæ къæхты бын дары.

Æхца, æхца, æхца… Йе ‘рхъуыдыгæнæгæн цы зæгъон, уастæн? Мæхи зонынхъом куы фæдæн, уæдæй фæстæмæ цы удхæрттæ æмæ хъизæмæрттæ бавзæрстон, уыдон мыл иууылдæр уыцы æнæбайрайгæйы гæххæттыты азарæй æрцыдысты. Ныр дæр мæ цæрдудæй ингæнмæ мæ мæгуырдзинад тæры. Мæ сабибонтæй зæронды бонтæм мæ удæй арт фæцагътон, мæ зонындзинæдтæ æмæ мæ хъарутыл нæ бацауæрстон, фæлæ мыл хъуын-æрду никуы ‘рхæцыди. Мæ бинонтæн цыдæр капеччытæ æфснайæн кассæйы сæвæрдтон, æмæ мын уыдон та, мæ хъæздыг бæстæйы æппæты бæрзонддæр къæпхæнмæ чи схызти, уыцы цъаммар цæстфæлдахджытæ ассывтой.

Мæ сывæллæттæ куы рахъомыл сты æмæ æхцайы ахадындзинад куы бамбæрстой, уæд Светæйæн мæ хъуыды æргомæй загътон:

– Не ‘хцатæ нæ цотæй ма ‘мбæхс. Бæлвырд-бæрæг ран сæ гомæй дар. Уадз æмæ сæ сæхи цæстытæй уыной, цы исбон нæм ис, уый зоной æмæ уымæй фылдæр мацæмæ æнхъæлмæ кæсой.

Дæрзæг хъæлæсæй мын иуцасдæр алывыдтæ фæкалдта, стæй барджынæй йæ ныхас балхынцъ кодта:

– Сывæллæттæ хъомыл кæнынæн ницы ‘мбарыс æмæ сæ мæ бар уадз!

Æхцатæ арф рæтты фембæхста æмæ дзы цы рамбылдта? Фыдæхæй уæлдай ницы. Йæ чыссæйы капекк дæр куы нал вæййы, уæддæр фаззæттæ афтæ фенхъæлынц, цыма йæм бирæ æхцатæ ис, æмæ сын дзы, кусгæ кæй нæ кæнынц, уый тыххæй фыддæрагæн ницы дæтты.

– Махыл иу сом бахардз кæныны бæсты фæлтау йæ рæдаудзинад равдисыны æмæ йæхицæн цæсгом скæныны тыххæй дæс туманæй искæмæн æгъдау скæндзæн! – кæрæдзи дзыхæй исгæйæ мын фæзæгъынц мæстæлгъæдæй. Ард сын бахæрын, хæринæгтыл ын бахардз сты, æмæ йæм ницыуал баззади, зæгъгæ, фæлæ мын мæ иу ныхасыл дæр нæ бауæндынц.

– Кæнæ уый дæу сайы, кæнæ ды мах сайыс! – цæхгæр алыг кæнынц æнæ дызæрдыгæй. Нæ быцæу хъаугъамæ расайы, æмæ мын мæ ных бакъуырынц:

– Доттан йæ бинонты ницы хъуаг ныууагъта. Хъæуы сын йæ фыды хæдзар сцалцæг кодта, горæты сын фатертæ балхæдта, ноджы ма сын замманай стыр хæдзар æмæ дукани дæр сарæзта, алкæмæн дæр дзы машинæ балæвар кодта. Ды та нын дæ фæстæ цы ныууадздзынæ?

Доттаны бирæ уарзтон. Ныр дæр æй уарзын. Цы хорздзинæдтæ нын фæци, уыдоны тыххæй дзы стыр бузныг дæн, æмæ мæ нæ фæнды йæ фыдгой ракæнын дæр, йæ рухс номыл къæм абада, уый дæр, фæлæ мæ чызджыты ныхтæ æндæр цæмæй бакъуырон, уый мæ сæр нæ ахсы, æмæ сæ, мæ зæрдæ мæхиуыл худы, афтæмæй фæрсын:

– Уыцы исбон цавæр æхцатæй скодта, уый нæ зонут?

– Зонæм. Æмæ ды цæуылнæ скодтай ахæм æхцатæ? Чи дæ хъыгдардта?

– Мæнæн æхцатæ кæнын мæ хъуыдыйы кæрон дæр никуы уыди, уæлдайдæр, ахæм æхцатæ. Мæн мæ адæмæн хорз уацмыстæ ныууадзын фæндыди…

– Цæргæбонты цыдæртæ фæфыстай, æмæ цы? Кæй хъæуынц дæ фыстытæ? Раздæр дын, чи зоны, дæ чингуытæ ‘лхæдтой, фæлæ ныр рæстæг аивта, ничиуал дын сæ ‘лхæны æмæ сæ адæмæн лæвар дæттыс, мах та сыдæй мæлæм. Кæд дæ цард, æнæ ‘хцатæ кусгæйæ, литературæйæн нывонд кодтай, уæд дæ бинонтæ кæнын нæ хъуыди. Æнæ ‘хцатæй бинонтæ кæнын æдылы ми у.

Сæ уайдзæфты цыдæр рæстдзинад ис. Дыууæ къорды (дыууæ арты) ‘хсæн бахаудтæн æмæ судзын. Фæстаг рæстæджы мæ сæры æваст февзæры, мæхæдæг дæр кæмæй фæтæрсын, ахæм хъуыды: «Уæд та зæрæдты

хæдзармæ ацæуин æмæ уым æнцад мæхицæн истытæ фыссин?» Фæлæ, дам, уырдæм дæр дæргъæй-дæргъмæ рады слæууын хъæуы. Сæ бинонтæй бирæтæ лидзынц, æвæццæгæн. Цæмæдæр гæсгæ, арæх мæ хъусты азæлынц Аслæнбеджы зæрдæсæттæн ныхæстæ:

– Мæхи куы амарин, уæд мæ сыхæгтæ, мæ хæстæджытæ æмæ мæ зонгæтæ кæрæдзийæн, дисгæнгæйæ, дзуриккой: «Йæ зонд фæцыди, æндæр цы хъуаг уыди? Бинонтæ дын ис, куыст дын ис, царæй дыл нæ тæдзы, дзул æмæ цайы фаг кæныс. Хуыцауæн – табу, дæ къæхтыл цæуыс. Цы ма дæ хъæуы?» Кæд раст уаиккой, уæд æз цæуыл удхар кæнын æмæ рухс дунейæ сау ингæнмæ цæмæн тырнын?

Ау, æз дæр ме ‘рдхорды хал ахордтон? Нæ, уымæн йæ сывæллæттæ хæлд уыдысты, æмæ йæ удхарæй уыдоны хъысмæт мардта. Мæнæн мæ чызджытæ æнæхæлд сты. Фаризæ мыл æрхъæцмæ дæр нæ хъæцы. Ус кæй ракуырдтон, ууыл фæсмон кæнын, зæгъгæ, йæ цуры куы фæзæгъын, уæд æрæнкъард вæййы, æмæ мæм йæ уынгæг хъæлæс райхъуысы:

– Цæмæн афтæ зæгъыс, папæ? Ды мамæйы куынæ ракуырдтаис, уæд æз нæ райгуырдаин.

Мæхимæ йыл æрбахæцын æмæ йæ ‘рсабыр кæнын:

– Æз хъазгæ кæнын. Уæ мад йеддæмæ мæ ничи хъуыди, стæй мæ ныр дæр ничи хъæуы.

Мæ фаззæттæ æрмæстдæр мемæ куы вæййынц, уæд – зæдтæ, æппындæр мæ ‘вналын ницæмæ фæуадзынц, сæ мад сæ æгоммæгæс ахуырдзауты ‘фхæрæгау гуымиры хуызы куы фелхыскъ кæны, кæнæ сын, кæй нæ кусынц, уый сæ цæстмæ куы бадары, уæд сыл укол акæнæгау цыдæр бæллæх æрцæуы, æмæ фæсонт вæййынц. Зæрдæ скъахын æнцон у, йе сдзæбæх кæнын та – зын…

Уыдзæн ма

КАСАТЫ Батрадз

ЗÆРÆХСИДЫ СЫГЪДÆГ УАРЗТ

* * *

– Зæгъ-ма, дæ цæстæнгас цы дзуры
Ædзух нæ фембæлды мæнæн?
Цы агуры, мæнæй цы куры,
Нæй уымæн иунæг хатт зæгъæн?!. –

Цыма мæм ратæхы уæларвæй
Уæлтæмæн рухс зæды æнгæс,
Фæфæрсы мæн зæрдæйы арфæй
Ævзонг чызджы фæлмæн хъæлæс.

Зæгъин,фæлæ æнцон кæд уыди
Ærгомæй уаз хъуыды зæгъæн.
Мæныл дæр ахæм цау æрцыди,
Æмæ фæразын ныр зынтæн.

Зæгъин, фæлæ йын фехъусæн дæр нæй,
Нæдæр æй басгарæн уырзæй.
Хъæуы йæ банкъарын зæрдæйæ,
Уый туджы рахæссын æрдзæй.

Зæгъæн ын нæй, хъæуы йæ ‘нкъарын
Зæрдæйæ, рухс фæндтæ хынцгæ,
Æмæ йæ норст цæхæрау дарын,
Бæллиццаг нысанмæ тындзгæ.

* * *

Фæтулы хур,
Зæрæхсиды дæр
Бирæ хæрзтæ ис.
Нæ боны сагъæс

‘Мæ нæ ис
Фæлладæй уый
Хæрз фынæймæ фæхæссы
Æмæ зæлдаг,
Зæрин тынтæй
Йæ нывæрзæн æмбæхсы
Нæ боны сагъæстæ,
Нæ рис.
Кæс-ма йæм, кæс,
Цы ныфсдæттæг у цардæн!
Кæс-ма йæм, кæс, –
У райдайæн нæ уарзтæн.
Æркъул и хур,
Уæддæр фæлладæй,
Уый арвгæрон
Нæ уарзты рухс тынтæ нывæнды…
Æмæ кæсæм, лæууæм
Нæ бæрз бæласы цур,
Хæдзармæ цæуын иуы дæр нæ фæнды,
Фæлæ Зæрæхсидæн
Сæуæхсидимæ
Баиу уæвæн нæй.

* * *

О, уыцы ракæнон цæстæнгас,
Ыссудзы зæрдæйы цæхæр!
Уым хъазы арвыцъæх хæрз æввахс, –
Кæнын йæ æрттывдæй дзæгъæл.

Цæмæн уыд цинхæссæг мæ зыны,
Ныфсæвæрæг йæ цæхæры æргомæй,
Цæмæй зыдтон, зæрæфцæгæй кæй зыны
Мæ цардвæндаг – дывæр хæсы æргъомæй?

Цæмæй зыдтон, æнцойбон дзы нæ уыдзæн
Мæ фæллад уд. Гадзрахат æмæ сайдæй
Мæн бахиздзæн уый искæдбон. Фæуыдзæн
Мæ зындæр рæстæг циндзинады зардæй.

О, уыцы цæстытæ! Æндæртæ никуы æз нæ федтон,
Нæдæр та банкъардтон ныфсхæссæг,
Кæддæр кæмдæр мæ амонды фарн фехстон,
Дæ цæстæнгасæй нал зонын хуыссæг дæр.

ИЗÆЙÆН-ИУ ЗÆГЪ...

Æнкъард куы уай, дæ сагъæс дæ куы бырса,
Куынæуал арай рухс цардæн фæрæз,
Ныфсæн ма дæ цæрыны хос куы хъæуа,
Уæд дардмæ ма цу, Изæйæн-иу зæгъ.

Бæрзонд арвыл стъалыты цæхæры
Куынæ арай дæхи зынджы стъæлфæн,
Кæйдæр дæ бафæрсын куы хъæуа,
Уæд дардмæ ма цу, Изæйæн-иу зæгъ.

Фæллад уадзынæн хорз бынат куы ‘взарай,
Цы ком, цы рæгътæ фенын у хуыздæр,
Фæндагмæ дæ цы бахъæудзæн хæдзарæй,
Уæд дардмæ ма цу, Изæйæн-иу зæгъ.

Дæ уарзонæй зæрдæйы худт куы райсай,
Æхсæв дæр дæ куы нал ахса хуыссæг,
Дæ цæстысыгæй базы цъар куы æхсай,
Уæд дардмæ ма цу, Изæйæн-иу зæгъ.

Дæ куысты дæ цы тыхсын кæна, уыдон
Куынæуал зонай аиуварс кæнын,
Дæ зæрдæйы куы нал цæуа дæ катай,
Уæд дардмæ ма цу, Изæйæн-иу зæгъ.

Дæ Музæ дæм æгæр тæргай куы фæуа,
Куы нал дæм зына фидæнæн йæ рухс,
Дæ цардвæндаг æлхынцъытæ куы кæна,
Уæддæр уыдзæни Изæмæ йæ хос…

ÆРДЗЫ КÆЛÆНТÆ

Фæтулы хур... Зæрæхсид арвгæрæтты хъазы,
Ызнæт денджыз ныссабыр и, тыхсы.
Лæууыс ды былгæрон... Рæсугъддзинад дæ разы
Æфсæрмыгæнгæ алырдæм бырсы.
Ærвхуыз цæстæнгас, де ‘рдзон тых, дæ кондæй
Кæныс уæлахиз аивæй, бæрзондæй:
Зæрæхсиды сырх пиллон арт æрмынæг,
Цъæх денджыз бандзыг... Абухгæ уылæнтæй
Æрсабыр ис дæ хæдæфсарм, дæ монцтæй.

О хæхты чызг!
Цы зæд, цы Хуыцау дæ æрхаста ардæм,
Цæмæй æрдзон тыхтæн
Сæ рæсугъддæры феной адæм,
Цæмæй дæ рухс уарзты кæлæнтæ
Æрзилой дунейыл хъæргæнгæ
Æмæ ныххойой усгурæн йæ зæрдæ?

Æрцыдтæ аргъæуттæй?
Æви дæ зæд? Хуыцау æрхаста ардæм,
Цæмæй æрдзон тыхтæн
Сæ рæсугъддæры феной адæм,
Цæмæй дæ рухс уарзты кæлæнтæ
Æрзилой дунейыл хъæргæнгæ
Æмæ ныххойой усгурæн йæ зæрдæ?!

Ныссабыр ис ызнæт денджыз дæ разы,
Рæвдаугæ дын дæ къахбынтæ æхсы,
Зæрæхсид ам дæ сау дзыккутæ фасы,

Зæрин тынтæй бæгънæг буарыл тыхсы...
Æртæ рæсугъды баиу ысты иу ран,
Сæ аивгæнæг былгæрон лæууы,
Æртæ амондгур – алырдæм сæ фæндаг,
Сæ алкæцы йæхи фарнмæ бæллы...

Ыскалдзæн райсом хур йæ тынтæ ногæй,
Ысабухдзæн та денджызæн йæ маст.
Æрмæст чындздзон чызг судзгæ уарзты монцтæй
Уындзæн йæ сæнтты урс барæджы хъазт.

* * *

Мæ сыгъдæг уарзт –
Рæбинагдæр æнкъарæн,
Мæ уды фарн –
Мæ рухс монцты æндзарæн!
Дæумæ куы уыд
Мæ фæндæгты сæйраг,
Ды куы уыдтæ
Мæ бæллицты фыццаг.
Дæумæ тындзыдтон
Рагбонтæй фæстæмæ,
Ныр хъусын æз
Дæ карз ныхас хæстæгмæ:
«Сыгъдæг уарзтæй,
Æвзонг лæппу, цы кайыс?!
Дæхи, мыййаг,
Кæд митмæсгуытæй сайыс...»
Мæ сыгъдæг уарзт,
Дæуæн æмбал нæ арын!
Мæ дудгæ рисыл
Ноджы цæхх луарын...
Æвæдыл мæ
Сыгъдæг суадонмæ ласыс,
Фæстæмæ мæ
Æнæ донæй ыздахыс...

Æви æндæр у
Уаз уарзтæн йæ ахаст?
Мæ зæрин уадындз
Заргæ-зарын асаст?!.

* * *

Арвы цъæхау арф цæстæнгас,
Ивылгæ, зæрдæйы цинтау
Раздахы æвзонджы хъæлæс,
Раздахы æвзонджы дымгæ.

Арвы цъæхау арф цæстæнгас
Асуры мæ кары сагъæс,
Раздахы кæддæры уæнгрог,
Цардбæллон æнæкæрон ныфс.

Ивылгæ дæ цъæх цæстæнгас
Агуры сыгъдæг æнкъарæн,
Басгуыхы уый уарзт æндзарæн,
Норст цæхæр дымгæйæ схъауæн.

Арвы цъæхау арф цæстæнгас
Ивылгæ зæрдæйы цинтау.
Ахæсс æй, рæвдаугæ, ахæсс,
Амондагур урс барæгæн!

ХАДЫХЪАТЫ Фатимæ

ИВГЪУЫДЫ ФÆЛГОНЦТÆ

Мысинæгтæ мысайнагау æфснайд.
Къадзаты Станислав

ХÆДЗАРОНТÆ

Алы бон дæр зæрдыл ивгъуыдæй æрбалæууы исты мысинаг. Мæнæ та ныр дæр, Ног азы къæсæр, Ногбоны рæстæг мæ сабидугæй æрхъуыды кодтон рагон хæдзаронтæ. Нæ хæдзар æвиппайды цавæрдæр æнахуыр хъæлдзæг æмæ, худæг дзаумæтты ирд ахуырст æмæ мæнгцæсгæмттæ кæуыл уыд, ахæм адæмæй байдзаг. Кæмæн йæ кæрц – зыгъуыммæ конд, кæуыл – сырды цæсгом. Нæлгоймæгтæн сылгоймаджы дзаумæтты сæ былтæ, сæ рустæ – сырххъулон ахуырст, сылгоймæгтæн – нæлгоймаджы дарæсы сау æвзалыйæ ахуырст мæнг рихитимæ. Чи йæхицæн æвæргæ гуыбын скодта, чи – боцъотæ… Сæ иу цагъта фæндыраг, иннæтæ кафыдысты, зарыдысты, арфæтæ æмæ хъæлдзæг ныхæстæ кодтой. Иу дзы йæхицæй арæзта арс, зыгъуыммæ конд кæрц æмæ йыл арсы мæнгцæсгом уыд. Ахауд, атылд-иу зæххыл, фæцæй та-иу мард, æмæ-иу ын уæд иннæ хæдзаронтæ фысымтæй хос агуырдтой. Мæ мад æмæ фыд тынг цин кодтой сæ уазджытыл, узæлыдысты сыл, арсæн алы хостæ кодтой. Куы йын къафеттæ лæвæрдтой, куы – мыд, куы та – арахъхъ, æппынфæстаг адзæбæх вæййы, æхца йын куы раттынц, уæд æмæ йæ къæхтыл алæууы, стæй æркафы…

Гыццыл сабитæ уыдыстæм мах æмæ тынг тарстыстæм уыдæттæй, æмæ-иу нæ нæ мад сабыртæ кодта. Фынгыл-иу сæ куы æрбадын кодтой, уæд-иу махæн дæр бамбарын кодта, Ног аз ахæм хъазæн хъæлдзæг митæй кæй фидауы, хæдзаронтæ та алы хæдзармæ амонд æмæ циндзинад кæй хæссынц.

Ноджы ма-иу Ногбоны нæ фыд цæхæрадоны рæбынты æркарста хус сындзджын бæрзонд кæрдæг æмæ дзы-иу уынджы нæ хæдзары раз арт скодта, йæ алыварс-иу адæм æрæмбырд сты, хъазт-иу стынг, арты сæрты гæппытæ кодтой сæрæндæр фæсивæд. Алчи артмæ æппæрста исты зæронд дзаума, æмæ дзырдтой æмæ куывтой: сæ низтæ, сæ фыдбылызтæ дæр афтæ куыд басудзой!..

Фæстæдæр мæхицæн тынг æхсызгон уыд хæдзаронтæ кæнын. Мæ

цардæмбал-иу скодта Митын Дадайы дарæстæ, æз та цигайнаджы дзаумæттæ, æмæ гитарæимæ зылдыстæм нæхионтыл арфæтæ æмæ зарджытимæ, кодтам сын лæвæрттæ.

Фæлæ уæддæр сабидуг куыд адджын у, куыд зынаргъ сты сабибонты мысинæгтæ! Ædзухдæр-иу бæрæгбоны размæ, стæй бæрæгбонты мæ мад æмæ фыд алцы куыд зæрдиагæй цæттæтæ кодтой, куыд ивта сæ зæрдæйы уаг, сæхи куыд дардтой, раст цыма уæларвæй æрцæуæгмæ æнхъæлмæ кастысты. Абоны онг дæр сæ алы бæрæгбон мысын æмæ уыдонау æз дæр райдайын бæрæгбоны зилæнтæ. Афтæ мæм фæкæсы, цыма мæм уыдон сæ цæст дарынц, æмæ нæ бæрæгбон иумæйаг у, цыма алы мийы фæрцы дæр бандзæвын æмæ баххæссын мæ ныййарджытæм…

Нæ сыхы цард алы кары адæм. Зæронд устытæ, зæронд лæгтæ мæм кастысты тынг цымыдисаг, цæмæндæр зæдты хуызæн, абоны онг дæр уарзын зæронд устытæ æмæ лæгты… Хæлæг кæнын, кæмæн ма ис хистæртæ, чи рæвдауы йæ мад, йæ фыды…

АРЦУ

Нæ сыхы уыд цалдæр зæронд лæджы. Уыдонæй æппæты хуыздæр мæ зæрдыл бадардтон Арцуйы. Уый мын æдзухдæр æппæлыд мæ фыдæлтæй. Куыд ахуыргонд æмæ уæздан уыдысты, цы дыргъдон сæм уыд, куыд цагътой алыхуызон фæндыртыл. Ахуырмæ тынг зæрдæргъæвд уыдысты æмæ алы горæтты ахуыр кодтой: чи Киевы, чи Одессæйы, чи Новочеркассчы… Улæфты рæстæг-иу куы æрæмбырд сты, уæд æппæт хъæуы фæсивæд дæр сæ кæртмæ æмбырд кодтой, стыр хъазт-иу сарæзтой, къухæй-къухмæ цыдысты дала, хъисын æмæ ирон фæндыртæ. Суанг æнафонтæм кафыдысты, зарыдысты.

Удæй хъæздыг, æгъдауæй æххæст, зæгъгæ-иу балхынцъ кодта йæ ныхас Арцу. Раст цыма Къостайы Хъуыбады у, афтæмæй уынын Арцуйы. Йæхицæн йæ иунæг фырт, хъæбатыр тæхæг, фæмард хæсты фæстæ, ног хæдтæхæг фæлваргæйæ… Фæлæ Арцу цард æмæ хъысмæтмæ нæ фæхæрам, йæ рæсугъд уæнгтæ не ‘ртасыдысты, уыцы æмраст, саджы фисынтыл амад ма уыд, иннæты æхсæн бæрæг дардта йæ бæрзонд ас æмæ хæрзкондæй. Бирæ уарзта кæстæрты, сабиты. Кодта хъæлдзæг æмæ рæвдауæн ныхæстæ, рагон хабæрттæ, аргъæуттæ, таурæгътæ.

Хъыгагæн, зæрдæйыл нал лæууынц, фæлæ мæнæ йæ иу фæсномыг ныхас.

Аходæнмæ ‘нхъæлмæ кæсгæйæ, дзуры йæ хъæбулы хъæбулмæ, зæгъма, дам, изæры аст сахатыл куы бафынæй уай æмæ райсомы авд сахатыл куы рабадай, уæд цал сахаты фæхуыссыдтæ? Иуæндæс, зæгъгæ рæвдз анымадта лæппу.

– Диссаг нæу, иуæндæс сахаты æнæ комдзагæй бафæразын?

Афтæ бамбарын кодта хæдзары ‘фсинæн, аходæн афон кæй у, уый. Æмæ-иу Тамарæ дæр уæд фынг æвæрынмæ фæци.

Бирæ хъармад цыд нæ сыхы хистæртæй. Искæмæн сæ исты кæстæриуæг акодтай, уæд дыл-иу арфæтæ ныккалдтаиккой. Цæстуарзонæй дын дæ фыдуаг дæр, дæ рæдыд дæр загътаиккой. Зонд бацамонынмæ зивæг нæ кодтой, барæвдауынмæ: чи дын дзы гуыл авæрдтаид, чи –адджинаг, чи – цы…

БАБА

Мæхи Баба дæр уыд аивтæарæзт зæронд лæг. Уынджы фæзынд, балцæй æрыздæхгæйæ, уæд-иу æй дардмæ дæр базыдтон. Уынг дæр-иу цыма сфидыдта, мæхи Баба æрцæуы, зæгъгæ…

Мæ цæстытыл уайы, мæ мады хуыд морæ вельвет китель æмæ галифе хæлаф куыд рæсугъд фидыдтой мæ бæрзонд æмæ хæрзконд бабайыл, уый. Уый цас рæвдауæн ныхæстæ зыдта, цас таурæгътæ æмæ æмдзæвгæтæ дзырдта! Йæ амындæй мах нæ мадмæ дзырдтам, куыд æмбæлы, афтæ. Не ‘мбæлттæй та бирæтæ сæ мадæлтæм номæй дзырдтой. Уый мæм тынг диссаг каст, цыма се ‘мбæлттæ сты, уыйау. Уазæг æрбакæнынмæ Баба никуы дызæрдыг кодта: йæ чындзæй ныфсджын уыд – мæ мады кæрдзындæттон æфсинæй зыдтой адæм дæр. Цы ма уа ахæм ахастдзинæдтæй тæхудиагдæр чындз æмæ хицауы æхсæн…

Мæ фыд арæх цыд дард балцы йæ куысты фæдыл, æмæ, Баба йæ адзал куы базыдта, уæддæр та йæ хъæбул уыд Сыбыры. Тынг æм æнхъæлмæ каст, фæлæ йæ нал федта – æгъдау æрæнцад мæ мадыл. Æрмæст йæ ныгæнæн бон сæумæрайсом схæццæ ис йæ фырт дæр. Тынг бахъуыды кодтон уыцы уазал бонтæ…

Махимæ Баба уыд фæлмæн, рæвдаугæ æмæ узæлгæ уарзон фыдыфыд. Уый нын æмбарын кодта цард нæ алыварс, дзырдта нын аргъæуттæ, таурæгътæ, æмдзæвгæтæ – бирæ сæ зыдта зæрдылдаргæйæ. Уæлдайдæр Къостайы «Ирон фæндыр». Уарзын нын кодта чингуытæ. Мюнхаузены тыххæй дæр фыццаг иронау бакастæн. Æмбалты Цоцкойы тæлмацæй

уагъд чиныджы. Уæд æй цæмæй зыдтон, йæ бинойнаг, мæ æнæзонгæ нана, Цоцкойы хæрæфырт кæй уыд. Стæй цас æмбæрстон, чи у Цоцко, уымæн… Хæрз гыццылæй базыдтон, амондагур дардмæ кæй нæ хъæуы цæуын, Цæрукъаты Алыксандыры «Мыстачъе усгур» бакæсгæйæ. Арæх æй кастыстæм Бабаимæ.

Баба амард, æз æвдæм къласмæ куы цыдтæн, уæд. Хъыгагæн, мæ зæрдыл ницы бадардтон йæ бирæ таурæгътæй. Нана та нын уæвгæдæр нæ уыд: æрыгонæй амард, йæ кæстæр хъæбулыл дæс азы йæддæмæ нæ цыд, афтæмæй. Стæй ма мæ зæрдыл лæууы, зæгъгæ, искуы уыд, цины уа, хисты уа, махæн-иу йемæ æрбахастаид фæйнæ къафетты. Æмæ йæм-иу æнæрхъæцæй æнхъæлмæ кастыстæм. Мах тынг бирæ кæй уарзта, уымæн æвдисæн у, нæ ныййарджытæн нæ æфхæрын кæй нæ уагъта, уый дæр. Уый раз нæ мад махмæ никуы систа йæ къух, стæй йæ хъæлæс дæр никуы райхъуыст, фыдуаг та куыд нæ кодтой дыууæ лæппуйы, уæвгæ мæхæдæг дæр уыдонæн æмбæрзæн уыдтæн…

Нæ мадæн цас не ‘мбæлд хыл кæнын, уыйбæрц æз мæ кæстæрты хъомыл кодтон, суанг нæмыны онг. Бабамæ уый хорз каст, йæхимидæг-иу худти, æз-иу мæхи загъдгæнæг куы скодтон, мæ кæстæрты хъомыл кæныны бартæ мæхимæ куы истон, уæд.

МЭРИ ÆМÆ ЯГОР

Мах нæхимæ зæронд ус нæ зыдтам. Нæ дыккаг хæдзары уыд, нæхи нана кæй хуыдтам, ахæм. Мэри. Абон дæр æй нæ зонын, цæмæн афтæ хуынди, кæд ыл Лермонтовмæ гæсгæ сæвæрдтой уыцы ном, æндæр ирон хъæуы ирон чызг афтæ цæмæн хуындаид?.. Уый уыд фæлмæн æмæ зæрдæхæлар, махæн уæлдай уарзон. Махимæ иу бинонтау цардысты, кæд не ‘хсæн ауайын хъуыд, уæддæр нæ ничи зивæг кодта. Бон-изæрмæ кæрæдзимæ цыдыстæм – сабитæ дæр, хистæртæ дæр.

Бирæ цыдæртæ базыдтон къæбицы сусæгдзинæдтæй æз Мэрийæ. Абон дæр ма акæнын йæ хæринæгтæй, зæгъæм, Мэрийы хъæрмхуыпп. О, хонгæ дæр æй афтæ кæнæм. Æнæ мæ мад уый хуын дæр никуы ахаста. Алцы дæр цæттæ кодтой иумæ. Мад æмæ чызджы хуызæн. Нæ цин, нæ зын, нæ бæрæгбон иу уыдысты.

Йæ къаимæ куыд фæцард, «а æмæ о»-йæ, уый дæр фæзминаг у, никуы райхъуыст сæ хъæлæба, стæй хыл кæнын цыма зонгæ дæр нæ кодтой. Бирæ чидæртæ сæм хæлæгæй мардысты. Ягоры йæ лæдзæджы къупп-къуппæй

зыдтой æнæхъæн сых. Æмæ-иу афтæ бакодтой: «Ягор та йæ Мэрийæн адджинæгтæ æмæ алы зæрдæлхæнæнтæ ælхæнæг горæтмæ фæуайы». Цæугæ кæд лæдзæгимæ кодта, уæддæр тагъд уад. Стæй хъусæй хорз нæ хъуыста. Цæмæн бакъуырма ис, уый нал хъуыды кæнын, кæд хæсты рæстæг… Куыд-иу хордта, уый мæ зæрдыл дарын абон дæр: хæрынкъайæ хæрз гыццыл хæйттыл дихтæ кодта дзидза, халсартæ… Æмæ сæ афтæ рæсугъд хордта, афтæ зæрдиагæй, æмæ дæм æппындæр куынæ цыдаид хæрын, уæддæр дæ бафæндыдаид йæ бафæзмын. Мæнæн дæр-иу мæ тæбæгъы цы хойраг уыд, уыдон дæр-иу ныллыстæг кодта, æмæ мæм-иу афтæ хæрзад фæкаст уæд мæ сихор, цыма ахæм никуы никæд бахордтон.

Тынг зынаргъ æмæ уарзон мын уыдысты ацы зæронд ус æмæ лæг. Сæ чызг Тамарæйы цæгъдын кодтой фæндырæй, æмæ йын-иу фыд афтæ дзырдта: «Уæлæсыхæй нæм уазæг ис, æмæ йын хъазт скæнæм, науæд нæ æнæ рæвдыдæй куы ацæуа». Тамарæ цагъта, мæн та кафын кодтой, æз-иу ныфсæрмы дæн, æмæ мæ-иу асайдтой, мах дæм нæ кæсæм, зæгъгæ. Сæхи-иу аздæхтой æмæ мæм айдæнмæ кастысты… Æз уыцы сусæг не ‘мбæрстон æмæ кафыдтæн зæрдиагæй. Зæронд лæг æмæ мын ус та кодтой æмдзæгъд. Афтæ хъæлдзæг уыд кæддæр цард…

Сæ хъæбул куы фæмард, уæд сæ цинтæ фесты мыггагмæ… Се стыр зындзинадæн нæ бафæрæзтой æмæ сабыргай сæхи бахордтой, афтæмæй йæ фæдыл се ‘цæг дунемæ фæцыдысты…

МÆИРБЕГ

Мæирбег уыд сæ æдзард хъæбул. Тынг æнувыд ыл уыдтæн. Æфсадæй куы сыздæхт, уæд сси ме ‘ргом дзуар. Мæ хистæр æфсымæр сси. Кæд мæ фыдыфсымæр уыд, уæддæр. Кæрæдзи цæстæнгасæй дæр æмбæрстам. Уый уыд рæсугъд, æрыгон, хъæлдзæг, цард æмæ амондмæ бæллæг. Йæ худынмæ-иу зæрдæ барухс. Æгъдауджын, бирæ лæггæдтæ кодта йæ мад æмæ фыдæн, стæй мах бинонтæн дæр.

Уыд бæлвырд æмæ хæрзарæзт, æдде цыфæнды къæвда дæр уæд, цъыфæй ацæуæнтæ нæй, зæгъгæ, уæддæр-иу, хæдзармæ куы ‘рбацыд, уæд-иу йæ дзабыртæ цæхæр калдтой. Раст цыма базыртыл æрбатахт. Цæугæ дæр кодта гæдыйау фæлмæн, æнæ уынæрæй, стæй цыма адæймагмæ комкоммæ нæ касти, фæлæ, æфсæрмытæгæнгæ, йæ къæхты бынмæ…

Мæ Райгуырæн бон. Хæдзары ничи ницы змæлыд. Уый дын изæрырдæм фæзынд æмæ бинонты базмæлын кодта, афтæмæй гыццыл куывд

скодтой. Мæхицæн та мын æхца аваердта, æз дæр ме ‘мбæлтты киномæ ахуыдтон. Изæрыгон скъоладзауты кинотæм нæ уагътой, фæлæ клубы уыцы изæр радгæс уыд нæ хæрæфырт Дзибуска, скъолайы ахуырады сæргълæууæг – хицæн ныхасы аккаг у. Хæстæй ссыд æнæ иу къах, цыд хъæдыныл, лæдзæджы æххуысæй. Ахуыргæнæг та ахæм уыд, æмæ, кæд математикæ амыдта, уæддæр-иу суанг уырыссаг æвзаджы ахуыргæнджыты фæстæ дæр рæдыдтытæ ссардта. Стыр кад ын уыд скъолайы æмæ æнæхъæн хъæубæсты дæр.

Æз æм бауæндыдтæн, зæгъын, абон мæ Райгуырæн бон у, æмæ ме ‘мкъласонты æрхуыдтон киномæ. Бауагъта нæ. Цы кино уыд, уый нал хъуыды кæнын. Уыцы рæстæг индиаг кинотæ, стæй америкæгтæ, индеецты тыххæй кинотæ, арæх ластой хъæутæм. Мах сыл æнувыд уыдыстæм…

Ме ‘рцыдмæ бæрæгбон йæ тæккæ тынгыл уыд. Раст цыма райсомæй ничи зыдта мæ райгуырды бон, уыйау мын ныр къæбæлдзыгæй арфæтæ кодтой æмæ кодтой…

Иуизæр Мæирбег æрбацыд тынг тыхстæй. Нæхи сыхаг чызджы къух райста, салам ын радта. Уый йын афтæ: «Мæ урс-урсид буц æмæ пух къух мын цы дæрзæг æмæ тар къухæй райстай!..»

Лæппу аджих, фæхъыг ын чызджы ныхас, фæлæ йын дзуапп радта:

– Дæ урс къухмæ цы пух дзул райсыс, уый ацы кусаг къухтæ æрзайын кæнынц, Зинæ…

Бирæ уарзта йæ куыст, быдыры куыстытæй-иу уæгъд куы уыд, уæд фæкæсинаг адæмæн лæггад кодта, сæ цæхæрадæттæ сын-иу бахуым кодта. Иу ахæм фæззыгон бон æй колхозы сæрдар кæйдæр зæхх хуым кæнгæйæ баййæфта æмæ йын йæ трактор байста, бафхæрдта йæ. Йæ куыстæй æвдæлонгонд кæй уыд, уымæ гæсгæ ацыд йæ ногхаст бинойнаджы размæ æмæ… Фæндагыл фæмард…

Мæ мадимæ тиу æмæ чындзы хуызæн нæ уыдысты, фæлæ хо æмæ æфсымæрау цардысты. Уыцы рæстæг хуынтæ хæссын кадджын уыд. Мæирбеджы мад æмæ мæ мад æгъдау кæдæм нæ фæхастой! Иуахæмы та кæдæмдæр цыдысты хуынтимæ. Сæ уæззау тæбæгъ Мæирбегæн хæссын кодтой. Уый сын нæ куымдта, чызг дæр, дам мын ничиуал ратдзæн, тæбæгъ хæсгæ мæ исчи куы фена, уæд. Фæлтау иннæ хæссинæгтæ иууылдæр фæхæсдзынæн, зæгъгæ. Гогызæй, арахъхъæй сæ ахаста.

Фынг æвæрын мын-иу куы кодта йæхицæн кæнæ-иу мæ арахъхъы агуывзæ куы агуырдта, уæд-иу мæ зивæг фæразæй ис, æви мын хъыг

уыдаид, нозт дæттынмæ чъынды уыдтæн… Уæд-иу мын афтæ лæгъстæ кодта: «Æз дæ къухæй цы ахæрон æмæ бануазон, уый мын æвдадзы хос у, æвдадзы!»

Ацы рæнхъытæ фысгæйæ, йæ худын мæ хъустыл уайы, мæ цæссыг нæ уромын, афтæмæй.

Йæ чындзæхсæв ныр дæр арæх æрымысын… Чындзæхсæвы къæрццæмдзæгъд æмæ фæндыры цагъд мæ хъустыл уадысты, куы йын æрбаластой йæ мард… Кæм кафыдыстæм, уым ныр уаты астæу йæ чырын уыд. Мæирбег та ихы къæрттау æнæзмæлгæйæ хуыссыд. Мæ зæрдæ ныддихтæ. Мæ уæрджытæ мæ быны дыдæгътæ кодтой…

Уæлдай зын мын уыд йæ мæлæты фæстæ цардмæ раздæхæн. Тынг мысыдтæн мæ уарзон хистæры. Æвæццæгæн, мæхицæн ног хистæр æфсымæр уый тыххæй бацагуырдтон. Мæхицæн – уыйбæрц æфсымæртæ, фæлæ мæнæй кæстæртæ уыдысты: мæ фæстæ нæ хæдзарвæндаджы райгуырд фараст лæппуйы. Æз агуырдтон ахæм фæзминаг хистæр, кæцы уыдаид уыйау. Æмæ йæ ссардтон. Æгъдауæй дæр æмæ удæй дæр Мæирбеджы хуызæн. Абон дæр мын лæггад кæны. Бирæ хæрзты мын бацыд. Æфсымæрæн куыд æмбæлы, афтæ мæм йæ цæст дары, рæвдыд æмæ дзы хистæры зонд æмæ уынаффæ зонын, кæнгæ æфсымæрæй мын æцæг хистæр æмæ зондджын æмбал басгуыхт.

Афтæ мæм кæсы, цыма мæм Мæирбег йæ цæст дары, уый мын æрвиты æххуыс. Иу хъуыддаджы дæр, иу хабары дæр мæ зæрдæ никуы фæхудт мæ кæнгæ æфсымæрыл. Мæрдтæм арфæ кæнын Мæирбегæн, хæрзауыдæн мыл кæй фæкодта, кæй мын равзæрста зæххонтæй ахæм дзуар, уый тыххæй.

ЛИДÆ

Тынг арæх кæй æрымысын, уыдонæй иу у не ‘рвадæлты зæронд ус. Уый бирæ азты фæкуыста ахуыргæнæгæй хæххон скъолайы. Зондджын æмæ уæздан адæймаг. Кæддæр æм бæрæггæнæг бацыдтæн, æмæ мын дзаджджын уæлибæх акодта. Фынгыл бадæм, æмæ мын афтæ:

– Мæ фыр мæгуырæй хъуг балхæдтон. Хъуг куы дуцай, уæд уазæгæн æгас цæуай зæгъын дæ бон у кæддæриддæр.

Худæг мæм фæкаст, ау, йæ мæгуырæй хъуг чи фелхæны? Хъуг балхæнын кæй бон у, уый мæгуыр нæ вæййы. Фæстæдæр æй бамбæрстон, æвиппайды уазæг фæзынд, ауай æмæ дæ цы хъæуы, уый алхæн, фынг æрæвæр, уый абон æнцон у, алы къахдзæфыл дæр сæрмагонд дукани. Уæд афтæ

нæ уыд, стæй рауайынмæ зæрондæй рæвдз нал вæййы адæймаг, нал…

Зæрдæбынæй-иу бацин кодта мæ алы къахдзæфыл дæр. Ног зарæг кæнæ та мæ ног чиныг… Алы чиныг дæр ын уыд стыр хæзна. Цæстæй бынтон æвзæр куы уыдта, уæд тынг тыхсти: ацы чиныг куынæ бакæсон æмæ афтæмæй куы амæлон… Ома, кæй амæлдзæн, ууыл афтæ нæ тыхсти, фæлæ, мæ чиныг «Æмпъузæнтæ» кæй нал бакæсдзæн, ууыл…

Бирæ хъæрмуд ныхæстæ-иу фæкодтам. Æппындæр амондæй ницы федта. Мæгуырæг, хæдзар æдзух йе ‘ккой уыд. Скъолайы кусгæйæ дæр, хæдзары цыдæриддæр уыд сылгоймаджы куыстытæ æмæ нæлгоймаджы фыдæбон, уыдон иууылдæр йæхимæ хаудтой. Сывæллæттæ хаста. Ноджы ма рынчынтæм каст, йæхи цотимæ ма фæхаста йæ тиуы чызджы дæр. Хæстæй йæ мой цæфтæй ссыд, уымæ дæр цалдæр азы фæкасти, стæй йе ‘фсин, йæ хицаумæ…

Бынтон æрыгонæй баззад сидзæргæсæй. Йæ зæры бон та йæ кæстæртæ йæ разæй фесты. Мæ фыдгулæн ма йæ ныгæнджытæ йæ разæй фæуой. Фæлæ дисы æфтыдта йæ цардбæллонæй. Никуы фæци йæхимæ хъусыныл, аргъ кодта адæмæн. Сыхагæй, хионæй – алкæмæн дæр уыд бынат йæ зæрдæйы. Адæмы, мыггаджы, бинонты кæрæдзиуыл баста. Æрбацæуæгыл дæр бацин кæнын зыдта, искæй циныл бацин кæнын дæр. Рухсаг у, рухсаг, Æрчъынон!

КЪОЛА

Йæ иу фырт царди Сыбыры, фæлæ, Лæцы йемæ чи цард, Къола, уый диссаджы лæппу уыд. Æцæг адæймаг кæй фæхонынц, ахæм, æнæхин æмæ сыгъдæгзæрдæ. Иу сæрдыгон бон хохмæ ацыдтæн. Лæцы хъæуы астæу – дон. Æз халсартæ æмæ дыргътæ æхсынмæ æруадтæн. Æнæнхъæлæджы нæ фыдæлты къонайы тыргътæй айхъуыстон йæ хъæлæс. Уалынмæ дугъ радта æмæ иу уысммæ мæ цуры фегуырд, йæ хъæбысы мæ фелвæста, бæрзонд мæ систа æмæ йæ дзыхыдзаг хъæр кодта: мæнæ ма мæ дзуттаг хо фæзынд, мæ поэт хо æрбацыд.

Куы æрымысын Къолайы, уæд æдзухдæр мæ цæстытæ ахуылыдз вæййынц. Йæ дыууæ къухæй цæмæ нæ арæхст, ахæм ницы уыд. Æцæг сызгъæрин къухтæ. Уарзтон ын йæ конд хæринаг. Хорз æмæ зынаргъ æфсымæр мын уыд. Фæлæ амондæн ницы хос уыдысты йæ зæрдæйы уаг, йæ сызгъæрин къухтæ. Йе ‘намондæн, нозты ‘рдæм фæци…

Мæ каримæ ‘мцæдисæй иу хатдзæгмæ æрцыдтæн: кæугæ фæкæнæм, нæ

уарзон адæмæн сæ къухы цы нæ бафтыд, ууыл. Цы сын баныст, уыдон та æхсызгонæй фæмысæм, уый руаджы нæм цыдæр рухс æрбакæлы ивгъуыдæй.

СЕГЫДÆ

Хохмæ фыццаг хатт ацыдтæн ме ‘мкурсон чызг Дзытиаты Эммæимæ. Уымæн йæ бинонтæ æрлыгъдысты Цымытийæ æмæ Лæцæй гыццыл фалдæр лæгъзы æрцардысты. Диссаджы бинонтæ. Мад цæргæбонты Фыййагдоны скъолайы фæкуыста ахуыргæнæгæй. Йæ фыд, – хæсты æмæ фæллойы йæхи хъæбатыр æмæ куыстуарзонæй чи равдыста, ахæм кадджын лæг. Мæ фысымтæ – тынг зæрдæхæлар æмæ уазæгуарзон адæм. Дисы мæ ‘фтыдта хæхбæстæ. Алы дурæн дæр мæ фæндыд хъæбыстæ кæнын. Мæ мидхъуыдыйы æдзух уыд, ацы дуртæ кæй зыдтой мæ фыдæлты, фæндыд мæ æппæт комыл аххæссын, мæ хъæбысы йæ æрбакæнын. Мæ фысымтæ мæ сæ чызгимæ арвыстой Лæцмæ не ‘рвадæлтимæ зонгæ кæнынмæ. Уыдон мыл зæрдиагæй бацин кодтой.

Хæдзары хистæр уыд зæронд ус. Бæрзонд æмæ хæрзконд, зæгъæн ис, иу килæ дæр ыл уæлдай фыд нæ уыд, ахæм ацæргæ, фæлæ цæрдæг сылгоймаг. Хъуыды йын кæнын йæ раздарæн. Уый бын йæ астæуыл уыд дæгъæлты баст. Махмæ хъæуы никуы нæ уыд гуыдыр æмæ дæгъæлтæ. Нæ иу дуар дæр гуыдырæй не ‘хгæдтам, æмæ мæм диссаг фæкаст, ам хохы, комы тарфы, æцæгæлон чи цæуы, кæмæй дзы у тас?

Уый мæм дæгъæл радта, йæ бастæй йæ равзæрста æмæ райхæлдта, афтæмæй. Стæй мын загъта, къæбицы дуар дзы бакæн æмæ фæткъуытæ рахæсс. Нарты Сатанайы къæбицмæ цыма бахаудтæн, афтæ мæм фæкаст. Цыхтæй, царвæй, дзидзайæ, ссадæй, мыдæй, халсартæ æмæ дыргътæ, кæрдæджыты онг дзы алцыдæр уыд. Æз, куыд мын загъта, афтæ фæткъуытæ æруыгътон мæ фæдджимæ. Дуар ногæй гуыдырæй сæхгæдтон æмæ рацыдтæн. Уыцы фæткъуытæ мын цæхсын кодта æмæ дзы нæхи хорз федтам. Фысымтæ – зæронд Сегыдæ æмæ сывæллæттæ, чызг æмæ лæппу, – стæй мах, сæ уазджытæ. Чызгыл цыдаид кæд цыппар азы, лæппуйыл – дыууæ. Тынг рæсугъд æмæ дзæбæх сабитæ. Чызг мын дзырдта: æз чындзы цæудзынæн, æмæ мыл рæсугъд æрттивгæ къабатæ уыдзæн… «Чи дæ куры, чи?» – афарстон æй. Æмæ, Чермен, зæгъгæ, загъта йе ‘фсымæрæй…

Сæ фыд æмæ мад уыдысты кусынмæ. Фæлæ уæдæй фæстæмæ арæх цыдтæн хохмæ мæхи æрвадæлтæм. Зæгъæн ис, æмæ адоны хи цæгатау бауарзтон, нымадтон.

Нал ис, рагæй нал ис, къæбицы дæгъæлты хицау, хæдзары хистæр, зæронд Сегыдæ. Нал ис йæ фырт, бирæ азты цингæнгæ кæмæ цыдтæн, уыцы фысым, Гадзыбе. Сабитæ дæр ныр сæхæдæг ныййарджытæ сты.

Цалынмæ адæймаг æрыгон у, уæдмæ сæрæн вæййы, уæдмæ йæ авналæнтæ дæрдтыл вæййынц. Ныр бирæ азтæ рацыд, æмæ æз нал хæццæ кæнын никæдæм, никæмæ дæр æххæсгæ кæнын. Цас дон фæкалд, цас рæстæг рацыд уæдæй! Æрмæст ма мæ зæрдыл лæууынц, мæ цæстытыл уайынц ивгъуыд царды нывтæ, удæн зынаргъ адæм…

ГАДЗЫБЕ

Куыд загътон, афтæмæй, хи цæгатау цыдтæн ме ‘рвадæлтæм хохмæ. Гадзыбе уыд тынг цинтæгæнаг, мыггагыл æнувыд, кæрдзындæттон. Куыиу бацыдтæн Лæцмæ, уæд ыл-иу цыма хур ракаст, афтæ мыл цин кодта.

Иубон дын кæрты йæ бæхыл абадтæн. Лæцы комы заргæ ацыдтæн, тынг хъал, æнæмæт æмæ амонджынæй. Бæстæ цыма иууылдæр мæн уыд. Хосгæрдæнты куыд рæсугъд у ком! Хæдзармæ нæ тагъд кодтон. Афæстиат дæн. Куы раздæхтæн, уæд йæ хъæр, йæ хыл диссаг уыд. Уый размæ хъæды арс кæйдæр хъуг аргæвста, уыцы комы. Гадзыбе та йæ уазæг чызджы куы агуырдта, уæд, хъæдæй чи æрцыд, ахæм лæг ын афтæ, уæлæ, дам, комы заргæ фæцæуы, ма йын тæрс.

Хæдзары æфсин афтæ æнхъæл уыд, æмæ уазæг чызг фæтæргай уыдзæн æмæ алидздзæн. Фæлæ æз мæ рæдыд зыдтон, стæй мыл кæй мæт кодта, уый дæр æмбæрстон. Бацыдтæн мæ уатмæ æмæ цыдæртæ фыстон, чиныг кастæн, цалынмæ мæм нæ бадзырдтой, уæдмæ нæ рацыдтæн. Уæдмæ уымæн дæр йæ маст фæлыгъд.

Гадзыбейы зæрдæмæ цыди, æз мæхи уазæгау кæй нæ дардтон, фæлæ хи бинойнагау алы куыстмæ дæр рæвдз æвнæлдтон, цыма нæхимæ дæн, афтæ. Йæ бинойнагæн-иу хъыг уыд, кæй йын ныхилын йæ къæбицмæ, фæлæ йын, иннæрдыгæй та, ‘хсызгон дæр уыд, хæринаг кæнын кæнæ йæ ‘фсайын кæй нал хъуыд, уый.

Мæ цардæмбал нæхи адæмыхаттæй кæй нæу, уымæ гæсгæ йæм æдзух фаутæ хастой нæ бинонтæ. Никуы йæ ‘рбахæстæг кодтой. Уыдоны аккаг бынтон хорз нæ рауад. Зæгъæм, картоф къахын нæ зоны – уæд ын бацамон, уым диссагæй цы ис!.. Гадзыбе та йæ бирæ бауарзта. Алы цуматæ йын кодта, æфтыдта йæ алы куыстытыл. Хосы цъынатæ къуыбырæй бынмæ ластой, æфснайдтой сæ. Æмæ мын дзы-иу аппæлыд: хъаруджын

лæппу у. Стæй, изæрæй-иу гитарæ йæ къухтæм куы райста, уæд æм тынг цымыдисæй хъуыста.

Рухсаг уæнт, мах зæрдиагæй кæй мысæм, уыдон се ‘ппæт дæр.

ТОМÆ ÆМÆ ТАМАРÆ

Нæ мыггаджы чызг арæх нæу, фæлæ, иумæйаг фыдæл кæмæн уыд, уыцы хиуæттæ цардыстæм иу сыхы, æмæ мын ахæм хотæ уыд нæ сыхы дыууæ: Томæ æмæ Тамарæ. Иу номы фæйнæ хуызы… Мæнæй хистæртæ. Æз ноггуырд сывæллонæй сынтæджы тыхтонæй куы хуыссыдтæн, уæд мæ Томæ радавта йæ хъæбысы æмæ мæ, дуармæ цы зæронд устытæ бадти, уыдомæ баскъæфта. Мæ мад йæ фæдыл рауад æмæ йæм хистæрты раз тынг нæ уæндыд, фæлæ йын лæгъстæ кæны: «Уæззау дын у, æри йæ мæхимæ». Уый йын дзуапп авæрдта: «Ай мæхицæн дзæбæх у». Уæд ыл фæндзæм аз цыд. Арæх-иу æрымысыд мæ мад уыцы цау.

Тамарæ та, æз фыццаг къласы куы ахуыр кодтон, уæд дæсæм къласы уыд. Мæ мад æмæ фыд кусгæ кодтой, æмæ сæ се скъоладзаумæ фæкæсынмæ уыйбæрц не ‘вдæлд. Тамарæ мæ сæхимæ акодта æмæ мын мæ уроктæ амыдта, уыдонмæ цардтæн. Райсомæй-иу иумæ цыдыстæм скъоламæ. Æз нæхи хæдзары рæзты цыдтæн дæлæсыхмæ, нæхимæ-иу цæугæ дæр, кæсгæ дæр нæ бакодтон. Зæронд лæг æмæ ус, Мэри æмæ Ягор рæвдыдтой мæн. Уæдæ Тамарæ дæр афтæ. Мæ ныййарджытæ та сæ лæппутыл æрхъæцмæ дæр нæ хъæцыдысты, æз та – ænæ рæвдыд… Иубон та нæхи цурты куы ацыдтæн, хæдзармæ кæсгæ дæр нæ бакодтон, афтæмæй, уæд мæ мадæн фæхъыг; цы ахъуыды кодта, нæ зонын, фæлæ мæ фæдыл æрцыд æмæ мæ ракодта. Уымæй фæстæмæ цардтæн нæхимæ. Фæлæ мын ахуыр кæнынмæ æххуыс кодтой Томæ æмæ Тамарæ. Сæ дыууæ дæр фæндыраей цагътой сæ гыццылæй фæстæмæ. Мæн дæр ахуыр кодтой. Фæлæ ныл иу бæллæх иннæйы фæдыл цыд, ædзух сау дардтам æмæ фæндыр къухтæм нал истам… Тамарæ Мæирбеджы фæстæ æппындæр нал ацагъта. Томæ та – йæ фыды фæстæ. Афтæмæй æз цæгъдын нæ базыдтон.

Тамарæ скъола куы фæци, уæд тагъд смой кодта. Æз ыл тынг æнувыд уыдтæн, æмæ-иу арæх цыдтæн цæугæ доны сæрты нæ ног хæстæджытæм. Бон-изæрмæ-иу Черменыхъæуы баззадтæн. Фæстæдæр мæ мад фæрынчын æмæ рынчындонмæ бахауд. Мах та ме ‘фсымæримæ радтой Джызæлы интернатмæ. Уæдæй фæстæмæ доны сæрты ныкуыуал ацыдтæн.

Тамарæ схаста æртæ чызджы æмæ иу læппу. Сæ цард мыды къусау

куы уыд, уæд хъулгъа хæстæй рацыдысты æмæ ирон адæмы цагътой, дæрæн кодтой сæ цæрæн хæдзæрттæ. Мæ хо бахауд уацары. Уым цы зындзинæдтæ федта, цы тухитæ бавзæрста уыцы бонты, уыдон ын йе ‘нæниздзинад фæкъахыр кодтой, йæ цард фæцыбыр кодтой…

Мæ мад куы амард, уæд куы уыдаиккой мæ фарсмæ Томæ æмæ Тамарæ… Фæлæ уыдон, хъыгагæн, æдзардæй йæ разæй фесты. Тынг зын æмæ зæрдæриссæн уыд мæнæн дæр, мæ мадæн дæр сæ ацыд. Фæлæ мæ мады фæстæ мæ хотæ, кæд сæ иу дæр мæ хæрз хо нæ уыд, уæддæр, мæ фарсмæ куы уыдаиккой, уæд афтæ мæгуыр æмæ æдых нæ уыдаин…

Абон дæр нæма сразы ис мæ зæрдæ, Томæ институтæй кæй нал рацæйцæудзæн, ууыл. Йæ рæзты ацæуын дæр мын зын вæййы. Уый йæ куысты, кафедрæйы æвиппайды амард… Цы дугъы фæуадтæн уыцы бон, уый та ног мæ цæстытыл ауайы… Мæ зæрдæ сриссы мæ ахуыргонд, мæ профессор, мæ зонады доктор, фæлæ хуымæтæг æмæ зынаргъ хойыл. Арæх æрымысын, куыд ацыдыстæм иумæ Цыргъобауы бон кувдмæ, уæд æй нæма зыдтон, уыцы аз чындзы кæй цæудзæн.

Нæ цæхæрадоны ставд урс æхсынцъы зади, æмæ-иу уый бынмæ иумæ бацыдыстæм, тутайæ-иу нæхи хорз федтам, æз урсдæр цæттæдæр æхсынцъытæ тыдтон, уый та сæ цъæхтæй хордта цæххимæ… Пабло Нерудайы мысинæгты куы сæмбæлдтæн ахæм рæнхъытыл, æрдæгцæттæ чылауи цæххимæ кæм хордтой, уæд фыр цинæй чиныг мæ хъæбысы ныккодтон, стæй уыцы рæнхъытæ мæ былтыл авæрдтон.

Нæ кæрты астæу сæнтсырх тута бæлас зади, стыр аууон лæвæрдта æмæ ирвæзын кодта æнæхъæн сыхы хуры тæвдæй. Бирæ амонджын бонтæ арвыстам уый дыргътæй æфсæстæй, æппæты бæрзондмæ сбыргæйæ кæнæ йæ бынмæ цъæх нæууыл сатæджы хъазгæ-худгæйæ, нæ сыхы чызджытимæ… Сыхы устытæ дæр-иу сæ авдæнтæ уырдæм æрбахастой. Абон дæр уыцы бæлас афтæ зæрдиагæй æрымысын, цыма мæ бинойнаг уыд, нæ хæдзарвæндаджы хистæр. Афтæмæй нæ цæхæрадоны рæбынты æдæппæтæй уыд фондз алыхуызон тута бæласы.

Ахæм ныфсытæ, ахæм хистæртæ уыд мæнæн. Томæ æмæ Тамарæ. Хуыцауы цæст мын куы бауарзтаид бæргæ ахæм хоты рæвдыд ныры онг…

МÆ ФЫД

Мæ кæстæртæ куы фæхъомылдæр сты, уæдмæ мæ мад æмæ фыд та зæронд æмæ фæкæсинаг систы. Уымæ гæсгæ æз мæ алы бæрæгбон дæр

кодтон мæ ныййарджытимæ. Уыцы бон хъуыды кæнын абонау. Уыд куадзæны къуыри. Мæ фыд нал цин кодта бæрæгбоныл, мæ зылдтытыл. Раздæр тынг зæрдиагæй сабийау цин кодта мæ конд хойрагыл. Бонæй-бон лæмæгъдæр кодта. Йæ хъуыры нал цыд хæринаг. Йæ цæстытæ – фæллад æмæ æнкъард. Нал хъуыста, нал каст телевизормæ. Цыбыр дзырдай, ам нал уыд. Æрмæст ма мын-иу мæ къухæн аба кодта. Ныр цалдæр мæйы хуыссæны сæйы. Тынг тыхсы, риссы. Фæлæ тынг фæразон, тынг хъайтар æвдисы йæхи. Уæддæр ацы бон бæрæг уыд, кæй цæуы, кæй хуыссы йæ уды зынг.

Мæ сывæллон тыхсти, йæ хуылф рыст. Æз мæ чызджыты амбырд кодтон æмæ цæуæг фæдæн. Дохтыртæн æй равдисон, зæгъгæ. Мыййаг, исты, уæд мын æвæгæсæгæй мацы кæна мæ хъæбул…

Уынджы рахизфарс фæцæуæм, æмæ нæ сыхаг дуармæ бады. Уый ныр цалдæр азы цæстæй нал уыны. Æз æй æрбахъæбыс кодтон фæсте. «Кæцы дæ?» – фæрсы. Мæхи куы бацамыдтон, уæд мæ фæрсы: «Казбек куыд у?» Æз скуыдтон æмæ йын дзуапп радтон: «Мæлгæ кæны…» Æмæ, дам, уæд кæдæм цæуыс, дæ мад тæригъæд нæу? Мæ мад, зæгъын, йæ цоты схаста, мæнæн та нырма хæссинаг сты…

Фенын кодтон дохтыртæн мæ чызджы, афтæмæй мæм сдзырдтой, ахицæн, зæгъгæ.

Йæ æвæрæн бон уыд стыр Уæлахизы æхсай азы бæрæгбон. Рæсугъд хур бон. Тынг бирæ адæм нæм уыд. Сæ бæрæгбон ныууагътой, мæ фыдæн хæрзбон зæгъынмæ æрцыдысты.

Уæд ничи зыдта, цы хъæбатыр уыд мæ фыд, цы хъайтар. Фараст азы æмæ æрдæг ма фæцард мæ мад папæйы фæстæ. Кæд уый сыбыр æнæ уынæрæй ацыд, уæд мæ мад цыппар боны йæ уд фæиста. Уыйбæрц тухитæ фæкодта æмæ мын мæ хъару, мæ уд йемæ ахаста. Ныр цал азы мæ уды хъæдгом нал байгас. Йæ афæдзы бонмæ иу гыццыл чиныг рауадзон, зæгъгæ, ууыл кусгæйæ мын чидæр бацамыдта, æмæ Интернеты ссардтон Подольскы æфсæддон архивтæ. Мæ фыды дыууæ ордены куы ссардтон, уæд мæ нæ уырныдта, уый кæй у, уымæн æмæ никуы дзырдта, хæсты кæй уыд, уый. Бирæ сгарæн куыстыты фæстæ сбæрæг, папæ кæй у, бирæ фæкуыдтон, фæхъыг кодтон, цæмæн афтæ рауад, ууыл.

Хæсты фæстæ ахст æрцыд, йæ бинонтæ сыдæй куы мардысты, уæд колхозы быдыræй нартхор кæй радавта, уый тыххæй. Тынг æй асаста ахæстон. Афтæ йæм каст, цыма ницыуал сты йæ лæгдзинæдтæ, хаxx æр-

цыд йæ ивгъуыд. Уый цæмæй зыдта, искуы Интернет фæзындзæн, æмæ рахъæр, раргом уыдзысты хæсты архивтæ. Йæхицæй дзæгъæл æппæлд ракæна, уый та йæ нæ фæндыд… Хæсты коймæ-иу æдзух йæхи айста. Дыууæ ордены – йæ лæгдзинад, йæ хъæбатыр хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй. Æз дæр никуыдæм ныхъхъæр кодтон уыцы хабар. Нæхицæн æй зондзыстæм. Хæсты ветерантæ кæй фыдтæ уыдысты, ахæмтæм бадзырдтон, зонут зæгъын, цы хæрзиуджытæ уыд уæ хъæбатыр фыдæн, æмæ, дам сæ гыццылæй хъазыдыстæм, нæ сæ бавæрдтам… Æз сын сæ, архивы фыст куыд сты, афтæмæй бакастæн. Æвдай дыууæ паддзахадон æфсæддон хæрзиуæджы нæ гыццыл мыггаджы лæгтæм. Æвдай цыппарæй та хæстæй нал ссыдысты… Уæд ма æз ныр мæ фыды хæрзиуджытæ æрдомон?

Абон æвддæс азы сæххæст дæ ацыдыл. Æз та мысын дæу, мысын уыцы бон. Куыд ахуыссыд дæ уды арт. Рухсаг у, мæ хъæбатыр фыд.

ÆТТИ

Абон мын æнæ радзургæ нæй, нæ сыхы цы диссаджы адæймаг цард, уый тыххæй. Телевизормæ кастæн, æмæ дзы рацыд ныхас, удæй рынчын, зондæй æххæст чи нæ уыд, ахæм адæмæй сыгъдæг æмæ зæдыл кæй банымадтой аргъуан æмæ дины уæлдæр кусджытæ, уый тыххæй. Бирæ дæнцæгтæ æрхастой аив литературæйæ, стæй адæмон сфæлдыстадæй дæр. Уыдон алкæмæн дæр зындгонд сты. Махмæ дæр уæдæ ис нæхи Æррабитæ аргъæутты, царды…

Æтти, мæгуыр, йæхæдæг куыд дзырдта, афтæмæй райгуырд Уæрæсейы дыууæ стыр революцийы астæу. Æмæ, дам, уый тыххæй æрра дæн. Йæхи æррайыл ничи фæсæтты, Æтти та йæ æргом дзырдта. Йæ æцæг ном Хæстинæт хуыд. Ном та йыл сæвæрдта Тыбылаты Парни – уый хъуыстгонд æмæ кадджын лæг уыд. Мæхъхъæл куы ныббырстой, уæд лæгдзинад равдыста, уый сæ аздæхта, æмæ бирæ азты алы фынгыл дæр йæ рухс ном æнæ ссаргæ нæ уыдысты.

Бакастæй дæр бæрæг дардта, иннæтæй хицæн кодта йæ дарæсæй. Æддæгуæлæ-иу цалдæр фæлысты дæр скодта. Йæ æзмæлд уыд æгæр цæрдæг, æдзухдæр цыма искуыдæм тагъд кæны, афтæ. Цæугæ, уæд – агайгæйæ. Исты кусы, уæд – тагъ-тагъд. Дзургæ, уæд та – хъæрæй æмæ рæвдз. Уæддæр уыд хæрзуынд, асæй бæрзонд, уындæй хæрзконд…

Кæддæриддæр уыд куыстуарзаг. Цыма зæронд нæ кодта, афтæ мæм каст. Хъаруджын æмæ зæрдæхæлар уыд. Сыхы хистæртæн куы дон хаста,

куы доны былты артаг уыгъта… Йæ æххуысы хай цы хæдзарыл нæ æххæссыд, ахæм нæ сыхы нæ уыд. Бирæ куыста сæхи хæдзары дæр, фæлæ цыма фæллад нæ зыдта… Æрмæст фыр куыстæй йе ‘фхæрд уæнгтæ тынг хус уыдысты, фыды мур нæ уыд йе стджытыл, цыма йæ уæлæ бахус йæ царм. Йæ цæстытæ та дыууæ зынджы хуызæн æдзух æрттывтой. Æгæр зæрдæхæлар уыд. Æмæ йыл ничи ауæрста. Æмæ æгæрон кæм уыдысты йæ хъарутæ? Тынг-иу куы бафæллад, уæд-иу тигъыл сбадт æмæ-иу хъæр кодта: «Дæ-дæ-дæ-дæй, бафæлладтæн!» Рæвдаугæ дæр æй кодтой, тæригъæд дæр ын кодтой, фæлæ…

Бирæ йæ чи рæвдыдта, уыдонæн йæхиуыл бынтондæр нæ ауæрста, мæгуыр.

Бирæ хæттыты ахæм æцæг хабæрттæ æмæ рæстдзинад дзырдта, æмæ-иу адæм дис кодтой. Кæмæндæр-иу йæ сусæгдзинад рахъæр, кæмæндæр та-иу æгæр æргом ныхæстæ загъта. Бæлвырд ницы æрымысдзынæн, фæлæ хъуыды кæнын, æргомдзырд кæй уыд, æмæ уый иуæй-иутæ, зондцух кæй уыд, уый аххос кодтой.

Зыдта æцæг цыргъзонд æмæ хъæлдзæг ныхæстæ кæнын дæр. Цалдæр æнаккаг ныхасæй та пайда кодта, раст цыма рæвдауæн ныхæстæ сты, афтæ. Хорз æй хъуыды кæнын, нæ рудзгуыты бын фæцæйцæуы, уæд нæм куыд хъæр кодта: «Зами, … фынæй ма кæныс?» Мæстыйæ та судзаг æлгъыстæй æлгъыста, маст ын чи скодта, уый.

Куы амард, уæд ын сых рæсугъд æгъдау скодтой, уæлдайдæр та, горæтæй Дзгойты чындз æрцыд æд фырттæ æмæ йын æмбæрзæн æд сæрбæттæн æрхастой, сæ нанайæн бирæ лæггад кæй фæкодта, уый хъуыды кæнгæйæ.

Кæд æцæг Хуыцауæй минæвар вæййынц ахæм адæймæгтæ, æмæ ныр зæдбадæны ис йæ бынат… Дзæнæты бадæд. Зæдтимæ бадæд йæ æцæг бæстæйы Хæстинæт.

ЗАМИРÆТ ÆМÆ НЕМКА

Уарзын æмæ аргъ кæнын æмбæлы цардæгас адæмы. О, бæргæ афтæ у, фæлæ кæй уарзтам, уыдонæй чи нал ис, уыдоны нал хъæуы уарзын, зæрдыл дарын? Ærвылбон дæр мысын куы иуы, куы иннæйы… Уæлдайдæр та мæ уды хайы. Цыма Къостайы сидзæргæсау ингæнмæ фæлыгъд тæргай… Куы хинымæр, куы хъæрæй ныхъхъæр кæнын, дзурын æм, кæуын йæ фæдыл. Мæ мад, мæ фыдмæ дæр фæсидын. Мæ уд семæ фæхастой хайгай. Фыдæй, мадæй, хионæй, цардæмбалæй, æмгар æмæ сыхагæй, хорз зонгæйæ. Цы

ма баззад мæ хуылфы мæ удæй, мæ хъæбулты фаг дзы тавс куы нал ис? Æрмæст бирæ тас. Тæрсын, чи ма мын ис, уыдонæн.

Мæ ныхас райдыдтон, чи нал ис, уыдонæй. Радзурын мæ фæнды нæ мыггаджы цы хистæр сылгоймæгтæ уыд, уыдоны тыххæй. Куыд кадджын æмæ уарзон уыдысты адæмы ‘хсæн, мыггаджы, сыхы. Бæрзонд, хæрзконд, уæнгтæй тыхджынарæзт, цæсгомæй рæсугъд æмæ тызмæггомау, Замирæт уыд диссаджы сылгоймаг. Йæ сæрыхицау бабын кæйдæр къухæй. Чидæр ыл хахуыртæ ныффыста, æмæ йæ фесæфтой Сыбыры. Фæлæ нæ фæтасыд, сывæллæттæ иунæгæй фæхаста, колхозы фæкуыста. Хъазуатонæй равдыста йæхи хæсты рæстæг, стæй фæллойбонты.

Алы хабары дæр нæ мыггаджы лæгтæ æмæ сылгоймæгтæ уынаффæ кодтой йемæ. Зианы хабары, цины хъуыддаджы… Замирæт уыд сæйраг уынаффæгænæг. Йæхи хæдзарæй-иу алы бæрæгбонæй дæр хай æрвыста махмæ. Раздæр мæ фыдыфыд Хъасполатæн, куыд мыггаджы хистæрæн, стæй та мæ фыд сси мыггаджы хистæр, æмæ уымæн. Иу нæлгоймаг дæр нæ уыд ахæм, æгъдау æмæ дзуаппæй уый чи амбылдтаид. Йæхицæй хуыздæр ничи зыдта æгъдæуттæ. Стæй хъару æмæ зондæй дæр. Хæсты рæстæг равдыста фæллойы æмæ фыдæбоны стыр лæгдзинад. Колхозы быдырты бирæ уæззау куыст фæкодта. Æхсæвæй-бонæй фыдæбон кодтой æппæт сылгоймæгтæ дæр, уый та сæ разæй, афмæй, цæмæй хæстонты фаг дæр уа сæ тыллæг, сæхæдæг дæр æххормаг ма баззайой сæ сабитимæ, зæрæдтимæ. Адæмы ‘хсæн йæ кад уыд лæджы æмсæр.

Адæм уæд уыдысты æнгомдæр, кæрæдзийæн аргъ кодтой. Ныртæккæ алчи йæхицæн цæры. Ничи никæй ницæмæй фæрсы. Уæд та алы къахдзæф дæр барстой, кæрæдзийы цæсты сæхи не ‘фтыдтой. Искæй цæстмæ нæ, фæлæ искæй зæрдæ балхæнынмæ тырныдтой. Æмвæндæй арæзтой алцыдæр.

Уый афтæ æнгом кодта мыггаджы сылгоймæгты, æмæ алы хабар дæр кодтой иумæ. Цæугæ дæр кодтой æмбырдæй – зианмæ, цинмæ цæуой, сæ разæй цыд Замирæт. Мæ мад дæр йе ‘мном уыд æмæ йæ хистæртæн цумайы чызг уыд. Коммæгæс кæстæрæн уыдон дæр стыр аргъ кодтой. Сæ зæронды бон сын бирæ хæрзты бацыд, бирæ лæггад сын фæкодта. Зылди сæм, куыд хи ныййарæгмæ, рæвдыдта сæ.

Иу ахæм хистæр ма нæм уыд, Немка. Цæмæн афтæ хуынд, уый нæ зонын. Уыд гыццыл асæй, мæллæджытæ, фæлæ царды зындзинæдтæн фæразон разынд. Йæ бон ыл бакалд, дард Сыбырæй йæм йæ хъæбулы мард

куы сластой, уæд. Уый стыр бынæтты куыста, æмæ йæ арвыстой бæрнон бынатмæ кусынмæ. Бек уырдыгæй стыр æххуыс уыд Ирыстонæн. Ærвыста фæйнæг æмæ æндæр хъæдæрмæг нæ арæзтæдтæн. Уый размæ та нæхи колхозæн уыд разамонæг. Сæрыстыр уыд ныййарæг йæ хъæбулæй. Фæлæ йыл ацы зындзинад куы ærцыд, уæд нæ фæтасыд. Йæ хъæбулы хъæбул уыд йæ ныфс. Йæ иннæ лæппу цард Харьковы æмæ уый дæр фæстæмæ раздæхт Ирыстонмæ. Дзæбæх куыстыты куыста уый дæр, хæсты ветеранæн стыр кад уыд адæмы ‘хсæн. Дисы мæ-иу æфтыдта, ацы гыццыл усæн ахæм дынджыр æмæ уæнгджын фырттæ куыд райгуырд. Уый-иу бахудт æмæ-иу афтæ: сæ фыд дæр ахæм уæнгджын æмæ бæрзонд уыд. Кæд Замирæт знæтхуыз уыд, уæд Немка та уыд æфхæрдхуыз, æнкъард. Фæлæ мах иууылдæр рæвдыдтой. Стæй нæ мад семæ куыд хæлар уыд, ууыл дис кодтон, цыма сæхи чызг уыд, афтæ.

Уæлдай хæстæгдæр æм уыд нæ дыккаг хæдзары ус Мæри. Махмæ нана нæ уыд, раджы амард. Нæ нана хуыдтам уый, уыд ныллæг æмæ тымбылтæарæзт. Фæлмæн æмæ зæрдæмæдзæугæ… Уæвгæ уын йæ кой кодтон.

Адæймаг бинонтæ ахуырæй иунæгæй куы аззайы, уæд куыд æдых æмæ мæгуыр у. Ме знагæн дæр мæ зæрдæ нæ зæгьы, цæмæй йæ хæдзар афтид уа, йæ дзурæг æмбал та телевизор суа. Мæ алыварс уыд ахæм зæрæдтæ. Зæронд устытæ, зæронд лæг. Алы бæрæгбон дæр сын кодтон лæвæрттæ, бахастон сын-иу чъиритæ, адджинæгтæ. Рынчынæй сын кодтон судзинтæ, зылдтæн сæм, мæ цæст сæм дардтон. Рагæй нал сты уыдон, ныр æз базæронд дæн, сдæн фæкæсинаг, рæвдауинаг. Цæмæн у афтæ æгъатыр цард, кæм сты мæ кæстæртæ? Уыдон уыдтой, куыд ауыдыдтон мæ сыхæгтыл, куыд кастæн мæ мад, мæ фыдмæ, сæхи фыдмæ… Афтæ нæ фæзæгъынц, сывæллон цы уыны, ууыл ахуыр кæны… Уæдæмæ алцы дæр амондæй у. Æз та йæ мæ мады гуыбынæй нæ рахастон…

Куы райгуыræм, уæд нын кувынц, цæмæй бирæ цæræм. Нæ арфæты дæр бирæ хатт «бирæ цæр» фæзæгъæм. Цæмæн? Кæй хъæуы ахæм дæргъвæтин цард? Дæ хæстæ царды раз куы сæххæст кæнай, куы бафæллайай дæ цардæй, куы бастайай фыдæбон æмæ хъизæмарæй, уæд ма уый цæй цард у? Ærмæст дæ ивгъуыды мысинæгтæй цæрыс, уыдон ма ærбауадзынц адæймаджы риумæ рухсы цъыртт...

Се ‘ппæт мысинæгтæн, æвæццæгæн, радзурæн нæй. Æз дæр та стъæлф æвæрын. Кæд та ма раздæхин абоны цардмæ.

БЫТЪÆТЫ РОБЕРТ: 80 АЗЫ



Национ æмæ уæрæсейаг театралон-сценикон аивады хæзнатæ парахатгæнæг адæймагæй баззад, чи йæ зыдта, уыдоны зæрдæты нырыккон ирон сфæлдыстадон интеллигенцийы ирддæр минæвæрттæй иу, Уæрæсейы æмæ Хуссар Ирыстоны сгуыхт артист, Цæгат Ирыстоны адæмон артист, тележурналист Бытъæты Роберт.

40 азæй фылдæр фæлæггад кодта аивадуарзджытæн, Ирон театры сценæйыл зæрдæмæхъаргæ фæлгонцтæ аразгæйæ. Бирæтæ дзы бацыдысты Ирыстоны сценикон аивады хæзнадонмæ. Гæлæуты Анатолийы «Зилахар»-ы снывæста Батрадзы, Туаты Дауыты «Пæсæйы фæндон»-ы Цолайы, Хуыгаты Георы «Цыппар хъысмæт»-ы Данелы фæлгонцтæ. Алы азты ма ахъазыд Гутнаты Владимиры «Зæронд Дзæуджыхъæу»-ы Вагаршачы, Гоголы «Ускурæнты» Яичницæйы, Кальдероны «Цард у фын»-ы Кларины, Островскийы «Пайдайаг бынат»-ы Юсовы æмæ бирæ æндæр рольты.

Бытъæйы-фырты ма адæм бауарзтой, куыд паддзахадон телерадиокомпани «Алани»-йы рухсадон куыст кæнæг журналисты. Уый сси Ирыстоны культурæ æмæ аивады архайджыты тыххæй равдыстыты автор æмæ амонæг.

Йæ мадæлон æвзаг хорз кæй зыдта, уымæ гæсгæ йын бантыст театрæн уырыссаг æвзагæй дунеон драматургийы уацмыстæ ратæлмац кæнын. Се 'хсæн – Шекспиры «Отелло», Мольеры «Скапены митæ», Стратиевы «Автобус» æмæ иннæтæ.

Курдиатджын артист йæхи равдыста арæхстджын режиссерæвæрæгæй дæр. Дыгурон драмон театры сценæйыл сæвæрдта Мольеры «Скапены митæ», Хуыгаты Георы «Сабан æмæ Габан», Малиты Георгийы «Темур-Алсахъ». Ацы куыстытæн стыр аргъ скодтой театралон критиктæ æмæ æхсæнад.

Бытъæты Роберт ахъазыд ахæм аивадон киноныв ты, куыд «Женский роман» (режиссер – Сергей Снежкин), «Ласточки прилетели» (режиссер – Галазты Аслан), «Одиннадцать писем к Богу» (режиссер – Сæлбиты Аким), документалон киноныв ты «Зæрдæйæ зæрдæмæ» (амонæг – Агъ наты Гæстæн), «Аланы. Дорога на запад» (режиссер – Туаты Теминæ).

Йæ куыстыл æнувыд артист, парахатзæрдæ адæймаг йæ цардæй ахицæн 2020 азы 77-аздзыдæй.

ИРД ÆМÆ БИРÆВÆРСЫГ КУРДИАТ

Бытъæты Робертимæ нын уыд фидар бастдзинæдтæ, куыд куысты, афтæ царды дæр. Ирон театры сценæйыл, куыд режиссер, афтæ 2015 азы райдайæны мæ фыццаг спектакль – Константин Сергиенкойы «Кæм дæ, адæймаг?» («Прощай, овраг») – куы æвæрдтон, уæд мын пьесæ ирон æвзагмæ раивта Роберт. Ныффыста йæм æмдзæвгæтæ дæр, уыдонæн ныффыстам сæрмагонд музыкæ. Уыцы аз фæззæджы Дыгурон театры æвæрдтон Жан Ануйы пьесæмæ гæсгæ спектакль «Генералы в юбках», æмæ та уый дæр ратæлмац кодта Роберт. Афтæмæй, ме сфæлдыстадон æнтыстдзинæдтæм бахаста йе ‘ххуысы хай, балæууыд-иу мæ фарсмæ, куыд цæстуарзон æмæ кæстæртыл аудæг хистæр.

Иннæ ахæм спектакль – «Ревизор». Уый уыд мæ фыццаг спектакль Ирон театры сценæйыл. Æз дзы ахъазыдтæн Хлестаковы ролы, Роберт та уыд Лука Лукич. Репетициты рæстæг не ‘хсæн цы ныхæстæ цыд, цы фæ- дзæхстытæ мын кодта, уыдон абон дæр мæ зæрдыл лæууынц æмæ мæ царды, стæй театралон аивады дæр бахъуыдысты. Уыдон цыдысты йæ зæрдæйы арфæй. «Бирæ цæуылдæрты мæ сахуыр кодта», – афтæ ма мемæ зæгъид театры кæстæр артисттæй алчидæр. Фыццаджыдæр та нын йæхæдæг уыд ирд дæнцæг æъдау раттынæн, лæггад кæнынæн æмæ сценæйыл хи арæхстджынæй равдисынæн.

Хъыгагæн, фæстагмæ цы ног спектаклы хъуамæ ахъазыдаид – Шекспиры «Ричард III», уымæн йæ премьеræмæ нал фæцард. Хъысмæты азаræй премьеræйы бон мах йæ фæстаг балцы æрвыстам нæ уарзон артист, нæ уарзон хистæр Бытъæты Роберты. Абоны хуызæн мæ цæстытыл уайы, йæхи къуыри раздæр куыстæй куыд куырдта операцимæ, уый. Уыдтам, йе ‘нæниздзинад хуыздæрхъуаг кæй уыд æмæ нæ зæрдæ дардтам, уыцы операцийы фæстæ кæй фæфидардæр уыдзæн. Уыл æппæты тынгдæр æууæндыд йæхæдæг æмæ мах дæр бауагъта уыцы æууæнк. «Бауырнæд дæ, Гиви, операцийы фæстæ куыддæр мæхиуыл фæхæцон, афтæ мæ роль мæхæдæг ахъаздзынæн», – ацы ныхæстæ абон дæр мæ хъустыл ауайынц. Æнцон нæ уыд, кæй зæгъын æй хъæуы. Премьеræмæ ма баззад къуыри, æмæ æвæстиатæй бахъуыд ног артисты йæ бынатмæ бацæттæ кæнын.

Цæстытыл уайы, уыцы ныхæсты фæстæ театры тыргъы куыд фæцæйцыд, фæстæмæ ма, æрдæгфæндагыл æрлæугæйæ, куыд фæкаст

æмæ аххосджынхуызæй хатыртæ куыд куырдта æрыгон режиссерæй, ома дзæвгар фæкуыстам ног спектаклыл, ныр сræвдз стæм, æмæ дæ къуылымпы кæнын куысты. Ацыд… Ацыд йæ фæстаг балцы… Кæд абон не ‘хсæн нал ис, уæддæр нæ рох никæд уыдзæн йæ рухс ном, цы фæд ныууагъта ирон театралон аивады, уый. Хъустыл зæлдзæн йæ диссаджы æнæбафæзмгæ хъæлæс, хъуыдыйы баззайдзысты йæ хæлар зæрдæйыуаг æмæ, цы сурæттæ сарæзта, уыдон.

УАЛЫТЫ Гиви

ТЕАТР ÆНÆ ХИСТÆРÆЙ НÆ ФИДАУЫ

Бытъæты Робертæн курдиат Хуыцауæй лæвæрд уыд, æмæ дзы арæхстджынæй пайда кодта, куыста æппынæдзух йæхиуыл æмæ афтæмæй Ирон театралон аивады бацахста йæхи сæрмагонд бынат. Цы сурæттæ сарæзта, уыдонæй иуæй дæр афтæ зæгъæн нæй, театрдзауы зæрдæмæ фæндаг не ссардта, зæгъгæ. Уыцы сурæттæ цардысты æмæ абон дæр цæрынц театрдзауы хъуыдыты, зæрдæйы рæбинагдæр æмæ адджындæр мысинæгты, кæд сæ саразæг не ‘хсæн нал ис, уæддæр. Йæ иу рацыдæй дæр-иу театрдзауты йæхи бакодта, æмæ-иу сæ къухæмдзæгъд нал æнцад. Дæсны уыд, цы сурæт арæзта, уый цавæрдæр ахорæнты, детальты руаджы цымыдисагæй равдисынмæ. Хатгай-иу пьесæйы фыст дæр нæ уыдысты автормæ, афтæмæй-иу æй ацахста йæхæдæг æмæ-иу дзы цыдæр диссаг рауадаид. Уый йын æрдзæй лæвæрд уыд.

Бынтон хæларæй та театры кæстæртимæ цард. Зыдта сын уæзданæй, фыды хуызы истытæ бацамонын, ахудын сæ кæнын æмæ сын сæхимæ байхъусын дæр. Æз театры ссæдз азы кусын æмæ йæ тызмæгæй йе хъæрæй сдзургæ дæр никæд федтон.

Роберт зæронд нæ кодта, йæ уд уыд хæрз æрыгон. Йæ сæрмæ нæ хаста искæй æвзæры кой ракæнын. Йемæ тынг æнцон кусæн уыд. Хæларæй, æмкусæгæй, театрдзауæй… иууылдæр æууæндыдыстæм йæ ныхас æмæ йæ хъазтыл сценæйы. Ныр иуæй-иу артисттæн сæ цæстытæм бакæс, æмæ – афтид. Ницы дзы фендзынæ. Роберт ахæм нæ уыд.

Театрмæ куы æрбацыдтæн ахуыры фæстæ, уæд иумæ хъазыдыстæм Саламты Къолайы пьесæмæ гæсгæ æвæрд спектакль «Дыууæ чындзæхсæвы»-йы. Тыджыты Эдуард хъазыд Хæнкъæлы ролы, Роберт та уыд йæ фыд. Сæйраг ролы хъазыд Фидараты Альберт, Цæргæсты Дзамболат – Хъалмыхъы ролы. Æз та, куыд райдайгæ артист, хъазыдтæн

иумæйаг сценæты. Уыцы спектаклы ма хъазыд уæд нæ театры хистæр Уыртаты Верæ.

Цæвиттон, цæмæй йæ фырт хуыздæр механизаторыл нымад æрцыдаид, ууыл уыд йæ мæт фыдæн. Архайд сценæйыл цæуы, йæ тынджы бацыд. Эдуард-Хæнкъæлæн йæ ныхæстæ фесты. Уыцы рæстæг хъуамæ сценæмæ рахызтаид Роберт, фæлæ нæ хизы. Фæскулисæты иннæ артисттæ скатай сты, агурынц æй. Уæддæр нæ зыны. Уалынмæ æрбахæццæ. Æвæстиатæй сценæйы астæу балæууыд, æмæ, йæ текст куыд амыдта дарддæр, афтæ дзырдта, Эдуарды тыхст цæстытæм кæсгæйæ:

– Ды кæм уыдтæ, ды? Ды кæм уыдтæ дæ фæрсын?!

– Æз, Баба, бæргæ ам уыдтæн, фæлæ ды та кæм уыдтæ? – йæхи нал баурæдта Эдуард, æмæ зал гуыбындихтæ кодта.

«Чепты Чепена»-йы цы расыггæнæг барадхъахъхъæнæджы сурæт сарæзта, уымæн та дзы æмбал нæ уыд. Сценæйы-иу фæсте ноздзынæй лæууыд, æмæ йæм лæг кæсынæй не ‘фсæст. Уыцы сурæт ын мæ зæрдæмæ тынг цыд. Æппæтæй тынгдæр та уарзтон, Дзгойты Аллæимæ (Поли) сын цы эпизодтæ уыд уым, уыдон. Куыд фидыдтой иумæ сценæйыл, куыд арæхстджынæй хъазыдысты, куыд сæ уарзта театрдзау! Кæд Роберт расыггæнаджы ролы хъазыд, уæддæр. Иу дзы ахæм уыд:

– Поли, цом-ма, дæ арахъхъæй мæхи фæхъæбæр кæнон!

– Цом! Æцæг дзы ды хъæбæр нæ, фæлæ лæхъир нывваййыс, лæхъир!

Æмæ-иу уæд, æцæгæйдæр, Роберт, йæ цъæх хъæдындз йæ дæндæгты ‘хсæн, афтæмæй лæхъирæй сценæмæ рацыд.

Иннæ ахæм та:

– Поли, фыдуаг сылгоймаг дæ, фæлæ дæм кæцы статъяйæ бавналон, уый нæ зонын!

– Гъемæ йæ куы базонай, уæд-иу дзы дæ бинонты хуыздæртæм бавнал! – ныццæлхъ-иу кодта Поли дæр.

Роберт уыд, уыриссагау куыд фæзæгъынц, «мастер эпизода». Ирон аив дзырды дæсны. Кæдæй нал ис, уæдæй цас фылдæр рæстæг цæуы, уыйбæрц мæхицæн нæ хатыр кæнын цалдæр хъуыддаджы, æмæ та мæхиимæ стох вæййын: фылдæр ын цæуылнæ балæггад кодтон, цæуылнæ ссардтон рæстæг йемæ зæрдæбын ныхæстæн, цæуылнæ йæ бафарстон нæ куырыхон зонынджын хистæры царды алывæрсыг хабæрттæй, йæ зæгъинæгтæй…

Роберт уыд фарны лæг. Мах иууылдæр ирон адæм стæм, нæ фыдæлтæ кадыл мæлгæ дзырддзæугæ адæм уыдысты, фарн хæссæг! Фæлæ абон уыцы фарнæй æрмæст стæмтæ сты хайджын. Æрмæст æй стæмтæ ба-

хъахъхъædтой сæ зæрдæты, суанг зындзинæдты дæр нæ фæтасыдысты, афтæмæй. Уыцы фæрнджын адæмæй иу уыд Уататы Бибо – нæ адæмы раздзæуæг, нæ кад, нæ намыс. Уыцы фарнæй хайджын уыд Роберт дæр.

Гримæвæрæн уатмæ-иу сæм арæх бауадтæн: тамакойы фæздæг, къофи, чингуытæ… Уыдон уыдысты сæ чысыл «паддзахады» цинтæ. Хуыцаубон йе улæфты бон та йын æппын нæ уыд. Йæ хæдтулгæ æдзух театры кæрты уыд. Театр уыд йæ цард!

Диссаг уыд, йæ хъæлæсы ахорæнтæй куыд пайда кодта, уый дæр. Иу миниуæг æм бафиппайдтон. Телеуынынады йе йæ радиойы куы фыстой, уæд архайдта, цæмæй фыст æрцыдаид райсомæй. Фæссихор-иу йæ хъæлæсы азæлд йæ зæрдæмæ нал цыд, фендæрхуызон-иу ис. Йæхæдæг дæр аргъ кодта, æрдзæй йын цы курдиат лæвар уыд, уымæн. Радиойы дзæвгар бакуыстой Къадзаты Станиславимæ дæр. Йæ хъæлæс æрлæууыд Цæрукъаты Алыксандры, Туаты Дауыты, Мерденты Юрийы æмрæнхъ. Уæддæр студентау куыста йæхиуыл. Арæх кодта тæлмац. Йæ къухæй нæ цух кодта дзырдуат. Æз дæр-иу цавæрдæр ирон дзырдты нысаниуæг куынæ зыдтон, уæд мæ-иу ныфс уыд, цафонфæнды йæм куы бадзурон, уæддæр мын раст дзуапп кæй ратдзæнис. Уый ссардта кæстæрты зæрдæтæм фæндаг. Уыдон дæр ын сæ уарзондзинадæй дзуапп лæвæрдтой…

Мæнæн мæ мадимæ æмхъæуккæгтæ уыдысты, æмæ ма-иу æй нæ ферох мæн суанг мæ мадæй афæрсын дæр. Алкæуыл дæр хъуыды кодта, алкæуыл дæр æххæссыд. Йæ разы æрлæуу, уæд-иу суанг дæу дæр йæ уды хъармæй батавтаид. Уыцы цæхæрæй хайджын кодта театрдзауы дæр, æмæ-иу уыдон рæвдыдæй сæ хæдзæрттæм ацыдысты.

Робертæн кæдфæнды дæр уыд рольтæ. Ахæм театралон сезон нæ уыд, æмæ йын ног роль ма радтой. Йæ алы рацыд дæр сценæмæ уыд скъола. Нæ ауæрста æппындæр йæхиуыл. Фæлæ кæдфæнды дæр уыд ælвæст, хæрзаив, зылд йæхимæ, нæ куымдта азтæн сæттын. Иунæг театр дæр æнæ хистæр нæ фидауы, уæлдайдæр та – Ирон театр. Æз амондджын дæн, иу рæстæджы Ирон театры сценæйыл кæй куыстам, кæй зыдтам кæрæдзи, уымæй. Рухсаг уæд… Йæ ном рох никæд уыдзæн…

БИТАРТЫ Алыксандр

ХÆЛАРЫ МЫСГÆЙÆ

Цардæй ничи бафсæст, нæ дзы бафсæст йæ уарзон адæмимæ цæрынæй æмæ сын лæггад кæнынæй Бытъæты Роберт дæр. Мах Робертимæ канд æмкусджытæ нæ уыдыстæм, фæлæ ма уыдыстæм стыр хæлæрттæ дæр. Уыд æмгаруарзаг, куыстуарзаг, сыгъдæгзæрдæ адæймаг. Уыдис нын хæлæртты къорд: Дзытиаты Лактемыр, Суанты Хъазыбег, Таугазты Аслæнбег, артисттæй ма-иу ныл цалдæр рæстæгæй-рæстæгмæ бафтыд. Уарзтам фæсспектакль иумæ рæстæг æрвитын, кæм цæл кæнын, кæм исты хабæрттыл аныхас кæнын, нæ зæрдæйы риссæгтæ кæрæдзийæн радзурын.

Нæуæдзæм азты кæрон театр «Казбек-Арт» куы байгом кодтон, уæд мæ фарсмæ ныфсы хосæн чи балæууыд, уыдонæй иу уыд Бытъæты Роберт. Уæд сæвæрдтам спектакльтæ: «Мæ усы мад», «Сау лæппу» æмæ «Ирæттæ». Уыдонæй Роберт «Сау лæппу»-йы ахъазыд сæйраг ролы, «Ирæттæ»-йы та – Фацбайы, дыгуроны, ролы, æмæ дыууæ ролы дæр театрдзаутæн систы тынг уарзон. Иумæ дæр бирæ спектакльты ахъазыдыстæм. Уыдоны ‘хсæн: «Санаты Сем», «Цомахъ», «Чери», «Ревизор» …

Роберт йæхæдæг дæр æвæрдта спектакльтæ. Разамынд лæвæрдта Цыколайы адæмон театрæн. Дзæуджыхъæумæ хæстæг нæ уыд, фæлæ уæддæр нæ зивæг кодта уырдæм кусынмæ цæуынмæ. Сæвæрдта дзы Хуыгаты Георы пьесæмæ гæсгæ «Сау нымæт», æмæ ма суанг фестиваль «Театральная весна»-йы дæр ссис уæлахиздзау. Спектакль ластой гастрольты дæр, æмæ дзы адæм уыдысты райгонд.

Мæ хæлар алы хъуыддаг дæр лыстæг æвзарæг уыд, стæй – дардмæ уынаг. Репетицийы рæстæг-иу залы сбадтаид æмæ-иу уый фæстæ уайдзæфы хуызы нæ, фæлæ аивæй йæ зæгъинæгтæ загътаид, уыцы ран афтæ куы бакæнис, уæд хуыздæр уаид, зæгъгæ. Æмæ-иу йæ фæндиæгтæ уыдысты алкæддæр рæстдзæвин.

Уæдæ уый хуызæн бинонтæ уарзгæ дæр никæд федтон. Уæлдай тынгдæр-иу йæ æнувыддзинад рабæрæг гастрольты рæстæг. Телефон йæ къухæй нæ хицæн кодта, æппынæдзух дардта семæ бастдзинад. Уый диссаг уыд. Табу Хуыцауæн, афтæ стыр аргъ ын кодтой, æмæ йыл афтæ иузæрдион уыдысты йæ кæстæртæ æмæ йæ цардæмбал. Кодтой йын кад æмæ лæггад. Уый бинонтæн стыр амонд у, Хуыцауы лæварау раст. Роберты тыххæй тынг бирæ ис дзурæн. Хуыздæр удзæн, цалдæр хабары дзы куы ракæнон, уæд.

БАХЪУЫДЫ КÆН АЦЫ ИЗÆР…

Иусæрд уыдыстæм Тбилисы Мæхъиты Гайозы хæдзары. Куы æрталынг, уæд нæ цæстыты раз æнæнхъæлæджы байгом горæты рæсугъд уынд. Бадтыстæм тыргъы æртæйæ: Бибо, Гайоз æмæ æз. Уæ цæстытыл ауайæд, нæ сæрмæ стъалытæ куыд тыбар-тыбур кодтой, нæ быны кæмдæр Тбилис цырæгътæй йæхи чындздзон чызгау цæхæртæ калгæ куыд сфæлыста, æмæ уыцы аивдзинадмæ дымгæ кæцæйдæр рог уддзæф куыд хаста сæны сæрзилæн хæрздæфы амæстæй. Бибойы уыцы алæмæты æрдзон уавæр йæ ахæсты бафтыдта, æмæ йæ риуы сабухтой арф æнкъарæнтæ. Цæссыгтæ рустыл уадысты, цæстытæ æмæ зæрдæ не ‘фсæстысты æрдзы рæвдыдæй.

– Хъазыбег, бахъуыды кæн ацы изæр. Фæстæмæ никæдуал раздæхдзæн, – дзырдта мын Бибо.

Царды бирæ цæмæндæрты нал вæййы раздахæн. Уæлдайдæр та – рæстæгæн, немæ чи нал ис, уыцы уарзон адæмæн. Раст афтæ нал ис раздахæн мæ хæлар Робертæн дæр…

СÆУМÆРАЙСОМЫ ЗЫН ÆМÆ ЦИН

Æз-иу театрмæ сæумæрайсом æрбацыдтæн. Афтæ уыд мæ ахуыр. Фыццаг та уал-иу уыдтæн хъæды, ме ‘нæниздзинад дзы фидар кодтон. Кæй зæгъын æй хъæуы, афтæ раджы-иу театры ничи уыд – куысты афон-иу фæстæдæр ралæууыд. Уæд иухатт Робертæн афтæ зæгъын:

– Роберт, райсомæй театры куы никæй æрбаййафын, уæд мын ахæм зын вæййы, æмæ диссаг.

Уæдæй фæстæмæ-иу мæ разæй æрбацыд, æмæ йын кæд æппындæр уыцафон ницы куыст уыд, уæддæр-иу сканвордтæ кодта, цыдæртæ каст, фыста. Уый архайдта мæнæн циндзинад æрхæссыныл. Уыцы ахастæн баивæн ницæуыл ис.

ХУЫСНÆГМÆ – ФÆЛМÆН ДЗУРÆГ

Роберт каст фæцис ЦИПУ-йы æрдзон хъомылады факультет. Асæй бæрзонд нæ уыд, фæлæ – фидæрттæарæзт. Иухатт трамвайы цыд, æмæ дын ын æрыгон лæппу хъæвгæ йæ дзыпмæ нывнæлдта. Хъавыдис ын йе ‘хцадон слухынмæ. Роберт рæвдз уыд алы хъуыддаджы дæр æмæ йæ æрцахста. Æндæр исчи йæ, чи зоны, дæрæн дæр ныккодтаид. Ær-

мæст Роберт – нæ. Уый йын, йæ дыууæ цæстмæ бакæсгæйæ, фыдау бафæдзæхста, афтæ мауал бакæн, мæ хъæбул, зæгъгæ, æмæ йæ ауагъта. Уый фæстæ йæ театры артисттæ фаудтой, райсом та æндæр искæй дзыпмæ ныббырдзæн, цæмæн æй ауагътай, милицæмæ фæдзурын хъуыд, зæгъгæ. Роберты та уырныдта, йæ фæлмæн ныхæсты хъару милицæйæ тыхджындæр кæй у, уый.

ХÆРЗФЫНТÆ… СЦЕНÆЙЫЛ

Роберт дæсны уыд тæлмац кæнынмæ. Хатгай-иу æхсæвы æнафонтæм дæр стъолы уæлхъус арвыста, кæддæрты та боныцъæхтæм дæр. Иу ахæм æхсæвы фæстæ Ирон театры уыд спектакль «Сау læппу», æмæ дзы Роберт та хъазыд сæйраг ролы. Хъуамæ иу рæстæг стъолы бынмæ бабырыдаид æмæ фæстæмæ фæзындаид дидинджытимæ. Гъемæ мидæмæ бæргæ бабырыд, фæлæ фæстæмæ нал зынд. Рæстæг цæуы. Йемæ архайæг артисттæ стыхстысты, цы фæуыдаид, зæгъгæ. Театрдзау æнхъæлмæ кæсы. Уалынмæ артисттæй чидæр фæсæрæн, æндæр гæнæн дæр нал уыд, стъолы бын фæмидæг æмæ… куыд рабæрæг, афтæмæй Роберт уым афынæй. Райхъал æй кодтой, спектакль цæуы, зæгъгæ, æмæ та ногæй йæ хъайтары сурæты бацыд.

НАЛ ХЪУЫСЫ ЗАРÆГ

Роберт зарынмæ фыддæсны уыд! Арæх зарыдыстæм иу къордæй: Хуырымты Уырызмæг, Дзытиаты Лактемыр, Суанты Хъазыбег, Роберт æмæ æз. Мæнæн та мæ зæрдæмæ цыд, йæ гримæвæрæн уатæй-иу йæ зарын куы райхъуыст æмæ-иу уыцы зæлтæ театры къуымтæм куы агуылф кодтой, уый. Абон нал хъуысы зарæг.

ЕХХ, ЦÆРЫНÆЙ БАФСÆД…

Уæлдай зæрдылдаринагæй артисттæн баззайынц гастрольтæ.

Уыдыстæм Сухумы. Суанты Хъазыбег мæ уаты смидæг æмæ мæ тыхстхуызæй фæрсы, Роберты нæ федтай, зæгъгæ.

– Йæ номыры нæй?

– Нæй!

Ацыдыстæм æй агурæг. Кæсæм, æмæ денджызы был кафейы бады. Йæ разы бæгæны æмæ ма, йемæ цы æмбæлд, уыдон дæр. Стъолыл

йæхицæй уæлдай – махæн дæр агуывзæтæ цæттæйæ æвæрд. Йæхæдæг денджызы уылæнтыл цинæй мæлы æмæ, цыма кæмæдæр æнхъæлмæ каст, уыйау йæхи дардта.

– Дæ Хуыцауы тыххæй, кæм дæ, мах дæу куы агуræм абонсарæй?!

– Мæнæ бадын æмæ сымахмæ æнхъæлмæ кæсын! – бахудтис фæлмæн йæ мидбылты Роберт. – Зæгъын мæ кæддæр-уæддæр агурдзысты æмæ мæ ам ссардзысты. Уе ‘рбацыдмæ мæхи дæр бацæттæ кодтон.

Уæдмæ æрталынг. Стъалытæ нæм сæ цæстытæ ныкъулын райдыдтой, уылæнты зарджытæ рæвдыдтой нæ хъустæ. Семæ хастой цъæх денджызы салæмттæ æмæ йæ хæрздæф. Иурæстæг нæ алчидæр цæуылдæрты хъуыды кодта йæхинымæр.

– Тæхуды, цардæй бафсæд, – загъта сабыræй Роберт.

Мах æм иууылдæр не ‘ргом раздæхтам.

– Æрмæст иунæгæй нæ, сымахимæ…

ГУЫБИАТЫ Хъазыбег

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ






Роберт æмæ йæ цардæмбал Афинæимæ, 1978 аз



Ирбег, Зæлинæ, Алыксандр



Æфсады службæйы рæстæг



Йæ чызг Зæлинæ, йæ кæстæр фырт Алыксандр æмæ йæ чызджычызг Аланæ



Хъазыбеджы хохмæ



Артистты къордимæ



«Ærдхорд æфсымæртæ»



«Фатимæ»



«Сæтти æмæ Бæтти»



«Усгур Гаци»



«Зилахар»



«Сыхбæсты къæдзлæдзæг»





«Ныфсы мæсыг»





«Пæсæйы фæндон»



«Чермен». Репетициты рæстæг














«Дыууæ чындзæхсæвы»



«Ревизор»






«Ревизор»



















ЭН ТЕАТР







Тæбæхсæуты Балойы мысæн бон



Гастрольты Абхазийы



Ирон театры артистты къордимæ



Гæздæнты Булат æмæ Суанты Хъазыбегимæ



ЦЫБЫРТЫ Людвиг,
историон наукæты доктор,
профессор

НАРТÆ ÆМÆ АЛАНТÆ

Ирон Нарты кадджыты историон бындуры тыххæй алыхуызон хъуыдытæ ис. Сты дыууæ сæйраг къордыл дихгонд. Фыццæгтæ, – эпос историон æвдисæн нæу, зæгъгæ, чи зæгъы, уыдон. Сæ зындгонддæртæй иу у ахуыргонд-археолог Евгений Крупнов. Уый фыста, Нарты кадджытæн историон бындур æппындæр кæй нæй. Зонадон æгъдауæй кæд фаг æвдисæнтæ не ‘рхастæуыд, уæддæр йæ фарсхæцджытæ ис. Махмæ гæсгæ, растдæр сты, хъайтарон Нарты эпосы историон бындур дызæрдыггаг кæмæн нæу, уыцы иртасджытæ. Се ‘хсæн – зындгонд ахуыргæндтæ Борис Скитский, Леонид Семенов, Владимир Кузнецов, Гаглойты Юри, Гуыриаты Тамерлан, Козаты Петр.

Ацы хъуыды ‘рфидар кæнынмæ уæлдай ахсджиаг æвæрæн бахаста æвзаг æмæ Нарты эпос иртасæг Абайты Васо. Йæ куыстыты уый спайда кодта зонадон иртасæнты абарынадон-историон мадзалæй, æмæ дызæрдыггаг фарстатæн дзуаппытæ радта. Уый куыд фыссы, афтæмæй эпосы бындуры мифологи æвæрд ис, фæлæ «æмткæй, аивадон, арæх фантастикон хуызы, раст ныв кæны, чи йæ сфæлыста, уыцы адæмы цардыуаг, зондахаст, дунембарынад». Ацы фарста номдзыд ахуыргонд æвзары «Историческое в нартовском эпосе», «Сармато-боспорские отношения в отражении нартовских сказаний», «Троянский конь», «Нартовский эпос», «Нартовский эпос осетин», «Осетинский язык и фольклор», «Скифо-европейские изоглоссы на стыке Запада и Востока», зæгъгæ, ахæм куыстыты, æмæ ма, кæй зæгъын æй хъæуы, йæ бирæтомон «Ирон æвзаджы историон-этимологон дзырдуаты».

Абайты Васо сбæлвырд кодта, се ‘нкъарæнтæм гæсгæ Нарты кадджытæ чырыстон дины размæ кæй сæвзæрдысты. Чырыстон дзуæрттæ (Уастырджи, Уацилла æмæ æнд.) йæм куыдæй бахауд-той, уый тыххæй та загъта, чырыстон æрмæст сæ нæмттæ кæй сты, сæ фæлгонцты мидис та рагондæр кæй у. Йæ хъуыдымæ гæсгæ, кадджытæ нывæнджытæ æрæййæфтой, чырыстон дин рагуырнын-

дзинадыл куы уæлахиз кодта, уыцы дуг. Æвдисæнæн хæссы эпосы нæргæ хъайтартæ Сослан æмæ Батрадзы фæлгонцтæ. Чырыстон дины размæйы дунейы хъайтартæ уæвгæйæ, уыдон фæмардысты Ног Хуыцауимæ (Балсæджы цалхимæ) æмæ йæ фæсдзæуинтимæ (зæдтæ æмæ дауджытимæ) тохы. Сæ мæлæтæй Нарты эпос æвдисы, муртакк дин рохуаты фæлмы кæй ныгъуылы, уый. Ахуыргонды ныхæсты рæстдзинадыл дзурынц историон цаутæ: X æнусы Ныгуылæн Аланийы чырыстон дин йæ тыхы бацыд.

Нарты кадджыты фæзынд иртасджытæ, стæмтæй фæстæмæ, иухуызон амонынц. Сæ ратæдзæнтæ сын хæссынц нæ дуджы размæйы I миназонмæ. Ахæссæн ма сæ ис нæ дуджы размæйы II миназоны дыккаг æмбисмæ дæр, уыимæ, дызæрдыггаг никæмæн у, XIII – XIV æнусты, ома, тæтæр-манголы ныббырсты онг, кæй уыдысты. Уæдæ, эпос æххæстæй нæ дуджы I миназоны кæй ныффидар, уый дæр хъаугъайаг нæу. Гъемæ уыцы цау æрцыд, Стыр Кавказмæ Сæйраг бацæуæны зындгонд рагастæуæнусон паддзахад чи сарæзта, уыцы алайнаг æхсæнады.

Кадджытæ алантимæ баст кæй сты, уый тыххæй рагондæр æвдисæнтæ хауынц V æнусмæ æмæ баст сты сомихаг историк Моисей Хоренскийы номимæ. Йæ иртасæн куыст «Сомихы истори» райдайы голтайнаг кадæггæнджыты зарджытæй, Сомихмæ чи ‘рбабырста, æмæ Арташесы æфсæдтимæ тохы чи бацыд, уыцы аланты тыххæй. Аланты паддзахы фырт уацары бахауд, паддзах æрхатыд суæгъд æй кæныны æмæ бафидауыны курдиатимæ. Арташес не сразы. Уæд Арташесмæ зæрдиаг ныхæстæ æмæ арф хъуыдытимæ фæсидт лæппуйы хо. Йæ зонды ныхæстæ йын фехъусгæйæ, Арташес йæхæдæг æрцыд цæугæдоны былмæ, федта рæсугъд чызджы, банкъардта, зонджын адæймаг кæй у, æмæ йæ бауарзта. Бафидыдтой: сомихæгтæ уацайраджы рауагътой, Арташес та Сатиничы ракуырдта. Арташес стыр ирæд дæр бафыста, æнахуыр хъæздыг, «сызгъæринтæй, дзындзытæй къæвда» кæм уарыд, ахæм чындзæхсæв дæр скодта.

Ацы æвдисæнтæ дæттынц сомихаг-нæртон (алайнаг) абарстытæн фадат.

Фыццагдæр ирон-сомихаг эпикон ивддзинæдтæм XIX æнусы 80-æм азты йе ‘ргом аздæхта Д. Лавров. Йæ иртасæн куыст «Заметки об Осетии и осетинах»-ы уый бацамыдта нарты Сатана æмæ сомихаг паддзах Арташесы бинойнаг суæвæг алайнаг чызг Сатиничы иумæйаг миниуджытæ. Лавровы хъуыдыимæ сразы сты Жорж Дюмезиль

æмæ Абайты Васо. Уыдон ноджы бæстондæр равзæрстой, Моисей Хоренскийы царды рæстæг алайнаг (нæртон) эпос æмæ сомихаг эпикон кадджытæм иумæйагæй цы уыд, уыдæттæ.

Жорж Дюмезиль фæнысан кодта, Сатана йе ‘фсымæр Уырызмæджы Сатиникау тынг бирæ кæй уарзы. Сатиник йæ зонды ныхас æмæ рæсугъддзинадæй зæрдæскъæфт фæкодта Арташесы, Сатана йæ рæсугъддзинадæй – нарты знаг Пши-Бадинокойы (ныхас цæуы кадджыты кæсгон варианты хъайтарыл). Сатиник уæлдай хорз цæстæнгас дары «залиаг калмы бындартæм», Сатана – уæларвон Сафамæ.

Абайты Васойы абарстытæ рауадысты ноджы бæстондæр. Уый Дюмезилау хицæн фæзилæнты кой нæ кæны, фæлæ райтауы, иумæйаг миниуджытæ æнæнхъæлæджы кæй нæ фæзындысты, уымæн æвдисæн кæрæдзийыл баст нывтæ.

Хоренскийы æвдисæнтæ æмæ кадæг «Уырызмæджы фæстаг балц»-ы мидис баргæйæ, уый раиртæста ахæм иумæйаг миниуджытæ: аланты (нарты) балц æцæгæлон бæстæм; Сатанайы-Сатиничы æфсымæр уацары бахауд; хо йе ‘фсымæры фервæзын кодта; ирæд фидыны æгъдау. Уый фæстæ æрцыд ахæм хатдзæгмæ: «Уыдæттæ сты иу сюжеты дыууæ хуызы: иу – алайнаг, иннæ – сомихаг. Хицæн кæнынц æрмæст дыууæ адæмыхаттæн сæ зондахастæй. Нарты балц ахицæн знаджы сахар ныддæрæн кæнынæй, сомихæгты тох – сæ паддзахæн кады хос уæвæг фидыдæй. Нæртон хабæртты сæхи (алайнаг) сæйраг хъайтæр у Уырызмæг, сомихаг хабæртты – сæхи (сомихаг) паддзах Арташес; Сатиничы æфсымæрæн ис æрмæстдæр ницæуыл ахадæг уацайраджы нысаниуæг, йæ ном дæр ын нæ амындæуы». Сатиник-Сатана иу хъайтар у, уымæн ахуыргонд былвырд дæнцæгтæ ‘рхаста.

Уæдæ ирæды мидис дæр æрмæст ахæстаргъмæ рахызт: Нарты кадджыты нарты знаг домы ахæстаргъ уацайраг Уырызмæгæн, сомихы зарджыты аланты паддзах домы ирæд Сатиникæн. Сатиник йе ‘фсымæры уацарæй фервæзын кодта, нарты Сатана дæр – афтæ. Йæ абарстытæй хатдзæгтæн Абайты Васо фыссы: «Нарты кадджыты ма æфсымæр йæ хойæн йæ лæг дæр кæй у, уый ууыл дзуры, æмæ ацы кадджытæ архаикондæр кæй сты, сæ мифологион уидæгтæм хæстæгдæр кæй лæууынц». Æмæ дарддæр: «Хоренскийы æвдисæн-

ты æмæ Нарты кадджыты абарст фадат дæтты, алайнаг-сомихаг иумæйаг эпикон цикл кæй ис, ууыл æнæ дызæрдыгæй дзурынæн… Кæцыдæр сюжеттæ æмæ мотивтæ нæм æрбахæццæ сты цикл «Уырызмæг – Сатана»-йы».

Ахуыргонды ацы ныхæстæн ис бæлвырд историон бындур. Нæ историйы фыццаг æнусты аланты балцытæ Сомихмæ зындгонд сты. Уымæ гæсгæ зæгъы Абайты Васо, æвæццæгæн, дам, «Уырызмæджы фæстаг балц» æмæ Моисей Хоренскийы æвдисæнтæ аланты балцыты азæлд сты. Фæскавказмæ фыццаг балцы алантæ ацыдысты I æнусы 40-æм азты, Сомихыл Ром æмæ Парфи куы тох кодтой, уæд. Уый фæстæ, 72 азы, ноджы фылдæрæй уыдысты Парфийы æмæ йæ дæлбар Сомихы зæххытыл. Ноджы карздæр уыд 135 азы балц – уæд ма бабырстой Сомих æмæ Каппадокимæ дæр. Сатиник Сомихы нымад кæй у, уымæн æвдисæн, адæмон сфæлдыстады хъайтар кæй сси, æрмæст уый нæу. Нарты эпосы йæ иудадзыгон эпитет у Æхсин (дыгуронау – Æхсинæ). Уыцы ныхас сомихаг æвзагмæ бацыд æмæ дзы рауад арæх æмбæлæг сылгоймаджы ном Ашхен. «Иугæр Сатиничы зонд æмæ рæсугъддзинад сомихæгты зæрдæскъæфт фæкодтой, уæд йæ райгуырæн бæстæйы дæр кадджын куыд нæ уыдаид, æмæ уым дæр сси эпикон сфæлдыстады хъайтар», – зæгъы Абайты Васо.

Иуæй-иу ахуыргæндтæ, Сатанайы номы равзæрдыл быцæугæнгæйæ, амонынц абхазаг Нарты кадджыты архаикон хуызмæ. Дзуаппæн сын Абайты Васо зæгъы: «Уыцы архаикон хуыз, кадæджы хъайтар алайнаг (абхазаг кæнæ адыгейаг нæ, фæлæ алайнаг) ном кæй хæссы, уый нысаниуæг дæлдæр кæны? Ныхас, сæ мидисмæ гæсгæ архаикондæр кæцы хуызтæ сты, ууыл нæ, фæлæ, сæйраг нæртон хъайтарты нæмттæ Кавказы цавæр бæлвырд адæмыхатты æхсæнадимæ баст сты, уый равзарыныл цæуы».

Ацы цымыдисаг темæйы фæлгæты ма ис ирон адæмы Нарты эпос æмæ цæгат-ныгуылæн Европæйы адæмты эпостæн абарстытæ скæнæн. Европæйы цæгат-ныгуылæн районтæм бацæугæйæ (языгтæ – II æнусы, алантæ – V æнусы), ирайнаг знæмтæн æнæ ныхасгæнгæ нæ уыд бынæттон цæрджытимæ, æмæ, табуафси, – нарты æмæ кельты эпостæн абарстыты фадæттæ фæзынд. Æрмæст къарол Артур æмæ нæртон хъайтар Батрадзы иумæйаг миниуджытæ дæр кæуылты сты! Ам ма фæнысангæнинаг уый у, æмæ Артуримæ баст хабæрттæ

æмбæлынц, сæрмæтты æмæ аланты цæрæнуæттæ кæм уыдысты, Европæйы уыцы зæххытыл (Галлты бæстæ, Арморикæ æмæ æнд.). Британиæгтæм уæрæх парахатгонд у ном Алан. К. Литтлтон æмæ Л. Малкор сæ чиныг «От Скифии до Камелота»-йы зæгъынц, уый кельтаг нæ, фæлæ алайнаг-сæрмæтаг ном кæй у. Иугæр афтæ, уæд сразы уæвæн ис ацы ахуыргæндты иннæ хатдзæгимæ дæр: «Артур æмæ Сыгъдæг Граалы тыххæй сæйраг таурæгъты уидæгтæ, ныры онг фылдæр ахуыргæндтæ куыд æнхъæл уыдысты, афтæ рагон кельтаг кадджытæм нæ цæуынц, фæлæ Нарты кадджыты ратæдзæнтæ цы цæгат-скæсæн ирайнаг традицитæ сты, уыдонмæ».

Амынд эпосты иумæйаг миниуджытæ уыдæттыл нæ ахицæн вæййынц. 1848 азы сахар Франкфурт-Майнæйы немыцаг æвзагыл рацыд Ф. Боденштедты чиныг «Кавказы адæмыхæттытæ æмæ сæ тох хæдбардзинадыл Уæрæсейы ныхмæ». Ам автор ирæтты фыццаг хатт бæтты ирландиæгтимæ, ома, иртимæ. Дæнцæгæн хæссы, дыууæтæ дæр иухуызон уазæгуарзон кæй сты, сæ антропологи (урсгонд дзыкку) дæр иу кæй у. Сæхи хонынц Ир. Сæдæ азы фæстæ англисаг ахуыргонд Г. Бейли йæ цæстæнгас аздæхта, алантæ Ирландийы сакъадахыл кæй уыдысты, уымæ, æмæ ссардта иумæйаг миниуджытæ ирландиаг сагæтæ æмæ ирон Нарты эпосмæ. Уый ма бафиппайдта, дыууæ ‘взаджы дæр иу æмбарынад кæй ис: нарт – хъайтар (иронау) æмæ нерт – хъару, тых (ирландиаг). Ома, дзырд алайнаг æвзагæй райсгæ у.

Г. Бейлийы фæстæ ирон-ирландиаг эпикон иумæйаг миниуджытæ æмæ сæ ратæдзæнтæ иртасыны хъуыддагмæ стыр æвæрæн бахаста Ж. Грисвар. Уый сæ нымайы индоевропæйаг бынтыл. Йæ хъуыдымæ гæсгæ, «иумæйаг миниуджытæ фæзындысты рагон заманты æмæ скифты, уый фæстæ та сæрмæттæ-аланты руаджы рапарахат сты, куыд Ирыстоны, афтæ британаг сакъадæхтыл дæр. Нартæ æмæ уладæты æнгæсдзинад радон хатт æвæры фарст: мыййаг, сæ бындур иу нæу?»

Алантæн бастдзинад уыд Шотландиимæ дæр. Уымæн æвдисæн, – 1320 азы шотландиаг разамонджытæ национ хæдбардзинады тыххæй цы «Арбротаг декларации» сарæзтой, уый. Уым æргом загъд ис, шотландиæгтæ Стыр Скифийæ рацæугæ кæй сты. Декларацийы ныхас скифтыл цæуы, фæлæ историйы нæ баззад скифты ныббырсты

тыххæй зонинæгтæ Италимæ, Африкæйы цæгат кæнæ Испанимæ. Ныхас цæуы, æртæ паддзахадыл дæр чи æрзылд, уыцы алантыл. Шотландиаг къаролтæ Стюартты хæдзары бындурæвæрæг хуынд Алэн, йæ фæдонтæ та райстой ном Фицалан.

Бирæ иумæйаг миниуджытæ ис Нарты эпос æмæ скандинавиаг (исландиаг) сагæтæм. Скандинавиаг æмæ исландиаг сагæтæ иу эпос сты, уымæн æмæ Исландийы IV æнусæй фæстæмæ цардысты Скандинавийæ æрбацæуæг адæм. Исландиаг ахуыргонд Барди Гудмундссон зæгъы, сакъадахыл æрцæрæг германаг знæм геруллтæ кæй æрбалыгъдысты Азовы денджызы былгæронæй. Уым та цардысты сæрмæттимæ. Иннæ скандинавиаг ахуыргонд Георг Моргенштерне æрхаста XII æнусы исландиаг поэт-зарæггæнæг, «Кæстæр Эддæ»-йы автор С. Сноррийы ныхæстæ. Уый зæгъы, Один æмæ иннæ скандинавиаг хуыцæуттæ цæгатмæ ассты бæстæйæ кæй æрбацыдысты. Асстæ хоны, аланты номæй дæр ма зындгонд чи у, уыцы сæрмæтаг знæмты.

Афтæмæй, нæ бон зæгъын у, нартæ цавæрдæр сæрмагонд историон адæмыхатт кæй не сты. Нартæ – уый у ирон адæмæн сæхи поэтикон фæсномыг. Абайты Васойы загъдау, Нарты эпос – уый у адæмæн сæхи фыст, сæ рагон тауræгъон истори кæм зыны, ахæм поэтикон биографии. Абоны фæлтæртæм кæй æрхæццæ, уый тыххæй бузныг нæ куырыхон фыдæлтæн.

ЧЫЗГ-ХÆСТОНТÆ

Рагон ромаг фыссæг æмæ историк Гней Помпей Трог йæ иумæйаг историйы чиныджы скифты æфсæддон цардæй æрхаста цымыдисаг цау. Иу хæсты нæлгоймæгтæ иууылдæр куы фæмард сты, уæд æппæт сылгоймæгтæ дæр райстой хæцæнгарз æмæ сæ нæлгоймæгты фæмарды сæрыл сæ маст райстой æгъатырæй (Косвен, 1947, 36 ф.). Иртасджыты уæрæх къордæн зындгонд сты скифаг амазонкæты хуызæн чызг-хæстонтæ. Амазонкæты тыххæй легендæтæ райгуырдысты, грекъæгтæ скифаг чызг-хæстонты кæй уыдтой, уый бындурыл. Афтæ нымадтой, зæгъгæ сæрмæтаг сылгоймæгтæ рацыдысты амазонкæтæ æмæ скифтæй, уыдон нæлгоймæгты æмхуызон тох кодтой хæстон уæлæдарæс, æмæ уæлбæхæй. Сæрмæтаг сылгоймæгтæ, бинойнаг, мад, хо æмæ æндæр хæстæ æххæстгæнгæйæ, уыдысты чызг-хæстонтæ дæр.

Зындгонд у, зæгъгæ, Азийы ныгуылæны æрдæгсакъадах æмæ Азовы денджызы былгæрæтты цард мифологон адæм – чызг-хæстонтæ. Уыдон стыгътой скифты исбон, семæ схæццæтæ сты, æмæ сæ баиу къайтæй равзæрдысты сæрмæттæ (саврома ттæ). Сæрмæттæм уыдис бирæ сылгоймаг-хæстонтæ. Геродот куыд фыста, афтæмæй саврома таг сылгоймæгтæ дарддæр хæццæ кæнынц сæ чызг-хæстонты мадæлты æгъдæуттæ: «...цуаны цæуынц æд лæгтæ æмæ æнæ уыдонæй, рацæуынц хæстмæ æмæ дарынц нæлгоймæгтимæ æмхуызон уæлæдарæс (Геродот IV, 116). Фембæлæн ис æд хæцæнгарз ныгæд чызг-хæстонтыл. Уыдон уыдысты бæхылбадæг сылгоймæгтæ: нæ сын уыд рахиз риу. Сæрмæттæ æмæ амазонкæты рахиз риу басудзыны æгъдау бафиппайдтой грекъаг æмæ ромаг автортæ Гиппократ, Страбон, Диодор Сицилийский. Ахуыргæндтæ цы загътой, уыдон ирдæй уынæм Нарты эпосы. Батрадз æртхъирæн кæны Сатанамæ, йæ фыды марæджы йын куынæ схъæр кæна, уæд ын басудздзæн йæ риу (Абаев В.И., Нартовский эпос, 1945, 16 ф.).

Флавий Сиракузский куыд фехъусын кодта, афтæмæй ромæгтæ уацары цы сæрмæтæгты райстой, уыдоны ’хсæн нæлгоймаджы уæлæдарæсы уыд дæс сылгоймаджы.

Нæ зæрдыл ærлæууын кæнæм сæрмæтты æгъдау: чызг чындзы нæ цæуы, уый размæ знаджы куынæ амара, уæд, бирæтæ дзы амæлынц æнæ мойгондæй (Геродот, IV, 117).

Литтлтон æмæ Малкоры монографийы ис фаг стыр æрмæг (фылдæр – археологон). Уый дзурæг у, сæрмæттæ æмæ сæрмæттæ-алантæн кæй уыдис, тохы быдыры семæ уæхски-уæхск чи хæцыд, ахæм чызг-хæстонтæ (Литтлтон, Малкор, 2007, 141ф.).

Амазонкæты равзæрд скифтæ æмæ амазонкæты цæдисимæ баст кæй у, уый зыны нарты кадджыты дæр.

Миллер йæ зындгонд куыст «Черты старины»-йы амазонкæты нымайы, фенæн кæмæн ис, ахæм абарсты объектыл, фæлæ ирон Нарты кадджыты уый нæ зыны, зæгъгæ, пайда кæны черкесаг кадджытæй.

Тебердайаг фæлгонц Кызы-хан цард фидары сылгоймæгты гарнизонимæ, цалынмæ йæ нарты Сосруко нæ ракуырдта, уæдмæ. Дыккаг таурæгъы дзуры, зæгъгæ, черкесæгтæ æмæ амазонкæхуыз сылгоймæгты знæм «еммечь»-имæ хæст урæд æрцыд амазонкæты сылгоймаг раз-

дзог æмæ черкесаг фæтæджы ‘хсæн къайад бафидар кæныны фæстæ (Мелетинский Е.М., Происхождение героического эпоса, 1963, 161 ф.).

Уыимæ, ахуыргонд нысан кæны, зæгъгæ, ацы вариант черкесæгтæм бахауд ирæттæй; уыцы адæм кæм цардысты, уыцы зæххытæм черкесæгтæ æрбацыдысты æнусты фæстæдæр; уæд амазонкæтæн сæ кой дæр нал уыд, уымæ гæсгæ таурæгъ ист æрцыд бынæттон цæрджытæй (Миллер В.Ф., Осетинские этюды, 1992, 111, 91 ф.). Гæнæн ис, æмæ кавказаг амазонкæты (еммечь) легендæ у адæмон фантази, матриархаты фæзынды æвдисæн сæрмæттæм (æмæ сарматомеоттæм) (Мелетинский Е.И., Место нартских сказаний в истории эпоса, 1957. 42 ф.), фæлæ уæддæр Миллер, ирон таурæгъты чызг-хæстонты сюжеттæ нæй кæй зæгъы, уый раст нæу.

Хъыгаг та уый у, æмæ В.Ф. Миллеры рæстæг ахуыргæндты дунейæн зындгонд нæма уыдысты Нарты кадджыты Андиаты Барисы варианттæ. Уыдон нымад уыдысты æппæты рагондæртыл, сæ уæлвæд фыст не ’рцыдысты æмæ мыхуырмæ нæ бахаудтой, уымæ гæсгæ ма сæ баззад фрагменттæ. Фæлæ Андиаты Барисы рагондæр таурæгъты æцæгдзинад афтæ бæлвырд æнæфæхицæнгæнгæ фидар баст у скифтæ-сæрмæтты амазонкæтæ æмæ чызг-хæстонты рагон героикон легендæимæ, æмæ йыл æппындæр дызæрдыггæнæн нæй.

Таурæгъы ном у «Зарæг Нарты хъæбатыр сылгоймæгтыл». Уыдон тох кæнынц уæйгуытæ æмæ мæликтимæ. Таурæгъы ныхас цæуы, уæйгуытæ æмæ мæликтимæ тох нæртон сылгоймæгты куыд баиу кодта иу къорды æмæ, хъæдты сæхи цæттæгæнгæйæ, кæрæдзийæн ард куыд хордтой знаджы бынтондæр фесафыны тыххæй, ууыл:

Цæст нæ ивгъуыдтой, фатæй æхсгæйæ,
Лæгыл тых кодтой, кардæй хæцгæйæ,
Афтæ сдæсны сты уыдон хæцынмæ,
Цæттæ уыдысты хæстмæ бырсынмæ.

Ызгъæртæ скодтой, хотыхтæ райстой,
Сæ фæринк кæрдтæ уыдон ысластой,
Цъилы дæндæгтау сæ тулдзы ныссагътой,
Цыргъаджы комæй тугард бахордтой.

Андийы-фырты таурæгъты ис сюжет Дæргъæфсæры чызджы тыххæй. Уый æрæмбырд кодта чызджыты къорд æмæ æнтыстджынæй хæст самадта уæйгуыты ныхмæ. Чызджытæ хæсты архайынц нæлгоймæгты уæлæдарæсы (Туганов М. С. Литературное наследие, 1977, 134 – 136 ф.; Калоев Б. А., 1991, 116-118 ф.).

Таурæгъ «Болатбæрзæйы мæлæт»-ы кæсæм:

Чызджытæ бæхтыл уæд бабадтысты,
Айнæджы сæрæй уæд рараст сты,
Комы рæбынæй уæд ыстыр зæйау
Уæйгуытыл сæхи мæстæй рауагътой.
Уым кардæй кæрдын, уым фатæй æхсын
Ыстыр хъаруйæ уыдон райдыдтой.

(Нарты кадджытæ, 6-æм чиныг, 69 ф.)

Нарты кадджыты æвдыст цæуы сылгоймаг-тохарæхсты фæлгонц. Иуахæмы, нæлгоймæгтæ балцы куы уыдысты, уæд нæртон хъæумæ ныббырстой знæгтæ. Чызджытæ зæрæдтæ æмæ сывæллæтты æдас ранмæ акодтой, сæхæдæг згъæртæ скодтой, хотыхтæ райстой æмæ ærлæууыдысты знаджы ныхмæ. Уый размæ Борæтæ æмæ Æхсæртæггаты ’хсæн хъазуатон тохы рæстæг Æхсин (Сатана) базыдта знаджы æфсæдты нымæц, зондджын уынаффæтæ фехъусын кодта йæ сæрыхицау Уырызмæджы уылты, æмæ уыдон фæуæлахиз сты кæфты сæр Хуандоныл (Памятники народного творчества осетин, 1927, 11, ф.41)

Саусæр уæйгуытæ нарты фос кæй атардтой, хæзнатæ кæй аластой, уацайрæгтæ кæй акодтой, уый куы сбæрæг, уæд Сатана фидиуæджы цагъд ныккодта алæмæттаг уадындзæй, æмæ йæ зæлтæ фæхæццæ сты Агуындæ æмæ йæ чызг æмбæлттæм. Чызджыты æфсад фæстæмæ раздæхтысты æмæ схæцыдысты уæйгуытимæ. Карз тох цыдис æртæ боны, æмæ дзы фæуæлахизуæвæг куынæ уыд, уæд уый хъуамæ сбæрæг уыдаид уæйгуыты размæбырсæг æмæ нæлгоймаджы уæлæдарæсджын Агуындæйы лæгæй-лæгмæ фембæлдæй.

Лæгæй-лæгмæ хæсты Агуындæйы худ йæ сæрæй куы ахауд, уæд ныхмæлæууæг стыр тасимæ базыдта, чызджыты æфсадимæ кæй хæцыдысты, уый (уый дæр уым, 383 ф.).

Амазонкæйы хуызæн уыд Сатана дæр. Иу таурæгъы уый, хæстон згъæртæ йæ уæлæ, афтæмæй ерыс кæны æндæр ахæм чызг-хæстонтæ æмæ нæлгоймæгтимæ, цалынмæ йыл йе ’фсымæр Уырызмæг нæ фæуæлахиз вæййы, уæдмæ. Æндæр таурæгъы Сатана æрыгон чызгæй, йæ уæлæ нæлгоймаджы згъæр уæлæдарæс, афтæмæй фæлвары йæ усгурты тых æмæ лæгдзинад, фæуæлахиз вæййы се ’ппæтыл дæр æмæ сæ никæмæн сразы вæййы.

Æрмæст ыл иунæг нæртон Уырызмæг, йе ’фсымæр, уæлахиз кодта хъаруйæ дæр, лæгдзинадæй дæр, цæрдæгдзинад æмæ арæхстдзинадæй дæр, æмæ уый тыххæй равзæрста Сатана йæхицæн царды æмбалæн Уырызмæджы, æмæ йæ къухы æфтгæ дæр бакодта (Туганов М. С., Новое в нартовском эпосе, 1946, 180 – 185 ф.).

Эпикон æрмæг хорз æвдыст æрцыд аланты царды уаджы. Тæгиаты (Дæргъæвсы) аланты ингæнты археолог Дзаттиаты Руслан хъæздыг сылгоймаджы фарсмæ ссардта хæстоны дзаумæттæ: цирхъ, фæрæт æмæ фаты бырынчъытæ (Дзаттиати, 2014)

Чызг-хæстонты кой цæуы, IV æнусы Галлимæ цы алантæ бабырстой, уыдоны ’хсæн дæр. Базейы цур тохты алайнаг сылгоймæгтæ уæхси-уæхск хæцыдысты нæлгоймæгтимæ (Литтлтон, Малкор, 2017, 141 ф.).

Чызг-хæстонты кой цæуы хъæрæсейаг-балхъайраг Нарты кадджыты дæр. «Фæлæ дзы иу ран дæр не ’мбæлæм иу номыл дæр: цавæрдæр чызг, кæнæ цалдæр чызджы, кæнæ чызг нæлгоймаджы уæлæдарæсы» (Джуртубаев, Происхождение нартского эпоса, 2013, 474 – 76 ф.). Æмхуызондзинæдты агуырд нæ ахоны тюркаг-монгойлаг дунемæ.

Æрмæг ист у Цыбырты Людвиджы чиныг «Осетинская Нартиада»-йæ, 2016, 259 – 263 ф.

ХЪАЙТЫХЪТЫ Риммæ

ÆРДЗ МАХ НÆ ФÆРСЫ

1984 аз. Хурхæтæны мæйы тæккæ райдиан. Нæ турбазæ «Къæхтысæр»-ы фæлладуадзæн афон нæма ралæууыди. Фæлæ æз, директоры хæдивæг, уыдтæн мæ куысты. Мемæ ма уыдис, ныр дзæнæты бадинаг, сæйраг хыгъдхæссæг Борыхъуаты Людмилæ, стæй Дегъуаты бинонтæ – уыдон уым цардысты, куыстой ам. Уыцы аз мемæ акодтон мæ кæстæр хо – Дарчиты чындз Альмæйы. Снысан æй кодтам хуыссæнгæрзты хайады хицауæй. Йемæ ма уыдысты йæ цыппараздзыд лæппу Сосик, стæй чызг Аланæ – ууыл та уæд афæдз сæххæст…

Альмæ гæрстæ æхсынмæ аласта Дзæуджыхъæума, дыууæ сывæллоны мемæ баззадысты. Мæ уаты дуар æмæ рудзынг уыдысты хуссарырдæм арæзт, Чызджыты хохы комкоммæ. Æмбисæхсæв фехъал дæн цавæрдæр æнахуыр цæхæракалдæй, фæлæ ницы суынæр кодтон, сывæллæттæ, зæгъын, куы фехъал уой…

Райсомы авд сахатыл мæм æхсæвгæстæй иу дзуры, мæнæ, дам дæ дыууæ лæджы агурынц! Рахызтæн æддæмæ, уазджытæн салам радтон. Уыдон мын, кæрæдзи дзыхæй исгæ, фехъусын кодтой:

– Цы хабар уæм æрцыд? Махмæ, Хъæрмæдоны æндидзæн бынаты, абон бонырдæм рухсытæ ахуыссыдысты!

Мæхи уаты асгæрстон – нæй рухс! Хохы цæгат фарсмæ скастæн…

Уæ фыдгул дæр уыцы æвирхъау ныв ма фенæд, хорз адæм! Раст адæймаджы буарыл æвирхъау цæфæй стыр нос куыд баззайы, афтæ Тбау-Хохы фахсæй цыма исчи ахъаззаг хай ратыдта, уыйау йæ быгъдæг бынат æрттывдтытæ калдта…

Нæ директор Гусаты Алыксандр ма горæты кæй уыди, уымæ гæсгæ Къæхтысæр уыди мæ бæрны. Азгъордтон Дегъуатæм – тилифон нæ кусы! Вагон нæ хæрдмæласæн æфсæнвæндагыл нæ кусы æнæ электрон тыхæй. Тæрхæттæ кæнæм. Тагъд нæм туристтæ цæуын райдайдзысты, фæлæ нæм куыд, хæрды цæуылты схæццæ уыдзысты? Фистæгæй? Хорз. Æмæ нæм рухс дæр куы нæй.

… Адæймаг, дам, æрхъуыдыйæн райгуыры. Гъемæ мах дæр – директор, сæйраг бухгалтер, хæринаггæнджыты хистæр Титова Валентинæ æмæ æз – баныхас кодтам. Борыхъуаты чызджы амындæй хæринаг кодтой уынджы сугæй артыл…

Турбазæйы зæххыл уæле дон никуы ис – дон нæм хæццæ кодта, Джызæлдоны рахиз фарс цы суадæттæ ис, уырдыгæй электрон тыхæй цъирæны руаджы. Фæлæ кæм ис электрон тых?.. Нæ амондæн, кæрты тæккæ астæу уыд цъай.

Нæхи хабæрттæм сарæхстыстæм бæргæ, фæлæ нæм Советон Цæдисы алы рæттæй улæфынмæ чи цæуы, уыдонæн та цы кæнæм?

Гусаты Алыксандр мæн сардыдта: уартæ, дам, къæсæрмæ кæрдæгыл сбад æмæ нæ уазджыты сабыр кæн!..

Мæ сæрыл – сæрдыгон худ, мæ уæлæ – рæсугъ дари къаба, мæ фындзы рагъыл – сау кæсæнцæстытæ, мæ къухы – чиныг (цыма мæ ‘ндæр ницы кой уыди!). Раст мæхæдæг дæр бæлццоны хуызæн уыдтæн. Мæ лæппутæ-инструктортæ кæрæдзи фæдыл – згъоргæ бынмæ канатон фæндагыл. Фæстæмæ – Къæхтысæрыл. Сæ къухты, се ‘ккой – чумæдантæ, хызынтæ, сæ фæстæ – тыхулæфтгæнгæ лæсынц, мæгуыр сæ бон, туристтæ. Фæндаджы дæргъ – 1,5 километры, 33 фæзилæны. Схæццæ вæййынц сæ хид калгæ мæ размæ… Æз та? Ам зæгъын хъæуы мæ хæслæвæрд уырыссагау: «Ой, девочки, ребята! Здравствуйте! Как вы добрались? Присядьте, отдохните! Ребята (это я уже своим мальчикам), принесите, пожалуйста, нашим гостям чай, кофе, печенье из бара! Хотите послушать кавказские анекдоты? Не надо плакать! Не расстраивайтесь!.. Успокоились? А теперь посмотрите направо, наверх! Это место – «рана» горы! Природа же нам не подчиняется! Вот внизу, возле селекторной бетонной будки, вы видели два здоровых куска скал? Они ночью сорвались от горы Тбау-Хох после обильных дождей, так как там известняк. Но наши деревянные корпуса вне опасности!»

… Нæ уазджытæй-иу бирæтæ раздæр хъавыдысты хъаст фыссынмæ Мæскуымæ Туризмы Сæйраг Советмæ, фæлæ-иу нын фæстагмæ ныууагътой арфæтæ, скодтой-иу нын лæвæрттæ…

ФЫДАЗ

Кæд-иу махæн «Къæхтысæр»-ы нæ куысты афон кæронмæ ‘рхæццæ Майрæмы мæйы кæрон, уæд нын 2002 аз нæ фæндтæ бынтон сзыгъуыммæтæ кодта: сæрддæргъы æрцыди бирæ æрдзон фыдбылызтæ – раивылдысты дæттæ, фехæлдысты фæндæгтæ. Æмæ уæд турбазæмæ хойраг ластой уæлдæфыл – вертолет-иу æрбадти «Къæхтысæр»-æй

Дæргъæвсы ‘хсæн тъæпæн ран. Мах-иу йæ размæ бацыдыстæм хæдтулгæйæ. Равгæдтам-иу хæринæгтæ, хостæ дохтыры фæдзæхстмæ гæсгæ…

Зæгъын хъæуы уый, æмæ нæм 1995-æм азæй фæстæмæ туристтæ нал цыдысты: уæдмæ систæм Спортивон-дзæбæхгæнæн лагерь сывæллæттæн.

Гъемæ-иу, кæд сабитæй исчи нæфæразгæ уыди, уæд-иу уый та арвыстам районмæ кæнæ горæтмæ дохтыртæм.

Фæлæ ма нын 2002-æм аз сарæзта ноджыдæр иу фæлварæн: сæрды кæрон нæм æрбаластой 230 адæймаджы Цæцæнæй. Уыдонæй æрмæстдæр 30 уыдысты чызджытæ æмæ хистæр кары сылгоймæгтæ, 200 та – лæппуттæ æмæ ас лæгтæ. Бирæтæ дзы – сахъатæй, цæфтæ. Мах, кæй зæгъын æй хъæуы, бафæстиат стæм: лагерь фæкуыста Рухæны мæйы 12-æм бонмæ.

Уæдмæ хæхты фæуазал – турбазæ лæууы 1500 метыры уæлдæр денджызы уæлвæзадæй. Сывæллæттæ – æрдæгбæгънæг, сæрдыгон дарæсы, сæ къæхтæ – гом. Æмæ æз тилифонæй ныдздзырдтон Дзæуджыхъæуы Чырыстон дины хæрзаудæн комитеты хицау Петр Луниткинмæ, загътон ын мæ уавæр. Дыууæ боны фæстæ турбазæйы кæрты æрбалæууыдысты æртæ «Газелы» – сæ тæккæ дзаг алы дзаумайæ: къурткæтæ, пъалтотæ, кæрцытæ, кофтæтæ, спортивон уæлæдарæс, свитертæ, нымæтын хъусджын дзабыртæ, хъазæнтæ æмæ а. д. Нæ уазджыты цинæн кæрон нал уыди – фæхæлæф кодтой сылгоймагæй, нæлгоймагæй. Иу læппу къурткæйы дзыппы ссардта дæс доллæры æмæ худæгæй бакъæцæл…

Æвæдза, уыдон диссаджы адæм уыдысты! Айдагъ цæцæйнæгтæ. Æмæ-иу хъазтизæры уыцы цалдæр чызджы сæ разæй скъуымбил кодтой кафынмæ. Иуизæр рухсытæ ахуыссыдысты. Мæ сæр мæ кой сси! Нырма изæры аст сахаты дæр нæма у! Куыд сæ æрсабыр кæнæм? Уалынмæ дын кæсын, æмæ цæцæн æмхуызонæй æрæмбырд сты турбазæйы сæйраг фæзы, кæрæдзийæн дзыхæй цæгъдынц, æмдзæгъд стынг! Æмæ кафыс-ма, нал!

Мæ куысты пъланмæ гæсгæ раздæр нæхи сабитимæ цы мадзæлттæ арæзтам, уыдон нæ уæндыдтæн ацы хæстæфхæрд сывæллæттимæ кæнын. Уæд иу сылгоймаг, ахуыргæнæг Грознайæ, нæ радон æмбырды сыстад æмæ афтæ зæгъы: «Проводите с нами все те же мероприятия, которые у вас запланированы, проводите их с нашими детьми! Они уже несколько лет не видят ничего, кроме войны!..»

Фæци сæ рæстæг нæ буц уазджытæн. Мах рараст стæм «Къæхтысæр»-æй автобустыл. Ærхæццæ стæм Хъæрмæдоны бынмæ лæгъз фæндагмæ. Баурæдта нæ иу бæрзонд урссæр лæг, комкоммæ мæнмæ æрбацæуы.

– Нæ хо, ды дæ чырæйы хицау?

– О, æз, – къуызгæйæ загътон æз.

– Хуыцауæй курæгау дæ куræм: махæн нæ автобус фехæлд, цæуын та нæ хъæуы Дæргъæвсы Гудцаты Дзуармæ, лæгъстæйаг куывды цæуæм! Уæртæ уыныс, чындзæн йæ хъæбысы дыууæаздзыд лæппу, йæ райгуырдæй нырмæ йæ цæстытæ нæ гом кæны. Дохтыртæм ын хос нæй, æмæ нын адæм бацамыдтой ацы дзуарæн батабутæ кæнын!

Мæнæн мæ зæрдæ суынгæг, кæсын сæм: семæ егъау фыр кусæрттаг, чъиритæ, сугтæ…

Табуафси, зæгъын, немæ сбадут иу автобусы, сæмбæлын уæ кæндзыстæм дзуары дæлбын. Уым куывддзаутæ схæрд кодтой кæрдæгхуыз æфцæджы ‘рдæм…

Уæд фæстаг хатт рацыдтæн Геналдоны комы фæндагыл – аст боны фæстæ зæй рафсæрста…

Мæ зæрдæ тынг æхсайдта чысыл сабийы хъысмæтмæ. Иу мæйы фæстæ сдзырдтон Ламардонмæ æмæ базыдтон: куыддæр Дзуары лæг скуывта, афтæ, дам, лæппу йæхи аивæзта, ракасти йæ цæстытæй æмæ сдзырдта: «Мамæ!»

ÆЛБЕГАТЫ БОКО

Ивгъуыд æнусы 70 – 80-æм азтæ. Турбазæ «Къæхтысæр»-ы куыст уыдис йæ тæккæ тæмæны: сæрды мæйтæ, тæвд, хус рæстæг. Адæм нæм бирæ: фæд-фæдыл фондз боны дæргъы туристты къордтæ цæуынц æмæ цæуынц, стæй æхсæзæм бон фыццаг къорд араст и Грознамæ, уырдыгæй та – Хазармæ (Азербайджан). Уæдæ Ирыстонмæ та схæццæ сты Налцыккæй – алы ран дæр сæ фæстиат фæндзгай бонтæ.

Æз уæд куыстон инструкторты хистæрæй. Иубон мæм кæстæртæй чидæр удаистæй æрбазгъордта, дæлæ, дам, чидæр Бокойы æхцадон амбæхста. Уым, дам, бæгæны нуазынц.

Азгъордтон, базонгæ дæн 93-аздзыд Бокоимæ, Ælбегатæй. Уый разынд диссаджы хохаг лæг: зыбыты иунæгæй царди «Къæхтысæр»-мæ хæстæг, Джызæлдоны рахиз фарс цы рагон хъæу баззад, уым – Цæгат

Хынцæджы. Йæ хæдзары алыварс – рагон цыртытæ, æндæр дзы цæрæг хæдзар нæй. Боко дары цыппар дуцгæ хъуджы, бæх, фыстæ, кæрчытæ. Йæхæдæг – хъугдуцæг, цыхтахсæг, æфснайæг, хæринаггæнæг æмæ...

Æз куыд нæ бацыбæл уыдаин ахæм диссаджы уды цард бæстондæр раиртасынмæ! Иубон йæ хæдзары балæууыдтæн, цыдæртæ йын йæ фынгыл авæрдтон. Боко ахызт йæ диссаджы дыргъдон-цæхæрадонмæ, æрбахаста дыргътæ, халсартæ, ахсадтон сæ…

Бокоимæ нын ныхас бацайдагъд. Æмæ уыцы бон æз базыдтон диссаджы хабæрттæ!..

Цæвиттон, Ælбеджы-фырт йе ‘рыгонæй цалдæр азы фæци Амырычы, Китайы, Индийы. Зыдта æртæ фæсарæйнаг æвзаджы. Уыдис ын дыууæ усы. Сæ иуæй, уырыссагæй, Бокойæн баззад фырт, цæры Новосибирскы.

Æз ын йе ‘хцадоны давд æрымысыдтæн, фæрсын æй, зæгъгæ, уыцы бон куыд æнцад уыдтæ? Куыд ницы, зæгъын, загътай? Нæ рамæсты дæ? Æмæ, дам мæнæн уыцы ‘хцатæ цы сты? Ахæм сомтæ, дам мæм бирæ ис!..

Иубон райсомæй раджы дын Бокойы мах фæндагыл милицæ сæ разæй рахонынц. Зæгъын, цы хабар у? Кæдæм уæ разæй скодтат зæронд лæджы?

Куыд рабæрæг, афтæмæй Бокойы цæхæрадоны халсарты хуымы хæдæвзæрдæй æрзади дыууæ зырзыраг дидинæджы. Æмæ йæ нæ «зæрдæхæлар» хохæгтæй чидæр банымыгъта, наркотиктæ парахат кæны, зæгъгæ.

Æз милицæйы кусæгимæ рахыл дæн, фæлæ Боко бахудт, æмæ мын афтæ: «Тыхсгæ ма кæн, мæ хур! А тæккæ изæр мæ ардæм хъæуы!»

Æцæгæйдæр! Мæхæдæг æй канатон фæндаджы вагоны сластон.

Нал ис ныр къорд азы Ælбегаты Боко. Мæрдты рухсаг уæд куыстуарзаг æмæ курдиатджын лæг, сызгъæрин талатæ суадзæд!

Январь, 2023 аз

Джусойты Майæ

АФТИД ТÆРХÆДЖЫТÆ

Радзырд

Сопо йæ дуканитыл ерыс байдыдта, проспекты Ленины цыртдзæвæны ныхмæ цы гастроном ис, уырдыгæй.

Ам рады лæууæг адæмæй базыдта, æхсыр æрбаласинаг кæй сты, уый æмæ уый дæр рады кæрон æрлæууыд. Уыдаид ссæдзæм. Фæлæ рад ууыл нæ банцад, резинæйау ивæзт.

Рацыдаид сахат, фæлæ æхсыры машинæ нæма зынд, адæм тыхстысты, дзолгъо-молгъо кодтой. Сæ рæстæг фæцыбыр кæнынæн сæхи ирхæфстой алы ныхæстæй, фæлæ сæ сæйрагдæр темæ уыд хæринаг.

– Знон «ЦУМ»-мæ нæлхæ æрбаластой, – рады лæуджытæн дзырдта бæрзонд къепкæджын нæлгоймаг. – Уыйбæрц адæм дзы уыдис, уыйбæрц, æмæ æнæхъæн залы дзаг уыдаиккой. Схъомпал-иу сты æмæ-иу се ’хсæн бацайдагъ хыл. «Ацы килæ мæнæн сбарста», – дзырдта иу сылгоймаг уæзданæй, фæлæ йæм иннæ тъæнтъихæг сылгоймаг куы фæлæбурид: «Æз цалдæр сахаты уый тыххæй лæзæрын æмæ афтидармæй хъуамæ аздæхон?» Цыма иннæтæ уæларвæй æрхаудтой, уыйау.

– Амæй размæ базары уыдтæн æмæ иу æхсæзаздзыд сывæллон йæ мадæн лæгъстæ кодта: «Балхæн-ма мын фæткъуытæ, балхæн мын фæткъуытæ». Фæлæ мадмæ æхца нæ уыдис, æмæ йын цæмæй хъуамæ балхæдтаид æмæ йæ сайдта: «Ацы фæткъуытæ нæ бæззынц, æндæр ран дын балхæндзынæн». Тарстис, уæйгæнæг æм куы схыл кæна, уымæй, фæлæ йæм уый ницы сдзырдта, æрмæст йæ фæдыл æнкъардгомау кастис, – дзырдта хæрзуындтæ сылгоймаг.

Ацы ныхæстæ куыд кодтой, афтæ æхсыры машинæ дæр æрбалæууыд, æмæ уый цинæй адæмы цæсгæмттыл мидбылхудт фегуырд.

Дуканийы кусæг лæппутæ рæвдз февнæлдтой æмæ æхсыры къоппытæ мидæмæ хæссын байдыдтой. Хаст сæ куы фесты, уæд ацæргæ сырхбыл гуырджын сылгоймаг бавнæлдта сæ уæй кæнынмæ.

Æхсыр-иу кæй фæцис, уый-иу цингæнгæйæ рахызт æд «хæзна» æхсыр æмæ иу дарддæр зылд дуканитыл, продукттæ агургæйæ.

Дуканимæ-иу чи ’рбахызт, уыдонæн-иу сæ культуронтæ рады æрлæууыдысты, фæлæ-иу æдзæсгæмттæ та уæйгæнæджы раз февзæр-

даиккой, исты æфсæнттæ кæнгæйæ, кæнæ-иу æхца искæй къухты дæр фæсагътаиккой, мæнæн дæр райс æхсыр, зæгъгæ. Æмæ-иу ахæм æдзæсгæмттыл рады лæуджытæ стай-тай кодтой: «Мах ам цалдæргай сахаттæ уымæн лæууæм, цæмæй ды æнæ радæй æхсыр райсай?!»

Фæлæ Сопойы катай дзæгъæлы уыд. Йæ разæй ма цы дыууæ лæджы лæууыд, уыдоны уæйгæнæг куы ауагъта, уæд Сопомæ дыууæ чекæн дыууæ авджыдзаг æхсыр ралæвæрдта, æмæ сæ Сопо дæр йæ хызæй быд дзæкъулы æрæфснайдта. Æхсыр ма æрхауд, Сопойы фæстæ цы дыууæ сылгоймаджы лæууыд, уыдонмæ, иннæтæн сæ лæуд дзæгъæлы фæцис.

Уалынмæ иу æрыгон лигъдон сылгоймаг дуканимæ æрбахызт æд сывæллон. Сывæллонæн, æвæццæгæн, æххормаг уыдис, æмæ-иу ныккуыдта, фæлæ дзы æхсыр нал уыдис, æмæ мад дæр скатай, мæ сывæллонæн цы бахæрын кæнон, зæгъгæ. Йæ тыхстдзинад ын Сопо бамбæрста æмæ иу авджы æхсыр йæ дзæкъулæй систа æмæ йæм æй бадардта, ома йæ айс, фæлæ йын æй уый æфсæрмæй нæ иста. Сопо йын æй уæддæр йæ къхты фæсагъта.

Уæд лигъдон сылгоймаг йæ дæрдджын юбкæйы дзыпмæ нывнæлдта, иу сом дзы систа æмæ йæ Сопомæ бадардта, фæлæ йын æй уый нæ айста, дæхи бахъæудзæн, зæгъгæ. Уæд ын чызг дæр зæрдиаг арфæтæ ракодта, æмæ фæйнæрдæм ацыдысты.

Мит сындæггай уарыд, фæлæ уый Сопойæн æфсоны хос нæ уыд фæстæмæ хæдзармæ аздæхынæн, дарддæр зылд дуканитыл. Фыццаг-иу сылгоймаг йæ карточкæ сæвдыста. Дуканиты тæрхæджытæ уыдысты афтид, æмæ дын уæйгæнæг дæр цы хъуамæ радтаид. Уæддæр адæмæн сæ ныхас нæ саст, рады лæууыдысты исты ’рбаласыны ’нхъæл.

Ахæм дукани нал баззад, цы къæсæрæй нæ ракаст Сопо. Бафæллад, мæгуыр: «Цом, ныр мæ хæдзар агурон», – ахъуыды кодта Сопо æмæ базарыл йæ фæндаг ракодта. Кæсы, æмæ машинæйæ зети уæй кæнынц. Куыннæ бацин кодтаид æмæ æд банкæ рады балæууыд. Адæм кæрæдзи сæрты хызтысты: «Мæнæн æй байдзаг кæн!», «Мæ банкæ мын айс!» – лæгъстæ кодтой æлхæнджытæ, сæ банкæтæ хæрдмæ уæйгæнæгмæ даргæйæ. Сопо дæр иу сахатырдæджы бæрц алæууыдаид, афтæ куыддæртæй баввахс уæйгæнæгмæ æмæ йæм йæ банкæ слæвæрдта. Уæйгæнæг ын æй айдзаг кодта æмæ йæм æй фæстæмæ æрлæвæрдта. Сопо адæмы æхсæнты бæргæ раирвæзт, фæлæ банкæ йæ къухтæй фæирвæзт æмæ зæххыл сæмбæлд, зети мæстæй марæгау аленчытæ кодта фæйнæрдæм. Цы ма

акодтаид Сопо фыр тыхстæй, уый нал зыдта æмæ исдуг лæугæйæ аззад.

Адæм дæр фергъуыйау сты æмæ йæм тæригъæдгæнгæйæ кастысты, ома, уыйас фæлæуу, æмæ дæ фæллой уысммæ æрбайсæфæд. Фæлæ Сопо йæ рыст нæ равдыста, никæуылдæр йæ пырх акалдта, афтæмæй æнкъардæй Рæмоны-фырты уынджы æрлæууæнмæ афардæг. Йæ амондæн æй бирæ лæууын нæ бахъуыд. Трамвай æрлæууыд. Уыйбæрц адæм дзы уыдис, уыйбæрц, æмæ, дæ къах кæм æрæвæрдтаис, уый дæр дзы нæ уыд. Адæмы цæуын хъуыдис, æмæ йæм уæддæр ивылдысты. Куыддæртæй йæм сирвæзт Сопо дæр.

– Ай ныл цавæр рæстæг æркодта? – хъуыр-хъуыр кæны иу хæстон. Куыстуæттæ æхгæнынц, æмæ адæм æгуыстæй фæсдуар аззадысты. Дуканитæ афтид: дзидза нæй, къалбас нæй, макъаронтæ нæй, сæкæр нæй, нæлхæ нæй… Пенситæ æхсæз, æстгай мæйтæ нæ дæттынц. Немыцаг фашисттимæ нæ туг уый тыххæй калдтам, цæмæй ныл ахæм тыхст бонтæ скодтаид?!

– Уæдæ, мæныл та сайдæй рацыдысты, – сагъæсгæнгæйæ бакодта, рудзынджы раз цы ас нæллгоймаг бадтис зæронд телогрейкæйы, уый. – Ме ’рдхорд Агуыбейы лæппу Дзикка мын мæ хæдзар ауæй кæнын кодта, ресторан, дам, кæнын æмæ, дам дын сæ уый фæстæ проценттимæ ратдзынæн, æмæ сæ казинойы фæхæрд. Æз та, куыд фæзæгъынц, ихы къæйыл аззадтæн æмæ афтæ уæдæй нырмæ дыууæрдæм кæнын. Кæм мыл баизæр вæййы, уым – мæ хæдзар. Уас мæ уды тæригъæдæй цы загъдæуа, ацы рацарæзт чи ’рымысыд, уыдонæн.

Уыдонмæ хъусгæйæ тыхст адæмы цæстæнгасы зынд катай æмæ æрхæндæгдзинад.

– Уæ билæттæ æрцæттæ кæнут, уæ билæттæ æрцæттæ кæнут! – салоны, хъæргæнгæйæ, æрбацæуы контролер-сылгоймаг.

– Ды хиздзынæ? – афарста иу æрыгон чызг Сопойы, трамвай æрлæууæнмæ куы бахæццæ, уæд.

Чызг гуылæвзаг кæй уыдис, уый аххосæй йæ Сопо нæ бамбæрста æмæ йæ афæрсынмæ куыд хъавыдис, афтæ хизджытæй чидæр йæхи Сопойы дзæкъулыл бакъуырдта æмæ хызын сылгоймаджы къухæй фæбырыд. Уыйадыл æхсыр авджы сæр арæдывта æмæ пъолыл мигъау апырх. Ботламæ йæ размæ бадæг сылгоймаг февнæлдта æмæ йæ йæ хицауы къухы фæцавта. Авджы ма уыдис æхсыры ’рдæг. Уый фенгæйæ, Сопо амæсты, фæлæ йæ цы чызг бакъуырдта, уый асæррæтт ласта, æмæ

ма кæмæ хъуамæ фæхыл кодтаид, æмæ уыйадыл иу æрыгон лæппуйы æххуысæй лæдзæджы æнцæйтты æрхызтис зæхмæ.

«Æххæст ма «девяткæ» дуканимæ дæр куы бауаин, чи зоны, æмæ дзы исты уæй кæной», – ахъуыды кодта Сопо æмæ дуканимæ фæраст. Æмæ, æцæгæйдæр. Нæ фæмæнг Сопойы хъуыды. Уæй дзы кодтой къалбас, фæлæ та ам дæр уыдис бирæ адæм, æмæ Сопо дæр рады кæрон æрлæууыд. Лæууы дæс, ссæдз минуты… Тыхсы. Адæм æддæмæ-мидæмæ кæнынц.

– Цæмæн уæй кæныс æнæ радæй? – хæцы уæйгæнæгмæ ацæргæ лæг, уый кæмæндæр къалбас куы ралæвæрдта, уæд.

– Æмæ дæу та цы хъуыддаг и? Лæууыс æмæ лæуу. Уый рады куынæ лæууыдаид, уæд ын æз ницы радтаин, – ныппæрт ыл ласта æрыгон уæйгæнæг-чызг.

«Æвæдза, ацы уæйгæнджытæй дæр цы цъаммæрттæ ис», – хъуыды кæны Сопо. – Бирæ дзы йæхимæ кæд бæсты хицау кæсы. Уæдмæ йæ хъустыл ауад уæйгæнæджы ныхас:

– Мауал лæууут! Алкæй фаг не суыдзæн къалбас.

– Афтæ æнæ радæй куы уадзай, уæд нæ ай-гъайдæр нæ фæуыдзæн, – фæйнæрдыгæй йыл схъуыр-хъуыр кодтой рады лæуджытæ.

«Куыд кæнон? – хъуыды кæны Сопо. – Лæууон æви цæуон? Мæ разæй ма, – нымайы сæ, – иу, дыууæ, æртæ… æхсæз лæджы ис æмæ... Лæууон. Мыййаг, фыдæбæттыл ахуыр нæ дæн æви…»

Уыцы æхсæз лæджы ауадзынæн цас бахъуыдаид уæйгæнæг, чи йын цы зоны, фæлæ Сопойæн бантыст уæйгæнæджы раз æрлæууын. Æмæ куыннæ цин кодтаид, фæстаг къалбас уымæ кæй æрхаудзæн, ууыл.

Уæдмæ къалбас барæныл февзæрд, Сопойы чек та уæйгæнæджы раз. Фæлæ дын уалынмæ къалбасмæ иу стæвдтæ лæг куы æрæвналид Сопойы сæрты.

– Къалбас мæн у, мæ сывæллæттæ хæдзары æххормагæй бадынц, – зæгъгæ йын куы бакæнид, уый.

Уыцы ныхасмæ йæм Сопо сонт каст фæкодта. Сдзурын æм хъавыд, фæлæ сывæллæтты коймæ йæхи мæгуырдзинæдтæ – хæсты рæстæджы æххормаг бонтæ – йæ цæстытыл кинонывтау ауадысты, æмæ йæ бон ницыуал бацис зæгъын. Йæ фыр тыхстæй ма иу дзулы гуыдын райста æмæ дуканийæ рахызт. Уыйадыл Сопойы ерыс ахицæн афтид дуканитыл.

Раздæхт уæнгтæхъил æмæ сæргуыбырæй. Уазал мит ын хъыдзы кодта йæ фæлмæст цæсгом. Сæхимæ ма йæ хъуыдаид æртæсæдæ метры

бæрц. Зын ын уыд их фæндагыл цæуын, æмæ æрлæуу-æрлæуу кодта. Фæндагыл ма иу лæдзæг ссардта æмæ дыууæ лæдзæджы æнцæйтты цыд.

«Цымæ ацы уазæлттæ бирæ ахæсдзысты?» – йæхиимæ дзурæгау кодта Сопо. Уыцы хъуыды йæ сæрæй куыддæр рахызт, афтæ йæ хъустыл зонгæ хъæр ауадис.

– Нана, Нана…

Сопо хъæрмæ йæ бынаты æрлæууыд. Кæсы, æмæ уæртæ йæ хъæбулы хъæбул, дæсаздзыд Инал, йæ размæ æрбазгъоры.

– Кæцæй фæдæ кæ, хъæбул? Куыд стут? – фыр цинæй йæ афарста ус.

– Мамæимæ дæн. Уым та хæст ис, хæст. Гуырдзиæгтæ та нæм æрбабырстой.

Хæсты коймæ ус йæ цæуынæй æрлæууыд. Змæстытæ дзы кæй ис, уый зыдта, фæлæ та хæст… Уæд, 1920 азты, Джугъелийы æрбабырстæй цы бæллæхтæ бавзæрстой, уыдон æвиппайды йæ цæстытыл кинонывтау ауадысты, æмæ æрæнкъард. Фæлæ йын цæмæй лæппу йе ’нкъарддзинад ма бамбара, уый тыххæй йын йæ къухыл рахæцыд æмæ йын афтæ:

– Цом, хъæбул, ма мын суазал у. Алцыдæр хорз уыдзæн.

Æмæ хæдзармæ бахызтысты.

ФЫРДÆУÆЗЫ АМОНД

Радзырд – æцæг хабар

Фырдæуæз бæрзæндты кæсаг уыд. Ома, бæстырæсугъд уыд æмæ уымæн? Нæ! Зæрдæмæдзæугæ чызг уыдис, фæлæ йæ фыдуынд цы ’ппæрццаг миниуæг кодта, уый раст уазал дымгæйы къæрццау уыд. Бæстондæр зæгъгæйæ та йæм хорз адæймаг æнæ «цъæх бабкæтæй» нымады дæр нæ уыдис, фæлæ, «бабкæтимæ» чи уыдаид, уый та барста, раст хæхтæй бæрзонддæр чи фæцыдис, уыцы Сæнайы хохимæ. Æмæ ахæм æнæсæрмæхæссон чи вæййы, уый, фыццаджыдæр, йæхæдæг стыр «бабкæтæй» хъуамæ хъазыдаид, гъе та «ног» хъæздгуытыл хъуамæ уыдаид нымад, фæлæ Фырдæуæзмæ уыцы амæндтæй иу дæр хæстæг нæ лæууыд.

Афтæ зæгъæн дæр нæй, æмæ Фырдæуæзтæн ныры тызмæг, æмтъеры дуджы сæ авналæнтæ къуындæг уыдысты. Цæрын фæрæзтой. Кæд сырх-сырхид, агуыридурæй конд уæладзгуытæй нæ ракæс-ракæс кодтой, уæддæр сæ дыууæуатон фатеримæ нымад уыдысты рæстæмбис цæрджытыл.

Уæдæ ныййарджытæн дæр иунæг буц чызг уыдис, æмæ йæ æнæ уæлдæр ахуырæй кæм нырагъдаиккой. Фæзылдысты хиуæттыл, къабæзтыл æмæ, кæмæн йæ бон цас уыдис, уымæй сын сæ къух фæрог кодтой. Сæхи æвæрæнтæ дæр бамхасæн кодтой, æмæ сæ хъал чызджы бæллиц сæххæст. Фæлæ кæд Фырдæуæзыл студенткæйы ном сбадтис, уæддæр йæ хъуыдытæ ахуырыл нæ, фæлæ æхцайыл уыдысты. Цымæ кæй нæ хъæуы æхца, æмæ зæххон адæмæй кæй бахъыгдардтой уыцы хæзнатæ? Никæй! Фæлæ хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ цардмæ иудадзыг æхцайы цæстæй кæсæн нæй. Дохтыр лæппу дыл сдзура – бафау æй. Шофырыл дæ былтæ расчъил-басчъил кæн... Æмæ уыдон иууылдæр хауынц Фырдæуæзмæ.

Бæргæ, алы чызджы дæр амалхъом æмæ стыр хицæуттæ куы агуриккой, фæлæ хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ алчи ахæм кæм у. Уыимæ, бирæтæ, кæддæр хуымæтæг лæппутæ уæвгæйæ, се ’рвылбоны фыдæбон æмæ тырнындзинады руаджы царды ссардтой аккаг бынат...

... Сæрмæт, зæгъгæ, йе сныхас æмæ уагæй æгъдауджын кæмæй фæзæгъынц, раст ахæм асæй рæстæмбис лæппулæг мæйы размæ базонгæ Фырдæуæзимæ. Йæ ахуыры фæстæ йыл æмбæлдис сырх-сырхид уардиты бастимæ æмæ-иу æй йæ цъæх «Жигули»-йыл йæ хæдзармæ баласта. Фæлæ чызг уымæ дæр «бæрзондæй» кастис.

Сæрмæт чызгимæ куы базонгæ, уæд ыл уыдис спортивон дзаумæттæ. «Физкулътурæйы ахуыргæнæг дæн æмæ, мæ дæсныйад бирæ кæй уарзын, уымæ гæсгæ мæхи ахæм уæлæдарæсы хуыздæр хатын», – дзырдта-иу лæппу æмæ-иу дзы хатыр ракуырдта. Фидаугæ та йæ фидæрттæарæзт гуырыкондыл хорз кодтой. Чызг-иу æнæбары худт бакодта.

Лæппу йын кæд æрвылбон дæр йæ сыгъдæг æнкъарæнты, йæ уарондзинады кой кодта, цард дын фенын кæндзынæн, мæ къухы фæсмон ницæмæй фæкæндзынæ, зæгъгæ, уæддæр ын Фырдæуæз сæ фæстаг фембæлды разыйы дзуапп нæ радта. Уæд ма лæппу дæр цы загътаид, ома, чызджы нæ хъæуын ахæм лæгъстæты фæстæ дæр, æмæ фæхицæн сты кæрæдзийæ.

... Райсомæй фатеры дзæнгæрæджы фæдисы зæлланг айхъуыстис, æмæ, хæдзары æфсин дуар куы бакодта, уæд федта æнæзонгæ лæппуйы. Йæ къухы адæймаджы бæрзæндæн бур-бурид дидинджыты баст.

– Дæ райсом хорз! Адон Фырдæуæзæн æрбахастон, – загъта æнæзонгæ лæппу æмæ дидинджытæ æд къонверт усы къухы фæсагъта, йæхæдæг асинтыл уырдыгмæ фæцæуæг.

Сылгоймагæн нæ бантыст йæ номæй йæ афæрсын æмæ, чи уыдаид, зæгъгæ, фездæхт йæ иунæджы уатмæ. Чызг дзæнгæрæджы хъæрмæ фæхуыссæгхъæлдзæг æмæ, ныр йæ мады къухы дидинджыты баст куы ауыдта, уæд, йæ цæстытæ æууæрдгæйæ, рабадт. Сæрмæт дæр мын ахæмтæ куы никуы балæвар кодта, уæд фын уынын, зæгъгæ, йæхинымæр скатай. Уæдмæ ма йæм мад хуызджын къонверт дæр радта. Тагъд-тагъд æй айхæлдта æмæ дзы стыр куыстуатмæ хуынды гæххæт куы разынд, уæд бынтон сдызæрдыг: «Цымæ, чи уыдзæн? Уым мæ фыны дæр куы никуы уыдтæн...» Институтмæ нал ацыд, фæлварæн, дам, æндæр бонмæ дæр ис аргъæвæн, фæстагкурсон дæн, æмæ мæ диплом хохы фале нал ис, зæгъгæ.

Бæргæ йæхи афонæй раздæр арæвдз ласта Фырдæуæз, фæлæ рæстæг ныддаргъ, цыма йын фыдæнæн ми кодта, уыйау. Уысмтæ йæм сахаты бæрц кастысты, зымæгон æхсæвау ныддаргъ сты. Сахаты гыццыл фат йæхи æхсæзыл куыддæр банцой кодта, афтæ чызг дæр æхцон улæфт скодта, цыма йе рагъæй дунейы уарзæтты сагъæстæ аппæрста, уыйау, æмæ, кæд хуынды гæххæт авд сахатмæ уыдис, уæддæр Схъæлонты буц чызг раздæр атындзыдта æнæзонгæимæ фембæлынмæ.

Амынд ранмæ йæ таксийы шофыр куы баласта, уæд, дуары раз цы хъахъхъæнæг лæппутæ лæууыдис, уыдонæй сæ иумæ фæраст, æмæ йæм хуынды гæххæт куы равдыста, уæд æй уый йæ фæдыл ахуыдта рæсугъд къæлидорты æртыккаг уæладзыгмæ æмæ уым иу кабинеты раз æрлæууыд, ардæм дæ хъæуы. зæгъгæ, æмæ йын дуар бакодта.

Чызг хуынды гæххæттимæ дуарæй барджынæй куыддæр бакъахдзæф кодта, афтæ йыл рæсугъддзинады уылæнтæ æрбагуылф кодтой, æмæ йæм афтæ дæр фæкастис, цыма кабинеты нæ, фæлæ аргъæутты галуаны æрлæууыд æмæ кæмдæр фыр цинæй бæлонау стæхынæввонг дæр уыдис, фæлæ стъолы уæлхъус къæлæтджыны зынаргъ костюмты зонгæ цæсгомыл йæ цæст куы ‘рхæцыд, уæд æрвдзæфау фæцис.

Сæрмæт... ды... дæ?.. – куыддæртæй ма сфæрæзта чызг æмæ бандоныл æрхауд.

Куыд рабæрæг, афтæмæй Сæрмæт уыдис стыр компанийы разамонæг, фæлæ чызгæн та йæхи барæй физкультурæйы ахуыргæнæг рахуыдта. Ома, цы равзарид, сыгъдæг æнкъарæнтæ æви «цъæх бабкæтæ», фæлæ, стыр хъыгагæн, чызг равзæрста дыккаг æмæ ма бæргæ фæсмон кодта, фæлæ йын æгæр ферæджы...

УАРЗТ – МÆ РЫСТ ЗÆРДÆЙЫ ХОС

ЧЕЛДЫТЫ Надя

РАГУАЛДЗÆДЖЫ БОНИВÆНТÆ

Карк йæ хъуын-хъисæй нæ тоны,
Мигъы къуымбил дард фæлыгъд.
Сырх зæрæхсидæн йæ роны –
Боны хорз фæндоны хыгъд.

Абон хуры цæст ныццæхæр.
Мæры райхъал ис цъæх тау.
Хохыл митын худ фæдæлдæр,
Арвмæ иу мисхал нæй фау…

Кæс, ныр æврæгъты ныгъуылы,
Дымгæ тоны мигъты фист.
Зноны бон цыдæр ныхъуыры,
Комæй хъуысы уады ‘хситт.

Ирд уыд дысон Хæрв уæларвыл,
Мæйы цæст фæйнæрдæм каст.
Ныр къæвдайы сæх-сæх дардыл
Хъуысы, удыл тæдзгæ, раст.

Тау та зæххы арф нындзыг и,
Быдыр – донласт, мит ныццæнд.
Рагуалдзæгыл та цы рцыди?
Марадз, базон ын йæ фæнд…

‘ВЗОНГАДЫ РОНГ

Цины зæлтæ ‘хсæрдзæнæй райхъуыст,
Цæст алæмæты нывты хуыз исы,
Ирд уæлдæф у æхцон æмæ расыг,
Хур йæ рухсбазыр рог тынтæ ‘вдисы.

Зæхх у дидинфыст диссаджы гауыз.
Сыфтæр никæд уыд афтæ цъæх-цъæхид!
Зæрдæ, ма кæ, хæрдмæ та цы хауыс,
Уалдзæг уагæры ‘взонгад куы хæссид?!

Къах къуымæлдзæфау, ирвæзгæ, цуды,
Уадымс узæлы, зæрдæйыл райгæ.
Абон ме «стдæсы» ауыдтон худгæ!
Ацы ирд уалдзæг, ноггуырд байраг дæ?!

Уæлæ булæмæргъ зардвæдис систа,
Уый мæ уды куы ‘рцæрид, тæхуды!
О, ай-гъай кæны ме ‘взонгад дистæ –
Уый мыл зноны цъæх цæстытæй худы!

Уарзты сæнæй ‘схуыппæввонг абон
Уд æрвхуыз уарди дидин æфтауы.
Уалдзæг ‘взонгады ронгæй рæвдауы –
У кæлæнгæнæг, удхос, æррадон!

ГОДЖЫЦАТЫ Нелли

УАРЗТ

Æз кæнын дæ ныхæстыл тæргай:
Уагæры мæ ивгъуыды цы ‘нхъæл дæ?
Никуы уыд хуыздæр амонд мæ хай,
Фæлæ мын куыд хорз уыдис æмбæлттæ!

А зæххыл æппæтдæр у бæрцæй.
Ницы ис нæ дунейы лæварæй.
Рохуаты ныууадз мæ ивгъуыд, цæй!
Нæй хуыздæр зæрдæфæлмæн æмгарæй.

Ды зæгъыс, у уымæй хуыздæр уарзт.
Фæлæ уарзт нæ басгардзынæ армæй...
Кæс, йæ фарн дæ раргомæй фæтарст...
Гуыры уарзт æгъдау æмæ æфсармæй.

Ды зæгъыс, дæ зæрдæ уарзтæй – дзаг.
Фæлæ мæн дæ бар фæуын нæ фæнды.
Дурзæрдæ мæн хондзынæ хæрзаг,
Фæлæ уарзт æргом дзурын нæ уæнды.

МÆ ЦИН

Мæ цин дæ мæнг тæрхæгыл ауæй,
Уæддæр ма баззади йæ ном.
Зындæр мын нал уыдзæни амæй,
Мæ бон кæуын дæр нæу æргом.

Æмæ дзы чи баззади райгонд!
Дунейы уарзты суры монц.
Уый у мæхи зæрдæйы раконд,
Мæн сайдта аргъауы фæлгонц.

Ныр ма цы баззади мæ сæнттæй,
Æрмæстдæр рыст æмæ сыгъдон.
Мæхи дæ ратыдтон æнцæнттæй,
Фæлæ æнæ дæуæй куыд уон?

Хæрзбон! Мæ зæрдæ дын æхгæд у.
Мæ уды иу фыдвæнд дæр нæй.
Мæ рыст мын ма агай, æгъгъæд у!
Дæ цард ныр байдзаг уæд фæрнæй.

* * *

Цыфæнды ма ‘рцæуа зæххыл,
Уæддæр мæ зæрдæ демæ дзуры.
Дæумæ та дис кæсы мæ хыл,
Мæн та фæнды, ды уай мæ цуры.
Кæннод мæ зæрдæйы бæллын
Æдзух мæн сагъæстыл æфтауы,
Мæ царды фæндæгтыл кæлын,
Фæлæ мын нымд уæвын фидауы.

Мæ уды арт, мæ уды хъарм
Дæумæ æз хъавгæйæ ævдисын.
Нæ Иры ‘гъдау æмæ æфсарм
Нæ уадзы мæн æргомæй риссын.

Æз дын зæгъын: дæ райсом хорз,
Æркасти хуры цæст, сбон ис.
Ды дæ мæ рыст зæрдæйы хос.
Куыд хорз у абон цард, куы зонис!

ÆНÆ ДÆУÆЙ

Ме ‘хсæв у мæнæн æнусау даргъ.
Дард кæдæмдæр адзуры мæ зæрдæ.
Арварæн фæци мæнæн зынаргъ,
Раст цыма ды уыцы ран кæмдæр дæ.

Зæрдæ ныр цæуыл фæлæууа, зæгъ,
Ныр йæхимæ уыцы ныфс куыд ара?
Кæд дæ сурæт – райсомы æртæх,
Уæд æртахæй мин къæвда куыд уара?

Ехх, зæгъгæ, дæ риуы дзаг улæф!
Фæлæ удмæ иу уддзæф нæ кæлы.
Амонд – нымд, æнамонд та – хæлæф,
Уыдонæй та иу мæнмæ æмбæлы.

Амонд уый тыхтонайæ зын у,
Ног та дардмæ атындзы мæ зæрдæ.
Ды æмбæхст мæ дунейæ кæмдæр дæ,
Уæд мæ цард æнæ дæуæй цы у?!

УЫДТÆН ПАДДЗАХ

Уыди мæ сабидуг паддзахад
Æмæ дзы æз уыдтæн паддзах.
Фæлæ нæм сагъуыди гадзрахат –
Тæппудтæ разындыстæм мах.

Нæ зæхх, æвзист суадæттæ фæхстыл
Ныууагътам терк-туркæн, цыма...
Мæ цæссыг калд мæ русы фарсыл,
Уæвгæ, нæ басур уый ныр ма.

Цæй паддзах! Систæм мах цагъартæ!
Нæ уд фыдахæсты тыхсы.
Рæсугъд, тæмæнкалгæ сахартæ –
Сæ уаг нæ зæрдæты ныхсы...

Мæ буц, сыгъзæрин дуг, мæ боныл!
Æдзух мæ цæсты раз лæууы.
Æлгъ кодтам мах нæ зæхх, нæ доныл,
Ныр уый, нæ мысгæйæ, кæуы...

Кæуы, кæуы! Зæххæн дæр уд ис,
У донæн хъарджытæ йæ бон.
Фæнды ма цæр, фæнды дæ уд ис...
Цыфæнды цардиппæрды хон...

Уыддæн паддзах мæ диссаг бæстыл,
Фæлæ йæм нал арын фæндаг.
Æрмæст ма уайы уый мæ цæстыл,
Уынын, куыд хус кæны нæ таг!..

ХÆХТÆ

Ацы къæдзæхты бæрзæндтæ
Сты нæ адæмæн сæ тых.
Фæлæ карз дуджы нысæнттæ

Систы зæрдæйы къæрных.
Ехх, цы тых сæм ис, цы хъару
Иры дургуыбын хæхтæм!
Уыдон диссаг ныфс нæ бар у,
Мах та хæтæнты хæтæм.
Уыдон – арт æмæ æндонæй,
Ис сыл арв-нымæтæй худ.
Мах та карз дуджы фæндонæй
Стæм æдых æмæ тæппуд.
Цомут, Иры дзыллæ, хохмæ,
Фенæм къæдзæхтыл нæ фæд...
Кæд хæдбарадыл нæ тохмæ
Уым мах саразид нæ фæнд!

БАСИТЫ Зæлинæ

* * *

Æфтæуы та рухс амонд дидин мæ уды, –
Мæ цинæй æппæт дæр ныррухс ис æваст.
Зæрин хур цъæх арвæй мæм худы ‘мæ худы,
Мæ уд мын рæвдауы алæмæттаг уарзт!

Мæ зæрдæ ныззары, мæ риуы æскафы,
Куы фенын æввахсмæ дæ уарзон фæлгонц.
Ныгъуылын, сæрзилгæ, дæ цастыты арфы,
Æгъуыссæг факодта мæ ацы уæлмонц.

Куы ваййыс мæ цуры, мæ цинхæссæг суадон,
Уæд рох кæны зæрдæ йæ сагъæс, йæ мæт.
Æрмæстдæр дæу хонын мæ амонд, мæ уарзон,
Æрмæстдæр дæ фарсмæ мæ цард у дзæнæт.

Тæхуды, куы ссарин мæ зæрдæйы арфы
Дæу аккаг ныхæстæ, мæ амонды рухс!
Кæнын дын æз сомы нæ зæхх æмæ арвæй –
Мæ зæрдæ дæ абонау уарздзæн æдзух!

СОНЕТ

Йæ мидбылты зымæгон изæр худт,
Цыма зыдта мæ сусæг фæндтæ рагæй.
Зымæгон уазал салд, дæрзæг æвзагæй
Ысдæрдта мын мæ рустæ, стæй мæ уд.

Уыдис æппæт æххæст æмæ рæсугъд:
Зæронд бæлæстæ миты бын фæлладæй,
Уæларвы хай æрттиваг кулы тадæй,
Тъыфылтæ, дымгæ – сонт æмæ тæппуд.

Мæ фæндагыл æрттывта мит хæмпусæй,
Цыдтæн дæумæ – æнкъарæнтæй ныфсхаст.
Мæ алварс ирд уыдис мæ уды рухсæй.

Рæвдыдта мын мæ зæрдæ ноггуырд уарзт.
Зымæгон арвы ленк кæнгæ, фæлурс мæй
Цымыдисæй мæм мигъты ’хсæнæй каст...

* * *

Тæхын уæлæрвты, нал мæ фæнды зæхмæ,
Дыууæ базыры – уарзты буц лæвар.
Мæ алыварс – тыгъдад æмæ æврæгътæ,
Мæ зæрдæ цинæй – райгонд æмæ хъал.

Фæлмæнæй тавы хурзæрин бæрзондæй.
Йæ рухс тынтæ мæ дзыккутыл тыхсынц.
Рæуæг дымгæ мæ фæстæ зилы сонтæй,
Рæсугъд мæргътæ мын зарджытæ кæнынц.

Мæ бынмæ айтыгъд дидинтæй цъæх быдыр,
Сыфтæрджын къох сыбар-сыбур кæны.
Зæллангæй суадон фезгъоры мæ фæдыл,
Æхсæрдзæнтæй сырх арвайдæн зыны.

Тæхын дæумæ, мæ амонды ыстъалы,
Нæ фидæны рæсугъд фынтæм тæхын.
Мæ риуы арфы де ’хцон сурæт дарын,
Мæ зæрдæйы æгæрон уарзт хæссын.

* * *

Ленк кæнынц æвæллайгæ æврæгътæ
Бон-изæрмæ уалдзыгон уæларвы.
Цыма агурынц цыдæр йæ цъæхы,
Цыма агурынц цыдæр йæ арфы.

Гъей, æрвон фæндаггонтæ, зæгъут-ма,
Уæд, мыййаг, цы фесæфти йæ къуырфы.
Кæд æз дæр ыссарин уым мæ рухс фын,
Батаин йæ бæллиццаг æрттывды.

Кæд ныффæстиат уæлæрвты мæ амонд,
Æмæ дзы æрбайрох ис йæ фæндаг.
Кæд, мыййаг ын бауарзта йæ бæрзæнд,
Кæд, мыййаг ын бауарзта йæ тыгъдад.

Уæд æз дæр мæ амондмæ фæтæхын, –
Сæмбæлдзыстæм рог æврæгътæй арвы.
Ленк кæндзыстæм иумæ ныр йæ цъæхы,
Ленк кæндзыстæм иумæ ныр йæ арфы.

МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***14 февралы*** Хуссар Ирыстоны Ирон театры кадджын уавæры сарæзтой Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны адæмон артисткæ, поэт, æхсæнадон архайæг Галуанты Людмилæйы 85 азы фæдыл мысæн изæр.

► ***15 февралы*** РЦИ-Аланийы Нывгæнджыты цæдисы равдыстыты бæстыхайы байгом нæ нывгæнджыты куыстыты равдыст «Образ женщины». Бацæттæ йæ кодтой Сылгоймæгты дунеон бонмæ.

► ***18 – 19 февралы*** 60 азы фæстæ Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон Ирон театры уыд Шекспиры «Къарол Лир»-ы премьерæ. Сценæйыл æй сæвæрдта театры аивадон разамонæг Уалыты Гиви. Сæйраг ролы ахъазыд РЦИ-Аланийы адæмон артист Ælбегаты Алан.

► ***21 февралы*** Мадæлон æвзаджы дунеон бонмæ РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады хъæппæрисæй арæст республикон æркаст «Ирон æвзаг æмæ литературæйы хуыздæр ахуыргæнæг»-ы уæлахиздзау ссис Дзæуджыхъæуы 7-æм скъолайы ахуыргæнæг Гæбуты Маринæ. Дыккаг бынат адих кодтой Беслæны 6-æм скъолайы ахуыргæнæг Æмбалты Валерия æмæ Сырх Дыгуры скъолайы ахуыргæнæг Габеты Зæлинæ. Æртыккаг бынæттæ райстой Дзæуджыхъæуы 46-æм скъолайы ахуыргæнæг Брытъиаты Маргаритæ, Уæллаг Фыййагдоны скъолайы ахуыргæнæг Куыдзеты Анжелæ æмæ Дзæуджыхъæуы 41-æм скъолайы ахуыргæнæг Гобозты Екатеринæ.

► ***22 февралы*** Дзæуджыхъæуы центрон чиныгдоны уыд Челябинскы Культурæйы университеты профессор, филологон наукæты доктор, поэт, тæлмацгæнæг, литературæиртасæг, УФ-йы Фыскджыты цæдисы секретарь, æрыгон авторты советы сæрдар, алыхуызон литературон премиты лауреат Нинæ Ягодинцевайы чиныг «Слова печали и любви»-йы презентаци. Сфæлдыстадон изæры ма архайдтой уазджытæ Цæцæны республикæйæ.

► ***24 февралы*** рацыд афæдз нæ бæстæйы Президент Донбассы сæрмагонд æфсæддон операци куы расидт, уыцы бонæй.

► ***28 февралы*** Ирон театры уыд Малиты Георгийы 135 азы æмæ йæ фырт Малиты Васойы 85 азы кадæн мысæн изæр.

Переводчик А. В. ЗОЛОЕВ
Корректор А. К. КАРГАЕВА
Дизайн, верстка А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике
Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202.

Порядковый номер выпуска: № 3. 2023 г.
Подписано в печать 10.03.2023 г. Выход в свет: 23.03.2023 г.
Индекс: 732447. Тираж 1100 экз. Заказ № 109 Цена свободная.

Формат 60х90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м^2. Вклейка 1 печ. л. мелованная.

Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88.

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

БЕСТАУТЫ Георги

* * *

Дæ сыгъдæг уды раз кæнын сæркъулæй зоныг.
Цы давы, – дам-дум нæ кæд н' адзалмæ нымудзы!
Хæрам æм ма фæу – зæххон дуне нæ зоны,
Хуыцауы аргъуаны цы уаз цырæгътæ судзы.

Æмудæй уды 'хсæн æрвон цæдис нæ фæтчы,
Зыдтон æй развæлгъау, – нæ йын уыди ныббарæн.
Рæхысбаст амонды зæххон тыгъдад кæм фæци,
Нæ цинæн райдыдта уым йе 'вæджиау арæн.

Мæ ныфс, мæ бæллицты цы 'рхæндæг сагъæс ризы,
Æрмæстдæр иунæг, иу – дæ рыст зæрдæ – йæ зонæг.
Æз дæм цæрæнбонты адзалы сæрты хизын,
Дæ сыгъдæг уды раз кæнын сæркъулæй зоныг.



„MAX DUG“

ÆGAT IRYSTONY SOVETON FYSDŽYTY CÆDISY AI
ON ÆMÆ ÆXSÆNADON-POLITIKON ÆRVYLMÆJON ZURNAL

MAX DUG

CÆGAT IRYSTONY SOVETON FYSDŽYTY CÆDISY AIV-LITE RATU-
RON ÆMÆ ÆXSÆNADON-POLITIKON ÆRVYLMÆJON ZURNAL

MAJ
FYDDZAG ČINYG

„RÆSTDZINAD“ 1934

Индекс 73247
12+